



- 1 (Pangantèn Sèh Amongraga kalihan Nikèn Tambangraras kaundhuh)
Pangantèn Sèh Amongraga kalihan Nikèn Tambangraras kaundhuh dening para putra lan rayinipun Ki Bayi Panurta. Ki Pangulu Basarodin ugi angsal giliran ngundhuh pangantèn.
Ing griyanipun Jayèngsari, Sèh Amongraga nglajêngakên katranganipun bab Pawukon, bab dintên-dintên naas, kasambêt bab panggenaning rijalolah sarta saratipun tiyang kêkesahan ingkang nêrjang panggenanipun rijalolah. Wanci jam 10 Ki Bayi ngajak bibaran, para santana sami mantuk. Pangantèn sakalihan dhatêng langgar namung kalawan Ni Cênthini. Lajêng mêmulang garwa tuwin para ipe bab: jatining pandulu lan pamuwus; bab kajatèning ngèlmi dumugi bab wahya jatmika, rasa, hêning, sampurnaning panunggal. Wanci têngah dalu Sèh Amongraga atangat lawan garwa wontên ing tajug alit, sabakdaning palilah, pangantèn maring tilam adi, anggung mêmulang mring garwa bab jatining puji ngantos byar enjing, lajêng manjing masjid angimami salat Subuh.
Kaca 01 - 18.

Jilid 7 - Kaca : 1

SÊRAT CÊNTHINI VII

373 Lonthang

1. Nulya kang gumanti ing taun Jimawal |
tanggalipun sasi Sura dintên Tumpak |
Wage wuku Julungwangi nulya wulan ||
2. Sapar tanggal Sênèn Wage Mandhasiya |
wulan Mulud tanggal Slasa Pon Marakèh |
nulya wulan Rabingulakir tanggal ||
3. Kêmis Êpon wuku Wuye nulya wulan |
ing Jumadilawal tanggale Jumuwah |
Paing kang awuku Wugu sarêng tanggal ||
4. Wulan Jumadilakir tanggale Akat |
Paing wuku Sinta nulya wulan Rajab |
tanggal Sênèn Lêgi wuku Tolu tampa ||
5. Wulan Ruwah Rêbo Lêgi tanggalira |
wuku Julungwangi gya wulan Ramêlan |
tanggal Kêmis Kaliwon wuku Langkirnya ||

6. Wulan Sawal Sêptu Kaliwon tanggal |
wuku Kuruwêlut wulan Dulkangidah |
tanggal Akat Wage wuku Wuye ika ||
7. Wulan Bêsar Salasa Wage tanggalnya |
wuku Wugu wus tamat sataunira |
nulya kang gumantya taun Je kang tanpa ||
8. Tanggalnya ing Sura Rêbo Pon punika |
wuku Watugunung nulya wulan Sapar |
tanggal Jumungah Pon Kurantil wukunya ||
9. Wulan Mulud Saptu Paing tanggalira |
wuku Warigagung anulya kang wulan |
Rabingulakir tanggal Sênèn Paingnya ||
10. Wuku Langkir gya wulan Jumadilawal |
tanggal Sênèn Kaliwon Kruwêlut wukunya |
Jumadilakir Kêmis Lêgi tanggalnya ||
11. Maktal Rêjêb Jumungah Kliwon tanggal |
wuku Bala nulya wulan Sakban tanggal |
Akat Kaliwon wuku Watugunungnya ||
12. Wulan Ramêlan Sênèn Wage tanggal |
wuku Kurantil nulya ing wulan Sawal |
tanggal Rêbo Wage Wrigagung wukunya ||
13. Wulan Dulkangidah Kêmis Pon tanggal |
wuku Kuningan nulya ing wulan Bêsar |
tanggal Sêptu Êpon wukunipun Pahang ||
14. Gumanti taun Dal tanggale ing Sura |
apan Akat Paing wukunipun Maktal |
sasi Sapar Salasa Paing tanggal ||
15. Wuku Bala nulya wulan Muludira |
tanggal Rêbo lêgi Dhukut wukunira |
sasi Rabingulakir tanggal Jumungah ||
16. Lêgi wuku Wukir anulya kang wulan |
Jumadilawal Sêptu Kliwon tanggalnya |
wuku Warigalit anuntên kang wulan ||
17. Jumadilakir Sênèn Kliwon tanggal |
kang wuku Kuningan nulya sasi Rajab |
tanggal Sêlasa Wage kang wuku Pahang ||
18. Sasi Sura Kêmis Wage tanggalira |
wuku Madhangkungan gya wulan Ramêlan |
tanggal Jumungah Êpon wuku Prangbakat ||
19. Wulan Sawal Akat Êpon tanggalira |
wuku Dhukut nulya wulan Dulkangidah |

Jilid 7 - Kaca : 2

- tanggal Sênèn Paing wuku Wukirira ||
20. Sasi Bêsar Rêbo Paing tanggalira |
wuku Warigalit tamat sêtaun |
wondene nênggih ing taunipun ngarsa ||
 21. Gantya taun ehe tanggale ing Sura |
pan Jumungah Paing wukunya Galungan |
sasi Sapar Akat Paing tanggalira ||
 22. Wuku Pahang nulya sasi Muludira |
tanggal Sênèn Lêgi wuku Madhankungan |
anulya kang wulan Rabingulakirnya ||
 23. Tanggalnya Rêbo Lêgi wuku Prangbakat |
sasi Madilawal Kêmis Kliwon tanggal |
wuku Landêp anulya ing wulan Rajab ||
 24. Tanggal Akat Wage Wrigalit wukunya |
sasi Ruwah Salasa Wage tanggal |
wuku Galungan anulya wulan Ramêlan ||
 25. Tanggal Rêbo Pon Julungpujud wukunya |
sasi Sawal Jumungah Pon tanggalira |
wuku Tambir nulya wulan Dulkangidah ||
 26. Tanggal Saptu Paing Manahil wukunya |
sasi Bêsar Sênèn Paing tanggalira |
wuku Kulawu tamat sataunira ||
 27. Gantya taun Wawu tanggale ing Sura |
tanggal Salasa Lêgi Landêp wukunya |
sasi Sapar Kêmis Lêgi tanggalnya ||
 28. Wuku Gumbrêg gya wulan Rabingulawal |
tanggal Jumungah Kêliwon wuku Sungsang |
Rabingulakir Akat Kêliwon tanggal ||
 29. Wuku Julungpujud sasi Madilawal |
tanggal Sênèn Wage Tambir wukunira |
Jumadilakir Rêbo Wage tanggal ||
 30. Wuku Manahil nulya ing wulan Rajab |
tanggal Kêmis Êpon wukunira Wayang |
Ruwah tanggal Saptu Êpon wuku Sinta ||
 31. Sasi Pasa Akat Paing tanggalira |
wuku Gumbrêg anulya ing wulan Sawal |
tanggalnya Salasa Paing wuku Sungsang ||
 32. Dulkangidah Rêbo Lêgi tanggalira |
wuku Mandhasiya nulya wulan Bêsar |
tanggal Jumungah Lêgi Marakèh wukunya ||

Jilid 7 - Kaca : 3

33. Gantya taun Jimakir tanggaling Sura |
Saptu Kliwon wuku Wuye sasi Sapar |
tanggalnya Sênèn Kaliwon wuku Wayang ||
34. Sasi Mulud Salasa Wage tanggal |
wuku Sinta nulya Rabingulakirnya |
tanggal Kêmis Wage Tolu wukunira ||
35. Jumadilawal Jumungah Pon tanggal |
wuku Julungwangi anulya kang wulan |
Jumadilakir Akat Pon tanggalira ||
36. Wuku Mandhasiya nulya wulan Rajab |
tanggal Sênèn Paing Marakèh wukunya |
nulya Ruwah Rêbo Paing tanggalira ||
37. Wuku Wuye nulya ing wulan Ramêlan |
tanggal Kêmis Lêgi Wugu wukunya |
nulya Sawal Saptu Lêgi tanggalira ||
38. Wuku Watugunung nulya Dulkangidah |
tanggal Akat Kaliwon Tolu wukunya |
nulya wulan Bêsar tanggalnya Sêlasa ||
39. Kêliwon Julungwangi nulya wukunya |
wus jangkêp sawindu dintên kang nèng tanggal |
sabên taun Alip anggêr taunira ||
40. Kêmis Kliwon sarêng tanggal sasi Sura |
wuku kalih kang lumampah gantya-gantya |
Alip wuku Kulawu Alip Langkirnya ||
41. Taun ehe Sênèn Wage tanggal Sura |
wuku Tambir lan Kurantil ganti mara |
taun Jimawal Saptu Wage ing Sura ||
42. Wuku kalih Mandhasiya lan Prangbakat |
taun Je Rêbo Pon sarêng tanggal Sura |
Watugunung Julungpujud gênti mara ||
43. Taun Dal Akat paing tanggaling Sura |
wuku Maktal Gumbrêg samya gênti mara |
taun Be Jumungah Paing tanggal ||
44. Wuku kalih Galungan Wugu pan gantya |
taun Wawu Slasa Lêgi tanggal Sura |
wuku kalih Landêp Kuruwêlut gantya ||
45. Taun Jimakir Saptu Kliwon ing Sura |
wuku kalih Wuye Warigalit gantya |
sampun tamat kalih kang linampah ||
46. Dene windu kathahipun mung sakawan |
windu Kunthara windu Adi kalihnya |

Jilid 7 - Kaca : 4

Sancaya tri kapate windu Sêngara ||

47. Pan punika lampahe tapriking tanggal |
kawan Kurup kadhang sami nuntên slaya |
ingkang kêncêng namung Kurup Ngarbangiyah ||
48. Mênggah babing wulan Siyam mêngêngan |
wa mêkatên ngulama satunggal-tunggal |
apan kêdah nyindikkên timbuling tanggal ||

374 Maskumambang

1. Kyai Bayi Panurta têtang tyasnèki |
myarsa wuwusira |
kang putra Sèh Amongragi |
nuli malih atêtanya ||
2. Mênggah nangasing tanggal punika pundi |
kang putra turira |
nangasing wulan satunggil |
apan sapisan sawulan ||
3. Apan sangêt piyambak nangasing sasi |
sabarang pakaryan |
lamun anêrak tan bêcik |
cilaka tur miskin paman ||
4. Karananya ing dintên punika lagi |
nênging rijallolah |
pan nangas agêng pribadi |
tan kening maha anêrak ||
5. Wiwit wulan Sura naas gung sa-ari |
pan tanggal wolulas |
wulan Sapar naasnèki |
apan tanggal ping sadasa ||
6. Wulan Mulud tanggal ping pat naasnèki |
Rabyalakhir naas |
tanggal tigawêlas nênggih |
kang sasi Jumadilawal ||
7. Tanggal kaping tiga naasing gêng nênggih |
Jumadilakirnya |
tanggal kaping tiga nênggih |
anulya ing wulan Rajab ||
8. Tanggal kaping wolulukur naasnèki |
wulan Sakban samya |
wolulukur naasnèki |
nulya ing wulan Ramêlan ||
9. Tanggal pisan naasipun agêng nênggih |
dene wulan Sawal |
tanggal pindho naasnèki |

Jilid 7 - Kaca : 5

ingkang sasi Dulkangidah ||

10. Tanggal kaping tigawêlas naasnèki |
de kang wulan Bêsar |
tanggal kaping wolu nênggih |
jangkêp nargas gunging wulan ||
11. Kyai Bayi Panurta têtanya malih |
anakmas manira |
tyas taksih cuwa sakêdhik |
dunungipun rijallolah ||
12. Ki Sèh Amongraga aturira aris |
mênggah prênahira |
ingkang rijallolah aib |
manut ing dintên ênggènya ||
13. Lamun dintên Akat rijallolah aib |
kidul bènêr (ng)gènya |
Sênèn rijallolah aib |
anèng wetan lèrês (ng)gènya ||
14. lamun dintên Slasa rijallolah aib |
nèng lor wetan (ng)gènya |
Rêbo rijallolah aib |
anèng langit ênggènira ||
15. Namung dintên Kêmis rijallolah gaib |
nèng lor bènêr (ng)gènya |
Jumngah rijallolah gaib |
anèng kulon bènêr nggènya ||
16. Namung dintên Saptu rijallolah gaib |
kidul kilèn (n)gènya |
jangkêp rijallolah gaib |
punika ngèlmi kapiyat ||
17. Ihtiyaring kawulèng Hyang ngam puniki |
lamun manggih karya |
mêdal (ng)gyan rijallolahi |
nadyan tiyang kêkesahan ||
18. Kang ngèlmi kapiyat kédah dèn-sarati |
manawi kasêlan |
sarat tumêngèng wiyati |
watara ing pitung dina ||
19. Manawi mangkat ing dintên Sênèn nênggih |
pan sarat amangan |
tigang pulukan abukti |
yèn mangkat dintên Sêlasa ||
20. Sarat nikêl kayu lamun mangkat malih |
ing dintên Rêbonya |
sarat (n)jêjak lêmah ping tri |

kalamun mangkat lulungan ||

21. dintên Kêmis manggang tangan saratnèki |
yèn mangkat Jumungah |
sarat akêkêmu warih |
lamun mangkat dintên Tumpak ||
22. Sarat tigang dintên akêkudhung jarit |
Akat susumpinga |
yèn kesah têbih ywa lali |
utawi yèn anglurug prang ||
23. Pinandêng prênahing rijallolah aib |
ingulukan-salam |
ngalekum rahmatulahi |
wakalara rijallulah ||
24. Sarta angênggèni keblat prênahnèki |
ingkang rijallolah |
lamun wontên lèr (ng)gènnèki |
sarat ngêngidul lakunya ||
25. Lamun rijallolah gaib anèng langit |
mudhun ing jog-jogan |
nèng kidul mêngalèr lari |
lamun nèng kilèn mangetan ||
26. Lamun anèng wetan mêngilèn lumaris |
namung nèng lèr wetan |
mêngidul-ngilèn lumaris |
kidul kilèn ngalèr wetan ||
27. Tamat lampahipun rijallolah gaib |
Ki Bayi asuka |
kalangkung lêga tyasnèki |
ningali kang mantu tama ||
28. Sakèhing kang myarsa sadaya pupuji |
mring Sèh Amongraga |
miwah kang ibu Malarsih |
rumaos rahmat tyasira ||
29. Wiradhustha Jayèngwèsthi Jayèngragi |
Panukma Panamar |
Kulawirya Basarodin |
cipta (ng)guguru sadaya ||
30. Samya padha tyas tan sumêlang samênir |
kaluhuran sabda |
dening sang anom kakiki |
kang tuwa majaji samya ||
31. Tan kumlamar dènnya nganggêp guru yèkti |
mring Sèh Amongraga |

Jilid 7 - Kaca : 6

sumungkêm toh lahir batin |
suka anjurudêmungnya ||

375 Jurudêmung

1. Ing wanci pukul sadasa |
Ki Bayi Panurta muwus |
sêdhênge bubaran lungguh |
maklum kang aduwe karya |
karipan manawa ngantuk |
kang rayi matur sandika |
Ki Bayi sung salam gupuh ||

2. Kang putra Sèh Amongraga |
ngaturkên asta andhêku |
wusnya gya pra pamanipun |
gantya-gantya atur salam |
Wiradhustha Panukmèku |
Panamar myang Kulawirya |
anulya Kyai Pangulu ||

3. Atur salam miwah marang |
Jayèngwèsthi Jayèngragèku |
wus waradin salamipun |
sigra Ki Bayi Panurta |
lan kang garwa samya kondur |
para ri ngiring sadaya |
wangsul paregolaniipun ||

4. Samya mantuk sowang-sowang |
yata wau ingkang kantun |
Mongraga lan garwanipun |
malbèng wisma lajêng marang |
tajug panêpèn ing pungkur |
linangse masjide seta |
awingit simpar asamun ||

5. Sang ro wus tumamèng sanggar |
cèthi Cènthini tan kantun |
Ki Jayèngraga wus mangsuk |
ing wisma lan ingkang garwa |
wau ta kang anèng tajug |
Mongraga lan Tambangraras |
dhadharan sumaos ngayun ||

6. Cènthini nata ing ngarsa |
Sèh Mongraga ngandika rum |
yayi dèn-kaparèng ngayun |
pan iki ana wirayat |
ing waliulah linuhung |
yogya iku kawruhana |
ing ngèlmu rasaning wuwus ||

7. Anulya kang rayi prapta |
Jèngraga lan garwanipun |

Jilid 7 - Kaca : 7

samya mrih cacadhang wuruk |
saking masud wong kalihnya |
prapta aririh nèng ngayun |
kang raka mèsêm ngandika |
punapa botên kawayun ||

8. Kang rayi ro aturira |
tan ngraoskên ambaliyut |
Sèh Mongraga lingira rum |
mring kang rayi Jayèngraga |
alkamdulilah aplalu |
inggih kang cêlak kewala |
sami ngraosakên ngèlmu ||
9. Kawula sawêg anabda |
ing (m)bakyu andika sang rum |
umatur sarwi tumungkul |
kawula maklum kewala |
ing wuwulang mring (m)bokayu |
mapangat dhatêng kawula |
ri paduka ngayun-ayun ||
10. Sèh Mongraga lon lingira |
mring garwa lon madu juruh |
yayi pamuwusku mau |
mungguh sasmitaning gêsang |
wajib kang ahli ing surup |
wus jamaking waliulah |
ingkang angyêktèni kawruh ||
11. Iki yayi kawruhana |
mulya jatining pamuwus |
Hyang sêdya Suksma kang wimbuh |
parêking Hyang sasolahnya |
lir atma nèng angganipun |
dènnira among ing karsa |
tan pantara ing sakayun ||
12. Paesan wahya jatmika |
ingakên rasa Hyang Agung |
rasaning Hyang purbandulu |
andulu piyambakira |
lir anopèng paminipun |
solahing rasa kawangwang |
adohing tingal kadulu ||
13. Ilapat punika tingal |
tingalira mring Hyang Agung |
sarêgêp dulu-dinulu |
dènnya molah mong-winongan |
winong ing pribadinipun |
kadya wahya lan dyatmika |
kadya mangkana lripun ||

Jilid 7 - Kaca : 8

14. Kang liring-liniring tingal |
 lingling-linglingan pandulu |
 nglingliningan ing pamuwus |
 têmah ilang tanpa nora |
 tunggal samudananipun |
 solah ing jati kawangwang |
 kang andulu kang dinulu ||
15. Datan lulunturan tingal |
 lir dhêg-êndhêg lan mun-amun |
 pisah kumpule tan ngantu |
 dening kang durung waspada |
 panganggêpe kadung-kadung |
 pan anggayuh-gayuh tuna |
 tuna liwat kèh sinêngguh ||
16. Saking tan wruh jatineka |
 jatine tanpa srirèku |
 sariranirèku dudu |
 jatining Hyang sêdya Suksma |
 among jiwa jatinipun |
 jiwangga tan na sarira |
 sopana pipindhanipun ||
17. Gatha rêtna madu raswa |
 kêtarèng coba dinulu |
 saciptanira ing kawruh |
 lan graita lan sasmita |
 alpèng wangsit awas (n)dulu |
 kalawan tampining driya |
 dèn-akatrêm anèng kalbu ||
18. Kadya sêkar toyèng kentar |
 tan sêlaya sarirèku |
 apan sarèng solahipun |
 lir sêrati nunggang liman |
 têtèng lampah èsthinipun |
 kasariran solah kita |
 yayi kaya ta wong punggung ||
19. Tan wruh yèn anèng sarira |
 anggung dènulati ngênu |
 ingulatan tan kapanggih |
 datansah angaya-apa |
 lir pandung kalane dalu |
 antya rêgêpa sirêpan |
 (ng)gurayang tan wruh (ng)gènnipun ||
20. Pangling tan kêna ngulatan |
 ciptane kadya nênu |
 balolokên ing pandulu |
 kapêtêngan ing asuka |
 yèku wong tan wruh ing kawruh |
 têmah papa siya-siya |

21. Pijêr angas ing Pangeran |
amêsthèkkên ingkang durung |
tyas kêdarung kadya lurung |
kêlurung ngambah larangan |
tan owêl uripe lurung |
tan wruh rasaning angarang |
kang kasurang-surang wurung ||
22. Kang wus tan samar ing marga |
mangkana ponang andulu |
topèng kang anopèng iku |
tan ana lyaning paningal |
srênggaranya asung lulut |
dènnya nungsung guyunira |
guyune ingkang andulu ||
23. Kênèng lungiding sasmita |
mèh-mèh lir milu angludruk |
kang (m)bêsur kêkêl angguyu |
kapêjêng-pêjêng alatah |
kabyaktan wangsiting ludrug |
kapênêdan ing paningal |
arda sèdhêt wuryaningrum ||
24. Kadi kilat pamaneka |
mung sakêdhap padhangipun |
tan jênêk kêkêl punang wruh |
pan paliwara kewala |
sakèhing ingkang andulu |
banyole ki Gambuh lêbda |
singa dèn-banyolkên patut ||
25. Sapa wruha araningwang |
lamun tan pribadinipun |
ngaranana dhèwèk iku |
yèn sung gambuh ingkang wignya |
yayi ywa kêliru surup |
kang myat dêrma ngèstokêna |
sampurnane ing pandulu ||
26. Si rupa kang rinumpaka |
tan ana kari kêdulu |
katon kang angrumpaka yun |
sêktine amisesèngrat |
ana ora ing sirèku |
wus mangkono karsaning Hyang |
lulutira onêng wuyung ||
27. Anjatèni jinatènan |
asung wruh ing sira tan wruh |
mangke mapan sun-angetung |
saking sira marganira |

kadya pamisiking kalbu |
rungonên bae manira |
nyananingong pangudangmu ||

28. Andanangingkung ing nala |
kagugu ing siyang dalu |
tan wun kêsambat sirèku |
tan arah yuktining lampah |
yayi yèn sira wus surup |
tutupana ing sarengat |
tarekatira dèn-brukut ||

Jilid 7 - Kaca : 10

29. Lan kakekate kang santosa |
makripat ingkang aluhur |
Tambangraras tyasnya sukur |
karenan wulanging raka |
toh tyas syuh sêdya tumutur |
tar pae Ki Jayèngraga |
lan garwa ngartati tutur ||

376 Dhandhanggula

1. Yata wau ingkang lagya prapti |
Jayèngwèsthi lawan ingkang garwa |
lajêng tumamèng ngarsane |
Jèngraga mingsêr lungguh |
Sèh Mongraga mingsêt sarya ngling |
yayi sawêg kularsa |
-arsa nuntên rawuh |
Jayèngwèsthi aturira |
sakalangkung kawula cuwa duk enjing |
tan katon angsal wulang ||
2. Amongraga angandika malih |
marang ingkang garwa Tambangraras |
miwah mring kang rayi dene |
yayi ujar kang iku |
mêtu têka ing Kitab Jawi |
kidungane uliya |
waliyulah luhung |
lambang lêlèjêming rasa |
kang kaliling ing siyang kêlawan ratri |
surasaning ngagêsang ||
3. Rinasanan kêlawan pribadi |
mungguh wêkasaning kèdadeyan |
ngèlmu sarengat jatine |
apan iku pitutur |
tur utama ran kabar yakin |
tarekat jatineka |
anglilimbang catur |
caturing para suhada |
dalil kadis kususe kalawan yakin |
dene ngèlmu kakekat ||

4. Sajatine kédah angyêtèni |
kabar ingkang wus kusus muktamat |
ayun wruh ing sayêktine |
makripat jatnipun |
yun waspada marang kêdadin |
dadine kang sampurna |
purwakaning kawruh |
wêruh akasatmataa |
iku yayi tan kêna kalawan saksi |
namung thok dhawakira ||

5. Nora kêna apêpeka pikir |
iku sêmune wahya jatmika |
jatining wahya budine |
jatismika jatnipun |
apan badan kita puniki |
aran kang bangsa êrah |
kulit daging balung |
sungsung sêngsênging jatmika |
mikanana ing pati sajroning urip |
kêlawan ênêngira ||

Jilid 7 - Kaca : 11

6. Ênêng iku yayi ingkang hêning |
hêning punika tan paja muga |
mungguh kita kumambange |
akêlêm ing asamun |
pasêmone kasaman jati |
jati kang tan tumitah |
muhung ing Hyang Agung |
kewala jatining wênang |
wênang amisesèngrat birat ngrakêti |
tan ana napi isbat ||

7. Iku yayi sajatining hêning |
yèku ingkang nêng sajroning gêsang |
gêsang ing ati tatrape |
milane kang wus luhung |
bisa mati sajroning ngurip |
urip tan kênèng pêjah |
matitis ing kawruh |
tan kawruhan ing akathah |
wus kukutha waskitha papêsthèn gaib |
mangkono kang wus tama ||

8. Gunung katon têngal katon yayi |
ewuh katone wahya jatimika |
yèn tan lawan paesane |
paesan iku ngèlmu |
upamane wong ngilo yayi |
kudu ngupaya kaca |
kang wêning sumunu |
lamun goroh kacanira |
ingkang ngilo gèsèh rupa jroning crêmin |

gèsèhe saking kaca ||

9. Milane parlu talabul ngèlmi |
ngèlmi papat puniku paesan |
sarengat lan taretake |
hakekat makripatu |
kudu ngêningakên kang ngèlmi |
yèn luput tampanira |
yayi maring ngèlmu |
iku kaca gorohannya |
wahya jatmika wisesa ing carêmin |
gorohe lan yaktinya ||
10. Kêdah ngati-ati ing ngaurip |
arêp wêruh rasaning sarira |
ana Suksma ing awake |
tan sêpi parêkipun |
nanging arang ingkang ngawruhi |
dahat dene asamar |
tan kêna dinunung |
ananing Hyang tan dunungan |
anon tinon marmane tan aningali |
alingan ing paningal ||
11. Lamun sira yayi angabêkti |
kang tumêka sampurnaning tunggal |
tunggalêna ing karone |
haywa kèh kang kadulu |
(n)dulu tunggal iku kang jati |
pan sampurnaning tunggal |
tan dulu-dinulu |
andulu ing dhawakira |
tan anunggal-tinunggalan ing liyaning |
têgêse liya ika ||
12. Nora kawoworan pikir kalih |
utawa yèn kasiwo ing kathah |
ethethekle panêmbahe |
yayi sira yèn yun wruh |
sampurnaning panêmbah jati |
iku marganing sunya |
nugraha kang wêruh |
marang sajatining ora |
nora kêna rewa-rewa anggêgampil |
papalên ing papastha ||
13. Padhêm kayon yayi pangabêkti |
pan tan ana ingkang katingalan |
anging ananira dhewe |
pan siji jatnipun |
datan ana kawula Gusti |
cêp tan kêna kinêcap |
liyêting ngaluyut |
pangangrêmaning nugraha |

Jilid 7 - Kaca : 12

- pamêdharing sih datan kêna dinalih |
tan wiwitan wêkasan ||
14. Upamane yayi raga iki |
kadi pandam kurung pacakannya |
roh ilapi lir urube |
kang ngèlmu anglir kukus |
dat mutêlak panasirèki |
puniku kawruhana |
pisah kumpulipun |
urub lan panase ika |
wruh apisah kumpuling panas lan gêni |
pan tan kêna pinisah ||
15. Aywa ngaku yayi angabêkti |
rungsit trape mungguh panarima |
lara kang tan wruh jatine |
mapan tan kênèng mundur |
lamun kundur aja agingsir |
nistha lamun kundura |
awèt ginaguyu |
alara rêke ing tiba |
lamun kundur ing tiba tan kêna tangi |
nistha tanpa puwara ||
16. Inkang sura lêgawa ing pati |
sopanèng (n)don mungguh ananing Hyang |
tan dinadèkakên dene |
datan dulu-dinulu |
nora sêbut-sinêbut yayi |
utawa nguripana |
sêsêg jagad iku |
jail yèn amatênana |
ananing Hyang Maha Sukci gaib yayi |
langgêng tanpa karana ||
17. Tan kajaba tan kajêro yayi |
datan kering kanan ananira |
pasthi langgêng pribadine |
tan rame tan nèng samun |
amung kang wus kinarsèng Widi |
nurbuwahing sarira |
angganira wimbuh |
ta alamun yèn sonya-a |
ananing Hyang anèng kuna awal-akhir |
nèng sadurunge awal ||
18. Anèng sauwise akir yayi |
poma dèn-tumanêm ing wardaya |
sadaya napi isbate |
ingkang garwa sumungku |
saha sêmbah umatur aris |
ingkang bêrkah (n)jêng tuwan |
sung idayat wahyu |
jasat-kawula prasasat |

wus kaëntas saking sasanèng yomani |
luwar saking nêraka ||

Jilid 7 - Kaca : 13

19. Amongraga sasmitèng ri kalih |
Jayèngwèsthi Jayèngraga lawan |
Turida Rarasatine |
samy nêmbah tumungkul |
aturira anor ngalap sih |
kalangkung dening rahmat |
wulang-paduka wus |
dadya pamusthining manah |
datan mènghèng sadrah pinara sakêthi |
kapusthi ing wardaya ||
20. Sèh Mongraga ningali para ri |
kalih pisan saha ingkang garwa |
Turida Rarasatine |
miwah mring sang lir madu |
kanêm marang cèthi Cènthini |
tranging tyas wus pitaya |
kaidayat ngilmu |
Sèh Mongraga tan sumêlang |
pamulange ring garwa ri miwah cèthi |
Cènthini wus kawilang ||
21. Samya cêcalon nugrahèng ngèlmi |
sajroning desa ing Wanamarta |
wowolu mukmin êkèhe |
èstri gangsal tinuwuh |
Tambangraras laman Malarsih |
Rarasati Turida |
Cènthini kucumbu |
priya Ki Bayi Panurta |
lawan sira Jayèngwèsthi Jayèngraga |
cêcawang ran uliya ||
22. Mila dhusun ing Manamartèki |
langkung harjanira pinardika |
tan samèng desa kabèhe |
saking mangunahipun |
jalma luwih wolu winali |
isining kang desarja |
ing Wanamartèku |
kasanga Sèh Amongraga |
mukmin êkas sinidhikarèng desaji |
karajan Wanamarta ||
23. Yata wus siyang bêdhug kang wanci |
Nikèn Turida matur ing raka |
myang Rarasati ature |
mring kang raka sang galuh |
kawularsa saos abukti |
wanci wus têngah siyang |
Sèh Mongraga nambung |

yayi paran dera sabda |
Ni Turida Rarasati matur aris |
kawula saos dhahar ||

24. Amongraga angandika aris |
apuranipun yayi kalihnya |
tan kuwawa nandhang sihe |
wa mêkotên ing ngriku |
raka (n)dika yayi kêkalih |
Jèngwèsthi Jayèngraga |
aturipun nuwun |
pan taksih tuwuk duk enjing |
kang raka ngling yayi mas lamun tan bukti |
dawêg wêktu kewala ||

Jilid 7 - Kaca : 14

25. Gupuh dènnya matur nyêndikani |
nulya kang raka mring pakadasan |
angambil toyastutine |
sadaya sigra wulu |
mring patirtan sawusnya suci |
samyamanggih salat |
kang pra ari makmum |
ing raka Sèh Amongraga |
langkung jênêg rahab dènnira abêkti |
maring Hyang murbèng jagad ||
26. Wus antara praptèng salamnèki |
dumugi pupujianira sah |
dhikir rêmpêg ririh rèrèh |
atasing kalihatus |
wusnya nulya donga utami |
limang wêktu kataman |
sukur mring Hyang Agung |
lajêng sunat bakdiyatan |
bakda sunat atarap wirit akiki |
mutlak kaking panêmbah ||
27. Tan sulaya dènnira trap wirit |
birainya brangta ing Pangeran |
pan sami pasang rakite |
pangguyêrira wuru |
wiwarane wêrana napi |
lir kuda ngrap pandêngan |
sanalika luyut |
layap ing pasênêtannya |
mancad saking kusta daim ismu ngalim |
ngalimput ahli pana ||
28. Rêntah saking palinggihan sami |
tanpa kèblat labêde kalaban |
purbaning sih nugrahane |
dadya saujuripun |
apan tanpa papan pon papin |
tan pae paekanya |

dènnya samya suhul |
padhêm anèng padhêmitan |
guyêngira angayêngi jroning gaib |
ka-êbab kabibullah ||

29. Dangu dènnira pralinèng ngèlmi |
sang kapitu mênêng kaênêngan |
kang anênga ing dhèwèke |
saobah osikipun |
apan dadya sêmbah lan puji |
puji minangka tilam |
ingkang amrik arum |
aworing èstri lan priya |
nalikane campuh tibaning raswèki |
wus jumbuh tan prabeda ||

30. Patêmunè kawula lan Gusti |
nèng sajroning puji jinêmira |
rasa lir sujud karone |
tan ana kaotipun |
nir tan ana puji-pinuji |
rasa-rinasa datan |
asêbut-sinêbut |
sêmbah-sinêmbah wus nora |
lire ilang tan ana kawula Gusti |
sêbab jênêng tan beda ||

Jilid 7 - Kaca : 15

31. Êlidipun pan puji-pinuji |
samya rasa-rinasa bêlaka |
sêmbah-sinêmbah tan pae |
apan sêbut-sinêbut |
sabab dening roroning tunggil |
lamun datan kêlawan |
sakarone bukung |
cuthêl tan ana kang ana |
nahan wau kang lagya jênak kang mupid |
nèng jaman kanyênyêtan ||

32. Sira Ki Sèh Imam Amongragi |
luwar dènnira suhul ing Suksma |
sèwu napas antarane |
wus wantah ing palungguh |
atêpakur sukur ing Widi |
miwah kanêm awirya |
pan lajêng têpakur |
nalangsèng tyas ing Pangeran |
wus paragad dènnira sami awirit |
sêgu Sèh Amongraga ||

33. Sarya sêsalaman sadayèki |
wangsul (ng)yannira wau alênggah |
Amongraga lon dêlinge |
(n)dawêg yayi ing ngriku |
awon kèndêl samya nyênyamik |

rarayapan kewala |
krana Lah ing ngèlmu |
kang rayi matur sandika |
nulya sami sapikantuk anyênyamik |
nutug dènnya dhêdharan ||

34. Wau ingkang rayi Jayèngwèsthi |
lawan kang garwa Nikèn Turida |
nêmbah matur pamit lèngsèr |
linilan ing raka wus |
samyamundur lan Jayèngragi |
manêmbah wus linilan |
lawan garwanipun |
lèngsèr lajêng malbèng wisma |
maring tilam kawayon ing ratri arip |
nendra tan winursita ||
35. Yata wau ingkang tatakrami |
Ki Suharja kang mêmajang wisma |
rinayap kulawangsane |
dèn-nyarsa ngundhuh mantu |
pupulunanira Mongragi |
rinowa kurmatira |
dadya amêmantu |
tri ari dènnya trap karya |
ing sawêngi pan mawi midadarèni |
asêlur wong nunumbang ||
36. Jalu èstri samya busana sri |
sadintèn tan kandhêg ingkang prapta |
kang numbang lajêng tan mulèh |
badhe samya amêthuk |
ing pangantèn sang Amongragi |
yata sampun ngalêmpak |
bodhol èstri jalu |
aprapta ing Kajèngragan |
wus samêkta myang Pêngulu Basarodin |
Jèngwèsthi Jayèngraga ||
37. Wusnya pêpak nulya tan asari |
bodhol umangkat sang pinangantyan |
gumrêdêg kang ngiringake |
[. . .] |
santri tinon lampah ing margi |
jêjêl wong kang niningal |
tan ana gopipun |
wis prapta ing wismanira |
Ki Suharja gupuh manggihi têtami |
anèng pèndhapanira ||
38. Sang ro tama nèng pajangan mamrik |
ingayap ing para èstri kathah |
kang anèng pandhapa rame |
têpung gèlang alungguh |

- sinugata pawohan sami |
patehan wus warata |
cinaran sadarum |
samyang nginang nginum medang |
nulya ambêng kéndhuri majêng ing ngarsi |
wus cukup ambêngira ||
39. Jawi lèbêt waradin tan kari |
jalu èstri nutug dènyaya nadhah |
wus binage kéndhurine |
sêkul pangananipun |
samyang kathah barêkatnèki |
Ki Suharja lingira |
sanakngong sadarum |
mêngko wanci bakda Ngisa |
prayogine samyang wangsula mariki |
samyang dhikir Muludan ||
40. Kang liningan sadaya nanggahi |
wanci mèh surup samyang mit bubar |
rêbat parlu ing Mahribe |
jalwèstri bubar mantuk |
wênèh ana ingkang tan mulih |
santri samyang lajêngan |
kewala ing ngriku |
waktu Mahrib samyang salat |
kang ngimami Ki Pangulu Basarodin |
kang makmum santri kathah ||
41. Sêsaking masjid natar pandhapi |
Sèh Mongraga asalat nèng wisma |
ngimami parèstri kabèh |
gandhok kilèn (ng)gyannipun |
samyang rahab lèlagon puji |
wus praptèng bakda Ngisa |
sadaya kang wêktu |
tata wangsul ing pandhapa |
miwah ingkang wau mantuk sami prapti |
Jèngwèsthi Jayèngraga ||
42. Lan sagarwanira datan kari |
lan pra ari sakawan wus prapta |
myang pra santri sadayane |
wus pêpakan sadarum |
santri (m)bêkta nuskah pribadi |
adan lèkas salawat |
singir dhikir Mulud |
datan mawi tarêbangan |
nulya ingkang raka (n)Jèng Kiyai Bayi |
Panurta ingkang prapta ||
43. Wusnyang panggih lan putra Mongragi |
sakêdhap nulya mèdal ing jaba |
kang alènggah samyang mire |
nulya lajêng anutug |

- dènya samya dhikir Muludi |
lik-êlikan jor-jinoran ||
samya arêbut sru |
wong nonton arêbut papan |
datan ana mëndha bosênne ningali |
andon rêna niningal ||
44. Tan wun ucapên kang suka singir |
kurmat nabi kita kang mustapa |
nutug saruktining gawe |
yata sang Amongngingkung |
sawusira bakda tangati |
atêsbèh ing palilah |
lan tangat tahajud |
saking langgar pasamuhan |
tajug alit asimpar rêsik awingit |
kundur Sèh Amongraga ||
45. Malbèng wisma lawan ingkang rayi |
Tambangraras lan kucumbunira |
Cênthini tansèng wurine |
miyat ing pandhapa wus |
samya bubar sêlawat dhikir |
samya mantuk sadaya |
kang rama wus kundur |
kantun ingkang darbe wisma |
Ki Suharja nèng pandhapa lawan santri |
miwah rèh-rèhanira ||
46. Amongraga lajêng mring tilamrik |
lan kang garwa Nikèn Tambangraras |
sampun tumangkêb samire |
Cênthini tansèng ngayun |
mèpèt anèng waton patani |
sang ro datan anêndra |
mêksih mulang ngèlmu |
marang garwa Tambangraras |
Sèh Mongraga pangandikanira aris |
yayi Nikèn wruhanta ||
47. Lamun sira anêmbah amuji |
sajatining puji kawruhana |
iku parlu makripate |
yèn durung wruh ing ngriku |
maksih tiron bae kang puji |
puji tan paja-paja |
sampurnaning kawruh |
kang garwa matur nor raga |
inggih mugi amba paduka jatèni |
ing puji kang sampurna ||
48. Wruhanira sajatining puji |
dudu lapal kang muni ing lesan |
swara lawan kumandhange |

Jilid 7 - Kaca : 17

pan unèn-unèn dudu |
dene puji sajatinèki |
pan iya harêpira |
kang suci sumunu |
pangidhangsing kirsu juga |
ingkang datan kajêg-kajêg iku yayi |
yèn kajêg iku aral ||

49. Samangsane aral iku yayi |
unine sami lan swara kewan |
puji gugumyahan bae |
mandhak ngèlmu têkabur |
tiwas êrak gondhange salit |
pujine tan sampurna |
malah saya luput |
lupute kang ahli tama |
nora sêdya gêmbor-gêmbor amumuji |
ngur turut tan kangèlan ||
50. Kang mangkono puji tanpa kardi |
tan manpangat ing donya ngakerat |
sabab puji awèl-awèl |
iku yayi dènemut |
sucèkêna karêpirèki |
karêp mring kaluhuran |
mardikaning tuwuh |
iku sênêting uliya |
kang minangka kang jêmparing pasopati |
puji kang wus muslim kak ||
51. Iya karêpira ingkang suci |
iya maha suci jatineka |
tunggal wujud ing dununge |
puguting tingal luhung |
anèng kono suhuling Widi |
wadhaganing agêsang |
yèn durung sumurup |
ing sajatining puji ka |
kadya nora asih ing uripirèki |
awèt dadya paguywan ||
52. Tambangraras sumungkêm ngabêkti |
ing pada dêlamakaning priya |
wus kêsanggêm jroning tyase |
tan ana kang kalimput |
malah maksih kirang kang wiji |
tyas maksih ombèr longgar |
saking gênging wahyu |
tinitah wali wanita |
Tambangraras rêrasan ngilmi winilis |
sasmitaning uliya ||
53. Pajar gidib wayahe kang wêngi |
putêr bênggala munya sauran |

Jilid 7 - Kaca : 18

kêluruk ayam arame |
burung swarèng pakswa rum |
mrak jag-jagan nèng payon muni |
èsthane lir anggugah |
marang santri Subuh |
katampèn sasmitaning mrak |
santri samya agya ngambil toyastuti |
adan ayat-ayatan ||

54. Miwah sakwèh tajug masjid-masjid |
kanan kering cêlak radi têbah |
samya sarènti adane |
angalik-alik arum |
anênangi langêning wêngi |
tan ewah lawan saban |
saban wêktu Subuh |
mangkana Sèh Amongraga |
dènnya Subuh angimami para èstri |
nèng gandhok kilèn (ng)gènnya ||
55. Praptèng byar enjing bakdanirèki |
samya bubar kang makmum sadaya |
samya trap sasaosane |
Sèh Mongraga sih jungkung |
tangat Luka nêl salam nênggih |
sawusira pêragad |
dènnira akusud |
kundur lênggah ing jêrambah |
sinaosan wedang dhêdharan mawarni |
Suharja nèng pandhapa ||
56. Pan ingadhêp para lurah santri |
rare cilik nèng latar paguywan |
dolan sakarêp-karêpe |
tamburan kumarusuk |
bênthik bengkak myang cirak umbris |
gendhongan miwah jajan |
sêga ramês pincuk |
ingkang nglawatakên dara |
kinêplok myang kêkêplok gumruh atri |
wus lumrah wong sadesa ||

2 (Bab riba warni tiga: 1. riba badan, 3. riba lesan, lan 3. riba manah)
Ing pandhapa sami dhahar sarapan, sinambi rêmbagan bab riba warni tiga: 1.
riba badan, 3. riba lesan, lan 3. riba manah.
Dalunipun Sèh Amongraga mulang garwa bab ngamaling agêsang 4 prakawis
inggih punika:
1. ngamaling sarengat, iman mrih bêkti;
2. ngamaling tarekat, iman amuji ing Pangeran;
3. ngamaling hakekat iman suhul ing Hyang Widhi; 4. ngamaling makripat
angujlat maring Pangeran.
Kaca 19 - 26.

57. Inkang dadi kabungahan ati |
 suka samya nglawatakên dara |
 sinawangan ngang-ngang ngèng-ngèng |
 wus adat sabên esuk |
 myang wong tuwa samya ngêploki |
 samya toh gègèthikan |
 ingkang bêblês muluk |
 kang bêtah anglawat mênang |
 kang glis mudhun darane kalah ginêthik |
 samya atêtandhingan ||
58. Sabên esuk kumruwuk ngêploki |
 jalu èstri miwah lare samya |
 samya ngêploki darane |
 kêplok-kêplok kumruwuk |
 barung bendrong kothèkan atri |
 kêkênthong agêjagan |
 kang mêngtas anutu |
 kang mutêr sru agêritan |
 karya lênga angathok myang kang amipit |
 wor ramening asurak ||
59. Ki Suharja angandika aris |
 èh gus Menot daraku si Tawang |
 apa wus kok lawatake |
 gus Menot matur sampun |
 ilon nglawat kalih pun Kanji |
 pan ibêripun ewah |
 tan pati amuluk |
 Ki Suharja mudhun nglatar |
 angêploki darane uningèng wangsit |
 andêdêl ing ngawiyat ||
60. Yata wau ingkang raka prapti |
 Kyai Bayi Panurta lan putra |
 Jèngwèsthi Jayèngragane |
 saha sagarwanipun |
 samya (m)bêkta dhadharan enjing |
 Ki Bayi lon ngandika |
 apa sira iku |
 lagi angêploki dara |
 Ki Suharja kagyat gèpah aningali |
 yèn ingkang raka prapta ||
61. Lan putra Jèngwèsthi lan Jèngragi |
 nulya ngaturan lènggah pandhapa |
 klasa lampit pinêrantèn |
 Sèh Mongraga andulu |
 yèn kang rama lan ibu prapti |
 gupuh mijil umarak |
 lan kang garwa wau |
 praptèng ngarsa sêsalaman |
 nulya Nyai Suharja gupuh nyaosi |
 dhêdharan jing-enjingan ||

62. Ni Cènthini ingkang nglêladèni |
wêwah dhêdharan babêktanira |
lajêng tinatèng ngarsane |
wus aglar anèng ngayun |
nulya Ki Pangulu kang prapti |
ingiring modinira |
nèng pandhapa lungguh |
lajêng atur sêsalaman |
nulya Ki Panukma Panamar kang prapti |
lawan Ki Kulawirya ||
63. Sagarwa bêkta dhadharan sami |
praptèng pandhapa lajêng salaman |
dhêdharan tinata age |
kêlangkung rukunipun |
among-winong dènya samya sih |
sajêg tan ana rêngat |
rakiting sadulur |
tulus dènnira kakadang |
nadyan maring santana kulawargèki |
tan ana kang kuciwa ||
64. Sadaya wong ing Wanamartèki |
tan ana rêbut kastori congkrah |
lulus pangupajiwane |
sarta ngibadahipun |
wus mangkono ahlinirèki |
samya olah kamuktyan |
rahayuning kalbu |
pan saking mangunahira |
(n)Jêng Kiyai Bayi Panurta kang mawi |
numusi harjèng desa ||
65. Yata wau kang anèng pandhapi |
jalu èstri royom lalênggahan |
Ki Bayi lon ngandikane |
marang sadayanipun |
payo padha sèmèkan enjing |
kang liningan agêpah |
samya nadhah kêmbul |
jalu èstri karoyokan |
nutug dènya anadhah ing wanci enjing |
kinèn andum barêkat ||
66. Jalu èstri tan prabeda sami |
barêkatan wus samya luwaran |
kang adhahar sadayane |
Ki Bayi ngandika rum |
èh Pangulu Ki Basarodin |
mungguh rêrasanira |
èndi bakunipun |
Ki Pangulu aturira |
mangsa borong paduka kula umiring |

Jilid 7 - Kaca : 20

nulya ngling mring kang putra ||

67. Inggih anakmas Sèh Amongragi |
kados punapa lampahing riba |
kang putra alon ature |
wondene bakunipun |
rapal riba punika nunggil |
babaganipun karam |
sami cêgahipun |
pan inggih tigang prakara |
kang rumiyin karam bangsa badan nênggih |
lan karam bangsa lesan ||
68. Kaping tiga karam bangsa ati |
dene karam ingkang bangsa badan |
lamun kathah maksiyate |
purun nganggeya tiru |
tiru panganggene wong kapir |
sasolah panganggenya |
kapir kang tiniru |
punika ribaning badan |
kaping kalih asring karsa ngalap bukti |
kang mêkruh miwah karam ||
69. Têgêg tunggal mangan lan wong kapir |
sêpta aniru olah-olahan |
tuwin ngèmpêr agamane |
pangupajiwaniipun |
angundhakkên artanirèki |
undhake lan bicara |
tanpa dol tinuku |
nadyan tuku yèn babagan |
ingkang bêras tinumbas kalawan pari |
sêkul tinumbas ing bras ||
70. Apan riba punika samining |
ribaning lesan ingkang kadyèka |
kaping tiganipun malih |
ribaning tyas puniku |
tyas kêsusu kêdah glis-aglis |
amêsthèkkên bicara |
ingkang dèrèng mojud |
dènnya ngambil kauntungan |
pinrih mêtu saking bicaraning jangji |
pamèting tyas pitênah ||
71. Dènnya mèt untung amêlarati |
tuwin kang maha atilar wawrat |
nêrak kang wawrat jangjine |
totohan saminiipun |
dènnya ngambil kasil tan misil |
apan rusak-rinusak |
papa têmahipun |
amêsthèkkên untungira |

Jilid 7 - Kaca : 21

ingkang dèrèng kantênan kinarya mêsthi |
melik ing kauntungan ||

72. Amèt papan tan satitahnèki |
tan nêdya yu ing sasama-sama |
riba tyas dening murkane |
wa-makatên punika |
pêpangkatan kalih prêkawis |
ahli dalil akerat |
lan ahli donyèku |
ye kang ahli donya wênang |
anglampahkên tingkah riba ing pakarti |
kuwatir ing kapêsan ||
73. Inggang ahli dalil akerati |
riba cêgah malah têtèng karam |
tan kenging riba kasabe |
duraka ing Hyang Agung |
datan antuk ganjaran akir |
tan bisa ahli swarga |
ngulamane wurung |
malah ginantungan siksa |
yèn wong karêm mangan riba ing donyèki |
pan dede palalira ||
74. Ratu pandhita wus bagi-bagi |
ahli donya lan ahli akerat |
tingkah pae paekane |
pan sanès dalilipun |
ratu murba pandhita sidik |
punika pan sumangga |
mênggah kukusipun |
Ki Bayi alon ngandika |
yèn mangkono riba iku Basarodin |
pasal manut ing titah ||
75. Mungguh titah sira lawan mami |
nora kêna katèmpèlan riba |
murungakên ing kèdadèn |
beda lan maksiyat wus |
titah donya melik donyèki |
titah kerat melika |
ing akeratipun |
jawane saking wutanya |
e ya Allah astagapirulah halngalim |
kumêmbêng waspanira ||
76. Saking kêpasuk kêrasèng galih |
dadya angumpah nutuh sarira |
saiprêt kacipratane |
riba rêmèh kur-ukur |
kaplêtikan sukêr sathithik |
pinapas tyas wus kipa |
-kipa nora gêtun |
katèmpèl satêngu riba |

pan ingangkah pangati-atining ngarsi |
kang durung kalampahan ||

Jilid 7 - Kaca : 22

77. Sadayanya ningali Ki Bayi |
gumun ngungun nglulu ulatnya |
Ki Basarodin andomble |
kraos kèh kuthuhipun |
kèh mangane riba pinanggih |
nabda Ki Kulawirya |
kang Pêngulu niku |
rayat (n)dika bakyu têngah |
kèn marèni angsale preyalan mêrgi |
sok amakêm wilangan ||
78. Ngong angrungu wong kang adol angris |
wus lumrahe pan nêmlukur uwang |
punjul patang dhuwit kèhe |
winilang wongsal-wangsul |
pan wus ganêp rêganing angris |
samangsa tutug ngomah |
jêbul kurang ditung |
kurang krotèng kurang suwang |
ra-orane pêsthi kurang pitung dhuwit |
pêmakême bok Basar ||
79. Basarodin anauri aris |
dede kula ingkang gadhah pokal |
apan tiyang èstri dhewe |
(ng)gih niku (n)dika wuruk |
narik marang riba binukti |
Ki Suharja lon mojar |
mring Sèh Mongragèku |
mênggah sucining pa-jiwa |
ingkang pundi kasab kang tan mutawatir |
kang mampangati nêdha ||
80. Sèh Mongraga aturira aris |
ingguh wontên mapan ingkang wênang |
linampahan utamine |
tandha barang tinuku |
manut mangsa mirah lan awis |
rêgi (m)bêkta piyambak |
sabab mangsanipun |
kados titiyang anguyang |
pantun samêt punapa mupakatnèki |
rêgane tigas gagang ||
81. Tinandho prapta ing mangsa winih |
dinol salimrahipun ing rêga |
wontên piyambak rêgine |
anèng mangsa ing ngriku |
dados botên adamêl rêgi |
ngruba gini gunika |
ribaning pamuwus |

wuwus yèn kèh ribanira |
anumusi kang sinandhang kang binukti |
dadya riba sadaya ||

82. Kang myarsakkên padhang tyasnya mami |
angsal murat sucining akasab |
utama linampahake |
Ki Bayi manthuk-manthuk |
kaluhuran sabdaning siwi |
rinasa pan utama |
lampahing tumuwuh |
rèhning ngupaya pa-jiwa |
Kyai Bayi Panurta ngandika aris |
mring pra ari sêdaya ||

Jilid 7 - Kaca : 23

83. Miwah maring putranira kalih |
Jayèngwèsthi lawan Jayèngraga |
iku prayogane kabèh |
lakonana murat iku |
wong sadesa Wanamartèki |
kabèh parentahana |
sarèh-rèhanamu |
aywa na kasab kang riba |
ingkang padha suci lèhe nambut-kardi |
aja na dora-cara ||
84. Sadaya matur sandika sami |
katujoning manah sarjunira |
ngumum ing wong desa kabèh |
Ki Bayi malih muwus |
payo padha bubarana mulih |
anulya sêsalaman |
sadaya wus mundur |
samyamantuk sowang-sowang |
tan cinatur yata kang amangun kardi |
wau Ki Wiradhustha ||
85. Amêmajang wisma wus miranti |
ambêladhah tarub tutuwuhan |
rinayap sarèh-rèhane |
kabèh kang buka warung |
samyatugur anambut kardi |
rumat ing tigang dina |
karya ngundhuh mantu |
siyang dalu abusêkan |
kèh kang numbang sami ngangge-angge adi |
adi-adining desa ||
86. Sadalu mawi midadarèni |
samyajagongan langkung sêmoa |
tan ana kuciwèng gawe |
yata ing siyangipun |
jalu èstri kang samya prapti |
mêrabot sadayanya |

kang badhe amêthuk |
ing pangantyan ngandhap Ngasar |
wusnya pêpak sadaya kang jalu èstri |
bodhol mapag pangantyan ||

87. Ing Suharjan tamu wus miranti |
Jayèngwèsthi Jèngraga sagarwa |
Pangulu Kulawiryane |
prapta kang samya mêthuk |
Panukma Panamar pangarsi |
wus tata ing pandhapa |
kabèh wus sinuguh |
kêndhuri samya kondangan |
wus luwaran kêndhuri nulya binagi |
wrata samya ambêrkat ||
88. Nulya Ki Panukma matur aris |
amitêmbung rèhipun dinuta |
nuwun sang ro pinangantèn |
wusnya mangkana wau |
sigra bodhol ngarak pêngantin |
ngarsa santri slawatan |
lampah sri dinulu |
suka sakèh wong nêningal |
jêjêl uyêl tan antara anèng margi |
praptèng Kawiradhusthan ||
89. Nèng pandhapa wus tata alinggih |
sinuguhan miwah kêndhurinya |
rinumatan sadayane |
jaba jro datan kantun |
ramya eca samya abukti |
nutug tuwuk kondangan |
luwar nulya dinum |
kabèh samya ambarêkat |
sawusira sami pamit pan sinêling |
wangsul ing bakda Ngisa ||
90. Budhal sadaya jalu lan èstri |
rêbat wêktu ing Mahrib asalat |
mungêl bédhug dhêng Mahribe |
santri sadaya wêktu |
samya adan ramya sarênti |
kanan kering araras |
adat sabên wêktu |
praptèng wanci bakda Ngisa |
ingkang samya ingancaran sami prapti |
santri badhe Muludan ||
91. Nutug dènnya salawatan dhikir |
Kyai Bayi Panurta pinarak |
tan cinatur sadangune |
ramening dhikir Mulud |
tuwin ingkang gênging kêndhuri |

Jilid 7 - Kaca : 24

sawusnya samya nadhah |
bubaran sadarum |
yata Ki Sèh Amongraga |
sawusira bakda layap tangatnèki |
têsbèh tahayudira ||

92. Kunder marang ing wisma jinêmrik |
lan kang garwa Nikèn Tambangraras |
Cênthini nèng jawi langse |
tumangkêp samiripun |
ni bok Wiradhustha wus mijil |
wor nendra lan kang raka |
nèng pandhapanipun |
dinuga sang pinangantyan |
anèng tilam sacarêm karsikan ring tis |
kang cêlak ginusahan ||
93. Namung kantun sawiji Cênthini |
kori jêrambah wus tinutupan |
maklum sasmitèng pangantèn |
kang anèng tilam arum |
Tambangraras lan Amongragi |
datan adat anendra |
dèrèng wêktunipun |
kang raka aris ngandika |
pyarsakêna mungguh ngamale ngaurip |
apan patang prakara ||
94. Patang prakara puniku mijil |
iya ing dalêm sawiji iman |
kawruhana satuhune |
wal ngamal karijatun |
wabil sarengati imani |
yayi karya-a sira |
ngamale kang parlu |
ngamal sarengating iman |
ing lakune salat sujud rukuk yayi |
jakate pan sidhêkah ||
95. Tapane sarengat iku yayi |
pan puasa ing wulan Ramêlan |
dene yayi kapindhone |
kang lapal wal ngamalu |
karijatun bil tarekati |
imani akarya-a |
ngamal kang wajibu |
ngamal tarekat ing iman |
ing lakune amuji maring Hyang Widi |
jakate jrih ing Allah ||
96. Tapane tarekat iku yayi |
pan têpakur ing dalu lan siyang |
de yayi kaping têtune |
wal ngamal karijatun |

- wabil hakekati imani |
yayi karya-angamal |
kang utamèng tuwuh |
ngamal hakekating iman |
lakunipun asih suhul ing Hyang Widi |
jakate tan pepeka ||
97. Tapane hakekat nora milih |
ping pat wal ngamalu karijatun |
bil makripati imane |
akarya-a sirèku |
ngamal ingkang sampurnèng ngurip |
ngamal makripat iman |
dene lampahipun |
angujilat maring Pangeran |
kajatipun pan sokur maring Hyang Widi |
tapa tan ngroro tingal ||
98. Yèku yayi ngamale kang silih |
karanane yèku kêkandhangan |
ing waliolah makame |
poma kang titis kalbu |
aywa mamang sirèng pangaksi |
yèn tyasira wus nyungap |
kang sarèh ywa susu |
supaya yayi wahyunta |
lan panglawêdira marang rasa jati |
jatining kanyataan ||
99. Ingkang garwa wus pratamèng tampi |
anampèni sasmitaning raka |
tan cawêngah saciptane |
lir galêpung jinuruh |
pan ingolah ngalamat manis |
mung kurang sadungkapan |
pan dèrèng kinukus |
matêng lawan ginênènan |
Tambangraras rarase wus ngrêspatèni |
tinunggu gama mulya ||
100. Wus mêtêlu wayahe kang wêngi |
pêksi sikatan munya susitan |
sabawèng békisar kate |
tutuhu ngantu-antu |
asauran lan pêksi kolik |
sêmunè lir anggugah |
tangiya wis bangun |
padha ngabêktiya ing Hyang |
barung munya pêksingon lir angrêmbugi |
panggugahing sêmbahyang ||
101. Tumulya na sabawaning santri |
ragi têtibh adan lamat-lamat |
landhung lir suling swarane |
anganyut nganyut-anyut |

wontên malih adan nauri |
siji loro anulya tri |
lir sawung kaluruk |
wus adat ing Wanamarta |
sabên wêktu Mahrib Subuh ting karêlik |
dadya srining desarja ||

102. Tan wus ucapên wêktuning santri |
pajar gidib gya pajar sidik byar |
bakdane Subuh sakèhe |
pan kathah langênipun |
adat enjing kamuktènèki |
sira Sèh Amongraga |
tangatira kasud |
sawusira bakda Luka |
pan wus linggar saking langgar lan garwèki |
kundur malbèng ing wisma ||

Jilid 7 - Kaca : 26

103. Wiradhustha lênggah nèng pëndhapi |
wus miranti saos palinggihan |
uningèng sabên rakite |
miwah saosanipun |
papateyan myang wedang kopi |
dhêdharan (n)jing-enjingan |
acêcadhang tamu |
nulya ingkang rayi prapta |
Ki Panukma Panamar Kulawiryèki |
sagarwa bêkta dharan ||

104. Nulya Ki Pangulu Basarodin |
sarêng prapta lawan Ki Suharja |
sarayat ngirit dhulange |
praptèng pandhapa lingguh |
ni-bok Wiradhustha nampèni |
lajêng tinatèng ngarsa |
aglar mawarna wus |
tan dangu Kyai prapta |
garwa putra Jayèngwèsthi Jayèngragi |
samy (m)bêktèng dhulangan ||

105. Mudhun sadaya ingkang alinggih |
Amongraga mijil lan kang garwa |
marêk ing rama praptane |
wus kinèn sami lungguh |
gupruk ingkang kinèn alinggih |
samy asalaman |
sadaya tap ngayun |
Ki Bayi alon ngandika |
payo padha bêbacutan bae bukti |
abancakan kewala ||

106. Kaya sabên barêng jalu èstri |
Cênthini lan Sumbaling wasisan |
kabèh kono lan bok-ipe |

bêcik padha akêmbul |
kowe sisan pra lurah santri |
Luci Nuripin sira |
ing kono kang têpung |
têpunge lan Jamil Jamal |
pan aenak padha krana Lah abukti |
payo lêkas Bismilah ||

107. Kang liningan gupuh samya wanting |
adan lêkas sasarêngan nadhah |
royom samya pakolihe |
parèstri sukèng kalbu |
nêmbe wor lan jalu abukti |
kalangkung amirasa |
pan sami pikantuk |
anutug dènnira nadhah |
samya buruh ngumbah tangan awêwanting |
ambêng kinèn dum bêrkat ||

108. Wus waradin didum jalu èstri |
nulya dhêdharan lumadyèng ngarsa |
pamangsêg sapikantuke |
anyênnyamikan tuwuk |
wusnya nutug kinèn ambagi |
pan waradin sadaya |
sami pandumipun |
Ki Bayi alon ngandika |
(m)buh kang mawa wong tuwa baya iki |
esuk kudu amangan ||

3 (Bab sahipun siyam ing wulan Ramêlan)
Enjingipun Ki Bayi sagarwa kadang putra lan Pangulu kêmbul sarapan
sinambi bawaraos bab sahipun siyam ing wulan Ramêlan, pangkat tiga inggih
punika: mukmin: ngam, kas, kawas. Katêrangakên: batal-makruhipun.
Ing wanci dalu Sèh Amongraga mulang garwa bab utamaning Islam; sawêlas
daimira, inggih punika: 1. pèlu daim, 2. niyat daim, 3. sahadat daim, 4.
ngèlmu daim, 5. salat daim, 6. makripat daim, 7. tokid daim, 8. iman daim, 9.
junun daim, 10. sakarat daim, lan 11. pati daim.
Kaca 27 - 30.

Jilid 7 - Kaca : 27

376 Dhandhanggula

109. Wuwuh royoman mundhak pakolih |
kacèk lan takêrku saban-saban |
Ki Pangulu nambung ture |
inggih sayêktosipun |
tiyang sêpuh tan bêtah ngêlih |
sanès duk sih nènèman |
sangêt kaotipun |
Ki Bayi angling ya talah |
kang wus lumrah yèn sira tan pati salin |
adrêmbe biyèn mula ||

110. Gêr gumuyu sarêng jalu èstri |
Ki Kulawirya ngling latah-latah |

kang Pangulu katujune |
sêdyane arêp umuk |
dhèk ênome bêtah tan bukti |
pati-gêni rong wulan |
ambisu sataun |
nuli kèh prawan kedanan |
teplak-teplok Ki Bayi gumujêng angling |
lah ya iku dhèk kapan ||

111. Bobote pasa prêlu sasasi |
durung nutug sadina-dina-a |
sok pasa Ngasar sajêge |
ing saiki ta êmbuh |
mênèk bisa nutug saari |
matur mênawi kula |
sampun pancènipun |
myat tiyang bêtah ing lapa |
apan inggih sangêt (ng)gènkula kapengin |
nanging tan kadurusan ||
112. Kenthol Kulawirya amêstani |
bêtah pati-gêni kalih wulan |
lah punapa botên jidhèt |
tan mangan kalih têngsu |
ginaguyu kang sami linggih |
Ki Bayi lon ngandika |
kadospundinipun |
anak mas Sèh Amongraga |
mênggah tiyang siyam Ramêlan puniki |
sahipun kang punapa ||
113. Amongraga aturira aris |
babing siyam tan kening winastan |
tri prakawis ing Kadise |
kang dhihin siyamipun |
mukmin êngam lirisipun nênggih |
siyamipun makruhan |
purun udud susur |
adus wuwung kadhang nginang |
kêmu tilêm sumawana êsak sêrik |
dèntên (ng)gènnipun buka ||
114. Sasurupe srêngenge abukti |
lamun saur purun wêktu pajar |
yèn dèrèng mêdal srêngenge |
pan maksih purun saur |
limrahipun mukmin ngam sami |
siyamipun kadyèka |
kaping kalhipun |
mukmin kas dènnya asiyam |
datan arsa kalêbêtan kang makruhi |
binatalkên sadaya ||
115. Sinucèkkên siyame saari |
udud susur nginang apan batal |

adus tilêm kêkêmunne |
nadyan ngising anguyuh |
sumawana ingkang sak sêrik |
mimikul mukul batal |
marma ngising nguyuh |
cewoke kang mawa batal |
sabab toya manjinge marang jopnèki |
punika batalira ||

Jilid 7 - Kaca : 28

116. Lamun buka yèn ta dèrèng manjing |
wêktu Ngisa icale sirat bang |
tan purun buka myang ngombe |
maksih siyang kumipun |
barang mêkruh dipun-kawruhi |
kados ta yèn wontêna |
tiyang cukil untu |
sogok untu kinêcapan |
lan anggugud lingsaning tuma sawiji |
sami lan mangan sêga ||
117. Lamun saur wanci maro ratri |
têngah dalu yèn wus babêdhugan |
tan purun saur sababe |
wus siyang kukumipun |
dènnya siyam duk maksih ratri |
wus limrah pra mukmin kas |
siyame kadyèku |
kaping tiga mukmin kawas |
dènnya siyam tan batal tan mêkruh tuwin |
tan buka saur pisan ||
118. Siyam ing dalêm tridasa ari |
buka ing tanggal sapisan Sawal |
pan makatên ing siyame |
mukmin kawas linuhung |
pan sumanggèng kêrsa (n)Jêng Kyai |
pundi ingkang tinelat |
-akên siyamipun |
Ki Bayi padhang tyasira |
amyarsakkên kang putra dènnya muradi |
sucine ing Ramêlan ||
119. Kyai Bayi Panurta ngling aris |
padha rasakêna kono sira |
pira-bara ing kawase |
lagi kas lan ngamipun |
sidhang-siring kewala pinrih |
samyang sumanggèng karsa |
kawula tumutur |
angandika mring kang putra |
Sèh Mongraga matur punika manawi |
kadugi linampahan ||

120. Supaya mrih êkas sawatawis |
 siyamipun ing dalêm sasiyang |
 ingatos-atos êkase |
 aywa purun ing mêkruh |
 sasamine kang mutawatir |
 kandhangan badhe batal |
 sabab maha mêkruh |
 ingkang ngam ngamal kewala |
 mila kêdah êkas puwasa saari |
 mung siyange kewala ||
121. Dene dalunipun tan mangêni |
 anganggeya tabiyate êngam |
 yèn buka surup srêngenge |
 yèn ta puruna saur |
 wanci enjing ing pajar gidib |
 dèrèng mêdal kang surya |
 taksih kenging saur |
 ing dalu botên rinaksa |
 namung siyangipun dipun ati-ati |
 supaya dadya êkas ||

Jilid 7 - Kaca : 29

122. Samya padhang sadaya tyasnèki |
 Kyai Bayi Panurta lingira |
 murad iku samajade |
 kuwat sêdya pinêsu |
 anucèkkên siyamirèki |
 dadya tan bèrèt beya |
 wus kangèlan wurung |
 emanên rêkasanira |
 kang liningan suka sukur anglampahi |
 pinrih agama mulya ||
123. Tuwin parèstri kang samya myarsi |
 sinatmatan mring pra priyanira |
 pirêna tan nêdya mêngèng |
 sêdya manut ing kakung |
 Ki Panurta ngandika malih |
 payo sêdhêng bubarane |
 ing rêmbug wus kusus |
 padha sêdya-a tumandang |
 pan utama tokit maring Dalil Kadis |
 anulya sasalaman ||
124. Sawusira wau Kyai Bayi |
 lajêng kundur mulih sowang-sowang |
 tan winuwus ing solahé |
 yata kang ngundhuh mantu |
 Ki Panukma amangun kardi |
 tan pae lan kang raka |
 dènnya pasang tarub |
 kèh kang numbang myang rèrèyan |
 ing wong jagal lang sakèhe ingkang prapti |

badhe mapag pangantyan ||

125. Wusnya pêpak bodhol sadayèki |
jalu èstri prapta Wiradhusthan |
wus miranti lir sabêne |
umangkat tan asantun |
pan ingarak asri nèng margi |
prapta ing wismanira |
Panukma asugun |
sugatan wus rinumatan |
wusnya rampung dènnira ngingon-ingoni |
mèh Mahrib abubaran ||
126. Samya rêbut ing wêktu Mahêrib |
santri adan santri ing sadesa |
kalangkung asri swarane |
praptèng bakda Ngisa wus |
ingkang sami kinèn abali |
samy dhatêng sadaya |
lir sabên kang rawuh |
(n)Jêng Kyai Bayi Panurta |
wus nèng ngriki lan garwa myang putra kalih |
arahab sêlawatan ||
127. Nutug dènnya sukur kurmatnèki |
samuwaning kèndhuri wus pragat |
lingsir dalu ing bubare |
yata ingkang nèng tajug |
Sèh Mongraga garwa kucumbi |
sabakdanirèng tangat |
têsbèh lan tahajud |
lajêng kundur maring wisma |
lan kang garwa Tambangraras tumamèng ing |
tilamsari nginêban ||
128. Sang ro langkung asihirèng krami |
Sèh Mongraga tansah mulang garwa |
manis arum andikane |
yayi ki ana kawruh |
ing aurip parlu ngawruhi |
panjinge agamèslam |
pan sawêlas wuwus |
parlu daim saprakara |
ping ro niat daim ping tri sahdat daim |
ngèlmu daim kaping pat ||
129. Kaping lima yayi salat daim |
kaping ênêm makripat daimnya |
tokid daim kapitune |
iman daim ping wolu |
junun daim ping sanganèki |
sêkarat daim dasa |
pati daim uwus |
jangkêp sawêlas prakara |

Jilid 7 - Kaca : 30

- lire basa daim pêrlu iku yayi |
kang tansah elingira ||
130. Mring Hyang Agung dene niat daim |
ingkang tansah asihira mring Hyang |
kang salat daim têngêse |
ingkang tansah angêgung |
mring Hyang dene kang ngèlmu daim |
kang tansah maklumira |
mring Hyang Kang Maha Gung |
sadam daim têngêsira |
ingkang tansah paworira mring Hyang Widi |
makripat daim lirnya ||
131. Inggang tansah pandêngirèng Widi |
tokid daim têngêse kang tansah |
antêpira mring Hyang dene |
iman daim lripun |
ingkang tansah madhêp Hyang Widi |
junun daim têngênnya |
kang tansah cêngêngmu |
maring Hyang Kang Maha Mulya |
lsakarat daim kang tansah panrimèki |
sira maring Hyang Suksma ||
132. Pati daim têngêsipun yayi |
ingkang tansah nikmatira marang |
Hyang Agung kang karya kabèh |
poma yayi puniku |
prabot gêdhong mutyara adi |
malige pasênêtan |
-nira Hyang Maha Gung |
sira Nikèn Tambangraras |
atur sêmbah maring raka anuwun sih |
kaikêt kakekat tyas ||
133. Wanci bangun sêdhêng angin ngidid |
pajar gidib asri kang swabawa |
pêksi wana lan ingonne |
sabên esuk wit bangun |
wong sadesa dènnira tangi |
kathah kang kapiyarsa |
santri adan Subuh |
ting karêlik tanpa rungwan |
Sèh Mongraga Subuh ngimami parèstri |
pinarnah kadya saban ||
134. Anèng gandhok kilèn pinaranti |
praptèng bakda Subuh byar atangat |
sawusing bakda Lukane |
milu lan garwanipun |
nèng pandhapa lan paman linggih |
angrukti bok Panukma |
sêsaosanipun |
dhêdharan enjing-enjingan |

4 (Pangantèn sarimbit kaundhuh dhatêng griyanipun Ki Kulawirya)
Sang pangantèn sarimbit kaundhuh dhatêng griyanipun Ki Kulawirya. Wisma
pinajang asri, tamu kathah, rêrêng gayêng pahargyaning ngundhuh pangantèn.
Dalunipun Sèh Amongraga mulang garwanipun bab: patitising layaping dat,
sipat, apngal.
Pamawasing asma wajibul wujud, wruh jatining tunggal, wruh jatining
suwung. Jatining layap kalih prakawis inggih punika jaman adhakan lan
jaman kaelokan. Layaping nendra lan layaping pana.
Kaca 30 - 39.

Jilid 7 - Kaca : 31

376 Dhandhanggula

135. Samyambêkta kadi sabanèki |
bucu kupat lêgandha dhêdharan |
wus tata palungguhane |
dharan tinatêng ngayun |
Kyai Bayi ngandika aris |
sarwi nyarakkên wedang |
myang dhêdharanipun |
nulya samya nyênyamikan |
jalu èstri nulya angandika malih |
anakmas Sèh Mongraga ||
136. Mênggah rukuning Islam puniki |
kadi punapa utamanira |
linampahan supayane |
ywa galat ing tumuwuh |
Sèh Mongraga umatur aris |
utaminipun ingkang |
Islam rukunipun |
liripun gangsal prakara |
sadat salat jakat apuwasa kaji |
apan parlu sadaya ||
137. Kang rumiyin ngagêsang puniki |
parlu angucap kalimah sadad |
kawan prakawis parlune |
sidik lan takrimipun |
kurmat lawan tilawat nênggih |
sidik ngawruhi marang |
Pangeran Kang Agung |
kang (n)dadèkkên sadayanta |
lan naksèni Jêng Nabi kita puniki |
têtêp utusaning Hyang ||
138. Takrim tumêmên maring Hyang Widi |
tan nêdya mungkir ing dalilulah |
kurmat maha-sucèkake |
maring Hyang Maha Luhur |
tilawat mumule Hyang Widi |
ping kalih parlu salat |
ngagêsang puniku |

kêdah nêmbah ing Hyang Suksma |
kang rumangsa tinitah kita puniki |
kinarya badallolah ||

139. Kaping tiga pêrlu jakat nênggih |
sung sidhêkah mring pêkir kasiyan |
pitrah sarta lan jakate |
kang manjing ngisabipun |
lamun jêne wawrat satail |
ngisabipun ing jakat |
wrat kawan sêkèku |
dadya pangumbahing kasab |
samya suci kang sinandhang kang binukti |
tan wontên kang sumêlang ||
140. Ping pat pêrlu ngaurip puniki |
siyam ing dalêm wulan Ramêlan |
ingkang amuklis siyame |
tan batal datan makruh |
mêrtandhani utamèng urip |
pangrusake kang hawa |
luamah ati dur |
mila pinrih asiyamnya |
kaping gangsal apan pêrlu minggah kaji |
mring Mêkah kang kuwasa ||
141. Gangsal pêrkara kuwasanèki |
kang dhingin wus kêncêng niyatira |
ping ro kuwasa sangune |
sangu binakta laku |
wontên sinungakên ing rabi |
ping tiganipun angsal |
idining sang ratu |
ping pat idining gurunya |
kaping gangsal wèh têrang talak mring rabi |
lila palakinira ||
142. Tan anambang mring rabinirèki |
pan punika rukunipun Islam |
gendhong-ginindhong lakune |
sadaya sukèng kalbu |
Kyai Bayi gumujêng angling |
ngèlmu rukuning Islam |
tan wuwus-winuwas |
nanging durung padhang pisan |
lagi kiye murad datan sumêlangi |
utama sinantosan ||
143. Lah wis payo padha sèmèk bukti |
kaya sabên bae karoyokan |
nulya tinata ambênge |
pinire dharanipun |
wus akêpung golonganèki |
lah wus mara bismillah |

Jilid 7 - Kaca : 32

- sigra sami wisuh |
 adan lêkas samya nadhah |
 nutug sami pikantuk dènnira bukti |
 sawusnya cinarikan ||
144. Mamangsêgan dhêdharan binagi |
 waradin jalu èstri ambrêkat |
 Ki Bayi lon ngandikane |
 sêdhêng bubarane mundur |
 sêsalaman wus samya mulih |
 tan ucapên solahnya |
 yata kang winuwus |
 kang lagya amangku karya |
 Ki Panamar rinayap rèreyanèki |
 wong tandha tugur karya ||
145. Kèh kang numbang prapta jalu èstri |
 tan prabeda lan kang raka-raka |
 dènyarsa ngundhuh mantune |
 nalika wus ngalumpuk |
 ingkang badhe mapag pêngantin |
 ing wanci bakda Ngasar |
 dènyanya samya mêtuk |
 nulya prapta ing Panukman |
 wus miranti têtamu kadang myang siwi |
 têtung penuh pandhapa ||
146. Wusnya sinugatan sadayèki |
 rampung ing kèndhuri binrêkatan |
 sigra bodhol sadayane |
 rame slawatanipun |
 langkung langên dinulwèng margi |
 prapta ing Panamaraan |
 busêkan abikut |
 tamu wus tata alênggah |
 sinugata pawohan wedang waradin |
 sarta kèndhurinira ||
147. Rame dènnira nadhah pra santri |
 nutug nulya ambêng binrêkatan |
 jaba jro wus rumat kabèh |
 nulya bubarane mantuk |
 pan kasusu surup mèh Mahrib |
 kang pandam sinumêtan |
 abra ting pêlancur |
 santri nulya minggah salat |
 wêktu Mahrib kèh kang adan ngalik-alik |
 ramya sri dènyanya salat ||
148. Wusing bakda Ngisa para santri |
 kang winêling wangsul sadayanya |
 tan ewah kadya sabênne |
 samya dhikir Maulud |
 langkung rahab akurmatnèki |

nutug dènnya singiran |
myang kèndhurinipun |
wus prapta singir sêlawat |
gya rinumat pikantuk dènnira bukti |
luwaran binrêkatan ||

149. Sawusira nulya bubar mulih |
ingkang kantun mung rèh-rèhanira |
angrêksa ing dandanane |
yata kang anèng tajug |
sawusira tangat ing ratri |
têsbèh tahajudira |
kundur mring wismèku |
lajêng tumamèng jro tilam |
lan kang garwa myang Cènthini datan kari |
nèng sajawining gobah ||
150. Sèh Mongraga angandika aris |
marang garwa Nikèn Tambangraras |
yayi kawruhana kiye |
ingkang garwa umatur |
pan sumangga tuwan paring sih |
ya yayi pirsakêna |
kang tumanêm kalbu |
karana kang ahli rasa |
ing rêrasan ngilmu kalangkung arungsit |
tan kêna kêcorok tyas ||
151. Sampurnane sêmbah lawan puji |
tan andulu mungguh ananing Hyang |
tan dinulu ing anane |
papan tulis wus lêbur |
sipating ro tan ana kari |
mung mantêp ananira |
apa kang dèndulu |
pan nora na paran-paran |
iya iku yoga kawruhana yayi |
sampurnaning panêmbah ||
152. Lamun maksih anêmbah amuji |
kawruh iku pan lagya satêngah |
durung tumêka kawruhe |
aywa gupuh gumuyu |
lamun dèrèng wêruh ing jati |
aja rêna winêjang |
ing warah lan wuruk |
pan iki maksih rêrasan |
sajatine kang mari nêmbah amuji |
lawan kédaling lesan ||
153. Namung ênêngira ingkang dadi |
lire ênêng ywa dadi tuladan |
mring Dalil Kadis kuduse |
miwah tuturing guru |
guru iku mung mumucuki |

tan nguwisi lalakyan |
sabab iku dudu |
ingkang ingaranan dhalang |
dede dhalang anguwisi ing sajati |
thok thil ing dhawakira ||

Jilid 7 - Kaca : 34

154. Inkang gawe lèlakon pribadi |
pocapane luruh lan dugangan |
lan jalwèstri ya dhèwèke |
dhalang lan ringgitipun |
apan mêksih tarik-tinarik |
wayang manut ing dhalang |
solah bawanipun |
dhêdhalang manut ing wayang |
prantandhane buta tan muni Srikandhi |
maksih roronging tunggal ||
155. Durung sampurnaning sêmbah puji |
sabab maksih korup swara rupa |
dadya kadho mring karone |
saiki apa iku |
keron budi ing isbat napi |
isbat upama wayang |
nadhi dhalangipun |
yèku sih kuwasaning Hyang |
durung jati kang sajati-jatinèki |
tan ana jatineka ||
156. Iku luwih bangêt gawatnèki |
ing rêrasan tan kènèng rinasa |
tan kêna ginurokake |
yèku yayi dèn rampung |
ênêng ênêngira kang êning |
sungapaning lautan |
tanpa têtèpinipun |
pêlayaran ing kasidan |
anèng sira dhewe tan lyan iku yayi |
ênêng êning wardaya ||
157. Tambangraras ngaras padèng laki |
saha sêmbah umatur ing raka |
mugyantuka pangèstune |
sih tuwan kang kasuhun |
kang tumanêm ing iman mupti |
sêngsêm sumungkêm ing tyas |
kawula tuwajuh |
ing donya praptèng akerat |
datan mènèng kang dasih tur pati urip |
lêbura nèng padanta ||
158. Payo yayi ngambil toyastuti |
myarsa wangsiting putêr bênggala |
wus akir bangun wayahe |
sêdhêng awêktu Subuh |

mupung awal amrih utami |
wau ta sang ro nulya |
mijil lan kucumbu |
mring patirtan samya kadas |
lajêng maring gandhok adan angimami |
parèstri sadayanya ||

159. Nulya kathah sabawaning santri |
ingkang sami adan ngalik-alik |
miwah sadesa langêne |
kapyarsa mawèh rungrum |
datan ewah srining desadi |
Subuh praptèng bakda byar |
mangkana sang bagus |
sawusira bakda Luka |
lajêng mijil mring pandhapa lan kang rayi |
lênggah lawan kang mapan ||

160. Ni (m)bok Panamar gupuh nyaosi |
patèyan myang dharan jing-enjingan |
Cênthini kang ngladèkake |
tan dangu ingkang rawuh |
para kadang lan Kyai Bayi |
Pangulu lan pra putra |
sarêng praptanipun |
sadaya wus sasalaman |
tata lênggah sagotra jalu lan èstri |
Ki Bayi angandika ||

Jilid 7 - Kaca : 35

161. Mring kang putra kalih myang pra ari |
priye kono padha rinasakna |
Daliling Kur'an lapale |
kulu sèin wad-hahu |
durung olih murat kang ramping |
putra ri sadayanya |
tumungkul mabukuh |
sumangga karsa paduka |
pan kawula dèrèng kadugi muradi |
manawi kasêlayan ||

162. Ngandika ris ring putra Mongragi |
prayogi minuradan anakmas |
Sèh Mongraga lon ature |
punika miradipun |
kulu sèin wad-hahu nênggih |
ing pangandikaning Hyang |
kang wus tinartamtu |
têtêping Hyang pinardika |
datan singgan-singgun sakèhing dumadi |
tan karya pêjah gêsang ||

163. Tan kêrsa (m)bagi ingkang dumadi |
tan angganjar nugraha lan siksa |
datan ngowahi sakèhe |

ing dalêm pancènipun |
tan ngêlongi datan muwuhi |
wus rampung ing sapisan |
tan kapindho kang wus |
tan sakuthu ing asya-a |
yèn ta lamun ing papêsthèn ngaping kalih |
tan têrang tuwajehan ||

164. Sabab Dalil lapal kulu sèin |
wajêhahu têntrem ing babagan |
ing dalêm nêng papêsthène |
sêkuthu tan sêkuthu |
ing kawula kalawan Gusti |
tan kumpul datan pisah |
sigêg nalaripun |
wontên ing raos piyambak |
nalirahe paworing kawula Gusti |
wontên piyambakira ||
165. Samya ngalulun tyasira wêning |
myarsakakên ing Dalil muratnya |
suka sukur têrang tyase |
Ki Bayi lon amuwus |
durung ana murad kang ramping |
pra ngulama rêrasan |
kaya durung tutug |
saiki wus manggih padhang |
ing murade kakangira Amongragi |
samyu nuwun sadaya ||
166. Angling malih payo padha bukti |
sêsèmèkan ran wus manggih murad |
kang samya liningan age |
nulya sarêng tuturuh |
adan lêkas kêmbul abukti |
nutug dènnya anadhah |
wus luwaran dinum |
tinundha bukti mangsêgan |
sapikantuk nyênjamikan gya binagi |
wusnya nulya bubarun ||

Jilid 7 - Kaca : 36

376 Dhandhanggula

167. Tan cinatur kang samya amulih |
yata ingkang lagya majang wisma |
kang badhe ngundhuh mantune |
jor-jinor rakitipun |
apan tonjok-tinonjok sami |
ingkang numbang akathah |
ing tiyang sadhusun |
nadyan pêrapating desa |
ingulêman kanan kering samya prapti |
martamu samya numbang ||

168. Anglangkungi ing raka ing kardi |
rakiting tarub panjang tuwuhan |
rinayap sarèhrèhane |
wong tandha kang atugur |
apan samya wong sugih-sugih |
dhasar Ki Kulawirya |
pêradhah bèr kalbu |
anutug rêrekanira |
dènyya mantu mèh mirib raka (n)Jêng Kyai |
traping wong nambut-karya ||
169. Myang pra tamu ingkang samya prapti |
samyang berag mêrabot asinang |
nganggo-anggo saduwèke |
samyang amubra-mubru |
duk ing ratri midadarèni |
akathah ingkang prapta |
Jèngraga martamu |
mawi gamêlan lirihan |
ginêndhengan Sênu Surat dènyya linggih |
wurine Jayèngraga ||
170. Sagêndhingan edhang gênti-gênti |
gus Suratin gêndhing pathêt sanga |
Gambirsawit lan Ladrang |
Lompong-kèli kalulun |
sinung gêndhing manyura wasis |
Genjong-goling aniba |
Ginonjing ngajab kung |
swara rum mrit muluh rêmak |
apupunton lan swaraning rêbab mulih |
nganyut-anyut mêdhot tyas ||
171. Kulawirya bisa trap kamuktin |
karya wiraga mring wong jagongan |
myang santri samya brêgènggèng |
myarsa gamêlan arum |
wong pangliking gêndhing amanis |
sambada rekanira |
alangên dinulu |
kayungyun kang wong ningali |
myat rakiting pajangan tulyendah asri |
myang sinang ing pandhapa ||
172. Pandam sèwu warananing kori |
pinalêngkung binakan calupak |
pandhapa kanan keringe |
sabên sasakanipun |
tutuwuhan pandam arapit |
myang pandaming daluwang |
rinujit bang wungu |
samyang winayang putêran |
anèng tarub mrapit ngubêngi pandhapi |
tan wun ingucapêna ||

173. Sakenjing mila kathah kang prapti |
samy a numbang pan lajêng ngalêmpak |
kang badhe mapag pangantèn |
dangu pan wus ngalumpuk |
jalu èstri pan sampun mranti |
ing wanci ngandhap Asar |
kinèn umangkat wus |
jalu èstri sadayanya |
praptèng Panamaran tamu wus mêtêki |
tata anèng pandhapa ||

Jilid 7 - Kaca : 37

174. Sinunggata sadaya waradin |
sawusira ambêng binrêkatan |
anulya sang pinangantèn |
umangkat kang sadarum |
arantapan asrining margi |
santri kang salawatan |
lumampah asêlur |
myang kang bêkta kêmba-rmayang |
nulya prapta ing Kulawiry an arakit |
kurmata sinamoha ||

175. Saking jêrambah dumugi koni |
ginêlaran kêlasi lus pêtak |
sinawur sêkar campure |
Kulawiry amêthuk |
anèng kori ngirit pangantin |
lajêng tumamèng wisma |
sadaya wus lungguh |
atêpung anèng pandhapa |
sinugatan pawohan patèyanèki |
samy a awêwedangan ||

176. Nulya kèndhuri lumadyèng ngarsi |
wradin jalu èstri myang urakan |
wus cinaran sadayane |
nutug pènadhahipun |
santri cilik rêbat kèndhuri |
sabên-sabên mangkana |
santri bocah rusuh |
wus luwaran ambêngira |
binrêkatan kabèh samya nuli pamit |
mantuk rêbat wêktunya ||

177. Wus winêling bakda Ngisa bali |
antara prapta bakda Ngisanya |
samy a prapta sadayane |
wus samya tata lungguh |
Kyai Bayi Panurta prapti |
Jèngwèsthi Jayèngraga |
myang Kyai Pangulu |
pêpakan kang para kadang |
nulya lêkas ramya sêlawatan dhikir |

Maulud langkung rahab ||

178. Nutug dènnira akurmat Nabi |
antara praptèng singir sêlawat |
wus rinumat kèndhurine |
anadhah sadaya wus |
ambêngan gêng nulya binagi |
pêragat samya brêkat |
samya bubar mantuk |
yata Ki Sèh Amongraga |
sawusira bakda tangat tahjud tasbih |
nèng langgar panêpènan ||
179. Kunder maring wisma lan kang rayi |
lajêng tumamèng ing tilam raras |
Cènthini nèng jawi langse |
tumangkêp samiripun |
kang parèstri mijil mring jawi |
samya maklum pangantyan |
manawa mong lulut |
dinuga wus kacarêman |
tan wruh lamun dèrèng kêtarasan ing sih |
mêksih jêjaka kênya ||
180. Sèh Mongraga nèng jroning tilamrik |
lan kang garwa Nikèn Tambangraras |
Sèh mongraga lon dêlinge |
yayi pyarsaknèng wuwus |
patitising layape wirid |
apan tigang prakara |
yayi kang karuhun |
layaping dat lawan sipat |
de layaping apngal jangkêp tri prakawis |
dene laping kang Êdat ||
181. Datan ana ing ananirèki |
tan ngrasa darbe solah priyangga |
tansah kapurbèng solahe |
solahe sang Maha Gung |
tan sêkuthu marang pribadi |
dene layaping sipat |
tan ana ripipun |
uripe tansah ing Suksma |
tan ana kang kuwat urip puniki |
namung kalawan ing Hyang ||
182. Napon layaping apêngal yayi |
tan rumangsa ing panggawenira |
kula tan na ihtiyare |
tan wun pamilihipun |
pan tan ana osik sirnèki |
kumambang ing priyangga |
mung Hyang Kang Murba Gung |
yayi ing têlung prakara |

Jilid 7 - Kaca : 38

iku ingkang rampung sanalikanèki |
purnanên blas sakala ||

183. Ngandikane Waliulah mupti |
sapa wonge anêmbah ing asma |
tan dèn kawruhi maknane |
dadi kapidun puniku |
lamun tan wruh ing maknanèki |
makna iku kang nyata |
musamaranipun |
kang nêmbah ya kang sinêmbah |
wong kang nêmbah ing makna tan dèn kawruhi |
mring asma iku kopar ||

184. Sabab nora wruh kang dèn aranni |
krana asma iku sajatinya |
asma wajibul-wujude |
kang nyata maknanipun |
dadi wajib kita ngawruhi |
lair batin ya batal |
batale yèn lumuh |
wus tan kêna tininggala |
asma lawan maknane tan kêna kari |
sing sapa wruh ing makna ||

185. Lawan asma kang kak dèn kawruhi |
iku mukmin êkas kang sampurna |
ngawruhi lair batine |
jênênge êning iku |
ati suci tan ngaro pikir |
jênênge lair ika |
sucining pamuwus |
yèku ran iman sahadad |
wong kang wus wruh ing asma lan makna yayi |
mukmin ngarip kang kusna ||

Jilid 7 - Kaca : 39

186. Panglêburan ing papan lan tulis |
bisa amrat tulis anèng papan |
bisa nganggo sakarone |
myang salah sijinipun |
bisa nirnakakên ing kalih |
wruh sajatining tunggal |
wruh jatining suwung |
êsir pan jatining tunggal |
sajatining suwung pèsthi ananèki |
anane tan kinarya ||

187. Tan wiwitan tan wêkasan pasthi |
datan mamak datan kasatmata |
pan ana anane dhewe |
anèng ênêngirèku |
ênêng ingkang mardika suci |
dene jatining tunggal |
sirna kalhipun |

- kula Gusti tan kawêdhar |
 datan kêna dinuga kalawan ati |
 tan kêna kinaya-pa ||
188. Roro iku sira lan sirèki |
 ing atunggal muhung dhawakira |
 iku patitis layape |
 yayi layap puniku |
 rong prakara jamaning nênggih |
 dhingin jaman adhakan |
 kaping kalhipun |
 layap jaman kaelokan |
 ingkang layap jaman adhakan puniki |
 alayap wong anendra ||
189. Lagya lêse kala durung ngimpi |
 ping ro layap jaman kaelokan |
 layape wong pana salèh |
 kalanira asuhul |
 kudu turu pra sanak pati |
 iku tunggal babagan |
 sami nikmatipun |
 yèku yayi dènkadriya |
 Tambangraras cumêplong tyasira wêning |
 winêjang ingkang raka ||
190. Miwah cèthi Cènthini adêling |
 kacathêtan panjuming wardaya |
 dènnya myarsakkên anungge |
 yata wus gagat bangun |
 sinasmitan sikatan muni |
 mijil mring pawarihan |
 ngambil toya wulu |
 lan garwa kucumbunira |
 wusnya suci Sèh Mongraga angimami |
 nèng gandhok pra wanudya ||
191. Barung santri samya dan sarènti |
 agalikan umyang ing sadesa |
 asri ing sabên Subuhe |
 Mongraga dènnya wêktu |
 sabên Subuh wêwacannèki |
 wusing Pakekah surat |
 Sujada asujud |
 kang akir pan surat Kasar |
 dangu dègge parèstri kang makmum sami |
 karênan tyasnya rahab ||
192. Kang rêkangat mawi dènsujudi |
 samya cipta anèh lan pra imam |
 sadaya tan kadya kiye |
 rasa-rasa yèn uwus |
 kanikmatan kang makmum sami |
 swara ngalêp ngumandhang |
 ulêm manis arum |

miwah ing tawajuhing tyas |
kang parèstri sadaya awêdi asih |
mring Mongraga ngulama ||

5 (Bab: sunat apngal 6 warni)
Enjingipun Ki Bayi sagarwa rawuh, lèlènggahan, abawararas bab: sunat apngal 6 warni, inggih punika: 1. sunating salat, tartib kabliwatan bakdiyatan; 2. sunat wabin (ênêm rakangat tiga salam), i.p. wabin kapdil iman, wabin ista-takarati lan wabin apêngal; 3. sunat minal-witri tuwin tal-witri (tigang rakangat kalih salam); Tahajud (kalihwêlas rêkangat ênêm salam); 5. sunat Luka (kalih rakangat salam); 6. Salat parlu Jumungah.
Kaca 40 - 41.

Jilid 7 - Kaca : 40

376 Dhandhanggula

193. Bakda Subuh sidik ing byar enjing |
bubar kang makmum nyandhak pakaryan |
Mongraga lajêng lakune |
sawusira akasud |
mijil mring pandhapa sarimbit |
alènggah lan kang paman |
kang bibi abikut |
saos dhêdharan enjingan |
lan Cênthini angladèni anèng ngarsi |
dharan asri mawarna ||
194. Nulya para kadang ingkang prapti |
Ki Suharja lawan Wiradhustha |
Panukma lan Panamar-e |
sarêng dènira rawuh |
pan sêrayat lir sabênnèki |
samy (m)bêkta dhêdharan |
myang kupat bubucu |
praptèng pandhapa salaman |
lan Mongraga sadaya kang bibi-bibi |
samy asêsalaman ||
195. Ni-(m)bok Kulawirya anampèni |
dhêdharan lajêng tinatèng ngarsa |
wus samya tata lungguhe |
nulya (n)Jêng Kyai rawuh |
sarêng lan kang putra kêkalih |
saha garwa ambêkta |
dhêdharan pakintun |
samy mudhun sing pandhapa |
Kyai Bayi gupuh ngancarani siwi |
suwawi sami lènggah ||
196. Nulya sampun tata lènggah sami |
matumpa tumpèng anèng ing ngarsa |
Ki Baywa lon andikane |
payo kono wedangmu |
sarapan angêt mumpung enjing |
anulya wontèn prapta |
wau Nyai Jambul |

ngirit dhêdharan rong jodhang |
sêkul ulam myang papanganan mawarni |
sadaya anêmbrama ||

197. Ki Baywa nging lah ngriku Nyai-nCik |
praptèng ngarsa nêmbah sêsalaman |
miwah salam sadayane |
dingarèn Nyai Jambul |
matur mila marêk ing ngarsi |
tutuwi ing putranta |
sang pinangantyan rum |
saha ngaturkên dhêdharan |
sumapala sêkul ulam pangabêkti |
katura ing paduka ||

198. Ni Malarsih sigra anampani |
lajêng winantu tinatèng ngarsa |
rampadan nèng lancarane |
Ki Bayi lon amuwus |
lah anakmas Sèh Amongragi |
mênggah sunat apêngal |
kados pundinipun |
Sèh Mongraga aturira |
ingkang sunat apêngal puniku nênggih |
tan kenging yèn tinilar ||

Jilid 7 - Kaca : 41

199. Nêm prakawis dhihin sunat tartip |
kabliatan lawan bakdiyatan |
ping kalih sunat wabin-e |
nêm rêkangat puniku |
tigang salam tan kenging kari |
kang dhingin wabin pakat |
kaping kalhipun |
awabinakaplil iman |
kaping tri awabina istakarati |
jangkêp wabil apêngal ||

200. Kaping tiga sunat minal witri |
rakangatal witri pan apêngal |
tri rêkangat ro salame |
ping pat sunat tahajud |
kalih wêlas rêkangat mênggih |
nêm salam pan abêngal |
niyate gumulung |
kaping gangsal sunat Luka |
namung kalih rêkangat sêsalam nênggih |
kaping nêm parlu Jumngah ||

201. Pan abêngal Jumungah puniki |
sunat abêngal pan inggih wênang |
niyat parlan usali-ne |
Jumungah kang wus têtmtu |
tinêtêpkên parlu linuri |
kalawan malih wênang |

anggurkên Luhur |
manawi botên muadah |
Jumungahe lamun muadah tan kenging |
pan maksih Linohoran ||

202. Inggang sampun êkas ing agami |
usali-ne ing sunat abêngal |
sadaya pinarlokake |
sunat nênm puniku |
kang wus mashur namung satunggil |
Jumungah inggang milya |
ing pra iman agung |
ngêgungkên kadising Jumngah |
carita sli saking kitab Markum mupti |
nutur sunat abêngal ||
203. Kyai Bayi Panurta nganthuki |
asasmita putra ri sadaya |
sarya nor pangandikane |
priye kono sirèku |
rasakêna inggang amupit |
santosaning ibadah |
manawa winahyu |
kuwat mêrlokkên abêngal |
inggang putra myang pra ari matur aris |
mugi pinalalêna ||
204. Lah ya Alkamdulilah pinikir |
sarèhning misil luwih utama |
matur nuwun sadayane |
anulya malih muwus |
lah wis payo padha abukti |
akêmbul bêbancakan |
kadi sabênnipun |
gupuh wijik kang liningan |
adan lêkas pikantuk dènnira bukti |
samy nadhah royoman ||

6 (Bab sajatining Pangeran lan maknanipun Sipat – 20)
Pangantèn kaboyong dhatêng griyanipun Ki Pangulu Basarodin, botên kirang
ing pamiwahanipun.
Ing dalu Sèh Amongraga mêjang garwanipun bab sajatining Pangeran lan
maknanipun Sipat - 20, sarta kandhunganipun salat 5 wêkdal, sunat minal
witri saha tal-witri.
Kaca 42 – 46.

Jilid 7 - Kaca : 42

376 Dhandhanggula

205. Wus antara luwaran kang bukti |
kêndhuri sêkul ulam panganan |
cinarikan dinum age |
wêradin èstri jalu |
miwah lurah rèh-rèhanèki |
tuwin santri panuwa |
kang anèng ing ngayun |

- kang nêng sor wus winêratan |
 Ki Baywa ngling payo wus bubaran mulih |
 nulya samya bubaran ||
206. Tan cinatur gantya kang winarni |
 Ki Pangulu Basarodin ingkang |
 lagya mêmajang wismane |
 dênarsa ngundhuh mantu |
 pan rinowa kurmating kardi |
 rinaja tinuguran |
 sarèh-rèhanipun |
 sakèhing wong Pakauman |
 miwah santri magêrsari kang kêdaging |
 kang binubuhan karya ||
207. Gêng-agêngan dènnya nambut-kardi |
 anêrêg tarup tutuwuhannya |
 pan wus uning lêlajone |
 kang para ngundhuh mantu |
 pan rumaos Ki Basarodin |
 kawula kawêraga |
 wus binalung-sungsum |
 rahmat piningan nikah |
 Ki Pangulu sêbobotipun ing cilik |
 muktya nêng Wanamarta ||
208. Gêng bawahe ngungkuli para ri |
 saking sihe Ki Bayi Panurta |
 kacumbu alit milane |
 kikinthil datan kantun |
 kinêrêngan sangêt tan gingsir |
 mila gêng trêsnanira |
 Ki Bayi mring Bawuk |
 kaetang mung puguhira |
 lami-lami wus balèg dèn-tarimani |
 angsal santana misan ||
209. Piningan nama Basarodin |
 dadya Pangulu ing Wanamarta |
 wus cukup sandhang-pangane |
 ing mangke Ki Pangulu |
 manahira anglir punagi |
 dènnira mangku karya |
 ing dalêm tri dalu |
 anonjok murwat pinatah |
 pan asêlur myang dènnya ngulêm-ulêmi |
 ing prapat mancalima ||
210. Kathah prapta kang numbang anggili |
 jalu èstri wong ing Wanamarta |
 sangang dintên panumbange |
 myang dènnya mubra-mubru |
 ngangge-angge adia-dining |
 desa datan rêkasa |
 namung bungahipun |

Ki Pangulu karsanira |
kalih dalu dènnira midadarèni |
pênuh ingkang jagongan ||

211. Dènnya nambut-damêl tigang ari |
mragat maesa têlas limalas |
kajawi bèbèk ayame |
pan agung tamunipun |
pan sadintên kang numbang mintir |
lajêng sami ngalêmpak |
jalu èstrinipun |
ing wanci wus bakda Ngasar |
kinèn mapag kang badhe mapag pangantin |
lan (m)bêkta kêmbat-mayang ||

Jilid 7 - Kaca : 43

212. Ki Pangulu piyambak angirit |
lan rayate Ni Pangulu tuwa |
kang ngirit pra wadonane |
lumampah sadaya wus |
praptêng Kulawiryan miranti |
têpang tatêng pandhapa |
supênuh asukup |
nulya samya sinugatan |
pawohan lan palyan sampun waradin |
nulya kèndhurinira ||

213. Wus pininta saambêngirèki |
ingancaran kang samya kondangan |
nulya samya nadhah kabèh |
sadaya pan pikantuk |
nutug dènnya sami abukti |
luwaran cinarikan |
kèndhuri wus dinum |
wêradin miwah wong rucah |
wusnya nulya Ki Pangulu Basarodin |
nabda mring Kulawirya ||

214. Gati prapta kawula ing ngarsi |
nuwun sang ro Pinangantyan tama |
mugi parênga samangke |
panuwun kula ngundhuh |
mantu dalêm ing wisma mami |
Kulawirya lingira |
(ng)gih sumanggèng kayun |
tan beda pitêmbungira |
Ki Pangulu wuwuse marang kang èstri |
nêmbung nuwun pangantyan ||

215. Wusnya parêng gya budhal parèstri |
pra priya anèng pandhapa mangkat |
wus miranti sadayane |
santri slawatan umyung |
sinauran kang sadayèki |
dadya dudulwèng marga |

kang nonton atimbul |
tan antara nulya prapta |
Pakauman Ki Pangulu Basarodin |
rumiyin lan rayinta ||

216. Lumayu ingkang Ki Basarodin |
arsa parentah wus ginêlaran |
klasa prapta ing korine |
dhatêng jêrambahipun |
sinawuran ing bungah ramping |
gêlaran rinangkêpan |
srêbèt putih alus |
Ki Pangulu nêng pandhapa |
amiranti dènnya amanggihi tèmantin |
nulya pangantyan prapta ||

217. lajêng tumamèng jro wismanèki |
kang ngarak wus tata samya lênggah |
kêpung akapang pipite |
nulya pawohanipun |
myang patèyan sampun waradin |
nulya kèndhuri mèdal |
wus pininta cukup |
jaba jro miwah urakan |
datan ana ingkang kaliwatan siji |
ngajêng ngancaran nadhah ||

Jilid 7 - Kaca : 44

218. Langkung samoa ambêngirèki |
opor bêtutu bêsngèk békakak |
ulam-ulaman sarwa kèh |
nulya kabèh tuturuh |
ramya pating karêpyèk bukti |
antara cinarikan |
binarêkatan wus |
sawisira abubaran |
jalu èstri sadaya wus samya mulih |
pan sampun winêlingan ||

219. Samya rébat wêktunira Mahrib |
sawusira wanci bakda Ngisa |
samyang wangsul sadayane |
apan tiyang sadhusun |
sêdajaran lan magêrsari |
miwah pêrapat desa |
kang winêling wangsul |
sami tata nêng pandhapa |
tan kaliru sagolong-golongirèki |
banjêng têpung akapang ||

220. Pêpak sadaya tan ana kari |
tuwin Kiyai Bayi Panurta |
rawuh lawan pra arine |
pêpakan anèng ngriku |
miwah ingkang putra kakalih |

Jèngwèsthi Jayèngraga |
myang santri sadarum |
wus tata anèng pandhapa |
sinugatan pawohan patèyan sami |
adan lêkas sêlawat ||

221. Langkung ramya sêlawatan dhikir |
tan ana ingkang nganggur satunggal |
samyamuni sadayane |
anutug singiripun |
turun-turun sajakirèki |
tan wun ucap ramenya |
dènnya dhikir Mulud |
praptèng dhikir katam ramya |
Ki Pangulu andonga kataman dhikir |
santri anasib ramya ||
222. Bakda dhikir kèndhuri sumaji |
agêng samoa sarta akathah |
Ki Pangulu sidhêkahe |
wus dinongan Rasul |
nulya samya eca abukti |
nutug sasukanira |
wus antara dangu |
luwaran gya cinarikan |
apan dinum barêkat sampun waradin |
sêsalaman bubarane ||
223. Tan cinatur ingkang samya mulih |
yata kang bakda tangat palilah |
tasbèh tahajud sawuse |
Ki Sèh Mongraga nêngguh |
kundur saking panêpènèki |
laju tumamèng wisma |
lan garwa kucumbu |
wus jênèk anèng jro tilam |
kang parèstri sadaya sami sumingkir |
ringga cêlaking tilam ||
224. Ingkang lênggah nèng jro jinêm amrik |
sira Ki Sèh Mongraga ngandika |
yayi kawruhana kiye |
mungguh sajatinipun |
sipating Hyang ingkang sajati |
kang purna anèng kita |
tanpa wangênipun |
Tambangraras aturira |
inggih ingkang muging aparinga dêling |
kang raka angandika ||
225. Iya yayi myarsakna sayêkti |
sipat rongpuluh sajatinira |
kang nèng lapal kalipahe |
muptandhane ing ngriku |

- la illaha illalah nênggih |
kang manjing lapal êla |
lalima kèhipun |
wujud kidam lawan baka |
miwah mukalapatullil kawadisi |
kyamu binapsi ika ||
226. Inggang manjing illala puniki |
apan nènêm samak basar kalam |
samingan basiran rêke |
mutakaliman-ipun |
inggang manjing nêng illa nênggih |
sipating Hyang sakawan |
kodrat iradatu |
ngèlmi kayat jangkêpira |
kang nêng lapal Allah lilima sayêkti |
kadiran lan muridan ||
227. Ngaliman kayan wahdaniati |
dene kayat kayun têngêsira |
jasad jijimira dhewe |
rupa kalawan makluk |
ingaranan ya angarani |
lah malih inggang sipat |
ngèlmu lan ngalimun |
iku ati lan kalbunta |
apan cipta cinipta rêrasan ati |
rêrasan lan Pangeran ||
228. Sipat kodrat kadiran puniki |
têngêse tangan karo lungguhnya |
obah osik tan talangke |
kalawan Hyang Maha Gung |
de iradat muridan yayi |
yèku nyawa lan suksma |
parèng karsanipun |
karêpe inggang kinarsan |
inggang sipat samak samingan lirnèki |
talangan lan pamyarsa ||
229. Sipat basar lan basirun nênggih |
têngêsipun netra lan paningal |
dulu-dinulu tan pae |
kalam mutakalimun |
têngêsipun ilat lan uni |
pangucap lan suwara |
pan uwus winuwus |
kumpul nêng sipat sakawan |
inggang dhingin sipat salbiyah mangani |
kalawan maknawiyah ||
230. Lawan yayi kawruhana malih |
mungguh salat wêktu Subuh uga |
tuduhe rehulah rêke |
(m)bun-bunan wêdalipun |

warna abang lintange ugi |
kamare kang minangka |
turuning wahyeku |
salating kêkêtêk dhadha |
Nabi Adam rêkangat kalih puniki |
witing kumpul roh jasad ||

Jilid 7 - Kaca : 46

231. Ing wêktu Luhur tuduhe nênggih |
pan ing utêg wêdaling talingan |
akuning ika rupane |
pan johar lintangipun |
Nabi Brahim ingkang (n)darbèni |
salatipun punika |
kêtêge atimu |
rêkangat papat punika |
nyatanipun nêng makripat kalih iki |
lawan talingan uga ||
232. Wêktu Ngasar pan tuduhe ugi |
ing lilimpa wêdale kang grana |
aputih ika rupane |
pan lintangipun Samsu |
Nabi Yunus ingkang (n)darbèni |
salatipun punika |
kêtêg pusêripun |
rêkangat papat punika |
nyatanipun ing dhadha kalawan gigir |
lambung kiwa têngênnya ||
233. Ing wêktu Mahrib tuduhe nênggih |
pan ing nyawa wêdaling punika |
têgêse ing awak kabèh |
pan ijo warnanipun |
apan lagi asipat urip |
lintange Mutakarab |
salate puniku |
ing kêtêg gulu puniku |
Nabi Ngisa rêkangat têtêlu yayi |
nyatèng tutuk lan grana ||
234. Ingkang wêktu Ngisa tuduhnèki |
ngula-ula wêdale punika |
saking ora dadyanane |
pan irêng warnanipun |
lintangipun Juhra ta yayi |
nyatane anèng kiyal |
salate puniku |
anèng kêkêtêg lêlatha |
Nabi Musa rêkangat papat puniki |
tangat ro lan sukunya ||
235. Minalwitri pan kêkalih yayi |
rêkangate tuduhe punika |
ananing kula Gustine |

lintangipun puniku |
johar awal punika yayi |
nabine Nabi kita |
Muhamad (n)Jêng Rasul |
ulah ngalèhi wasalam |
kang (n)darbèni rêkangat kalih puniki |
anèng dubur lan dakar ||

236. Rakangatal apan iku yayi |
rêkangate sêsalam punika |
tuduhe tan ana manèh |
anging Allah kang Agung |
kang misesa raina wêngi |
salatipun punika |
ing kêkêtêg wimbuh |
nyata ing gigithok uga |
yèku yayi ywa kêlêmpit sêmbah puji |
dèn-awas ing panêmbah ||

7 (Bab: kal donya tuwin kal akerat)
Enjingipun sami lèlênggahan sinambi ngrêmbag bab: kal donya tuwin kal akerat.
Kal donya 5 prakawis: 1. karya bêt sasana, 2. nampurnakên mayit, 3. tumuntên angemah-emahakên anak èstri, 4. nrapkên kukum kang wus sisip, 5. enggal nyaur sambutan.
Dene kal akerat wontên gangsal prakawis ugi, inggih punika: 1. talabul ing sêkawan ngèlmi; sarengat, tarekat, hakekat, makripat; 2. Angibadah salat gangsal wêkdal; 3. Kipayah dusing mayit, anyalatakên pisan; 4. Sabar tawêkal tan gingsir, tan opèn ing liyan; 5. Tapa têpa tanpantuk bukti.
Kaca 47 - 51.

Jilid 7 - Kaca : 47

376 Dhandhanggula

237. Ingkang garwa umatur nuwun sih |
yata ing wanci pajar gidiban |
asri bêkisar pangwuhe |
nulya mijil tuturuh |
lan kucumbu cèthi Cênthini |
sawusnya sami kadas |
mring gandhok kilèn wus |
Sèh Mongraga dènnya adan |
nganyut-anyut landhung swara rum amanis |
myang pra santri kèh adan ||
238. Tampan-tinampan angalik-alik |
apan ramya sabawaning desa |
myang pêksi-pêksi munya kèh |
praptèng bakda byar esuk |
kèh solahe jalma jalwèstri |
raryalit rêbut paran |
ing swaranya umyang |
yata Ki Sèh Amongraga |
sabakdaning sunat Luka nulya mijil |
sarimbit lan kang garwa ||

239. Ki Pangulu mudhun ing pandhapi |
 gupuh mapag mudhun atur salam |
 wong wus kinèn lungguh age |
 kapering dènnya lungguh |
 Ni Pangulu anglêladèni |
 papat pisan anata |
 sêsaosanipun |
 dhêdharan enjing-enjingan |
 nulya Kyai Bayi Panurta kang prapti |
 lan putra kalihira ||
240. Saha garwa sarta apangirit |
 pakintun sêkul ulam panganan |
 jing-enjingan lir sabênne |
 sadaya sami mudhun |
 ingkang rama gupuh nyarani |
 nulya samya alênggah |
 asêsalaman wus |
 tan adangu para kadang |
 Ki Suharja Wiradhudtha Panukmèki |
 Panamar Kulawirya ||
241. Lan sêrayat tan ewah lir wingi |
 lan Nyai Jambul sarêngan prapta |
 rong jodhang bot gêgawane |
 samya marêk ing ngayun |
 atur bêkti salaman sami |
 Nyai Pangulu mapag |
 nampèni pamunjung |
 lajêng tinata ing ngarsa |
 samohandhèr rampadan awarni-warni |
 sêkul ulam panganan ||
242. Kyai Bayi angandika aris |
 bok wis payo padha sêsèmèkan |
 mumpunga esuk enake |
 mara ta kono wisuh |
 kaya sabên bae abêcik |
 sigra ingkang liningan |
 samya atuturuh |
 adan lêkas samya nadhah |
 jalu èstri pikantuk kêmbul lan bukti |
 tan ana ringaning tyas ||
243. Sira Ki Pangulu Basarodin |
 tunggil sa-ambêng lan Jamil Jamal |
 tinuluskên punagine |
 wong têlu samya thêkul |
 Kulawirya sêsambèn angling |
 lah kang Pangulu Basar |
 (n)dika niku kaul |
 punapa wus (n)dika coba |
 ing kojahe têtamba Ki Jamal Jamil |
 Basarodin turira ||

244. Kula coba pan inggih sayêkti |
 suku kula wus mantun tan lara |
 Kulawiryia ngling kadèke |
 wingi bisa lumayu |
 ngêmpêt bangêt pan kêbat mèri |
 ingkang dene rêkasa |
 ukur mingkug-mingkug |
 wakne kang wadon akêbat |
 gèsèh tèmèn kang Pangulu Basarodin |
 kang wadon lan kang lanang ||
245. Ingkang wadon bangêt kuru aking |
 ingkang lanang bangêtên lêmunya |
 kang myarsa gumuyu kabèh |
 Ki Pangulu umatur |
 kula timbang lan waunèki |
 tan sagêd mlajêng pisan |
 suku kula ribug |
 kêdhik-kêdhik lêhêng mangkya |
 botên grigah-griguh wah sagêd lumaris |
 saking dhi Jamil Jamal ||
246. E lah layake yèn punagèni |
 Jamil Jamal marasakên lara |
 mêksih kuciwa kaule |
 iwake kèh kang wayu |
 êmpal bawuk dèn sungkên Jamil |
 pan sêrampadan pisan |
 kabèh padha bawuk |
 Jamil Jamal aturira |
 botên wontên kang bawak-bawuk satunggil |
 Ki Pangulu anjola ||
247. Sarwi kadumêlan angling ririh |
 (n)dawêg nêdha mawon ywa pinirsa |
 Jamil mangêrti sêmune |
 jênênge Ki Pangulu |
 Basarodin Bawuk dhèk cilik |
 kêtarèng guyunira |
 sêdaya aguyub |
 Kulawiryia malih nabda |
 niki kang Pangulu opor bêsngèk pitik |
 kang botên bawuk mangkak ||
248. Ki Pangulu mêlerok nauri |
 botên ilok nyêmoni anjangkar |
 tan marèni sêmbranane |
 Kulawiryia gumuyu |
 kang Pangulu kula rumiyin |
 kèn-damêl bawak (n)dika |
 mangke punapampun |
 Ki Pangulu saurira |
 punapa takèn tèmènan bawak yêkti |

manawi sasêmonan ||

249. Yèn sayêktos dèrèng dados mangkin |
kantun ngalus doranne kewala |
lawan ancêpe tandhinge |
Ki Kulawirya muwus |
bok dèn-êmpunakên tumuli |
niku gaganti lawas |
bawak kongsi bawuk |
Pangulu ngling lah apa ta |
jarku apa dhasar wong arêp moyoki |
samyâ ginuywèng kathah ||

Jilid 7 - Kaca : 49

250. Saya kaecan dènnira bukti |
sinambi samya apagujêngan |
Mongraga mèsêm myat dene |
kang samya (m)banyol wuwus |
pan sinamur tanpantuk bukti |
pamulukira arang |
alit kêpêlipun |
sapêntil tanjung karêngga |
ginêlintir kongsi atos ngintip aking |
gutuk kêpêl atosnya ||
251. Sêdhêku sikut tumungkul bukti |
pêmamahe tan kêtarèng waja |
pinamah kaping salawe |
antara kongsi lêmbut |
kêcap pisan pêlêlêdnèki |
tan pati dhahar ulam |
sêcuwil mung paru |
sinêlan lawan lalaban |
cokol laos têmu poh lêmpuyang kunci |
tan kathah sawatara ||
252. Sadangunira dènnira bukti |
anyêngka angsal sangang pulukan |
samyâ micarèng jro tyase |
adat tèmên sang Mong kung |
wus tan nêdya sêsambèn bukti |
salaminya anadhah |
royoman kadyèku |
lagyèki kèh-kèhing buktya |
wus tatela uliya Sèh Amongraga |
tan lumrah lan wong kathah ||
253. Têka mangkana tyase jalwèstri |
wus antara dangu dènnya nadhah |
anti-inganti uwise |
nulya samya tuturuh |
ngumbah tangan awijik wanting |
ambênge cinarikan |
dinum bêtêkat wus |
waradin sadayanira |

jalu èstri lurah santri magêrsari |
kang samya nèng pandhapa ||

254. Dalah pawong-wong tan ana kari |
nulya mangsêgan lumadyèng ngarsa |
nyamikan sapikantuke |
sadaya sami nutug |
nulya luwar dharan binagi |
brêkat kèh enak-enak |
sami pandumipun |
jalwèstri ciptanya rahmat |
sabab sajêgipun dèrèng anglampahi |
royoman kang kadyèka ||
255. Kyai Bayi angandika aris |
kadipundi anak mas Mongraga |
mungguh kal donya parlune |
lan kal akeratipun |
parlunipun kadi punêndi |
Sèh Mongraga turira |
lon mring ramanipun |
ingkang kal donya parlunya |
apan gangsal prakawis ingkang rumiyin |
karya bèt sêsananya ||
256. Kaping kalih nampurnakkên mayit |
kaping tiga anglakèkkên anak |
èstri pilih tumuntêne |
kaping pat nrapakên kukum |
ingkang sampun katrap ing sisip |
ping gangsal nyaur utang |
parlu rikatipun |
tan kenging sinabarêna |
lamun nyabarakên batal kal donyèki |
têmahan dadya wisa ||
257. Kal akerat pan gangsal prakawis |
kawit talabul ing ngèlmi papat |
sarengat tan tarekate |
kakekat makripat wus |
kaping kalih angibadati |
ing salat gangsal wêdal |
kaping tiganipun |
kipayah dusing mayita |
sarta nyalatakên pisan datan pilih |
kang prayoga lan nistha ||
258. Ping pat sabar tawêkal tan gingsir |
tan opèn ing liyan mung dhawaknya |
sarèh rèrèh rahayune |
de kaping gangsalipun |
tapa têpa tanpantuk bukti |
tan pomah rajah tamah |
namung antêpipun |

Jilid 7 - Kaca : 50

lan alincak alicikan |
kang wus singsal ing misil sandhang lan bukti |
namung nungge Pangeran ||

259. Kyai Bayi manthuk-manthuk angling |
jawane wus babagan piyambak |
kang ahli kal donya kiye |
lan ahli akeratu |
pan wus palalira pribadi |
andhêku kang sinojar |
ing wuwus junurung |
lingira Bayi Panurta |
mring kang putra kêkalih miwah pra ari |
lah iku anakira ||
260. Pupungkasan le padha punagi |
dadi lakune nak-putunira |
kari sapisan (ng)ko sore |
pan mulihe malêbu |
ing wêngine akurmat nabi |
iku parentahana |
sarèh-rèhanamu |
samyamatur sandika |
angling malih payo padha bubar mulih |
sêdhênge tata-tata ||
261. Sami sêsalaman sadayèki |
lajêng kundur Ki Bayi Panurta |
putra ri samya andhèrèk |
wangsul ing korinipun |
putra kalih lan para ari |
mantuk sowang-sowangan |
wau ta cinatur |
yata Ki Bayi Panurta |
lan kang garwa Malarsih amanngun kardi |
parèstri olah-olah ||
262. Ki Baywa nging marang santri Luci |
èh Luci kabèh sira priksa-a |
tarup myung tutuwuhane |
sulamana dèn-gupuh |
èndi ingkang rusak tan bêcik |
lan manèh andadaka |
kêmbar-mayang arum |
kang bisa maune sapa |
konèn gawe santri Luci matur aris |
inggih pun Gêndhayakan ||
263. Lah ya kono mara ta dèn-aglis |
tur sandika Luci sigra mentar |
paparentah mring santri kèh |
tapung samya anambut |
anulami kang tan prayogi |
jalu èstri busêkan |

- mragat mesa lêmbu |
wêdhus banyak bèbèk ayam |
rinampungan têngange ngingon-ingoni |
kèndêl Luhur sêmbahyang ||
264. Bakda Luhur tatrap nambutkardi |
rinayap ing anak-putu kathah |
purna sadayaning gawe |
ngajêngkên Asar-ipun |
ingkang sami kinèn wus prapti |
kang putra kalihira |
lan pra kadangipun |
myang magêrsari sudagar |
jalu èstri santana lan lurah santri |
samyã prapta sadaya ||
265. Wus pêpakan anèng ing pandhapi |
Ki Bayi lênggah pinggir lèr têngah |
nèng lampit kadêmangane |
Ki Bayi alon muwus |
apa uwus pêpak pra sami |
kang para ri turira |
kados inggih sampun |
nulya muni bêdhug Ngasar |
angling malih payo padha salat dhisik |
sêdhêng mêngko bakda Sar ||
266. Nulya sami salat maring masjid |
masjid mangu dènnira asalat |
myang dhèrèk mring tajug bae |
lan para èstri wêktu |
salong kantun tan salat sami |
maksih ngrukti pakaryan |
samyã rasan muwus |
lan rowange nambutkarya |
iya ta lah ing karsane (n)Jêng Kiyai |
ringkês wêkasan rowa ||
267. Ringkêsè namung nora nyuruhi |
mring priyayi iya gêdhe uga |
mung tan natap gangsa bae |
iya bènèr sirèku |
yèn rong dèdèg sajaking kardi |
kalamun tinêksira |
rongatus tan cukup |
bêgjane Kèn Tambangraras |
tan krama kongsi kalangkahan kang rayi |
lêkas krama tan jamak ||
268. Kinurmatan para kyai-kyai |
prasasat dèn-mantokkên ping sanga |
atumpa-tumpa bêgjane |
kang sawiji sumambung |
wus tan kêna dilalahnèki |
mangunahe kang garwa |

Mongraga linuhung |
apêsthi ta iku uga |
ingkang mawa ing gawe anèh sêsami |
kayata wong anumbang ||

269. Dadi kaping sanga sabênnèki |
wiwitane le padha anumbang |
nuli maring Jayèngwèsthèn |
mring Jèngragan kang ngundhuh |
gantya-gantya salajèngnèki |
Suharjan Wiradhusthan |
Panukman ing ngriku |
Panamar Kulawiryanya |
mring Pangulon kang numbang tan ana sêdhih |
têka bungah kewala ||

8 (Bab jampi apês botên pandak ing sanggama)
Ing griyanipun Ki Pangulu Basarodin, andhêsêg Jamal Jamil nêdha pitêdah bab jampi apês botên pandak ing sanggama ingkang kasandhang dening Ki Pangulu. Jamal Jamil suka pitêdah sarat-saranipun murih Ki Pangulu sagêd kiyat ing sanggama, wêkasan sagêda nurunakên wiji.
Kaca 52 - 55.

Jilid 7 - Kaca : 52

376 Dhandhanggula

270. Gawokinngong wong ta duwe picis |
samargane dumadakan gampang |
lah arta sinumbangake |
salawase mêmantu |
(n)Jêng Kiyai tan kadi iki |
iba dipun-rowa-a |
mendah rêjanipun |
mangkana dènya rêrasan |
lan rowange nambutkarya jalu èstri |
yata ing Pakauman ||
271. Ki Pangulu Basarodin linggih |
nèng pandhapa lan Ki Jamil Jamal |
Ki Pangulu lon wuwuse |
dhi Jamal radi maju |
dènmiliki lan kula linggih |
sampun wigih mangarsa |
wontên parlunipun |
Ki Jamal Jamil agêpah |
manjing ngarsa wus majêng kèn majêng malih |
tinarik tanganira ||
272. Dadya adu dhêngkul dènya linggih |
wong têtêlu samya dhêdhêkêtan |
Ki Basar malih têngbunge |
kula takèn satuhu |
mring andika Ki Jamal Jamil |
mênggah kula punika |
kados pundinipun |
sangêt kepengin susuta |

lamun parêng lêga galihe pun adhi |
kang mugè pitulunga ||

273. Saratipun mrih sagêd sisiwi |
sampun tanggêl gèn angakên kadang |
ing donya praptèng akire |
ing batin ngong (ng)guguru |
inggih dhatêng pun adhi kalih |
sok uga katrima-a |
gyan-dika sung tulung |
pan agêng punagi kula |
kalih dene parlune ngong tanya malih |
bab pakuwating dakar ||
274. Manthuk-manthuk Jamal Jamil angling |
punapa pês tan (ng)gulawat pisan |
Pangulu mèsêm saure |
inggih bêlakanipun |
botên apês têngèn pan nanging |
tan pandak mung sakêdhap |
sangêt rikatipun |
sêtun dangu gangsal grêgan |
nuntên mak brol sangêt cuwaning kang ngati |
kalihe sami cuwa ||
275. Sin-isin punapa lan pun adhi |
mapan kula wus nêdyèng pasaja |
Jamil angling (ng)gih-gihane |
dospundi lajêngipun |
Ki Pangulu apojar malih |
punika (m)bakyu (n)dika |
yèn ngong darbe kayun |
papat pisan kawêratan |
(ng)gih punika cacade sa-ênjèk mijil |
lagya cathok brol mêdal ||
276. (m)Bakyu (n)dika kabèh mêmoyoki |
winastan lir kambangan kewala |
sarta apanas tibane |
mila sami amuwus |
(m)bakyu-(n)dika maoni mani |
apan cuwèr kewala |
ganda lêtêng langu |
winastan iku kang mawa |
mila sangêt susahe tyas kula adhi |
mugi wlasa maring wang ||
277. Jamal Jamil anauri aris |
yèn mêtotên ywa dadi tyas-(n)dika |
kula yun priksa warnine |
Pangulu èsmu guyu |
kadipundi ngisin-isini |
èwêd tèmên kawula |
sangêt awonipun |

Jilid 7 - Kaca : 53

- angling (ng)gih ngangkah punapa |
 tiyang sampun sami pasaja tan kêlir |
 tan wangên-winangênan ||
278. Anauri kadi pundi adhi |
 wontên ngriki kajawi angiwa |
 inggih sumangga nulya ge |
 maring surambi tajug |
 wong têtêlu sami alinggih |
 ampingan tan katingal |
 nulya Ki Pangulu |
 saking parluning patanyan |
 lingira lon kula alim dalêm adhi |
 amiyak nyampingira ||
279. Jamal Jamil (n)jumbul aningali |
 samya gumuyu alatah-latah |
 arsa sinasab tan awèh |
 lo kajênge ta sampun |
 kula grayangane rumiyin |
 Ki Pangulu mathethah |
 isin pinêksa wus |
 Ki Jamil gumuyu mojar |
 bilah dene kaya kodhok (n)dhêkêm iki |
 lir cêpuk kayu kawak ||
280. Gêdhe bangêt bangêt cêndhaknèki |
 tan sêmbada gêdhe lan dawanya |
 layak yèn copotan bae |
 tan sagêd kandhas masuk |
 maring uwêl jêjambu jroning |
 ijêp asmaragama |
 sarwi tinêkêm wus |
 satutup kapara mangang |
 Jamal Jamil wong roro gyan anêkêmi |
 gumuyu guligikan ||
281. Darbèk-(n)dika anèh têmên niki |
 mêlulu kêpala thok kewala |
 nulya (m)bêkayang guthule |
 mêlêng-mêlêng awungu |
 (m)bêkuh mêngkirig Pangulu ngling |
 ambrol kamanya mêdal |
 macothot thêr thur-thur |
 anyoroti tanganira |
 Jamal Jamil kidih-kidih angusapi |
 dèn-waspadakkên pisan ||
282. Kamanira Kyai Basarodin |
 Jamal apling (ng)gih bènêr kang mojar |
 mastani kopyor manine |
 sami samya tuturuh |
 pan wus sami wisuh barêsih |
 Ki Jamal wuwusira |
 mring Kyai Pangulu |

kula apajar kewala |
dene saratipun amrih kuwat rêsmi |
sranane oyod kakas ||

Jilid 7 - Kaca : 54

283. Ingukur dèn-sami panjangnèki |
lan dakare dèntên racikannya |
marica sunthi lan cabe |
pipitu ingkang wungkuk |
uyah lanang lan arêng jati |
gula rên pinêrapat |
pinèt saprapat mung |
pinipis têngahe latar |
nuju wanci têngahe pipisannèki |
rinajah-rajah kêlar ||
284. Yèn wus giling winatêg puniki |
sang dewa sênjata akas-akas |
kurang baga lwih akase |
kurang baga akukuh |
ora nana patine nuli |
jêjamu dipun untal |
sa Allah puniku |
dene sarat maring kama |
supaya mrih mani tan mêtu tumuli |
tlutuh pisang bênggala ||
285. Kunir lanang lawan murmak daging |
uyah lanang lisah wijèn ika |
tinoyan jêruk lilange |
mangka nuli inguyup |
adatipun sampun sring-asring |
dene amrih supaya |
agadhaha tuwuh |
babakan dalima wantah |
lan êndhoging sawung kate lisah wijin |
pinipisa cangkangnya ||
286. Lan tètèsing sarêm sawatawis |
ingurukên saking kawêtira |
wit saking silit kodhoke |
majêng mring dakaripun |
sabên sontên suruping rawi |
lan malih kang inguntal |
pêli bajing gêndhu |
racik sanenjong kêdhikan |
siji cabe wungkuk bongkot pucuknèki |
tan mawi sinarêman ||
287. Lamun sampun lêmbat pan pinipis |
winorkên sajroning tigan ayam |
kate têngbeyan sarate |
nguyup sing cangkêmipun |
pêndhak (ng)Gara Kasih jêjampi |
sampun akêndhat-kêndhat |

yèn dèrèng tumuwuh |
insa Allah inggih uga |
gadhah tuwuh mantun grewal-grèwèl iki |
têmu jênak atanak ||

288. Wa samantên botên ngrumiyini |
ing dalêm pêsthi karsaning Allah |
nanging ihtiyar wajibe |
katrima botênipun |
langkung bêgjanipun pribadi |
apan walahu alam |
tan kawasèng têngsun |
nitik kang wus kalampahan |
dèrèng wontên kang madal saking satunggal |
kang pêluh dadya akas ||

289. Ki Pangulu lêga tyas ngungun ling |
aduh sadulurku Jamil Jamal |
muga katrima kojahe |
yêkti kula pituhu |
mugi sagêd nadar tumuli |
mangke kula awakap |
sapêngadêgipun |
mring pun adhi kalih pisan |
nulya nuding mundhut sapêngadêg jarit |
tan dangu sinaosan ||

Jilid 7 - Kaca : 55

290. Lah punika krana Lah dhi Jamil |
pratandha saking katrêsnan kula |
Jamil Jamal lon ature |
puniku kula nuwun |
botên purun manira tampi |
sadèrènge sampunnya |
sihe Ki Pangulu |
sangêt panarimaningwang |
botên watak angupaya ing wêjani |
mung krana Lah kewala ||

291. Kula puniki tiyang kakalih |
langkung drêmbe tadhah kula mangan |
sami lan tiyang gangsale |
prandene kula lampu |
angêlikik luwe tan bukti |
lamun datan sinungan |
pangan mring sang Luhung |
putrandika Sèh Mongraga |
sanadyan kantosa pintên-pintên ari |
lamun tan kinèn nadhah ||

292. Inggih botên ngajêng-ajêng bukti |
sanadyan sandhang yèn tan sinungan |
saking putra-dalêm dhewe |
kawula datan purun |
salin sinjang liyan kang paring |

Pangulu kêngawokan |
gêgêtun agumun |
lah inggih dhi sakaliyan |
kula ngarah kewala karsane adhi |
punapa pinarêngan ||

293. Lah wus (n)dika wangsul ing pandhapi |
kula adus mring kulah sakêdhap |
lamun kasêlak praptane |
Pangulu sigra adus |
pan jinabat kurujil mani |
satêngah dènnya siram |
kasêlak kang rawuh |
têtamu ingkang amapag |
ing pangantyan gumarêdêg jalu èstri |
prapta tatêng pandhapa ||

294. Tarap têtung adu dhêngkul linggih |
Ki Pangulu kasusu dènnira |
siram nulya dandan age |
srewat-srewot agupuh |
gupuh dènnya manggihi tami |
wus prapta ing pandhapa |
toya taksih kumyus |
sêmu malêm busanannya |
Kulawiryas waspada dènnya ningali |
têtanya mring Ki Basar ||

295. Ki Pangulu wau saking pundi |
punapi kesah têtibih wau ta |
kongsi kêbês karingête |
mencong dumancungipun |
kêmancêpên kirang jêngginik |
sarwi sasmitêng kathah |
kang mulat gumuyu |
dalih saking tan kaopan |
Ki Pangulu kèwuhan dènnya nauri |
sinamur paparentah ||

9 (Pangantèn kaboyong wangsul dhatêng dalêmipun Ki Bayi Panurta)
Wanci sontèn pangantèn kaboyong wangsul dhatêng dalêmipun Ki Bayi
Panurta katungka Mahrib sadaya sami salat jamaah ing mèsjid. Bibar Isa sami
wangsul ngèbêki pandhapa, lajêng arame têrbangan kanthi singiran sarta
emprak, wêkasan kèndhuri sapari-purnanipun. Sèh Amongraga dalah
garwanipun tuwin Cènthini sami wontên ing mèsjid wingking. Ing tilamsari
Sèh Amongraga mêjang garwanipun bab puji lan pati ingkang awor-misah,
gampil angèlipun sampurnaning pati tuwin sampurnaning gêsang.
Nuripin ingkang ngêtêrakên sowanipun Sèh Amongraga dhatêng Ki Bayi
Panurta kaganjar ngêrèh gangsalwêlas dhusun.
Kaca 56 - 72.

Jilid 7 - Kaca : 56

376 Dhandhanggula

296. Angenggalkên pasungatanèki |
pawohan wedang kasinomannya |

wus warata sadayane |
Kulawirya amuwus |
kang Pangulu wau king pundi |
matur tan kesah-kesah |
punapa-a kumyus |
sumangga mangsa boronga |
sarwi ngingêr kêthu kang mènçèng jininggring |
kumocor toyanira ||

297. Andêrèwès nêlêsi kulambi |
saya ginuyu maring ing kathah |
mendah wartiya ngartine |
wusnya nginang sadarum |
nulya ambêng kêndhuri mijil |
jaba jro wus rinumat |
tan ana kang kantun |
wus samya ngancaran nadhah |
adan lêkas sadaya anutug bukti |
luwar ambêng minuman ||
298. Binarêkat wradin sakathahing |
jalu èstri sawusnya mangkana |
Jayèngwèsthi lon dêlinge |
lampah-ngong mas Pangulu |
pan dinutèng rama (n)Jêng Kyai |
kinèn mundhut pangantyan |
tinimbangan kundur |
kabêkta-a ing manira |
aturira Ki Pangulu Basarodin |
inggih dhatêng sumangga ||
299. Tan prabeda pitêmbungirèki |
Turida mring Ni Pangulu tuwa |
nulya majêng lon ature |
matur mring sang linuhung |
Mongraga tan suwala kapti |
sigra parèstri mangkat |
myang jawi sadarum |
jajaran songsong wus mêgar |
Sèh Mongraga Kèn Tambangraras kinanthi |
umangkat saking wisma ||

Jilid 7 - Kaca : 57

377 Kinanthi

1. Yata wau lampahipun |
sang pinangantyan samargi |
ingarak lawan sêlawat |
kalangkung gumuruh asri |
kang ningali rêbat papan |
prapat mancalima prapti ||
2. Kabèh sami ciptanipun |
pêngarakipun pênganting |
sabên ingundhuh dèn-arak |
mung kari sapisan iki |

- pêngarake Tambangraras |
kang rinêngga ing kamuktin ||
3. Lir têmbene kang andulu |
ajêjêl pipit pinipit |
tan pêdhot saking Kauman |
têkèng korine Ki Bayi |
latar mangu Pênanggungan |
jro pisan wong niningali ||
4. Jibêg sami ngurung-urung |
alulurung nganan ngering |
randhat lampahe pangantyan |
samyâ nêng kang aningali |
mring wênêsing cahyanira |
sang pangantyan Sèh Mongragi ||
5. Tambangraras angunguwung |
cahyanira anêlahi |
tan ewah busananira |
pan sarwa seta rêspati |
kadi duk panggih sapisan |
tan karsa lyaning seta di ||
6. Tan kadi sadayanipun |
sabên-sabên ngarak sami |
salin-salin kang panganggya |
saduwèk-duwèkirèki |
tan wun kang nononton samya |
ngangge-angge pamèr sami ||
7. Mangkana ta sang linuhung |
praptèng lawang jawi kori |
kèndêl kampung Pananggungan |
nulya (n)Jêng Kiyai Bayi |
lan garwa mêthuk kang putra |
saking paregolanèki ||
8. Natar Pananggungan mangu |
dènnira cundhuk lan siwi |
nêmbah kang putra tur salam |
kang rama gupuh ngrahabi |
Tambangraras mên dhak nêmbah |
kang ibu ngaras (m)bunnèki ||
9. Nulya kerit lampahipun |
kang ramèbu anèng ngarsi |
masuk paregolanira |
santri sêlawatan maksih |
rakit lir duk panggihira |
kubêng tarubing pandhapi ||
10. Sajak asrakal gumuruh |
ngadêg kewala anganti |
wau ta sang pinangantyan |

laju satêngah pandhapi |
tumamèng dalêm pajangan |
parèstri tata alinggih ||

11. Inkgang asrakal saya sru |
gumuruh singir prapta kir |
nabi arkam ajamingan |
bi jamingis salikati |
pangalekal lahu sala |
daiman tulad dukuri ||
12. Wus antara nulya suwuk |
maca sêlawat kaping tri |
sadaya gya tata lênggah |
nèng pandhapa amiranti |
Ki Bayi mijil pêndhapa |
sadaya bah mingsêr linggih ||
13. Ki santri Luci abikut |
ngatag kasinomanèki |
saos pateyan pawohan |
sadaya sampun waradin |
nginum wedang wênèh nginang |
nulya kèndhuri gêng mijil ||
14. Wus pininta pandumipun |
sadaya tan ana kari |
Ki Bayi lon ngandika |
lah Pangulu Basarodin |
lah wis sira donganana |
majêmukan kajatnèki ||
15. Tur sandika Ki Pangulu |
nulya (n)donga majêmuki |
amine ambata rêbah |
wus nutug dènnya (n)dongani |
wus ngancaran samya nadhah |
rame swaraning abukti ||
16. Kang nadhah samya pikantuk |
wus dangu luwaran bukti |
kèndhuri dipun barêkat |
sampun rumat sadayèki |
Ki Bayi alon ngandika |
kabèh anak-putu-mami ||
17. Mêngko sira padha wangsul |
kabèh aywa na kang kari |
sadaya matur sandika |
wus kalilan dènnya pamit |
jalu èstri abubaran |
Hyang Arka wus tunggang ardi ||

Jilid 7 - Kaca : 58

18. Wanci surup masjid agung |
binêdhugan dhêng Mahêrib |
pra santri samya sêmbahyang |
samyâ dan angalik-alik |
masjid gêng myang mangu kêbak |
langar-langar bêtêt santri ||
19. Ki Bayi sêmbahyang tajug |
lan putra Pangulu ari |
Sèh Mongraga dènnya salat |
nèng masjid panêpèn wingking |
angimami pra wanudya |
wêwacane salat Mahrib ||
20. Awal surat Kulya-ayu |
Idaja-a akirnèki |
bakdaning Mahrib pujian |
swaraning èstri nyundari |
bêbarungan pinracandha |
nganyut-anyut langkung asri ||
21. Sawuse pujianipun |
lajêng mupid sunat wabin |
wusnya kasud wiridira |
nulya adan Ngisa ririh |
samyâ sunat kabliatan |
nulya ngangkat parlunèki ||
22. Sawuse Patekahipun |
surat Jumngah awalnèki |
surat Munapèk akirnya |
bakdanira apupuji |
tuwin swabawaning kathah |
kang pujian wênèh dhikir ||
23. Kang sarênti ana barung |
ing sabakdanira dhikir |
kang makmum mundur sadaya |
kang kantong Sèh Amongraga |
lawan Nikèn Tambangraras |
kucumbu cèthi Cêndhini ||
24. Kalangênaning asuhul |
traping kasucian wirit |
ing wanci wus bakda Ngisa |
para santri kabèh prapti |
samyâ (m)bêkta ting daluwang |
myang obor kang samya prapti ||
25. lajêng samya tata lungguh |
andulur wingking kang prapti |
wus kêmput pèpak sadaya |
sudagar myang magêrsari |
santana santri golongan |

26. Anggili wong kang (n)dudulu |
yêl-uyêlan sukup pipit |
rame samya rêbut papan |
tan carub jalu lan èstri |
raryalit rêbut nèng ngarsa |
ana turu angguling ||
27. Wus pêpak tan ana kantun |
nulya (n)Jêng Kiyai Bayi |
bakdanira saking langgar |
mring dalêm lênggah ngling aris |
anèng ngèndi sutanira |
wanci wus turu rarya lit ||

378 Asmaradana

1. Malarsih umatur aris |
putra tuwan Sèh Mongraga |
dèrèng bakda Ngisa mêksèh |
layap anèng kanyênêtan |
katri kucumbunira |
anging ya wus bêgjanipun |
sutanira Tambangraras ||
2. Muga lulusèng akrami |
sun mulad lêga tyasingwang |
tan ana salayèng karo |
lan apa iku uwus ta |
carêm apêpasihan |
Ni Malarsih ririh matur |
yêktose dèrèng kasêtyan ||
3. Paran tan mêlangatèni |
sêmajade kaya nora |
ya mung andodonga bae |
kang garwa alon turira |
kalangkung sapunika |
kados pundi malhipun |
tiyang sêpuh mrih raharja ||
4. Nulya (n)Jêng Kiyai Bayi |
mijil maring ing pandhapa |
mingsêr kang linggihan kabèh |
Ki Bayi Panurta lênggah |
anèng lampit dêmangan |
sigra sugata mangayun |
pawohan lawan pateyan ||
5. Wus waradin sadayèki |
(n)Jêng Kyai alon ngandika |
èh Luci mundhuta age |
tarêbang nènêm dèn-enggal |
lan trêbange Jèngraga |

- si Macan-garongan gupuh |
kang liningan sigra mentar ||
6. Tan dangu katur ing ngarsi |
Ki Bayi alon ngandika |
sarwi anyêntak trêbange |
padha wong tuwa narêbang |
si Sumbagi Jumêna |
man Lawatan lan Pangulu |
man Majabong man Jêmpina ||
7. Si Luci karo Nuripin |
mêngko padha gantya emprak |
Ki Jamil lan Widigunèk |
Crêmasênèk lan Ki Jamal |
iya sagêndhing edhang |
anulya lêkas atalu |
abawa maca sêlawat ||
8. La illa ha illalahi |
Muhammadun Rasullolah |
(n)Jêng Kyai Bayi ulone |
grathul-grathul muluh rêmak |
mêksih kêtarèng sajak |
alon wilêd tung-tung êmpuk |
parigêl ukêling swara ||
9. Sajak Bintara ngunani |
tan ewah wantahing sajak |
Sêkar-gadhung lêlagone |
sinauran santri kathah |
gumuruh swara rampak |
tan sarênti barung umyung |
trêbangira magênturan ||
10. Panrêbange Kyai Bayi |
abêsus ngapipir kiprah |
agaliwangan trêbange |
tansah angliling trêbangnya |
dhasar Macan-garongan |
pan amunggul swaranipun |
ngêrobong asru piyambak ||
11. Kêmpyang bêm gumêbrung bêning |
gêdhugira asibêkan |
imbal ngapinjal babanggèn |
prong pêk prong pêk dhêng dhung dhung brang |
pyang pying pyêk brang prung prung brang |
tong tik tong brung pong bur pong bur |
byang pruk byang pruk brung brung brung brang ||
12. Ki Bayi singir angêlik |
witama kaltubiasta |
bi arbabi saodade |

Jilid 7 - Kaca : 60

- kadas samsu pi-ibêra |
pijihyat tana kala |
wasirtu sariyan nêngguh |
pibutunita sarapat ||
13. Santri kathah nauri |
swara gumuruh gurnita |
barung lan trêbang arame |
Ki santri Luci angemprak |
lan Nuripin rowangnya |
santri bleke emprakipun |
tan ana cengkoking emprak ||
14. Sumbu sinumbu agênti |
kiwa têngên corongira |
sêlomotan sakênane |
gênti tan na tabêtira |
apan asrêp kewala |
mangkana sadangunipun |
gya suwuk maca sêlawat ||
15. Samya so angaring-arang |
sêsambèn nyênyamikira |
nginum wedang myang kinange |
Ki Bayi lon dêlingira |
wong mono yèn wus tuwa |
sabarang tan pati kudu |
êmbuh jawane kang mawa ||
16. Antuk sababak kang singir |
ati nglokro nuli wêgah |
tan kaduga nutugake |
dene dhèk nom biyèn nora |
sabên bêngi tan kêndhat |
apan sabêdhug-sabêdhug |
nora wêgah nora sayah ||
17. Sêmbagi nauri aris |
alêrês kang pangandika |
tiyang wus sêpuh tan tètèng |
sabarang pakaryanira |
mung sakêdhap-sakêdhap |
kêjêntol kêdhik tan purun |
rumaos repot kewala ||
18. Ki Bayi Panurta angling |
wadèntên samantên uwa |
tan kenging binorong-borong |
tiyang makatên tan tuman |
kang nate nambutkarya |
tan wontên karaos angluh |
sabab wus matuh kangèlan ||

19. Beda lan kang mukti kédhik |
tan tata rêkasèng badan |
kang ginulang pakaryane |
maoni lan parentah |
gêng alit wus panduman |
tiyang alit gulangipun |
lawan rêkasaning badan ||
20. Gugulangipun kang mukti |
lawan rêkasaning manah |
saturute gêng alite |
Ki Sêmbagi tan bisa jar |
kaluhuran ing sabda |
kang myarsa sami tumungkul |
kasinggihan pangandika ||
21. Ki Bayi ngandika aris |
ênnya kiye trêbangira |
kono padha wong nom-anom |
narêbang nganggang aberag |
ywa kênthêl tyas kayoman |
Ki Jayèngwèsthi agêpuh |
nampèni trêbanging rama ||
22. Lan kang rayi Jayèngragi |
sampun anyandhak tarêbang |
myang para lurah santrine |
wus samya gantyani nrêbang |
Jayèngwèsthi abawa |
lalagon Jawa Bayêm tur |
sinauran santri kathah ||
23. Jayèngwèsthi ngêlik singir |
hasalal kasduwal murad |
waspa wêktu wal widade |
wabiruk ya ya Muhamad |
parkat anpusul ngihad |
ramakata aminatu |
Muhamadin bilbasara ||
24. Santri kathah naurani |
angantêp swara sru rampak |
lailla hailalaha |
Muhamadun habibullah |
gumuruh kadi gêrah |
jumêgur trêbang pipitu |
rêbut berag kang narêbang ||
25. Wong roro ingkang ngempraki |
Ki Jamal lan Widiguna |
asangli (n)jogèd emprake |
Widiguna bêksa wayang |
Jamal emprak Bantênan |
pan akathah solahipun |

cara Karang kabuyutan ||

26. Mingkag-mingkug lir anglangi |
anglètèr mubêng kalangan |
ambapang lir sandhanglawe |
yèn ngringkus tindak kosrèkan |
nyidhang obang-abingan |
mêncak lir êncik Malayu |
dhêpan cih-cih bancak-incak ||
27. Angêre miring kikincing |
angêcincang bubucangan |
apasang tamberang sale |
Ki Widiguna atandang |
acancut saserongan |
kawêng sabuk taliwangsul |
cathokan sêt kalèwèran ||
28. Ngore rambut pinara tri |
kêris pan mongglèng manthelang |
cawêtan nyakot rambute |
asaguh singgah ing tingkah |
sêblak bêksa këlana |
malang pasang ing dhêdhêngkul |
tungkak tumancêp agagah ||
29. Gêcot naricig sisirig |
akêsrug tanjak sigêgan |
dèblèg pancakgulu èjlèg |
sakojur oklak-aklikan |
ngalênggak langak-langak |
tangan tampèl-tampèl pupu |
hebat muwêr arenggotan ||
30. Anggêdhindhang dhingik-dhingik |
kiprah gidrah runjah-runjah |
ilo-ilo alêlathèn |
ukêl tangkis salênthikan |
amanthêng-manthêng tangan |
maju ambanyak-salulup |
pèk-èpèk kèlir kipatan ||
31. Ambuntut bèbèk kikirig |
kerogan aciciluman |
Widiguna kèh polahe |
kang myat sami sumyak-sumyak |
gumuyu kalihira |
aramè sumbu-sinumbu |
anutug dènnira emprak ||
32. Salin sumalin kang singir |
myang kang emprak gantya-gantya |
Jamil lan Cêrmasana-ne |
Jamal lawan Widiguna |

Jilid 7 - Kaca : 62

myang santri arakitan |
angêtog sasukanipun |
sasagêdira priyangga ||

33. Asuka Kiyai Bayi |
myang sadaya samya rahab |
jalu èstri tan wun rare |
bungah-bungah sahadaya |
anulya malih lêkas |
lagon Jawa Pêtung-wulung |
niba ginonjing gambuhan ||

379 Gambuh

1. Allah Allah Allahu |
e ya Allah tabarakallahu |
nulya santri kèh gumuruh naurani |
barung lan tarêbang pitu |
magênturan gurnita ngrok ||
2. Singripun man mislu |
ahmad pil kaone ninah wau |
badru jamidrul waraya pikusniki |
tahuman mislu walahu |
aikalaki sarapahu ||
- Jilid 7 - Kaca : 63
3. Tinampan santri umyung |
tanpa rungwan myang kang andudulu |
samya tumut ambyong sauran bawa tri |
kêlangkung ramya gumuntur |
angarug-arug swarèng wong ||
4. Myang sruning trêbanganipun |
mabyungan bêng pong pik pong prong brung |
pyang pyêk pyêng pyêk dhêng dhung dhung brang tong ting tong gring |
pong bêmbong bur pyak byung pyak byung |
bung prong brung brung prong bur brang brong ||
5. Ki Jamal lan Jamilun |
Crêmasana lan Widigunèku |
kinèn emprak wong papat sarêng angibing |
mulya ngadêg emprak gupuh |
rekane samya dèn-êtog ||
6. Langkung ing gulêtipun |
Jamal Jamil sami solahipun |
Crêmasana Widiguna apan sami |
kang sêlawatan saya sru |
sêsêg têrbange agobyog ||
7. Kang emprak saya sêngkut |
Crêmasana (m)bêksa kalhipun |
Jamal wong ro emprak mênca cara Êncik |
pamêncake cikat-cikut |

samya t lorongan corong ||

8. Ramya sumbu-sinumbu |
Jamal Jamil awake sakojur |
dadi g ni gumrubug murub m d ni |
ting s mborot gumarudug |
sundhul usuke lir kobong ||
9. Mal ngak kab h (n)dulu |
kuwatir y n laj ng kobongipun |
Jamal Jamil wong ro samyemprak anjungkir |
anjog d sikil n ng luhur |
anj j r murub lir obor ||
10. Awake tan kadulu |
kewala mung katon g ni murub |
nganja-anja lumaku lir banaspati |
Widiguna lir tinunu |
ingkang pangabaran ngobong ||
11. Tan tumama ing latu |
eca j gligan apacak-gulu |
an r c t k kicatan ac c ngkik |
binuka ing g ni murub |
bal b r s ng ngancik kobong ||
12. Anj j r poking pupu |
pupu murub ngapit awakipun |
Widiguna ngancik w lakang angibing |
kang (n)jungkir m ksih Lumaku |
Cr ma gambyong (m)b ksa wong ro ||
13. Kary ram mring kang (n)dulu |
samya kat mb n saj g-j gipun |
durung mulat pagunan ingkang kady ki |
tan ana bos n andulu |
r m n mulat sarta gawok ||
14. Inggang aemprak nutug |
gya mudhun jl g Widiguna murub |
papan pisan samya murub dadi g ni |
ul ng-ul ngan agapyuk |
Jamal pundhake cinemplo ||
15. Jamil ngad g ing luhur |
Jamal anj b b h tanganipun |
Cr masana Widiguna ang nciki |
s mbari b ksa n ng ngriku |
sinangga ing tangan karo ||
16. Wong papat maksih murub |
kadya kir-ukiran g ni murub |
Kyai Bayi Panurta sukanya ng nting |
myang sadaya  stri jalu |

Jilid 7 - Kaca : 64

saking katêmbèning tumon ||

17. Sadangunira nutug |
nêlasakên guna karyèng gumun |
wus mangkana wangsul sawantahing warni |
gêni tan na tabêtipun |
emprak wêlakan kemawon ||
18. Kang singir wruh ing sêmu |
nulya suwuk salalahu |
ngalèhi wasalam salalahu ngali |
ngala Muhamad ping têlu |
nulya rèrèn samya aso ||
19. Ki Bayi alon muwus |
hèh Luci iki apa wus bêdhug |
matur inggih sampun bêdhug malah lingsir |
panyanaku durung bêdhug |
dene tan angrungu ingong ||
20. Kados wau kêsamur |
dene gumuruhing singiripun |
lah ya uwis Luci saosa kêndhuri |
kang liningan mentar gupuh |
parentah kasinoman wong ||
21. Nulya ambênganipun |
rinampa sinaoskên ing ngayun |
rolas ambêng gotong-pat gênging kêndhuri |
kang santri sadayanipun |
panganan wus dinum kang wong ||
22. Santri Luci angetung |
undha-usuk akèh kêdhikipun |
wus mangkana Ki Bayi Panurta angling |
wus donganana Pêngulu |
angrasulkên kajatingong ||
23. Lawan salamêtipun |
pangantène miwah anak-putu |
ing sadesa Wanamarta kabèh iki |
olèha sapangatipun |
Kangjêng Nabi kang kinaot ||
24. Ki Pangulu gupuh |
matur sandika ngususkên wuwus |
kula turi anaidi sadayèki |
(n)Jêng Kyai ing kajadipun |
saur manuk sêdaya wong ||
25. Pangulu gya taawud |
maca Patekah satamatipun |
Kulhu lan Palak Binas satamatnèki |
amaca Bismilahipun |

Jilid 7 - Kaca : 65

nulya (n)donga sru tumlawong ||

26. Kabèh amin gumuruh |
rêmpêg swarane ambatarubuh |
sawusira andonga samya wiwijik |
wanting ngumbah tanganipun |
dan lêkas nadhah aroyom ||
27. Sami pikantukipun |
ragi katoran sadangunipun |
ragi kraos luwe sakathahing santri |
mila samya thêkul-thêkul |
dhasar ulame kèh mopol ||
28. Arame ting kariyuk |
kriyak-kriyuk ambêkuk kêrupuk |
serap-serop akèh kêcap ting karêcip |
samya ngaya-aya puluk |
kuwarêgên kèh kang ngêbrok ||
29. Ngadidak ing gênipun |
siningkang-singkang mring kancanipun |
sami misuh bilah angambon-amboni |
binut kèh pinêksa mêtù |
nulya mundur medong-medong ||
30. Santri cilik arusuh |
wus winekan tan winor wong sêpuh |
nèng plataran sinung saambêng pribadi |
agêdrah udrêg gumuruh |
rêbutan ulam kumroyok ||
31. Samya jagur-jinagur |
ting jalêrit pan pisuh-pinisuh |
kêkapyukan sisiratan jangan ragi |
Ki Bayi myat ngling gumuyu |
wus adate rare rusoh ||
32. Kang samya nadhah nutug |
kêndhurinya wus kinèn angêdum |
kang mapati moloni ingkang ngrolasi |
santri kang kapesing wau |
tan dinuman brêkate wong ||
33. Wus waradin sadarum |
nulya samya pamit mundur mantuk |
wus linilan sadaya bubarman mulih |
mung pra lurah santri kantun |
lan bêtêl ing dhukoh-dhukoh ||
34. Wau ta sang linuhung |
nèng masjid wingking panêpènipun |
sawusira bakda tangat ing awêngi |
pêragat tasbèh tahajud |

35. Alon ngandika arum |
payo yayi marang dalêm agung |
Tambangraras umatur saha wotsari |
sarwi angucap cêcênthung |
lèngsèr aris sakaloron ||

380 Sinom

1. Yata wau Sèh Mongraga |
tumamèng tilam seta di |
wus tumangkêp samirira |
parèstri samya sumingkir |
ngalêmpak (ng)gyan sawiji |
sadaya parèstri tamu |
anèng gandhok kang wetan |
Malarsih mijil pandhapi |
kêkalihan (n)Jêng Kyai Bayi Panurta ||
2. Kang jênêk nèng patilaman |
Cênthini tan kêna têbih |
Sèh Mongraga ris ngandika |
pyarsakna yayi kang gati |
mungguh pati lan puji |
iku pakewuhing kawruh |
kudu wêruh jatinya |
kang puji kalawan pati |
nora kêna awor pisah nora pisah ||
3. Sadat kalawan sakarat |
kayata daim lan kaim |
yèku tunggal jatineka |
purnaning sadat sajati |
anèng daim lan hakim |
ingkang sadat tanpa sadu |
kumandhang tanpa swara |
yèku pasênêtan pati |
daim iku puji kang tan kêna pègat ||
4. Iku yayi dèn-waspada |
yèn pèjaha rowang sirik |
lamun tan sarawang kowar |
yèn ninggalana sirik |
yèn tan ninggali kapisir |
lamun suwung iku kupur |
tan ana dèn-panggiha |
gampang sampurnaning pati |
luwih angèl yayi sampurnaning gêsang ||
5. Gampang sampurnaning gêsang |
angèl sampurnaning pati |
gampang angèl anèng sira |
piyambak tan ana kalih |
mung ngèlmi kang linuwih |

jroning wisesa dinulu |
lawan kang angsung tingal |
andêling marang kajatin |
kadi sarêm sawuku tibèng sagara ||

Jilid 7 - Kaca : 67

6. Wus amor kamulyaning dat |
sarêm iku roh ilapi |
kêjêp liyêp lêngut sirna |
yèn padha anane sirih |
lamun nora asêpi |
pisan iku dadi suwung |
mokal yèn ngayawara |
minangka ananing singgih |
nora kêna cèwèng tunggal kênyataan ||
7. Êdating Hyang ananira |
sipat Hyang uripirèki |
ananing Hyang kambi kita |
apêngal Hyang ngèlminèki |
iku yayi ywa lali |
ling-lingên ing siyang dalu |
iku ingkang ngaranan |
sampurnèng puji lan pati |
ya sampurnaning sahadat lan sêkarat ||
8. Ugêr-ugêring ngagêsang |
kang patitis maring ngèlmi |
sarengat lawan terekat |
hakekat makripat yayi |
kudu-kudu ngawruhi |
ngèlmi sakawan puniku |
yèku sampurnanira |
ing puji kalawan pati |
ngèlmi papat pètèn pupuse kewala ||
9. Pupuse ngèlmi sarengat |
niyat kudu anglakoni |
pupuse ngèlmu tarekat |
kudu kusus angyêktèni |
pupusing kakekati |
kudu tèmên sarta tuhu |
nyatakkên kanyataan |
pupusing makripat yayi |
kudu maklum sarta sukur tan pepeka ||
10. Iku wiwinih santosa |
sungut pradapaning wali |
-yullah kêkandhanganira |
wus mangkono purwanèki |
tan kêna mêlang ati |
kudu sumungku ing ngèlmu |
upama wong ngawayang |
ugêre jêjêr dèn-apti |

kudu akèh jêjanturaning pocapan ||

11. Jêjêr raraton minulya |
sabarang kèlakonèki |
mijil saking jêjêrira |
mêngko mungguh ing ngaurip |
kudu mrih jêjêr dhingin |
kang prayoga ing tumuwuh |
kaya agawe wayang |
wisesa corèkanèki |
corèk Petruk apan tan dadi Rêjuna
12. Pênatahe nut corèkan |
tan nalimpang ing gêgarit |
yèn corèkane Rêjuna |
Rêjuna dadining ringgit |
nulya dèn-palimpingi |
dinêling wuwuh asêmu |
binodri wêwalêran |
ulat cinawi ingukir |
durung pulas rêspatine wus kawangwang ||

Jilid 7 - Kaca : 68

13. Gya pinulas pinarada |
dhasar pamulase apik |
dhêdhasar kancana mubyar |
wus dadi babaran ringgit |
asigit cinêmpurit |
Rêjuna tuhu binagus |
kae dhalang kasmaran |
anopèkkong marang ringgit |
sabab dening kabênêran dadinira ||
14. Tur ta kang gawe ki dhalang |
pinulas dèn-cêmpuriti |
mangkya ki dhalang mangeran |
mring gaweyaning pribadi |
panggarape aririh |
jroning tyas asuhun-suhun |
mangkono ing tumitah |
rêbuta jêjêr kang bêcik |
supayane kaya ki dhalang lan wayang ||
15. Mepu tyasnya Tambangraras |
agêsêng matêng ing ngèlmi |
mungal ing rasa waskitha |
rumaos dèn-cacawangi |
kêraton akerati |
sang ayu lir kayu gapuk |
tinètèsing dahana |
kumutug mènèr amintir |
kawistara tarunaning aoliya ||
16. Wau Ki Sèh Amongraga |
angikal astaning sori |
tiniyung lungayanira |

mrih dhêkêt dènnira linggih |
Tambangraras mangarsi |
tyasnya wantah wus rahayu |
wus datan anêratab |
ringga riringa tan mawi |
myating raka cipta samining wanita ||

17. Ingêlus srinatanira |
mring raka sarwi angaksi |
ingusap larapanira |
uning ing garwa tan wigih |
pae lan wingi-wingi |
mêksih labête kumêpyur |
ing mangkya wus tan taha |
Sèh Mongraga ngandika ris |
sokur yayi sira ngalamat santosa ||
18. Tandhane tyasira rara |
tan kadya sabêne yayi |
muga sira pinarêngna |
palaling Hyang Maha Suci |
têguhe tyasirèki |
pasrah maring Hyang Maha Gung |
samana wancinira |
amarêngi bangun enjing |
nulya mijil sang kalih maring patirtan ||
19. sarêng para santri samya |
bubar kang anèng pandhapi |
samya amèt toya kadas |
salatira maring masjid |
Ki Bayi lan para ri |
sadaya Subuh nèng tajug |
paragat dènnya salat |
Sèh Mongraga kang ngimami |
wus salaman sadaya sarêng umêdal ||
20. Mandhap saking tajugira |
bubar mantuk para santri |
amung ingkang pra santana |
myang lurahe para santri |
yata Kyai Bayi |
kondur saking masjid mangu |
lan Sèh Mongraga |
ingiring pra lurah santri |
miwah putra kaponakan ruruncungan ||

Jilid 7 - Kaca : 69

381 Pocung

1. Ki Pangulu lajêng umiring ing pungkur |
prapta ing pandhapa |
Malarsih sampun angrukti |
saosane dhadharan enjing-enjingan ||

2. Tan adangu nulya pra kadang kang rawuh |
tanapi kang putra |
sagarwa lir sabènnèki |
samyà (m)bèkta rampadan sèkul panganan ||
3. Praptèng ngayun dhaharan tinampèn gupuh |
pan lajèng tinata |
Ni Sumbaling lan Cènthini |
nglaladèni wong loro atata-tata ||
4. Nulya wau ingkang prapta Nyai Jambul |
Ni Burat Ni Jèbad |
Nyai Soyi Ni Kasturi |
Nyai Bobot Ni Kinjèng Jayamènggala ||
5. Nyai Kupu samya sarèngan mèrtamu |
kabèh sami randha |
randha tuwa sami sugih |
samyà (m)bèkta rampadan ajojodhangan ||
6. Duk andulu Ki Bayi Panurta muwus |
ing ngriki cèlakan |
lan putra (n)dika Malarsih |
uwa Jèbad wa Bobot lan bibi Burat ||
7. Samya sajèng sadaya wus nunggil lungguh |
lan Nyai Panurta |
kang (m)bèkta wus dèn tampani |
apan lajèng samya tinatèng ing ngarsa ||
8. Piringipun rampadan lancar Jèpun |
ingisènan muncar |
ulam panganan mawarni |
lah-olahan adi-adi myang wowohan ||
9. Sèkulipun aputih pangajèng bucu |
mègana lan pènak |
liwèt pitik myang gèbuli sèkul gorèng wuduk lan kupat lègandha ||
10. Ulamipun pan akathah warnipun |
kang bèkakak menda |
opor bèbèk basngèk pitik |
panggang lawar bètutu balèbèd banyak ||
11. Pal puk duduk dhèndhèng age abon rêmus |
panjèn susujènan |
gorèngan kathik gulathik |
age ati age srègan lawan lidhah ||
12. Dhèndhèng crubuk kêrupuk têrung lan gèpuk |
gècok gènêm utak |
gadhon dhèndhèng pal puk ragi |
pècok srundèng sambèl-gorèng pècèl tambra ||

Jilid 7 - Kaca : 70

13. Pèsan palung bothok jambal mangut surung |
munjit lan balendrang |
lombok kèncêng lawan pêtis |
jangan lodhoh bobor loncom brongkos pindhang ||
14. Dadar sawut békamal lan cêplok untup |
miwah juwadahan |
têtêl jênang lan surabi |
gêmblong lèmpèng ledre lan bakaran pisang ||
15. Jênang sagu caca kukus jênang grêndul |
srabi kêtan kolak |
èbrêm sumpil lan cêriping |
carabikang kêtan lodhoh puthu mayang ||
16. Talês kimpul wi gêmibili gêdhang suluh |
jruk kêprok rambutan |
pêlêm nangka lan kuwèni |
manggis duryan kèpundhung dhuku pijêtan ||
17. Sawusipun dhêdharan tinatèng ngayun |
Ki Bayi Panurta |
ngling lah payo mupung enjing |
padha sêsèmèkan royoman wong kathah ||
18. Samya gupuh sadaya sigra tuturuh |
dan lèkas anadhah |
pikantuk samya abukti |
jalêr èstri tan taha kêrana Allah ||
19. Ngêlung sinung pribadi sapênêdipun |
punapa sêptanya |
tan cuwa sami pakolih |
sabên-sabên nadhah royom kanikmatan ||
20. Èstri jalu samya dhokoh thêkul-thêkul |
mung Sèh Amongraga |
wus adat tanpantuk bukti |
kêpêlipun gênge sawidara bajang ||
21. Lan sang ayu Tambangraras tan pakantuk |
dènnira adhahar |
lir kang raka Sèh Mongragi |
wus tan pati ulam kèdhik mung lalaban ||
22. Sapikantuking dariji tri amuluk |
pan wis kawistara |
ing mangkya kalis ing bukti |
wus sêbagi lan kang raka Sèh Mongraga ||
23. Samya ngungun sadaya myat ing sang ayu |
dalam kucumbunya |
cèthi Cènthini tan pati |
antuk nadhah wus kadi bendaranira ||

24. Samya sukur mring Tambangraras jumurung |
dènya palakrama |
lêgêd tan siwah ing batin |
Tambangraras rarase bisa akrama ||
25. Wus anutug kang samya nadhah sadarum |
nulya aluwaran |
kêndhuri kinèn ambagi |
wus warata jalu èstri tan prabeda ||
26. Gantya maju dhêdharan nyamikanipun |
samya mêmangsêgan |
sapikantukira bukti |
ngeca-eca nutug ing sasukanira ||
27. Nulya sampun binagi nyamikanipun |
pan sami kewala |
kathahe barêkatnèki |
rinumatan barêkat wus binuntêlan ||
28. Alon muwus Kyai Bayi Panurtèku |
marang santrinira |
Luci iku si Nuripin |
apa ora mulih-mulih ing wismanya ||
29. Apa tugur de siyang dalu kadulu |
Luci aturira |
tingal-kula kados inggih |
botên mantuk lajêng angrungkêp kewala ||
30. Kawitipun kala putra dalêm rawuh |
(n)jujugakên lampah |
mring wismane Jayèngragi |
dumadakan kalantur anyangkul karya ||
31. botên kaur dalah mangke dèrèng mantuk |
wrat-wrating parentah |
ajrih lamun tilar kardi |
lan botên ta mêkatên dhi awak-dika ||
32. Lon sumaur inggih lèrês gyan umatur |
jrih kulèng parentah |
kancakula békêl wingking |
wusing karya kathah ingkang mantuk samya ||
33. Rêmbagipun samya gilir gantya mantuk |
tiyang kalihdasa |
sabên ari jaga kardi |
namung kula piyambak datan giliran ||
34. Yèn dèrèng wus ludhang pisan dèrèng mantuk |
Luci saurira |
e lah kadospundi malih |

Kyai Bayi Panurta èsmu wlas mulat ||

35. Ciptèng kalbu (n)Jêng Kyai runtuh sihipun |
mring Nuripin sabab |
kang dadya jalaranèki |
Sèh Mongraga praptane nèng Wanamarta ||
36. Sasat asung kautaman kang linuhung |
Ki Bayi ngandika |
Nuripin sira saiki |
gêdhe cilik têngêse sira sun-ganjar ||
37. Wong ing padhukuhan ya limalas dhukuh |
ing Jaha ing Putat |
ing Kalisat ing Sulatri |
ing Wanasari ing Pasarèn ing Patoman ||
38. Ing Sêmpulur ing Galuran ing Têlutur |
ing Natar ing Pancar |
ing Tèmpèl ing Têmuwangi |
Ing Cabakan gênêpe dhukuh limalas ||
39. Dadi iku nêmbêlas karo dhukuhmu |
dhewe ing Pagutan |
pêtinggi ing dhukuh sami |
iku sira Nuripin kang parentaha ||
40. Pan sun-gadhuhakên ing sira sadarum |
barang sêsanggannya |
mêtuwa saking sirèki |
pajêg puluh bau suku saking sira ||
41. Nuripin sru nêmbah-nêmbah matur nuwun |
kapundhèng mustaka |
pasihanipun (n)Jêng Kyai |
botên sagêd kawula darmi kewala ||
42. Pêtinggiku Luci timbalana gupuh |
padha pasrahêna |
mring Nuripin dipun-agilis |
dimèn mulih kon ngiring lurahe anyar ||
43. Luci gupuh nimbali pêtinggi dhukuh |
tan adangu prapta |
pinasrahkên pra pêtinggi |
sadaya wus dhinawuhan ||
44. Amangulu mring Nuripin barang tuduh |
kinèn amanuta |
marang Nuripin kang bêcik |
pra patinggi sadaya matur sandika ||
45. Wusnya sinung Ki Nuripin kinèn mantuk |
nêmbah lèngsèr nulya |

Jilid 7 - Kaca : 72

- ingiring para pêtinggi |
gumarudug kadi dadi dê mang anyar ||
46. Wusnya pungkur Ki Bayi malih amuwus |
mring kang putra miwah |
para kadang sadayèki |
aparakara ragangane si Murtala ||
47. Ya dèn-gupuh yèn wus prakarane rampung |
aywa kêlayatan |
iku bodholên tumuli |
ngupaya-a dinane ingkang prayoga ||
48. Undhagimu si Kriyamênggala iku |
lan si Kriyatruna |
Kriyapatra lan Ki Wêrni |
sanak Kalang Ki Prakosa Bauyuda ||
49. Dadi iku anggarap wisma têtêlu |
masjid gandhok omah |
pikirên barênge dadi |
ing sadina kono adêge barêngna ||
50. Omah têtêlu rayapên ing wong sadhusun |
supaya glis dadya |
lan pilêstèrè dèn-dadi |
sun wangêni sasasi dadining wisma ||
51. Lah wus gupuh rêmbugên dhewe kang rampung |
myang kulah pakiwan |
sapa tukange kang bêcik |
reka-reka kêmbang-kêmbangane kulah ||

10 (Ngêdêgakên griya kangge Sèh Amongraga lan Kèn Tambangraras)
II. Ngêdêgakên griya kangge Sèh Amongraga lan Kèn Tambangraras.
Ki Bayi dhawuh supados para rayi lan putra enggal ngusung ragangan griya
ingkang sampun katumbas lan enggal dipun-dêgakên ing kampung
Pananggungan, sawetan dalêmipun Ki Bayi. Tiyang kathah ngangkatni lan
ngêdêgakên griya, sarta mèsjid sinung balumbang angilèkakên toya,
katambahan taman lan kitri amêpaki, punapadene pagupon dara lan gêdhogan.
Sadaya sami sêngkut, rukun ing karya saengga sagêd rampung ing dalêm 4
dintên.
Sampun purna panggaraping wismanipun Sèh Amongraga, sadaya pinariksaan
Ki Bayi, tan wontên ingewahan. Nulya sami lênggah ing pandhapi, dhahar
sêsarêngan para kadang tuwin putra.
Kaca 73 - 90.

Jilid 7 - Kaca : 73

- 379 Gambuh**
52. Samya matur sandika sadayanipun |
tan lêganèng karsa |
Ki Bayi ngandika aris |
saiki banjurna ambodhol ragangan ||

53. Panggarapmu ing kono bae sor tanjung |
natar Pênanggungan |
kabèh kang anambut kardi |
besuk dêge lor wetan gandhok pungkuran ||

382 Pangkur

1. Jayèngwèsthi Jayèngraga |
myang pra ari Swarja Wiradhusthèki |
Panukma lawan Panamur |
miwah Ki Kulawirya |
samyamatur sandika gya pamit mundur |
linilan nulya bubaran |
sadaya jalu myang èstri ||
2. (n)Jêng Kyai Bayi Panurta |
lan kang garwa myang putra sèh Mongragi |
samyamalbèng dalêm agung |
Mongraga Tambangraras |
sakucumbu cèthi Cènthini tan kantong |
mring panêpèn pupungkuran |
wus rinukti sarwi adi ||
3. Linangse seta lus raras |
tinaruban ginaribig gumrining |
sing ro wus jênak nèng ngriku |
ing tajug panêgêsan |
datan arsa anèng jro tilam wisma gung |
kewala mung têrkadhangan |
mring pandhapa masjid jawi ||
4. Wau ta kang para kadang |
kumpul anèng wismane Jayèngwèsthi |
Jayèngraga wus nèng ngayun |
samyapirêmbagan |
rêragangan wismane Murtala wau |
Jayèngwèsthi lon lingira |
mring kang paman sadayèki ||
5. Mênggah trapipun ing karya |
punapinggih êbyukan sêdayèki |
punapa ta samya urun |
apan nyadasa sowang |
anauri para pamanira anut |
datan lêngganèng parentah |
sakarsanipun pan dadi ||
6. Byukan sanadyan urunan |
wong sadesa kêrsane (n)Jêng Kiyai |
gêlise bae pinundhut |
sumangga ing parentah |
Ki Wuragil Kulawirya nambung wuwus |
ki raka mênggahing kula |
kang kapanggih rêmbag-mami ||

Jilid 7 - Kaca : 74

7. Prayogi byukan kewala |
sakathahe anak-putu kinêrig |
sadaya tiyang sadhusun |
pênêd sami rumagang |
dadya samya katingal ing damêlipun |
dhokohing kathah supaya |
lêga galihe (n)Jêng Kyai ||
8. (ng)Gih tumuntên kalampahan |
mangke gampil etang kapanggih wingking |
pangraos kula pikantuk |
Jayèngraga lingira |
rêmbagipun paman puniku ngong tumut |
prayogi datan kuciwa |
nulya sadaya ngrêmbagi ||
9. Wus dadya (ng)gènnya bicara |
nulya Jayèngwèsthi ngandika aris |
inggi suwawi dèn-gupuh |
ambodhol kang ragangan |
dimèn nuntên katingal nèng natar mangu |
lan malih ing rêmbag kula |
sami bubuh ambumèni ||
10. Kula ambumèni langgar |
paman Swarja gandhok kalih bumèni |
paman Wiradhustha sumur |
kulah lawan pakiwan |
man Panukma ambumèni gêbyogipun |
man Panamar bumènana |
ngukir têbêng kori lèmpit ||
11. Dene paman Kulawirya |
ambumèni èsèl kang wêsi-wêsi |
Jayèngraga bumènipun |
gèndhèng sawuwungira |
kaki Sêmbagi Jumêna bumènipun |
sakèhe wong kasêntanan |
mêstèr jrambah sêddayèki ||
12. Pagêr jêro gèlamitan |
lawan kitri kang patut anèng ngarsi |
lawan kaping kalhipun |
pun paman Kulawirya |
lan si adhi Jayèngraga kula tuduh |
dadiya kulmaking karya |
lurah tukang sadayèki ||
13. Kabèh drêma bae mragang |
kang misesa kang ngreka rakit-rakit |
kang nyêpêng patanènipun |
sakèhing tukang-tukang |
mung Jèngraga lan paman Kulawiryèku |
kang ngrampung parentahan |

14. Jayèngraga Kulawirya |
tur sandika myang kabèh anjurungi |
wusira mangkana wau |
samyang ngatak rèrèyan |
kinèn bodhol ragangan mring wismanipun |
Murtala nulya sadaya |
pra rèrèyan mangkat aglis ||
15. Jayèngwèsthi Jayèngraga |
miwah para paman-pamanirèki |
samyang marang natar mangu |
nèng kampung Pênanggungan |
wus miranti ginêlaran kasah agung |
nèng ngriku para ngawirya |
tugur anjênêngi kardi ||
16. Samyang ambêkta kiriman |
pateyan myang sêkadar-kadarnèki |
tan dangu kang ngusung-usung |
ragangan kang rinayap |
prapta kabèh lajêng cinathok nèng ngriku |
natar mangu Pênanggungan |
têlas tan kongsi mangsuli ||
17. Miwah kang ngusung gèbingan |
wènèh gèbyog lakar dèlurung takir |
asêlur samyang sung-usung |
gèng alit panjang cêndhak |
wusnya prapta kajêng sadaya gumlundhung |
ajajar wontên ing nglatar |
wus tinampan ing undhagi ||
18. Pan lajêng binêlandhongan |
kang pinaju samyang ambêlédhangi |
moncong kang nugêli wadung |
anggraji wènèh nêbal |
ting kêramplong rame swaraning kang madung |
kang lagya nigaran tatal |
ana lagya marèjèngi ||
19. Wahipun saka panirat |
myang têrumpah jêjênêng kori lèmpit |
ingkang amasah gèbyog pluk |
kang mipit têtêng lawang |
ingkang karya talundhag canthèlanipun |
kêndhiting gèbyog pulêtan |
kang aranggang gandhok kalih ||
20. Myang karya sumur lan kulah |
wus pinêrnah sadaya dèn-kênthêngi |
miwah ukuring bêtatur |
winindu bata lepa |

dhudhukaning sumur karya rug-bêbatur |
tuwin kang lagya anggranggang |
langgar rinakit lir masjid ||

21. Mangkana kang nambutkarya |
anarêmpêng bang enjing bang Mahêrib |
kèndêl-kèndêl lamun wêktu |
enjing wanci byar surya |
surya nglarap dènnira sami akukud |
natar mangu tinaruban |
supaya yèn nambutkardi ||
22. Natar mangu Pênanggungan |
kadya pasar saking kèh nambutkardi |
kang masah méthèl mêmadung |
anggraji manglus natah |
nyathok blandar anganjingkên ganda maru |
angrapêt abên-abênan |
kang ngêpluk angêlis ||
23. Sadaya kang nambutkarya |
jawi lèbêt kathahe winêtawis |
apan wontên tigangatus |
ingkang anambutkarya |
dene wong ing Wanamarta kang tan milu |
sadaya amèt bubuhan |
amêdalakên kèndhuri ||
24. Pan datan pinarentahan |
samyâ têtung kajadira pribadi |
sidhêkah tumpêng lan wuduk |
panganan dhawêt rujak |
sabên dina giliran sidhêkah satus |
satus ambêng minra-tiga |
tigangdasa (m)bêng tri ènjing ||
25. Tigangdasa (m)bêng tri siyang |
tigangdasa tri ambêng sontènnèki |
gênging ambêng undha usuk |
ragi mèskin lan kuwat |
para randha kang sugih gêng ambêngipun |
ing sabên dina tan owah |
traping ambêng traping kardi ||
26. Tan prabeda rahabira |
datan ana ngrêsula kang sak sêrik |
adhangsan sadayanipun |
sarwa datan rêkasa |
saking dening (n)Jêng Kyai pangunahipun |
tan duwe manah kang arda |
dumadak tatrap pribadi ||
27. Jêng Kyai Bayi Panurta |
dènnya paring boja ing sabên ari |

Jilid 7 - Kaca : 76

limalas gêng ambêngipun |
limang ambêng enjingnya |
limang ambêng siyang miwah sontênipun |
wedang panganan sêgêran |
datan kêndhat sabên ari ||

28. Kajad anglujêngkên samya |
asung dhahar mumule (n)Jêng pra Nabi |
tuwin mule ing luluhur |
sadayu mawi pendah |
Kyai Bayi têrkadhang mijil mring mangu |
ningali kang nambutkarya |
tuwin warnining kêndhuri ||
29. (n)Jêng Kyai aris ngandika |
mring kang putra myang para ingkang rayi |
ya ambêng samono iku |
manira durung dhamang |
paran samya mêtù saking parentahmu |
Jayèngwèsthi aturira |
kawula tan marentahi ||
30. Tuwin paman tan parentah |
inggih saking kajadipun pribadi |
mantuk ing piyambakipun |
tan tumut nambutkarya |
samya kajad sêdhêkah kêndhurinipun |
sami têtangan piyambak |
samya gilir sabên ari ||
31. Ambêng agêng kathahira |
ing sadintênipun mêtal ping katri |
Ki Bayi lingira arum |
sokur Alkamdulilah |
agawe susah sakèhe nak-putu |
jabakna karêpe dhawak |
saking kêrana Lah-nèki ||
32. Sakèhe kang nambutkarya |
ingubêngan marang Kiyai Bayi |
tanya lan pangalêmipun |
apike panggarapnya |
santri Luci bikut ngajêngi andundum |
Kulawirya lir kapinjal |
jaba jro dèn-pariksani ||
33. Bêdhug rèrèn samya nadhah |
Kyai Bayi nêng ngriku arsa bukti |
lan putra ari akêmbul |
sarêngan lan wong kathah |
sawusira nadhah lajêng samya wêktu |
anêng masjid mangu salat |
wênèh salat nêng (ng)gonnèki ||

Jilid 7 - Kaca : 77

34. Wusnya bakda nambutkarya |
Kyai Bayi alênggah nêng surambi |
putra ri samya nêng ngayun |
Ki Baywa lon ngandika |
lagi pirang dina (ng)gèn nambutkaryèku |
matur kang samya liningan |
sawêg kalihdasa ari ||
35. Ngling malih karanane ya |
ingkang dadi kulmaking nambutkardi |
kang anyêkêl barang rampung |
Jêngaga lan si Wiryana |
ing saiki lagi apane kang uwus |
apa tangèh apa enggal |
Jayèngraga matur aris ||
36. Punika sampun sadaya |
namung kantong kang rêmèh-rêmèh kédhik |
tuwin ingkang karya sumur |
bêbatur mêtêr kulah |
wus sadaya namung kantong akingipun |
kados yèn botên sumêlang |
rampung salêbêting sasi ||
37. Punapinggih makatêna |
atur kula paman marang (n)Jêng Kyai |
Kulawiryana naur saguh |
iya bènêr turirana |
wong wus kabèh kari rêmèhane durung |
sunduga sêpasar êngkas |
rampungè jaba jro uwis ||
38. Ki Bayi lon ngandikanya |
kang nambutkarya sabobote gêlis |
sadaya nginggih atur |
saking bêngja paduka |
majadipun kalih wulan botên rampung |
mangka tan kongsi sawulan |
yêkti sawabe (n)Jêng Kyai ||
39. Ki Sêmbagi nambung sabda |
inggih talah trape kang nambut kardi |
arikat apik kalangkung |
kabèhe barêng dadya |
Kyai Bayi Panurta lingira arum |
rêmbugên kono adêgnya |
etunge dina kang bécik ||
40. Karsèngsun yèn pinarêngan |
tan kêpalang petang kang amêlati |
besuk tanggal wolulukur |
nuju dina Jumungah |
apa bécik ya ing tanggal wolulukur |
dospundi ing ngriku uwa |

yèn awon pilih punêndi ||

41. Ki Sêmbagi nulya ngetang |
kathuwêlan drijine angetangi |
pan kalêrsan puniku |
nuju dintên Patekah |
langkung pêned Jumungah ping wolulikulur |
datan asangar myang nangas |
etang Jumngah Buda Paing ||
42. Limalas lakuning surya |
pancasudanipun inggih tunggak-sêmi |
buta gajah watu wuku |
dhawah ingkang prayoga |
nanging wuku dhawah Endra Aryang Wurung |
punika ragi sumêlang |
watêg kasusahan pikir ||
43. Ki Bayi alon ngandika |
angsal datan nangas sangar wus bêcik |
sawabe Jumungah cukup |
awona sawatara |
tan ngapa-a priye ing kono Pangulu |
ngalap bêrkah ing Jumungah |
kabèh anjurung utami ||
44. Inggih prayogi karsanta |
namung mên dhêt sangat ingkang utami |
ya bènêr sirèku wuwus |
sangating sawab tama |
wayah apa Ahmade ing wolulikulur |
lah mara etungên samya |
kowe kono Basarodin ||
45. Ki Pangulu aturira |
Ahmadipun pêcak sadasa enjing |
Ki Kulawiryama muwus |
ambakna wong ngaetang |
bliwar-bliwur pêcak sadasa prèhipun |
(n)dika wiwiti punapa |
lêrêse enjing Ibrahim ||
46. Yusup Ijraile siyang |
Ahmadipun bakda Jumungah lingsir |
sangat tanggal wolulikulur |
Ibrahimpun enjing |
lah botên ta makatên pangetangipun |
Ki Pangulu ngling anjola |
e inggih kasupèn mami ||
47. Ki Kulawiryama anabda |
winor guyu kalingane Ki Modin |
kajaba donga Majê muk |
kang tan kenging kalepyan |
ngulinakkên barêkalan kongsi wisuh |

tangan mêksih gèbèl upa |
kêsusu-susu amulih ||

Jilid 7 - Kaca : 79

48. Ginaguyu ing ngakathah |
Kyai Bayi gumujêng sarya angling |
gèbèl upa priye mau |
kang rayi aturira |
pan punika inggih pun kakang Pangulu |
dènnya andongani hajad |
tan kantos dènundang prapti ||
49. Sabên dintên datan tuwang |
sagêd pangguh pêpaka kang kèndhuri |
sampun waradin sadarum |
sami gilir sêdhêkah |
ingkang dèrèng sêdhêkah mung kang Pangulu |
Ki Pangulu mèsêm mojar |
niyatkula benjing-enjing ||
50. Gêgêtun kula kèlintang |
ngong-wastani datan mawi kèndhuri |
kêlorog sadasa dalu |
botên uningèng ajad |
mila kula sarêng mirêng gupuh-gupuh |
ajad mawi dinonganan |
maune ngong dèrèng mikir ||
51. Ki Bayi gumujêng nabda |
iya ta lah dadi guyon si Modin |
lan malih etungên mungguh |
lawang pinara sanga |
Ki Sêmbagi Jumêna matur (ng)gih sampun |
mèt dhawahe kawan lawang |
winastanan olèh bangkit ||
52. Ki Bayi alon ngandika |
kadipundi uwa petanganèki |
Ki Sêmbagi aturipun |
pagêr pinara sanga |
kang ingetang kawit wetan pinggir ngayun |
punika ingkang winastan |
lawang olih akak salih ||
53. Ping kalih tan darbe utang |
kaping tiga dukacipta kang kori |
ping pat olih pintêr ngèlmu |
panca lawang kêpatyan |
ping nêm lawang ati kêras rosa bêndu |
sapta lawang lèh sugihan |
wolu cacading narpati ||
54. Ping sanga lèh batur kathah |
jangkêp sanga pêngalore binincil |
wit ingetang saking kidul |

lawang lèh arta ala |
ping kalih lawang sarwolih sugih ayu |
ping tri lawang sugih anak |
lawang mênang ngangkuhi ||

55. Panca lawang kêmalingan |
ping nêm lawang lèh sugih suka ati |
ping pitu lawang lèh bëndu |
wolu lawang lèh warta |
kaping sanga lawang gêringan sring wuyung |
wus jangkêp nêkuk mangetan |
pagêr lèr ngetang kilèn wit ||

Jilid 7 - Kaca : 80

56. Lawang kapisan gêringan |
kaping kalih lawang kèh tamunèki |
ping tri lawang sugih sunu |
pat lawang kèh ngalanan |
kaping lima lawang kêmalingan iku |
ping nêm lawang olèh karya |
jajalaran saking siwi ||
57. Sapta lawang budi rosa |
wolu lawang lèh dosa saking siwi |
ping sanga mêlarat muput |
jangkêp malih ingetang |
pagêr wetan wit saking lèr etangipun |
lawang dosa saking liya |
ro lawang lèh èstri adi ||
58. Ping tri lawang lèh bujana |
ping pat lawang olèh sampurnèng kardi |
panca sugih srananipun |
ping nêm lawang rusak tyas |
kaping pitu lawang asring tukar padu |
wolu gêdhening tyas |
ping sanga lawang malingan |
wus jangkêp têtung binincil ||
59. Inggih mangsa borong uwa |
wajibipun têkiyar amrih bécik |
èh Kulawirya sirèku |
rêmbaganing ngakathah |
prayogine ya ing besuk wolulukur |
wis padha nambuta karya |
gêlakên kang durung uwis ||
60. Kundur (n)Jêng Kyai Panurta |
tan winuwus sakantune wus dadi |
yata ing nalikanipun |
praptèng sawiji dina |
Jumungah Paing tanggal ping wolulukur |
latar mangu Pênanggungan |
jêjêl jalma lèbèr jawi ||

61. (n)Jêng Kyai Bayi Panurta |
 nèng pandhapa lênggah lawan Mongragi |
 Malarsih lawan kang sunu |
 Kèn Rara Tambangraras |
 cèthi Cènthini ngladèni abikut |
 dhêdharan enjing-enjingan |
 bikut lawan Ni Sumbaling ||
62. Ki Bayi lon angandika |
 Luci sira timbalana dèn-aglis |
 anakmu lawan kyaimu |
 kang padha anèng jaba |
 santri Luci tur sandika sigra mêtù |
 nimbali putra kalihnya |
 pra ari myang kyai-kyai ||
63. Nulya kerit lampahira |
 praptèng ngarsa ngabêkti tata linggih |
 wènèh atur salamipun |
 tarap anèng pandhapa |
 Kyai Bayi aris dènnira amuwus |
 paran wus pêpak sadaya |
 anak putu sadayèki ||
64. Lawan kang sinambutkarya |
 apa uwis kabèh tan ana kari |
 umatur sadaya sampun |
 kantun ngusung kewala |
 iku mêngko arahku Jumungahipun |
 ana ing kono kewala |
 bêbatur wisma wus dadi ||
65. Gaweya mimbar sadhela |
 lir kokobong bae linangsèn putih |
 ngiras ngalap bêrkahipun |
 Jumungah dadya tulak |
 supayane supangat mungguh ing ngèlmu |
 ing masjid gêdhe suwungna |
 ngalang Jumungah sawiji ||
66. Samya umatur sandika |
 winor guyu sami sasmitèng linggih |
 gya Nuripin praptanipun |
 ngirit rèrèyanira |
 sarwi (m)bêkta uwos tigangdasa pikul |
 thil-inthil pala pèndhêman |
 tela kimpul wi gèmbili ||
67. Gumarudug dèrèng prapta |
 matur nêmbah ngaturakên wong binaris |
 Ki Bayi gumujêng muwus |
 iya bangêt tarimèngwang |
 kabênêran Nuripin têkanirèku |
 aturna mring nyainira |

Jilid 7 - Kaca : 81

sira banjura ngladèni ||

68. Nèng pawon sakancanira |
aywa milu sira anambutkardi |
kabèh iku wong ing dhukuh |
nèng pawon tugurêna |
Ni Malarsih alon dènnira amuwus |
Nuripin sira banjura |
marang pawon bae aglis ||
69. Nuripin matur sandika |
sarèhning andika lajêng juroni |
yata (n)Jêng Kyai amuwus |
lah wis payo Bismilah |
angkatèna kabèh kang padha sung-usung |
kang liningan tur sandika |
putra miwah para ari ||
70. Samya ngatak rèrèyannya |
sarêng mundur putra sira king ngarsi |
kang dadi manggalanipun |
Ki Ragil Kulawirya |
dan ingangkat saka bêlandar dêlurung |
andêr molo pangrêt serang |
usuk wuwung lawan takir ||
71. Kumêrap asêsêmutan |
pan anggili kang ngusung manjing mijil |
sakenjing rame andulur |
pinêtak prênahira |
wisma gandhok kêkalih katri lan tajug |
tan kêliru adunira |
sadaya wus dèn-angkani ||
72. Kang sasaka sami saka |
inggang ricik sadaya sami ricik |
wus gêmah samya tinumpuk |
têlas inggang ngusungan |
Kulawirya mubêng nitik angkanipun |
kêpanggih lèrês angkanya |
nulya (n)Jêng Kiyai Bayi ||
73. Mriksani kang nambutkarya |
sarwi mrênahakên pangimbar êpring |
sêdhênge panggonanipun |
pra ari kang mêragang |
sampun sami prayogi panggènnipun |
nulya wus linangse pêthak |
miwah panggènanne èstri ||
74. Pan wus ingalingan kajang |
Ki Bayi ngling hèn Luci dèn-agêlis |
wêtokna wedangmu bubuk |
lawan juwadah jênang |

Jilid 7 - Kaca : 82

- kang warata sakèhe pra anak-putu |
 santri Luci sigra mentar |
 mubêng angingon-ingoni ||
75. Ngling malih hèn Kulawirya |
 mêngko yèn wus padha wedangan sami |
 undangana sêdayèku |
 samya bar Jumungahan |
 anèng kene bae kang pada maujud |
 Kulawirya tur sandika |
 nulya samya dèn-undangi ||
76. Saur manuk sadayanya |
 nulya kundur asiram (n)Jêng Kiyai |
 mangkana sadayanipun |
 sawusira ngingonan |
 samya adus susuci mèt banyu wulu |
 lan dangu nulya ngalêmpak |
 nèng batur wisma arêsik ||
77. Pênuh lèbèr palataran |
 jalu èstri sunat sukril wuluki |
 miwah tahyatul masjid |
 Kyai Bayi Panurta |
 lan kang putra Sèh Mongraga praptèng ngriku |
 Malarsih Kèn Tambangraras |
 Sumbaling cèthi Cênthini ||
78. Miwah para èstri kathah |
 wusnya kabèh sunatan darus ngaji |
 nalikane manjing mêtù |
 Jumungah binêdhugan |
 masjid agung lawan bêdhug masjid mangu |
 Kaputran myung Pakauman |
 tuwin bêdhuging pra ari ||
79. Gumêmplang panasing surya |
 supramdene kang sunat sadayèki |
 tan angraos panasipun |
 malah srêp sawatara |
 jalu èstri anèng ngriku ciptèng kalbu |
 majade panas grah-uyang |
 prandene datan manasi ||
80. Baya sawabe Mongraga |
 sakaliyan sawabe (n)Jêng Kiyai |
 yata antaraning bêdhug |
 bêdhug wus sinalahan |
 sakèndêling bêdhug cêp tan na kêrunggu |
 Kyai Swarja Wiradhustha |
 Pamukma Panamar tuwin ||
81. Kulawirya samya adan |
 yata adan kang adan sri kapyarsi |

- wong lima barêng swara rum |
wuse sami asunat |
nulya êcis sinungkên tinampan sampun |
gya sira Ki Jayèngraga |
nulya mangasiral aglis ||
82. Wusnya sira mangasiral |
Sèh Mongraga ingkang kutbah anuli |
mungguh salawat ping têlu |
Jèngwèsthi nulya adan |
adan ririh gumarènggêng tan asêru |
wusnya nuli Sèh Mongraga |
tangawudira matitis ||
83. Apan kutbah wali sana |
swara ririh ruruh alêp ngalap sih |
sajak Yaman manis arum |
wilêde ambiyolah |
amlas-asih sambada lan kutbahipun |
ingkang wus sumurup makna |
angrês tyase lir kaptin ||
84. Kang durung wêruh ing makna |
ngondhok-ondhok de swara ngasih-asih |
Tambangraras luh tumuntur |
myarsa raosing kutbah |
jalu èstri kathah samya ngêmu êluh |
mangkana akiring kutbah |
wus tamat gya dèn-tamati ||
85. (n)Jêng Kyai Bayi Panurta |
angimami Jumungah nulya takbir |
usalli takbir sadarum |
surat wusing Patekah |
apan surat Watini ing awalipun |
akire Inna anjalna |
sarta mawi dèn-kunuti ||
86. Wus prapta akiring tahyat |
salat bakda slawat lajêng pupuji |
gya dhikir ambata-rubuh |
lajêng amaca donga |
wus pèragat slawat salaman sampun |
kêndhuri apêm dinongan |
susnya binage wêradin ||
87. Miwah kang salawat arta |
jalu èstri rong kèthèng tan na kari |
bakda bar Jumungahipun |
parèstri wus bubarun |
(n)Jêng Kyai ngling mring putra myang arinipun |
lah mara payo Bismillah |
sakane guru dèn-aglis ||

88. Kabèh padha jathokêna |
 kang liningan padha angkatag jalmi |
 sigra sasaka jinunjung |
 pangêrêt myang bêlandar |
 saka goco pêngiwa lan andêripun |
 punang saka pat ingangkat |
 sarêng adêgira sami ||
89. Swaraning kang nambutkarya |
 pan gumuruh aloke ting jalêrit |
 wus ngadêg sasakanipun |
 sigra blandar ingangkat |
 ligarangakên sarta alokipun |
 kang raka pinarentahan |
 gandhok pinrih sarêng dadi ||
90. Ki Suharja sigra ngatag |
 nuntên nusul ngadêg gandhok kêkalih |
 lan malih mring putranipun |
 Jèngwèsthi pinarentah |
 kinèn ngadêgakên aglis tajugipun |
 kang putra sigra angkatag |
 mring wong myang undhaginèki ||
91. Sadaya sarêng tumandang |
 wisma langgar lawan gandhok kêkalih |
 rame swara sru gumuruh |
 barungan tanpa rungwan |
 Kyai Bayi lan Sèh Amongraga luhung |
 lênggah bale tinaruban |
 sêsajèn dhêdharan ngarsi ||
92. Kulawiryra lir kekeyan |
 anyakupi sakèhe nambutkardi |
 bancang pat parentahipun |
 ngungkuli para kadang |
 cèkèh cikat cêlingkrik mènèk mandhuwur |
 saruwale kombor pèthak |
 tudhung basunanda prêkis ||
93. Tan wigih ing pêpènèkan |
 ngetan ngulon lumayu turut takir |
 maoni kang durung mungguh |
 watak nora sêrantan |
 tinandangan dhewe sapakolihipun |
 takir pinilês dèn-wawal |
 kancing-kancing sampun manjing ||
94. Usuk serang caluringan |
 manjing kabèh pakêncêng wis kinancing |
 topèng pinritgantil kukuh |
 serang wus ingingkaban |
 bêlandar kinêlam ing ura-ura duk |
 takir ambangkok nèng gimbal |

Jilid 7 - Kaca : 84

inggil-inggilan wus dadi ||

95. Wisma gandhok lawan langgar |
apan sarêng wuse panjangan inggil |
Ki Kulawiryia glis muwus |
lajêng apêparentah |
gêbyog-gêbyog kinèn angêtrapkên gupuh |
cakut kang pinarentahan |
sambunge wus dèn-angkani ||
96. Samya sarêng mara mragang |
tinrapakên sakèhe pra undhagi |
kang sadaya gêbyogipun |
pan wus atrap sadaya |
Kyai Bayi alon dènnira amuwus |
hèh Jayèngwèsthi Jèngraga |
lan pamanmu kon mangarsi ||
97. Gupuh marêg kang liningan |
atêtanya Ki Bayi lan kang rayi |
hèh Wiryia apa ta uwus |
kari apane ingkang |
durung atrap Ki Kulawiryia umatur |
wondene kang dèrèng atrap |
kantun têbêng kori lêmpit ||
98. Kang nginggil gêndhèng êrènguya |
ingkang dèrèng Ki Bayi angling malih |
ya wus lèrèna sadarum |
arêbut wêktu Ngasar |
apa mangan dhisik apa pèrlu wêktu |
rèhning padha akir Ngasar |
Kulawiryia matur aris ||
99. Aluhung rêbat sêmbahyang |
yèn wus salam mangke sami abukti |
Ki Pangulu nambung wuwus |
mênggah rêmbag kawula |
luhung nêdha rumiyin prayoginipun |
ngling Suharja Wiradhustha |
ngong rêmbag amangan dhingin ||
100. Pakolih maklum ing kathah |
Kulawiryia gumujeng nambung angling |
batos kula (ng)gih kadyèku |
nanging sampun katingal |
(m)bujêng bukti (n)Jêng Kyai angling gumuyu |
bênêr si Pangulu Basar |
-rodin ngur madhangan dhingin ||
101. Kang rayi matur sumangga |
nulya nuduh Ki Bayi marang Luci |
mara wêdalna ambêngmu |
santri Luci asigra |

Jilid 7 - Kaca : 85

- ngatag marang Nuripin sakancanipun |
 anata kêndhurinira |
 jinèjèr wus winatawis ||
102. Rolas ambêng wrat gotongan |
 tuwin rampèn kêndhuri saking wuri |
 ambêng têlungpuluh têlu |
 dhulang myang layah tampah |
 wus pinetang sadaya kêpunganipun |
 sakawan ambêng ing ngarsa |
 kêndhuri nêng panjang giri ||
103. Wusnya rumat ambêngira |
 Ki Baywa ngling marang Ki Basarodin |
 lah donganana Majê muk |
 mule kang akal bakal |
 lan slamête kang nambutkarya sadarum |
 salamête wong sadesa |
 nak-putu Wanamartèki ||
104. Ki Pangulu tur sandika |
 nulya (n)donga sinauran gêr amin |
 gumuruh ambata-rubuh |
 sawusnya dinonganan |
 samya wijik dan lêkas nadhah sadarum |
 pan sami pikantukira |
 nutug dènya samya bukti ||
105. Nulya samya aluwaran |
 ambêng dinum cinarik wus binagi |
 waradin sadayanipun |
 lajêng samya bubarana |
 Kyai Bayi Panurta aris amuwus |
 mring kang putra myang rinira |
 pikirên prayoginèki ||
106. Arahku besuk Jumungah |
 pêndhak kiye kênane dipindhahi |
 bisa arampung sadarum |
 jêro lawang korinya |
 rêsikane pisan palataranipun |
 kitrine ingkang prayoga |
 gaweya balumbang mili ||
107. Nyidhata banyu srèwèhan |
 josing tajug laju mring jamban mili |
 yèku prihên bisa rampung |
 ywa kongsi pindho karya |
 ingkang putra lan para ri samya matur |
 kados botên pindho karya |
 tamtu rampung sadayèki ||
108. Lah iya Alkamdulilah |
 payo bubar rêbut wêktu wus akhir |

Jilid 7 - Kaca : 86

- Kyai Bayi nulya kundur |
 putra ri sarêng mēdal |
 Sèh Mongraga lajêng mring panêpènipun |
 kang rama mring langgar ngarsa |
 ing ratri datan winarni ||
109. Enjingipun kang winarui |
 bakda Subuh kawit anambutkardi |
 nutugakên ingkang durung |
 tēbêng kori lēmpitnya |
 myang gēdhongan kokoh lan ambènipun |
 nambal jrambah kang dhinungkar |
 ing saka pinêstèr malih ||
110. Sadaya kang bibal-bibal |
 tinambalan apan pinulih malih |
 ginêblèg gangsur sinapu |
 ginarit jojobinan |
 miwah kowèk-kowèk tilas ngowak labur |
 wus sinalin rinêsikan |
 kanan kering saking wuri ||
111. Mangkana ing sabên dina |
 pan ginêlak trape kang nambutkardi |
 rèng gēndhèng tanapi wuwung |
 jaro gapit jêjêdan |
 lawang kori kang (ng)garap bēlumbang tajug |
 ingilèn toya gumantar |
 mili angubêngi masjid ||
112. Kēbon wingking paninisan |
 mawi langgar alit tinata inggil |
 mrapat (n)dhak-undhakanipun |
 ngegla tan ginêbyogan |
 kitri pacar-cina lawan pacar-kuku |
 tayumas patra-mēnggala |
 andong bang lan kayu puring ||
113. Sikatan dēlima wantah |
 anggrèk-wulan argulo wora-wari |
 kēnanga cêpaka wungkul |
 tongkèng lan sêkar dangan |
 inganjanan pinalēngkung mlati mênur |
 rekane Ki Kulawirya |
 sinêkar sataman asri ||
114. Putêran kitri trumruna |
 jram pacitan purut pēcêl watawis |
 pucang sêlan tiris puyuh |
 pinutêr ingantêban |
 kitri ngayu sawo pēlêm dodol madu |
 santog lan jambu drêsana |
 myang kēlampok arum manis ||

Jilid 7 - Kaca : 87

383 Dhandhanggula

1. Wismanira Ki Sèh Amongragi |
uwus purna salirira dadya |
tan kanti pëndhak dinane |
mung kawan dintên rampung |
wus tan ana labêting kardi |
sinaponan sumilak |
tan katara lamun |
pagriyan anyar kinarya |
kitri-kitri tan ana ngalum-alumi |
lajêng sêkar mardapa ||

2. Kulawiryia lawan Jayèngragi |
bakda Luka wus anèng griyanya |
angubêngi sadayane |
lamun ana kêliru |
tuwin ingkang dèrèng prayogi |
pan wus sadayane ka |
tan ana kang saru |
Kulawiryia kagawokan |
arêrasan kalih lumampah ngidêri |
kalawan Jayèngraga ||

3. Iya ta lah jroning gawe iki |
barang sinambut nora rêkasa |
wit mantu kanti saprene |
tangkepé wong sadarum |
kang anumbang munjung kêndhuri |
sabên dina tan kêndhat |
miwah bau suku |
dhangan rikat tur prayoga |
doh ing majad sun rêrasan iya saking |
bêgjane Tambangraras ||

4. Jayèngraga anauri aris |
inggih lèrês (m)bakyu ingkang bêgja |
sawab saking mangunahe |
Ki Sèh Mongragi luhung |
paman pan punika kang mawi |
kados puniki paman |
wisma kang rinamut |
tan nyana sagêd glis dadya |
apan têbih majade takêring kardi |
tan sampun tigang wulan ||

5. Kadosta punika kitri-kitri |
tan ana lum asêgêr kewala |
malah sungut prêdapane |
lah botên ta puniku |
têtelane mangunahnèki |
putra (n)dika Mongragi |
karya elokipun |
Ki Kulawiryia anabda |
iya talah wus nora kêna pinikir |

labêtîng ngulama kas ||

6. Angling malih wau Jayèngragi |
e lah lèrês paman kêkirangan |
mung bakuponipun dèrèng |
paman prayogi sinung |
anauri manira lali |
iya mêngko andadak |
dadine be sesuk |
yata Ki Bayi Panurta |
lagya angêploki daranira Gambir |
kang bêblês ing ngawiyat ||
7. Apan sabên enjing sajêgnèki |
wong sadesa pisan Wanamarta |
kang dadi kabungahane |
anggêrtak dara mabur |
sru ngangngangan sawangan muni |
kang jodhon kang bayakan |
samyã muluk-muluk |
kinêplok-an-kinêplok-an |
lamun nuju pêksi pradangga mimiling |
darane byar anglarap ||
8. Salang tiyup mawut dènnya wiwrin |
ambyar ura mawur asasaran |
arêbut dhucung udhunnya |
ana nilap mandhuwur |
bêbês amblês katon sabibis |
cat kaksi uga ilang |
mêmêt nyamut-nyamut |
kang duwe dara asuka |
miwah lamun kang dara nuju pinêndir |
ing pêksi alap-alap ||
9. Atilapan wat-wêt angindhani |
wong sadesa swarane gumêrah |
samyã alok lere-lere |
yèn muput nilap mudhun |
dara mencok baguponèki |
kang duwe bungah-bungah |
dèn-kudang lir sunu |
pan mangkana wong sadesa |
sabên enjing apan wus dadya kamuktin |
anglawatakên dara ||
10. Lamun sontên wanci Asar akir |
kabungahanira ngundha-undha |
layangan glathik êmprite |
jêprah panjêr amuluk |
barung umyung mawi sêndari |
angèrèng kapawanan |
dadya srining dhusun |
awor swaraning kitiran |
sarta unining gamêlan angrêrangin |

suraking rare dolan ||

11. Myang (m)bêngingèhing kuda sarènti |
kapyarsa ring pêrapating desa |
lambat-lambat gong unine |
nganyut-anyut karungu |
dhasar munggul kêtêp kang kitri |
sambada swabawanya |
desarja gêng kubuk |
sênênning dhusun apraja |
wong amanca samya anêbut nagari |
kêrajan Wanamarta ||
12. Tan wun ucapên sringing desa di |
yata (n)Jêng Kyai Bayi Panurta |
wuse ngêploki darane |
lajêng mring wisma baru |
santri Luci lawan Nuripin |
ngiring (m)bêkta lantaran |
lan salêpanipun |
Kyai myat putra-rinira |
angling malih apa wus suwe sirèki |
matur duk bakda Luka ||
13. Sarwi samya midêr ningali |
dene kiye iya wus prayoga |
tan ana kuciwa kabèh |
kitrine tan ana lum |
sêgêr bae banjur abêcik |
putra ri nuwun turnya |
sabda sampeyan wus |
nulya Ki Pangulu prapta |
kadya sabên kang martamu lan kang èstri |
samya (m)bêkta dhadharan ||
14. lajêng nusul mriki Nyai Bayi |
nulya para ari ingkang prapta |
Suharja Wiradhusthane |
Panukma lan Panamar |
lajêng nusul kewala sami |
ningali rakit wisma |
samya cipta gumun |
ilang labêting dhudhukan |
miwah kitri tan ana alum sawiji |
lir lami wus sawarsa ||
15. Kyai Bayi angandika aris |
wis ayo padha maring pandhapa |
sadaya sumngga ture |
praptêng pandhapanipun |
wus atata dènnira linggih |
Ki Sèh luhung Mongraga |
garwa sakucumbu |
umarêk prapta ing ngarsa |

Jilid 7 - Kaca : 89

ingkang rama samya ngingsêri kang linggih |
miwah kang para rayat ||

16. Ni Malarsih lawan Nyai Bayi |
nata dharan piyambak-piyambak |
Sumbaling lawan cèthine |
samya ngladèni ngayun |
santri Luci nepasi gêni |
anglone mongah-mongah |
wedang pinrih sêpuh |
Ki Bayi alon ngandika |
payo padha sêsarapan mupung enjing |
enak angêt-angêtan ||
17. Kaya sabênne bae abêcik |
kêmbul wis kono padha wisuha |
gupuh kang liningan kabèh |
samya sarêng awisuh |
lah wis payo Bismillah bukti |
nulya sami anadhah |
aroyom pikantuk |
kêmbulan lawan wong kathah |
santri Luci Nuripin lan Jamal Jamil |
myang lurah santri kapang ||
18. Samya nutug tuwuk kang abukti |
nulya luwaran awiwijikan |
kinèn ambagi ambênge |
gya dinum brêkatan wus |
jalu èstri sampun waradin |
gantya ingkang dhêdharan |
kinêkêt ing ngayun |
angling payo mêmangsêgan |
sapêkolèh apa sasênêngirèki |
wowohan juwadahan ||
19. Samya nyênjamikan sadayèki |
Kyai Bayi alon angandika |
hèh Wiryah dhèk wingi kae |
sapa kang duwe manuk |
kang sinaut lap-alap kêni |
matur Ki Kulawirya |
inggih pêksinipun |
rinta pun kakang Suharja |
angandika iku daramu kang êndi |
apa si Ganjur megan ||
20. Matur dede pan inggih pun Panjing |
angling malih pindhone kang dara |
luput kongsi bundhêl suwe |
sapa kang duwe manuk |
pêsthi ujar awake kawin |
dèn-cêngkrêm alap-alap |
Kulawirya matur |

Jilid 7 - Kaca : 90

- pêksi-ngong pun Kaladuta |
 inggih botên wontên labêtipun kawin |
 saras-sèrès kewala ||
21. botên bodhol gulune satunggil |
 bundhêl cinangkêrêm botên pasah |
 Ki Bayi gumuyu linge |
 bêgja tèmên sirèku |
 pamulane tênguh kang pêksi |
 Kulawirya turira |
 inggih yêktosipun |
 kula nyoba Jamil Jamal |
 kèn nyarati tênguh supaya tan kêni |
 sinaut alap-alap ||
22. Samya noli sadaya kang linggih |
 Kyai Bayi ngling malih prayoga |
 padha anelat sarate |
 sadaya sarêng muwus |
 samya takèn sarating pêksi |
 (n)Jêng Kyai andikanya |
 gus Jamal Jamilun |
 tulunga amrih manpaat |
 karya tulus sukane sêsami-sami |
 Jamil matur sandika ||
23. Inggih gampil saratipun nênggih |
 apan inguntalan lancêng pêthak |
 balêndhuk gêbang lan malèh |
 jamur lot jamur paku |
 insa Allah tênguh kang pêksi |
 sarate pêksi kewan |
 pan punika tênguh |
 Ki Kulawirya anabda |
 kang Pangulu Basar anganèh-anèhi |
 akèh wong (ng)gêtak dara ||
24. Kang Pangulu (ng)gêtak bèbèk brati |
 kabèh menthoge samya kalangan |
 niku punapa sababe |
 lir dara nglawat muluk |
 Ki Pangulu mèsêm nauri |
 inggih pun adhi Jamal |
 apan akalipun |
 kula dhih-dhuh dhèdhèwèkan |
 nuntên menthog-kula dipun-sarati |
 wikana kang kinarya ||
25. Nanging punika cacade kèdhik |
 lamun botên wontên adhi Jamal |
 menthog maksih mènthèk-mènthèk |
 pan datan sagêd mabur |
 sanès lamun wontên dhi Jamil |
 menthog sagêd anglawat |
 lir dara amuluk |

dugikula sosopakan |
dene botên sagêd awèt ibêrnèki |
sangêt cuwaning manah ||

11 (Bab karêmênan pêksi dara)
Salêbêting lélênggahan sami rêrêmbagan bab karêmênan pêksi dara. Lajêng kasambêt Sèh Amongraga nêrangakên bab uwiting ngèlmu kalêbêt bab risaking ngèlmi, bab sukur dhatêng tokit/tekad kang santosa, risaking tapa, witing amal, witing lampah, dumugi bab risaking naraka.
Wanci têngah dalu sasampuning wirid tuwin suhul Sèh Amongraga mêjang garwanipun bab hikmahipun salat Duha dalah waosanipun tuwin bab salat tasbih. Bakda Subuh lajêng lênggahan ing pandhapi kalihan Kyai Bayi Panurta sarta para rayi, putra lan Pangulu Basarodin.
Kaca 91 - 99.

Jilid 7 - Kaca : 91

383 Dhandhanggula

26. Kulawiryu gumuyu nauri |
malêm têmên kang Pangulu Basar |
mring Jamal Jamil mitrane |
akèh paedahipun |
sakarêpe dipunturuti |
Ki Bayi lon ngandika |
ya wong mono yèn wus |
kacondhongan barang karsa |
nora nana karone sumêlang ngati |
datan taha-tinaha ||
27. Matur inggih kasinggihan ugi |
angling malih Ki Bayi Panurta |
mring putra Sèh Mongragane |
mênggah raosan ngèlmu |
siyos wurungipun kêdadin |
inggih kadi punapa |
ing wiwinihipun |
Sèh Mongraga aturira |
apan inggih kêdah uninga ing uwit |
pan sadasa prakarsa ||
28. Inggih wajib punika ngyêktèni |
sabab gêr-ugêr dadya pratandha |
saèstu tan kenging wèng-wèng |
inggih ingkang puniku |
sawab prêlu wiwinih ngèlmi |
kang sadasa prakara |
nênggih kang rumuhun |
witing ngèlmu pan sahadad |
de rusaking ngèlmu tan anut ing Nabi |
agama Rasullolah ||
29. Inggih kaping kalih witing urip |
inggih takyun liring takyun nyata |
anyatakkên ing bêcike |
ingkang mungayan kusus |
de kang dadya rusaking urip |

munkir ing pêtakonon |
rahayu ing tuwuh |
kaping tiga witing pêjah |
mapan ajal witing ajal kang ngawruhi |
purnaning sangkan paran ||

30. Rusaking pati tan angsal tuding |
pituduhing guru ingkang wus man |
kaping pat witing imane |
mung panarimanipun |
liring panarima lêstari |
tan ana mêlanging tyas |
muhung ing Hyang Agung |
rusaking iman pan ilat |
lacut mènclè pêncêlutanira kangsil |
ing gangsal witing pana ||

31. Mapan inggih sokur maring tokit |
lire tokit tekat kang santosa |
dene rusaking tapane |
alaba mamah mumuh |
tyas kumêlap manggung kuwatir |
kaping nêw witing amal |
nênggih eklasipun |
liring eklas tan pepeka |
rusaking amal punika tanpa ngèlmi |
kang wajib lan kang mokal ||

Jilid 7 - Kaca : 92

32. Kaping sapta witing laku nênggih |
apan niyat liring niyat ingkang |
kasdu kang tan na kên dhate |
rusakipun ing laku |
ingkang tanpa sêdya ing ati |
ping wolu witing salat |
kang krana Lah-ipun |
liring krana Lah tan susah |
pan rusaking salat rubedaning ati |
ping sanga witing swarga ||

33. Apan anut ing kabar kang yakin |
liring kabar yakin pan sarengat |
dalil kadis ijêmake |
rusaking swarga nêngguh |
pan suwala hawa lan budi |
sadasa witing nraka |
tan anut ing Rasul |
lire tan anut anak |
rusaking nêraka mênang jangkêpnèki |
kang myarsa suka rêna ||

34. Kyai Bayi angandika aris |
iku padha rasakna prayoga |
urip kudu wruh uwite |
ana geyonganipun |

sèngga jala wruh pupusnèki |
ahliya pira-pira |
anggeyong puniku |
sadaya kang anèng ngarsa |
samy matur nuwun kasinggihan ugi |
pratikèle agêsang ||

35. Angling malih (n)Jêng Kiyai Bayi |
iku besuk ing malêm Jumungah |
anakmas ing pangalihe |
arahku mêngko dalu |
akataman ing malêm Kêmis |
nuli malême Jumngah |
dhikiran Maulud |
de sarèhning kana rupak |
ya kêjaba nèng pandhapa bae ngriki |
kurmat Nabi salawat ||
36. Samya umatur inggih prayogi |
angandika lah wis Jayèngraga |
mêngko ing bakda Ngisane |
rêmbugên lan pamanmu |
timbangana pra lurah santri |
kang putra tur sandika |
myang para rinipun |
lah uwis padha bubarane |
samy nèmbah lèngsèr saking ngarsa mijil |
Pangulu samodinnya ||
37. Parèstrine samya tan na kèri |
(n)Jêng Kiyai kundur maring wisma |
Sèh Mongragana lan garwane |
marang panêpènipun |
Ni Sumbaling lawan Cênthini |
angatah kancanira |
kinèn akêkêlut |
sadaya wus rinumatan |
wus mangkana yata kawuwusa santri |
ing wanci bakda Ngisa ||
38. Ing wisma nyar sami pinêranti |
ginêlaran lampit myang kalasa |
myang pandhan kêrêp jèjère |
bantalan-bantalan atêpung |
sinêbaran kang bungah ramping |
sêkar anjarah jêrambah |
ingkang campur bawur |
Ki Bayi bakdanya salat |
pan pinarak lan kang putra Sèh Mongragi |
nèng ngriki ing wisma-nyar ||
39. Nulya ingkang putra lan para ri |
Ki Pangulu lawan pinituwa |
lurah-lurah sadayane |

- wus tata dènnya lungguh |
 Kyai Bayi ngandika aris |
 lah Pangulu Bismilah |
 wiwit tata darus |
 Ki Pangulu gya têtakabal |
 lahu minkum mina wa minkum ya karim |
 santri kèh barung samya ||
40. Langkung gumuruh swaraning santri |
 umyang mabyungan sru tanpa rungwan |
 swaraning santri sakèhe |
 dangu dènnira darus |
 pan wus angsal tigang jus nuli |
 lèrèn sami nyamikan |
 eca samya nutug |
 wusnya dènnya wêwedangan |
 (n)Jêng Kiyai Bayi angandika aris |
 mring putra Sèh Mongraga ||
41. Wawi nakmas andika wiwiti |
 wit kataman surat Kadsaminga |
 ing tigang jus upamine |
 lajêng ing candhakistan |
 jus Tabarok candhake malih |
 kaping tiga jus Ngama |
 ing saturutipun |
 Mongraga matur sandika |
 nulya wiwit jus Saminga apatitis |
 pasekat kir'atira ||
42. Datan mawi tuladha angaji |
 kadya wus apil musakap Kur'an |
 tan inang kandêl tipise |
 myang panjang cêndhakistan |
 kang mad lajim wajib lan jais |
 miwah têsjid lan kasar |
 tan ana kêliru |
 sambada lan swaranira |
 ngalêp-alêp ulêm êmpuk rum amanis |
 sêdhêng srune ririhnya ||
43. Sajak Yaman pemuling klawêrsin |
 alon wilêd larasing biyola |
 kang myarsa lir runtuh tyase |
 layu-layu anganyut |
 sakathahe pra santri-santri |
 kang sami ahli-kir'at |
 manahe awêlu |
 rumaos datan kaduga |
 ngaos Kur'an tan ana èmpêre kêdhik |
 kang kadya Sèh Mongraga ||
44. Wus antara dangu praptèng akir |
 surat Eklas winaos ing kathah |
 ping tiga lajêng ratibe |

dhikirira gumuruh |
sadayanya rahabe sami |
wuse dhikiran donga |
gantya nasibipun |
bakda kataman sêlawat |
alêlagon nulya sêsalaman sami |
pragat kèndêl sadaya ||

45. Sinulêdan pandam wus waradin |
samyang ngaso-aso sayahira |
Ki Bayi rum andikane |
mara Luci dèn-gupuh |
kêndhurimu wêtokna sami |
santri Luci asigra |
nata ambêngipun |
panganan wus binêrkatan |
ambêng sêkul tumpêng golong lan kêbuli |
pulên wuduk lan purna ||

Jilid 7 - Kaca : 94

46. Luci Nuripin sarewangnèki |
rumat dènnira tata ambêngan |
umatur wus sadayane |
Ki Bayi lon amuwus |
hèh Pangulu Ki Basarodin |
lah sira donganana |
ya Majê muk Rasul |
kajat-manira sung dhahar |
amumule (n)Jêng Pra Wali (n)Jêng pra Nabi |
(n)Jêng pra Ratu sadaya ||

47. Mule luhur saking jalu èstri |
lan mumule luhuring pra janma |
ing sanusa Jawa kabèh |
lawan sêlamêtipun |
anak êmas sang pinangantin |
lan sêlamêting brayat |
kabèh anak putu |
ing sadesa Wanamarta |
Ki Pangulu sigra wau andongani |
Rasul Majê muk mulya ||

48. Ambata-rubuh amining santri |
wusnya katam kêndhuri dinongan |
samyang mapan pangêpunge |
ingancaranan sampun |
samyang wijik lajêng abukti |
rame dènnira nadhah |
samyang sêngkut-sêngkut |
dhasar kêcut sore mula |
saking sangêt rahabe dènnira dhikir |
langkung pikantuk nadhah ||

49. Antara wus dangu dènnya bukti |
nulya samyang wêwanging luwaran |

kêndhuri samya binage |
waradin pandumipun |
ambêntoyong kèh brêkatnèki |
nulya samya pamitan |
limilan sadarum |
bubaran sadayanira |
Kyai Bayi angling marang lurah santri |
kabèh sira kariya ||

50. Ana kene ya aja na mulih |
padha mëlèka natas raina |
karo Luci Nuripine |
kang liningan umatur |
sadayane anyêndikani |
Kyai Bayi Panurta |
lan Mongraga kundur |
kang rama malêbèng wisma |
Tambangraras amêthuk kang raka sarwi |
manêmbah ngaras pada ||

51. Sang dyah lungayanira tinarik |
sarwi manis arum wuwusira |
iya wus sun-trima Nikèn |
payo padha andulu |
marang panjungkungan panêpin |
nulya kering Ni Tambang |
-raras lan kucumbu |
wus prapta ing pamêlêngan |
lajêng maring patirtan mèt toyastuti |
katrine wusnya kadas ||

Jilid 7 - Kaca : 95

52. Malbèng tajug samya tangat aglis |
rolas rêkangat dadya nêr salam |
pêragat sunat tasbihe |
ngangkat sunat tahajud |
kalihwêlas rêkangat malih |
sawusira nêr salam |
katrap wiritipun |
asuhul marang Pangeran |
liyêp layap jênêk prasanak ing pati |
patitising paningal ||

53. Datan kalêmpit ing agal alit |
padhang tan kumalendhang katingal |
wus sêsangat panyungape |
sawusira akasud |
Sèh Mongraga lawan kang rayi |
wungu dènyya kulina |
wau Sèh Mong luhung |
jamhur Mongraga ngandika |
yayi Nikèn Tambangraras babing Kadis |
kang sinihan ing Suksma ||

54. Abubakar Umar Usman Ngali |
 lawan malih Hyang Agung sihira |
 mring wong mati prang sabile |
 lan mati sahid ikut |
 miwah marang ing para wali |
 kabèh kang sami bengat |
 rosa salat tasjud |
 tuwin kang asalat Luka |
 langkung asih mungguh Hyang Kang Maha Sukci |
 mring mukmin kang samya kas ||
55. Kang sugih ngèlmu rosa ngabêkti |
 sih Hyang Agung ngluwihi manungsa |
 kang mati sabillolahe |
 ngapura dosanipun |
 anèng donya prapta ing akir |
 pacangan gaganjaran |
 wong mangsit ing ngèlmu |
 kitab Lulbab wus angucap |
 manungsa kang padha rosa-rosa dhikir |
 yèku luwih utama ||
56. Apan laillaha illalahi |
 Muhamadun Rasullolahi sam |
 tinimbang lan prang sabile |
 mukmin kang bingat iku |
 rosa salat lan rosa dhikir |
 myang rosa andêdonga |
 andongakkên iku |
 sapêpadhaning wong Islam |
 ingkang atut sêsanak rahayu budi |
 badane dadi mulya ||
57. Kitab Lulbab kang wus rasèh yayi |
 angandika (n)Jêng Nabi Muhamad |
 e umadingsun sakèhe |
 sing sapa ingkang kasud |
 salat Luka ing wêktu enjing |
 nalika dina Jumungah |
 sadurunge bêdhug |
 iya ing patang rêkangat |
 rêkangat kang dhihin wêwancannirèki |
 Patekah kang sadasa ||
58. Nulya ping sadasa ayat Kursi |
 lawan Kulya-ayu ping sadasa |
 Kulhu ping sadasa malih |
 lan Palak ping sapuluh |
 ping sadasa surat Binasi |
 rêkangat pindhonira |
 tan na bedanipun |
 gumulung kawan rêkangat |
 bakda maca aspagpirolah hal ngalim |
 ping pitungpuluh papat ||

59. Lawan sêlawat atasing Nabi |
 iya kaping pitungpuluh papat |
 adhikir nabi isbate |
 utama kongsi suwe |
 yèn wus rampung dhikirirèki |
 atasbèh ping sadasa |
 nulya sujud takrub |
 (n)Jêng Nabiullah ngandika |
 ganjarane padha lawan aprang sabil |
 iya ping pitungdasa ||
60. Lan sinami ganjaranirèki |
 (n)Jêng Nabi Ibrahim ganjarannya |
 lawan pinèpèt margane |
 ing kêmlaratanipun |
 pan binerat repoting budi |
 binuka marga mulya |
 kasugihanipun |
 kajate duk anèng donya |
 pan wus têtmu tinêkan dera Hyang Widdhi |
 barang kang dadya kajat ||
61. Dinoh pitungpuluhe wus sikir |
 tènung têluh upas tan tumama |
 rahayu donya kerate |
 apan ginajar luhung |
 wong kang salat Luka ing enjing |
 sunat limang prakara |
 Luka kang rumuhun |
 sunat Wabin kapindhonya |
 ping tri Winal-witri raka-atal witri |
 Tahajud ping sakawan ||
62. Kaping lima sunat tasbih yayi |
 iku padha gédhe paedahnya |
 namung Luka pangarêpe |
 iku yayi dèn-kasud |
 nêmbah muji marang Hyang Widi |
 dèn-narima ing titah |
 sihe Hyang Maha Gung |
 kang garwa matur anêmbah |
 inggih mugi lulusing brêkah kapundhi |
 donya praptèng akerat ||
63. Akiring ratri wus pajar gidib |
 adat swabawaning jing-enjingan |
 pêksi asauran rame |
 kang adan nganyut-anyut |
 sri sarênti angalik-alik |
 Sèh Mongraga sagarwa |
 katri lan kucumbu |
 sawusira samya kadas |
 manjing tajug lajêng adan sèh Mongraga |

swara arum araras ||

64. Miwah nyai-nyai lan parèstri |
sadya samya mantuk Mongraga |
ing tajug wingking panêpèn |
wusing sunat sadarum |
Sèh Mongraga ngadêg ngamati |
lajêng ngimami ngangkat |
amaca tangawut |
niyat usali parêlan |
Subêki rakangatèni imamami |
pan lilahi tangala ||
65. Allahu akbar iptitahnèki |
akbar kabiran wal kamdulilah |
-hi kasiran ing lajênge |
pan supkanalah buk |
-ratan wa asilani inni |
wa wajêhiya |
liladi patarus |
samawati walarla |
kanipan wa musliman wa ma ana min |
-nal musrikina inna ||
66. Salati wa nusuki anuli |
wa mahyaya wa mamati lilah |
-i rabil ngalamin age |
wuse Patekahipun |
apan surat Sujada mawi |
andhêge sinujudan |
wangsul adêgipun |
akire wus Alpatekah |
surat Kasar adangu wawancanèki |
kêlangkung tumaninah ||
67. Wusing Kunut praptèng tahyat akir |
sabakdaning salat pupujiyan |
parèstri arum swarane |
manis lir rêbab barung |
angrêringik mêrit jêlêrit |
nyênyête kawilêdan |
ulêt nganyut-anyut |
arêmpêg nyamlêng tan ura |
mêmbat landhung lir dêmung dèn-pênêrusi |
swarèstri rum araras ||
68. Dêlah dhikir lèlagon amanis |
miwah dhikir santri kering kanan |
samyasarènti swarane |
wus samya bakda Subuh |
Sèh Mongraga mêksih amuji |
akasut tangat Luka |
garwa lan kucumbu |
wau Ki Bayi Panurta |

Jilid 7 - Kaca : 97

nèng pandhapa sarta saosan sumaji |
dhaharan jing-enjingan ||

69. Nulya ingkang putra kalih prapti |
miwah Ki Pangulu myang pra kadang |
samyapa prapta sarayate |
sarwi (m)bêkta pakintun |
sêkul ulam dharan mawarni |
atap sila nèng ngarsa |
kadya sabênnipun |
Sèh Mongraga sawusira |
tangat Luka nulya mijil lan kang rayi |
marêg marang pandhapa ||
70. Ingkang lênggah samya angingsêdi |
wus prayoga dènnya tata lênggah |
kinêkêt dhêdhaharane |
Ki Bayi lon amuwus |
lah wis payo paran inganti |
padha mêmadhangan |
iya mupung esuk |
mara ta kono wisuha |
kang liningan agupuh samya wêwanging |
adan lêkas anadhah ||
71. Nutug dènnya pan samya abukti |
jalu èstri tan ringa anulya |
luwaran ambêng binage |
barêkat sadaya wus |
gantya kang dhêdharan mangarsi |
samyapa anyênyamikan |
manangsêgi nutug |
Ki Bayi alon ngandika |
mring kang putra miwah marang para ari |
mêngko malêm Jumungah ||
72. Adhikiran Mulud kurmat Nabi |
sesuk ing wayah bakda Jumungah |
kakangira pangalihe |
bênêr tanggal ping têlu |
mungguh sangat Ahmade lingsir |
wayah bakda Jumungah |
apa ya tan luput |
priye kowe kono padha |
apa bênêr etungku Ahmade lingsir |
samyapa matur sadaya ||
73. Inggih lèrês Ahmadipun lingsir |
Ki Wirya ngling dospundi kang Basar |
mêngko kaya biyèn kae |
etunge bliwar-bliwur |
Ki Pangulu mèsêm nauri |
lagi luput sêpisan |
tan wande wus uwus |

Jilid 7 - Kaca : 98

- gumuyu Ki Kulawirya |
kang Pangulu Basar tan nganti patitis |
sajèn (n)dêdonga ruwah ||
74. Lapaling donga ya nora titis |
mung swara bae gumrêmêng ngombang |
tan karuwan kalimahe |
Ki Pangulu gumuyu |
pedah napa (n)donga kêndhuri |
sok mungêla kewala |
inggih sampun rampung |
Ki Bayi gumuyu nabda |
iya bènêr maningan Ki Basarodin |
saking pahaming donga ||
75. Samya gumuyu sadayanèki |
angguguyu mring Pangulu Basar |
Ki Bayi lon andikane |
bagenên nyamikanmu |
nulya sami bubarane mulih |
agêpah kang liningan |
kang pangandika rum |
nulya sami aluwaran |
Sèh Mongraga tumama marang panêpin |
lan Nikèn Tambangraras ||
76. Tan cinatur siyang nulya ratri |
bakda Ngisa ing malêm Jumungah |
Kyai Bayi Panurtane |
anèng pandhapa lungguh |
santri Luci lawan Nuripin |
samya ngrukti dènnira |
badhe dhikir Mulud |
sadaya wus rinumatan |
nulya ingkang putra kalih samya prapti |
Pangulu lan pra kadang ||
77. Miwah pra santana magêrsari |
para lurah santri samya prapta |
angirit sarèh-rèhane |
dhatêngira andulur |
samyambêkta obor lan êting |
anglir konang satêgal |
upêt miwah sumbu |
wus samya praptèng pandhapa |
atanapi obore wong niningali |
tan ana bosênira ||
78. Sawusira samya tata linggih |
santri Luci ngatak kasinoman |
kinèn nyaoskên ladène |
sêkar lan konyohipun |
pawohane gembol tap-sirih |
pateyan myang panganan |
ambanjêng nèng ngayun |

wusing sumaji sadaya |
Kyai Bayi Panurta ngandika aris |
lah wis payo Bismillah ||

Jilid 7 - Kaca : 99

79. Wiwitana sira Jayèngwèsthi |
lan adhimu Jayèngraga singira |
ya mêngko sun milu bae |
kang putra sandika wus |
amiwiti sêlawat dhikir |
lêlagon sajak Arab |
ambiyola pemul |
sinauran santri kathah |
rame santri swarane gumuruh atri |
suwuk maca sêlawat ||
80. Rambah-rambah gêgêntènan singir |
tuwin gantya kang maca ruwiya |
para lurah sadayane |
antaranira dangu |
nutug dènnya arawi singir |
praptèng akir sêlawat |
suwuk sadaya wus |
nulya kèndhuri pinasang |
ambêng sêkul panganan sarya di-adi |
kalihwêlas ambêng wrat ||
81. Tuwin ambêng panganan gêng sami |
dènnira tata wus pinrayoga |
Ki Bayi lon andikane |
wus Bismilah Pangulu |
donganana lir sabènnèki |
kurmat Nabi kalawan |
mumule luluhur |
lan slamête wong sadesa |
matur inggih Ki Pangulu Basarodin |
gupuh lêkas andonga ||
82. Sinauran amin para èstri |
ambal-ambalan ambata-rêbah |
wuse nutug pandongane |
Ki Bayi lon amuwus |
wus pintanên kabèh hèn Luci |
matur sampun samêkta |
ing sapethakipun |
lah wus kono payo padha |
ngêpung ambêng iya mirani panduming |
gupuh ingkang liningan ||
83. Samya têpung angêpung kèndhuri |
sadaya wus samya wiwijikan |
lan lêkas nadhah sakèhe |
rame pating kariyuk |
dhasar samya sayah adhikir |
tandange rosa-rosa |

athêkul lir kaul |
kumaroyok yêl-uyêlan |
tanganira lir bèbèk dèn-pêpakani |
nutug sasuwènira ||

84. Aluwaran ambêng gya binagi |
wus warata sêkul lan panganan |
ambêntoyong barêkate |
sawusira kadyèku |
samyã pamit linilan mulih |
kabèh barêng bubarã |
mundur saking ngayun |
Ki Bayi malêbèng wisma |
Sèh Mongraga kundur mring panêpèn wingking |
pinêthuk garwanira ||

12 (Boyongan lan Upacaranipun)

III. Boyongan lan Upacaranipun.

Ing malêm Jumungah kawontênakên dhikiran Mulud.

Ing panêpèn Sèh Amongraga mêjang garwanipun bab asal lan kodrat
dumadosing manungsa, bab saranduning manungsa, bab alam 4 prakawis.
Kaca 100 - 103.

Jilid 7 - Kaca : 100

383 Dhandhanggula

85. Nikèn Tambangraras lan kucumbi |
tundhuk lajêng samya mring patirtan |
sami mèt toyastutine |
sawusira awulu |
katri mangsuk ing tajug nuli |
atangat ing palilah |
têsbih lan tahajud |
sabakdanira atangat |
wus mêngkana luwaran dènnira mupit |
asalam mring kang garwa ||
86. Sarta paring salam mring kucumbi |
lênggah akaliyan ingkang garwa |
Sèh Mongraga lon dêlinge |
kawruhana sirèku |
wong tumitah alamdonyèki |
kudu wêruh ing asal |
andikaning Rasul |
sing sapa kang wruh sarira |
aprasasat iku yayi wruh ing Widdhi |
kadwi iku parentah ||
87. Tan kêna ora kudu ngawruhi |
kang tan wêruh tan wruh ing kamulyan |
kitab Ahka-modin linge |
kang samya rêbut kawruh |
pêrlu êndi ngawruhi dhiri |
lan ngawruhi Hyang Suksma |
yêkti kang rumuhun |
angawruhi ing sarira |

kang wus kasêbut ing Dalil Kadis yayi |
wit ananing manungsa ||

88. Saking kodratira ing Hyang Widdhi |
pan wus katartanton ing kukumah |
dinadèkkên kitab kiye |
saking toya kang antuk |
mêtu ing iga wêkasan yayi |
lan saking tulang dhadha |
kocap wartanipun |
ing kitab Ajudul-ngibat |
subkana wa tangala Hyang Maha Sukci |
nitahakên manungsa ||
89. Purwa paguting manikêm yayi |
bengating rasa èstri lan priya |
nalikèng kono dadine |
akadiyat lan takyun |
durung arah ênggonnirèki |
kantha warnambu rasa |
durung anèng dunung |
nanging pêsthi ananira |
nukat gaib ing dalêm patpuluh ari |
gaibul guyub rannya ||
90. Alamipun alam laut yayi |
pêtêng ing apêtêng sêsananya |
pêtêng ing kalbu jatine |
praptèng antaranipun |
ing patangpuluh ari malih |
wahdat kun ingha gyannya |
undêr-undêripun |
kun ing gaib uluwiyah |
mêksih samar tan pêtêng tan padhang kalbi |
malakut alamira ||
91. Ping tri kawandasa dina malih |
makidiyat kun ahya pan lagya |
rah kêmpêl nèng panggonanne |
gaib uwiyah iku |
asêsana padhanging kalbi |
nasut pan alamira |
ping pat patangpuluh |
dina alam arwah lagya |
daging kêmpêl alam jabarut mêngkoni |
ing dalêm patang alam ||
92. Gaib sububun iya mêngkoni |
iya ing alam patang prakara |
alam arwah têtêngahe |
watêse gaib têlu |
kang wus kocap mau yayi |
praptèng patpuluh dina |
ngalam ajêsan wus |

Jilid 7 - Kaca : 101

gatra nanging durung cêtha |
ing panggawe saking kodrating Hyang Widdhi |
mêrtabating manungsa ||

93. Ping Nêm patangpuluh dina singgih |
ngalam misal ing kono nalika |
wus cêtha kabèh gatrane |
lanang lan wadonipun |
nanging taksih hakekat sami |
ping sapta kawandasa |
dina malhipun |
ngalam insan-kamil rannya |
wus sampurna martabating manungsèki |
wus pilah antaranya ||
94. Umuring martabat iku yayi |
pan rongatus patang puluh dina |
jangkêp ing sangang sasine |
punjul sapuluh dina |
sarat sipat manungsa dadi |
anulya tinulisan |
wêwatêsing umur |
cêndhak dawa wus kinarya |
miwah bêgja cilaka sugih lan miskin |
gêng alit luhur andhap ||
95. Mulus cacad ala lawan bêcik |
wus nêng duryat kodrating Pangeran |
tan wuwuh kurang wus pêsthèn |
nêng jro garbaning biyung |
praptèng mangsa ing sangang sasi |
manungsa binabaran |
kadhang kirang langkung |
kang adangdan sinaosan |
ingkang kocap ing kitab Kesah puniki |
sirah iku sinungan ||
96. Saubênge myang têngah sinungi |
cacahing bêbalungan kawandasa |
dene kang anèng kupinge |
mangka nampani rungu |
sinung pitu balungirèki |
lan saubênging grana |
sapangisoripun |
saubênge mukanira |
sarta lan kang saubênge gulu nênggih |
sinung balung cacahnya ||
97. Apan tigangdasa langkung kalih |
sêsaking gulu pan sinungan |
pan pipitu balung kèhe |
bêbalung ilam wujud |
namanira lan cacah malih |
balung nêng ula-ula |

Jilid 7 - Kaca : 102

- kèhe pan patlikur |
ginêbang sadayanira |
kang bêbalung rongatus wolu kèhnèki |
sinungan otot samya ||
98. Ingang tanpa êrah kèhirèki |
pitungatus langkung pitungdasa |
de otot kang mêtù gêtèh |
satatus pitungpuluh |
kang kawêngku jro badanniki |
ngasib ètar ngilalat |
otot lan bêbalung |
cacahe jroning sarira |
sèwu sangangatus sangangpuluh katri |
gêbagane sadaya ||
99. Sabên-sabên manungsa sawiji |
jroning badan tinêngga malekat |
sèwu sangangatus malih |
sangangpuluh têtêlu |
kang satêngah kaol mung siji |
malekate puniku |
kabubuhan tunggu |
nèng jro badaning manungswa |
wusing mangsa mêtù saking ibunèki |
turun mring ngalamdonya ||
100. Barêng nalikaning panjangnèki |
lan wêtune duk nginul nèng donya |
sinungan nugraha dene |
pangucap lan pangrungu |
pêningal lan pangambunèki |
budi wus pinêpakan |
nalikaning ngriku |
pinaès-paèsan nikmat |
pira-pira kanikmatan yèn winilis |
kanikmating manungsa ||
101. Kang umadêg kang kalawan urip |
pan kinarya punjuling sasama |
kang tumitah donya kabèh |
mila undhang (n)Jêng Rasul |
padha sira sukur ing Widi |
rèhing sinungan nikmat |
pira-pira agung |
kinarya kacèk sêsama |
katujune beda lawan kêbo sapi |
unta kuldi andaka ||
102. Iku samya kèdhik nikmatnèki |
iya pantês nora micara-a |
mung manungsa kèh nikmate |
milane wajibipun |
kudu sukur anikmanyèki |
paparinging Hyang Suksma |

kang narimèng tuwuh |
ewa mangkono tan kêna |
yèn pèsthining ala dilalah kudu nir |
ihtiyar datan ana ||

Jilid 7 - Kaca : 103

103. Milane beda-bedèng sasami |
dene ingkang kurang ihtiyarnya |
yêkti kelangan drajade |
kayata paminipun |
panas adhêm têtès lan aking |
usik mênêng upama |
iku rupanipun |
adhêm ngilangakên panas |
panas ngilangakên adhêm miwah osik |
ngilangkên êningira ||
104. Ala ngilangakên maring bêcik |
bêcik ngilangakên maring ala |
kabèh ing sapêpadhane |
êndi ênggoning kurup |
pan ing tiyang iku pamilih |
lamun miliha ala |
ala kang tinêmu |
nora kêna winicara |
yêkti sato kewan pèpadhane yayi |
marmane kang manungsa ||
105. Amiliha tabiyat kang bêcik |
ujaring Dalil yêkti kapanggiya |
jro Dalil kono rasane |
jwa pepeka ing kawruh |
yèn pepeka sasar pinanggih |
dèn-amrih kadadeyan |
panrimanirèku |
besuk yayi Tambangraras |
yèn pinarêng sira kalawan mami |
suhul ing karasikan ||
106. Aja kongsi singsal imanèki |
ing kono ênggone bote coba |
yèn wiwal wurung kèdadèn |
geyongana dèn-kukuh |
mring ragane ngèlmu sajati |
jatine kaanan dat |
-tira Kang Maha Gung |
ywa katiyup ing dadakan |
basa dadakan nênggih punika eblis |
têkanyar ngangah-angah ||
107. Tambangraras myarsa sabdèng laki |
lir pinantèk tyasira santosa |
pratisthèng kawruh pèpèsthèn |
tan kalêmpit salulut |
kêcap ucap kêcakup kapti |

matur saha wotsêkar |
ngraup padèng kakung |
mugi saèstu antuka |
brêkah tuwan wijajah kojah mêngêti |
sung padhang ing ngamamak ||

108. Datan nêdya amèmèngèng angling |
yata ing wêktunira ijabah |
pajar gidib antarane |
swara bawaning bangun |
gantêr putêr bênggala muni |
prêkutut munya raras |
anduduk kêlayu |
kikèring kate bêkisar |
kolik akik lan tutuhu amêlingi |
gumyah kêluruk samya ||

109. Sang Mong luhung angandika aris |
babo yayi mring patirtan kadas |
mumpung awal utamane |
dyah tan lêngganèng kayun |
lan kucumbu cèthi Cènthini |
tan têbih nèng wurinya |
samya mèt toyastu |
-ti riwusira kadas |
Sèh Mongraga adan swara sawatawis |
arum ulêm kêmandhang ||

13 (Bakda salat Jumungah, Sèh Amongraga sêkalihan boyongan dhatêng griya enggal)
Siyangipun tata-tata boyongan. Bakda salat Jumungah, Sèh Amongraga sêkalihan boyongan dhatêng griya enggal kanthi upacara.
Upacara boyongan dhatêng ing wisma wetan:
Griya enggal dipun-tarubi. Sèh Amongraga ingarak kados pangantèn, mangangge sarwa sae. Boyongipun ing wanci bibar salat Jumu'ah; bakda kèndhuri apêm ing pèndhapi, arak-arakan boyongan bidhal, dados tontonan tiyang kathah. Kêmbar mayang mawi tarêbang wontên ngajêng, putra pangantèn kêkalih sinongsongan, prapta wisma anyar lênggah ing jrambah, para èstri lênggah jajar, para santri andhèr ing latar, lajêng kèndhuri, kajat mêmule, wêkasan dinongan, kasusul sami salat Asar ing mèsjid enggal. Nyi Malarsih lan parèstri lênggah ing griya enggal, andangu Nikèn Tambangraras punapa sampun kapagut ing sih dening Sèh Amongraga. Wangsulipun dèrèng sinambra, malah têbih saking punika, kajawi winêjang sawarnining ngèlmu agami. Nyi Malarsih mirêng wangsulan makatên sakêlangkung prihatos, jalaran kuwatos panggodhaning eblis. Ni Daya ambêbolèhi, sampun kuwatos ing manah jalaran Sèh Amongraga mila janma linuhung. Mêmujia kemawon murih widadaning jêjodhoan.
Kaca 104-115.

Jilid 7 - Kaca : 104

383 Dhandhanggula

110. Nulya sabên ing tajug pra santri |
santri sarènti kang tangi adan |
pating karêlik swarane |
apan wus adatipun |

sabên wêktu Subuh swabawi |
sri asrining desarja |
rum-ruming krajan gung |
Malarsih lan pra wadonan |
samyang nglaras samya makmum mring Mongragi |
kalangkung rahabira ||

111. Yata prapta bakda Subuh enjing |
Sèh Mongraga sakbadaning Luka |
samyang mijil lan garwane |
marêk ing ramanipun |
Ki Bayi wus anèng pandhapi |
sasaosan samêkta |
andhèr anèng ngayun |
gya kang putra kalih prapta |
Jayèngwèsthi lan kang rayi Jèyèngragi |
Pangulu lan pra kadang ||
112. Lan sêrayat kadya sabènnèki |
sadaya samya (m)bêkta punjungan |
lajêng tinata dharane |
wus tata anèng ngayun |
Kyai Bayi ngandika aris |
mêngko bakda Jumungah |
kabèh rèh-rèhanmu |
kon banjur angiringêna |
pangalihe kakangira Amongragi |
mangetan mring wisma nyar ||
113. Samya matur sadayanya sami |
angling malih payo sêsèmèkan |
mumpung parêk rêjêkine |
kang liningan agupuh |
samyang nyandhak wantingan wiwijik |
adan lèkas nadnah ||
aroyom pikantuk |
anutug sadayanira |
wus antara ambêngan kinèn anyarik |
sigra dinum barêkat ||
114. Sêkul pêpanganan wus binagi |
wis padha mulih aparentaha |
rèrèhanmu dhewe-dhewe |
sandika nulya mundur |
Jayèngraga Kulawiryèku |
tan mundur mêksèng ngarsa |
Ki Bayi lon muwus |
sirèku tan milu mentar |
lah wis sira miluwa banjur ngrewangi |
bakyumu tata-tata ||
115. Samya matur sandika para ri |
angling malih marang garwanira |
Rubiyah rakitèn age |
gagawane anakmu |

mumpung esuk ruktinên nuli |
Luci Nuripin sira |
kabèh sakancamu |
ladènana nyainira |
gupuh Ni Malarsih mundur sarwi nuding |
Jèngraga Kulawirya ||

116. Payo padha rewangana mami |
dangdan-dangdan sigra kang liningan |
samya malbèng dalêm gêdhe |
Ki Bayi tumut mangsuk |
Sèh Mongraga marang panêpin |
kalawan garwanira |
yata ingkang ibu |
kang lagya ngrukti babêktan |
lan Jèngraga Kulawirya jalu èstri |
samya numpa dangdanan ||

Jilid 7 - Kaca : 105

117. Cênthini lan Sumbaling ngladèni |
ngalêmpakakên kagunganira |
Tambangraras papancène |
barang sadarbèkipun |
liya gawan saking bunèki |
kèh warnining dangdanan |
kabèh sarwa saput |
sabarang pan pinêpakan |
rowa ringkês samya rangkêp sadayèki |
kang langkung kathahira ||

118. Nulya kinèn samya angusungi |
marang mangetan ing dalêm anyar |
santri Luci Nuripine |
jalu èstri abikut |
mikul (ng)gendhong ngindhit anyangking |
manggul wênèh andhabyang |
liwêran asêlur |
ingkang nata anèng wetan |
Jayèngraga Kulawirya jalu èstri |
tan dangu ingkang prapta ||

119. Jayèngwèsthi lan garwanirèki |
sawusira mring kilèn mangetan |
samya adhokoh ing gawe |
pra jalu angkat junjung |
kang parèstri majang tilamrik |
Cênthini anggêgênah |
pan pinitaya wus |
(ng)gonning sakèhing kagungan |
sadayane manut tudinging Cênthini |
prênahe kang dangdanan ||

120. Nèng gêdhongan kilèn wetan tuwin |
abrag-abrag miwah sisimpênan |
grobog pêthi kothak kêpèk |

sadaya wus dinunung |
kobong têngah sinarwa putih |
tan ewah lir waunya |
sarèrèkanipun |
sauyun seta sadaya |
kanan kiri pêtani seta ingapit |
kakobong garènjèngan ||

121. Maksih saking kilèn pan ngewahi |
traping sadaya ing patilêman |
kêkawal myang gubah cindhe |
lir tan ngalih (ng)gènnipun |
namung kaot wiyarirèki |
ripak dalêm kang wetan |
Ni Malarsih wau |
mêngetan ing lampahira |
lan Ki Bayi alon dènnira lumaris |
ningali pasang reka ||
122. Wus miranti gênah sadayèki |
malah saya mundhak pelagira |
tumrap nèng wisma nyar pae |
Malarsih lon amuwus |
pan wus rumat dènnira ngrukti |
pasang rakiting pajang |
myang dandanipun |
Nikèn Turida turira |
inggih sampun purnama sadaya sami |
Cênthini kang mêmatah ||
123. Paran tudingipun (m)bok Cênthini |
punika kang sampun pinitaya |
ing putra paduka Nikèn |
kang ibu ngling ya sukur |
iya layak dèn-pitayani |
wong wus tyas tan sulaya |
kêcondhongan kalbu |
kaya wus karsaning Sukma |
Nikèn Tambangraras piningan kanthi |
Cênthini cèthinira ||

Jilid 7 - Kaca : 106

124. Uwong mono êbèng sun titèni |
ing pêpencèn bêcik lawan ala |
kaya si Cênthini kuwe |
beda duk cilikipun |
langkung cengkre bêngis nêngis |
marang bokayunira |
tansah anjêjagur |
mêngko sungkême kalintang |
nanging thithik mambu sanake (n)Jêng Kyai |
inggih Kyai punika ||
125. Pun Cênthini kaprênah punapi |
lan Ki Bayi alon wuwusira |

sanak mindho jêge bae |
putune kaki Sampur |
prênah tuwa lan eyang mami |
sutanta Tambangraras |
nguwa prênahipun |
mring Cênthini ngong angakang |
wus pinêsthi kang Cênthini dadi kanthi |
kanthine Tambangraras ||

126. Iki apa ora wus miranti |
yèn ijèh ana kang kukurangan |
liyane duwèke dhewe |
Malarsih lon umatur |
inggih sampun saput piranti |
anjawi yèn wontêna |
ing panuwunipun |
amba tan rumaos gadhah |
anauri priye manèh wong sisiwi |
kèh kêthik maring anak ||
127. Mundhak bêcik tilam anèng ngriki |
wisma kadya wus kanggonan lawas |
gumrining ing pandulune |
putra ri samya matur |
inggih lèrês mindhak prayogi |
J Jèngraga ling lirihan |
mring paman gumuyu |
(n)Jêng Kyai lingira apa |
dera gumuyu Kulawiryana matur aris |
putranta Jayèngraga ||
128. Rêraosan owêl yèn marèni |
rêbab mungêl suling lawan kèndhang |
papathêtan suluk gèndèr |
mendah ing patutipun |
tan kuciwa dhasar wus apik |
Ki Bayi angandika |
ah akalmu iku |
kang putra jrih sinasmitan |
angling malih lah wis dandana kang bêcik |
yèn bakda Jumungah ||
129. Rèrèhanmu kabèh jalu èstri |
kaya sabênne padha ngaraka |
mring kakanta pangalihe |
nganggowa sarwa luhung |
apan kari sapisan iki |
ing laku panas padha |
anggowa payung |
kang putra matur sandika |
dene sira Malarsih aywa sirèku |
amijil barjumungah ||

130. Ngruktènana karya akêndhuri |
 apa samêktane ingkang rumat |
 Luci nyêmbêlèha gudèl |
 loro bae wus cukup |
 Nuripin lan rèrèhanèki |
 kabèh ywa Jumungahan |
 nèng pawon bae wus |
 ladènana nyainira |
 latar tarubana watês latar nuli |
 wèhana tutuwuhan ||
131. Iya bènêr tuwuhanirèki |
 wis kasusutan bisa andadak |
 Ki Wirya matur wus akèn |
 ing mangke bêdhug sampun |
 lah ya sokur tujune kardi |
 Luci Nuripin sigra |
 mundur karya tarub |
 rinayap wong padhukuhan |
 maro karya anêmbêlèh dadèk gêni |
 jalwèstri olah-olah ||
132. Maksih anèng pawonne Ki Bayi |
 ubêkan kang samya olah-olah |
 têtarub adang gêgorèng |
 Kulawirya acakut |
 pêparentah kang nambutkardi |
 watak tan têtatènan |
 kang wigih dèn-krawus |
 anyandhak sabarang karya |
 balêdhog pring nyêblokkên cagak nalèni |
 asêngkut sadayanya ||
133. Pelag bêlandar cagak pring ori |
 kang anam janur samya ginêlak |
 kang wus ingunggahkên age |
 samya tinutusan wus |
 ingkang ngambil tuwuhan prapti |
 lajêng sami pinasang |
 nèng sakaning tarub |
 santrine Ki Kulawirya |
 prapta (m)bêkta kêmbar-mayang pan sêrakit |
 sinungkên wus tinampan ||
134. Tan antara têtarub wus dadi |
 ginêbêran ginêlaran kasah |
 wanci sapisan ing gawe |
 rêngrêng sakala singub |
 Jayèngraga sigra anuding |
 Jalalodin dèn-enggal |
 warahên sadarum |
 jalwèstri wong Wanamarta |
 mêngko bakda Jumungah banjura ngiring |
 ngarak mring sang pangantyan ||

135. Konên nganggo-anggo sarwa bêcik |
 sakadare iya kang prayoga |
 matur sandika gya lèngsèr |
 Ki Bayi lon amuwus |
 sêdhêng padha dandana mulih |
 putra ri tur sandika |
 samya mundur mantuk |
 Malarsih matur ing raka |
 lamun parêk kawula (n)dhèrèk samangkin |
 mêdali barjumungah ||
136. Ingkang kula pitadosi wingking |
 inggih pun bibi Daya kewala |
 tan sumêlang sadayane |
 lah ya karêpirèku |
 nulya kundur Kyai lan Nyai |
 lajêng susuci siram |
 ing wanci mèh bêdhug |
 samya dangdan Jumungahan |
 Ni Malarsih mring panêpèn amanggihi |
 kang putra sakaliyan ||

Jilid 7 - Kaca : 108

137. Samya kinèn busana sarwa di |
 sarta sung busana nèng pênampun |
 pinilila sakarsane |
 kang putra matur nuwun |
 gya pinêngkêr kang putra kalih |
 kundur marang ing wisma |
 angladèni kakung |
 wau Ki Sèh Amongraga |
 ngagêm sarwa seta tigas alus gênis |
 srêban udhêng pasaja ||
138. Miwah kang garwa tan pae putih |
 sauyun seta lir panggihira |
 Cênthini tansèng ngarsane |
 nglêladèni abikut |
 gêm-agêman myang burat-wangi |
 sawusira mangkana |
 sang ro marêk ngayun |
 alênggah anèng pandhapa |
 Kyai Bayi ningali kang putra kalih |
 Mongraga Tambangraras ||
139. Kyai Bayi gupuh dènnya mijil |
 abusana pamèr Jumungahan |
 lir jêjaka sawangane |
 Malarsih anèng pungkur |
 lan pra wadon kathah ingiring |
 Ki Bayi lon ngandika |
 marang Sèh Mong luhung |
 suwawi pan sampun siyang |
 apan sarêng lampaha èstri nèng wingking |

samya asêsong-songan ||

140. Praptèng masjid agêng tan asari |
uluk salam sinauran kathah |
parètri nèng panggonanne |
asunat sukril wulu |
lan sunat tahyatal masjidi |
santri ngaji gumêrah |
maksih prapta kantuk |
panganggene warna-warna |
kang ngluwihi kang sêdhêng kang ukur rêsik |
sadaya apamèran ||
141. Anêngahi bêncèt dèn-bêdhugi |
barung kang bêdhug adhêrandhangan |
wor santri kang darus rame |
antara bêdhugipun |
sinalahan suwukirèki |
cêp mênêng tan angucap |
sadaya aminggu |
nulya ngadêg para kadang |
Ki Suharja Wiradhustha lan Panukmi |
Panamar Kulawirya ||
142. Yat-ayatan adan barung asri |
asru swara landhung rum arampak |
tan sarênti angkatane |
wus dènnya adan wau |
nulya sunat sadaya santri |
gupuh Ki Jayèngraga |
anyandhak cis sampun |
ingalang majêng mangetan |
mangkat mangasiral kang miyarsi wingwrin |
sêmbada swara santak ||
143. Wusnya mangasiral andongani |
tinampanan ing amin sadaya |
gumêr swaraning santri kèh |
tamat pandonganipun |
Sèh Mongraga nampèni êcis |
luk salam minggah kutbah |
malbèng langse gupuh |
Jèngraga maca sêlawat |
kaping tiga nulya kang kutbah nauri |
salam kaping sapisan ||
144. Nulya Jayèngwèsthi adan ririh |
gumarènggèng sawusira adan |
Mongraga maca kutbahe |
kutbah daka tinêmbung |
sajak Arab manis mlas-asih |
pasekat kir'atira |
panjang cêndhakistanipun |
patitis marang kalimah |

Jilid 7 - Kaca : 109

- kang miyarsa rêmên tyase tan kadugi |
mikrate aksaranya ||
145. Wus antara kutbah praptêng akir |
katam gya donga Lingindil Islam |
lajêng Tulak-bilaine |
santri sadayanipun |
tanggap santri barungan amin |
wus puput donganira |
Kulawirya gupuh |
maca sêlawat akamat |
nulya Kyai Bayi Panurta ngimami |
atak-biratul-ikram ||
146. Nulya sadaya samya usali |
sarta mawi sawiji mubalah |
anggêmbor sêru takbire |
wusnya takbir sadarum |
cêp tan ana walang kang sisik |
imam maca Patekah |
swara muluh rêmuk |
tung-tung anggêrathul mêmbat |
nuju lapal walala landhung angapik |
lir pêksi bêr mêdal pang ||
147. Wusing Patekah suratirèki |
Hal-ataka hadhi suga siyah |
wusing Patekah akire |
Sabikis suratipun |
nulya prapta tahyatira kir |
asalam bakda salat |
pupujian laju |
dhikire ambata-rêbah |
langkung rahab triatus sawusing dhikir |
anumpa donga tama ||
148. Jayèngraga ngêtog dènnnya nasib |
sarwa ngêlik untas angêmandhang |
tanpa tinampan agêntèn |
samya anasib urut |
para kyai-kyai nasibi |
sawusira mangkana |
sêlamêtan Rasul |
samya angadêg sadaya |
sêsalaman mubêng têmu gêlang sami |
ramya swaraning kathah ||
149. Kumarubut dangu kêmutnèki |
sawusira warata salaman |
nulya atata lungguhe |
kêndhuri apêm maju |
rolas ambêng wus dèn-dongani |
sawuse ingaminan |
apêm nulya dinum |
winêratan lan sêlawat |

picis kênthang apêm lan apêm sawiji |
jalwèstri wus warata ||

Jilid 7 - Kaca : 110

150. Sawusira mangan apêm sami |
samyã miranti lir sabênkira |
tan kêliru ing prênahe |
Ki Bayi ngandika rum |
lah Bismilah mangkat tumuli |
kang liningan sadaya |
sandika turipun |
sigra bodhol sadayanya |
pra lèrèhan sudagar lan magêrsari |
ulur rumiyin ngarsa ||
151. Kèh warnane panganggene santri |
murub muncar lir sêkar sêtaman |
ngangge saduwèk-duwèke |
jor-jinor rêbut luhung |
sawawrate jadhug desèki |
prapta ing tarub wetan |
kang lumampah ngayun |
anglulurung kering kanan |
magêrsari lir pagêr ngarêpkên margi |
sami ajèjèr wayang ||
152. Tuwin jêjêl jalma aningali |
samyã ngêrti yèn kari sapisan |
Tambangraras pangarake |
mila wong nonton timbun |
nora kêna winêngkang pipit |
uyêl arêbut papan |
mendah yèn aseup¹ |
panas prandene anjirap |
datan etang panas kaburu ningali |
abungah ing tongtonan ||
153. Angrangkêpi kang jèjèr ing ngarsi |
wit saking masjid dumugèng wisma |
kang jèjèr nonton jêjêle |
sang pinangantyan luhung |
lagya mangkat saking ing masjid |
parèstri kang nêng ngarsa |
taksih mawi rukuh |
pêkêna sadayanira |
Tambangraras lan kang ibu Ni Malarsih |
pan samya sinongsongan ||
154. Miwah Turida lan Rarasati |
lan pra ipe nyai-nyai samya |
pêpayungan sadayane |
kang ngiring gumarudug |
tuwa anom myang rare alit |
ngangge putrèn kaputran |
kabèh mubra-mubru |

ing ngarsa santri sêlawat |
kang narêbang Jamal Jamil Jalalodin |
kalimah dwi kewala ||

155. Kêmbar-mayang ngapit anèng ngarsi |
ing wingking sang pinangantyan priya |
lan Ki Bayi Panurtane |
myang putra kalihipun |
sinongsongan miwah pra ari |
sadaya pêpayungan |
anggarêbêg pungkur |
mangkana ing lampahira |
para santri kang sêlawat wus aprapti |
nèng tarubing wisma nyar ||

156. Kêpung kupêng sap-sapan jèjèr tri |
salin lagon slawatan asrakal |
sarwi anganti adêge |
tan dangu nulya rawuh |
prèstri kèndêl ing kori lèmpit |
dadya mêtuk ing raka |
tan antara tundhuk |
kinèn nêmbah ngaras pada |
toyèng bokor sinotyakên padèng laki |
gya Nikèn Tambangraras ||

Jilid 7 - Kaca : 111

157. Akêkanthèn tumamèng wismèki |
lênggah nèng jêrambah ngarsèng tilam |
parèstri lênggah tatandhèr |
kang anèng tarub agung |
têpung gêlang kongsi apipit |
rangkêp tri dhêdhêsêkan |
lèbèr latar ngayun |
nèng sor kitri panta-panta |
santri Luci gupuh ngabani Nuripin |
mêdalakên sunggata ||

158. Pawohan myang pateyan mangarsi |
waradin dalah kang pantha-pantha |
anèng palataran kilèn |
sawusing nginang nginum |
nulya mêdalakên kèndhuri |
rolas ambêng wrat-awrat |
kênêpung nèng tarub |
rolas ambêng malih marang |
kang pêpanthan wus ingetang sadayèki |
Ki Bayi lon ngandika ||

159. Lah wis donganana Basarodin |
kajad manira mumule marang |
(n)Jêng para Nabi saprene |
lan mule ing luluhur |
saking jalêr lan saking èstri |
salamêting pangantyan |

lan sêlamêtipun |
nak putu ing wong sadesa |
Wanamarta sigra Pangulu (n)dongani |
rasul Majê muk mulya ||

160. Ingaminan sadayaning santri |
kumêrut rame ambata-rêbah |
antara dangu dongane |
sawusira Pangulu |
andongani Ki Bayi angling |
payo padha kêpungan |
mirani ambêngmu |
sag-sêg lah mara Bismillah |
kang liningan sadaya umatur inggih |
sami awiwijikan ||
161. Adan lêkas nadhah santri-santri |
para lurah myang para sudagar |
kumaroyok kèh swarane |
kumrêpyêk krak kumriyuk |
aseropan pating karêcip |
sêp-sêp-sêp kêcap-kêcap |
prêg rambak karupuk |
barung balung srundèng kacang |
kumarapyag kadya gêdhèg dèn thèthèli |
gumrah bawaning kathah ||
162. Nutug kaecan dènnira bukti |
luwaran nulya ambêngannira |
kinèn andum barêkate |
wêradin sadaya wus |
jalu èstri sarêng anyarik |
winadhahan ing ngancak |
sêkul ulam munjung |
barêkate langkung kathah |
mèh tan kêlar bote ginawa wong siji |
kabèh abungah-bungah ||
163. Santri cilik rêbutan kèndhuri |
gêdrah kapyukan sêkul lan ulam |
gêlaprut upa raine |
klilipên matanipun |
kènèng duduh lombok anjêmpling |
samyasabêt sapitan |
sêlat sêlèt umyung |
kang gêtihên untunira |
kang mimisên anangis pating jalêrit |
samyas ilês-ilêsan ||
164. Mêmarahe mring kang dhêkêt santri |
santri tuwa rusuh kaya bocah |
rêbutan bêrkat pandume |
dadya sadaya sampun |
kang nêng latar kilèn sor kitri |

Jilid 7 - Kaca : 112

- nêm pantha kêkêpungan |
kabèh milu rusuh |
gumêdêr udrêg barêngan |
ting barêngok tantangan pating jarêlih |
samyak akêkêrêngan ||
165. Susudukan sru bithi-binithi |
wênèh gêlut kang têndhang-tinêndhang |
sabêtan sapit abinge |
rusuh pisuh-pinisuh |
alon surak acêrik-cêrik |
samyak lir prangan desa |
gora sru gumuruh |
(n)Jêng Kyai kagayat miyarsa |
ki ana apa banènne ting jarêlih |
kaya wong kêkêrêngan ||
166. Sarwi tindak gupruh sadayèki |
aningali yèn santri kêrêngan |
angling e e priye kuwe |
Kulawirya aru muwus |
hoyah-hoyah hus-hus-hus santri |
Cêmplon Singgang Sayadan |
sapa gawe rusuh |
bubar kang samyak kêrêngan |
aningali mring Ki Kulawirya ajrih |
pisah bo kadumêlan ||
167. Kulawirya mêksih tudang-tuding |
de ku setan pak Kada wong gêrang |
sapa rewange babithèn |
matur kalih pak Sêtu |
wiwitipun santri rarywa lit |
nulya mlembak pak Kada |
nuntên mèh sadarum |
tan kongsi dinum rêbatan |
santri kathah jaguran rêbat kêndhuri |
kang sangêt mung pak Kada ||
168. Dhasar edan pak Kada kêpadhil |
jêjêlên bugêl cangkême pisan |
tan dèn-marèni bandhole |
(n)Jêng Kyai ngandika rum |
lah wis aja sira srêngêni |
mêsakake mênangan |
padha rêbut puluk |
hèh Luci dèlêngên sapa |
kang tan olih barêkat wèhana nuli |
barêkat sapandumnya ||
169. Luci gèpah wus samyak sinungi |
Kulawirya mèsêm garunêngan |
adat tèmên Kyai kuwe |
yèn wong srêngên mring batur |
nuli santri glis dèn-iloni |

Ki Bayi lon lingira |
payo bali lungguh |
nak-putu rèh-rèhanira |
padha sayah konên mulih sadayèki |
rada wus akir Ngasar ||

Jilid 7 - Kaca : 113

170. Wus kinèn kabèh bubarane mulih |
nulya sarêng (n)dulur wêdalira |
sudagar magêrsarine |
lurah santri wus mêtù |
mulih sowang-sowangan sami |
kang lênggah nêng taruban |
putra ri nêng ngayun |
Ki Sêmbagi lan Jumêna |
Jêmpina lan Ki Pangulu Basarodin |
Ki Bayi lon ngandika ||
171. Iki padha wus kêlakon sami |
luwar ing nadar sêkadarira |
mring pulunanira Nikèn |
bocah salaminipun |
nora kêna tinari laki |
awangkot wangkal sugal |
tan kêna rinapu |
mèh kasèp wayahing mangsa |
gawe susah sanak wong tuwa prihatin |
myat marang Tambangraras ||
172. Mêngko wus olèh parmaning Widi |
pinaringan jodho priya tama |
saking pandongamu kabèh |
kalakon sadaya wus |
kurmat samya asih ing siwi |
wus sêdhêng aywa susah |
majêmukan esuk |
kêndhurèn madhang kêmbulan |
kapindhone sêmune Sèh Amongragi |
jêge tan pati rêna ||
173. (n)Dulu kang wong kêrêp-kêrêp bukti |
yèn ta aja makluming wong tuwa |
nora bêtah suwe-suwe |
tan pati doyan sêkul |
namun doyan micara ngèlmi |
lungite maksih brangta |
kêlangkung wong wuyung |
kang liningan aturira |
inggih kados putranta mêksih gêng kingkin |
kêtarèng solah bawa ||
174. Kyai Bayi angandika malih |
nanging nora pisan kas kewala |
sesuk ya padha kêndhurèn |
kêlawan anak putu |

para lurah bae kon prapti |
lawan kang tuwa-tuwa |
kamituwa ya wus |
sarupane bundhêl desa |
padha timbalana kang pêpakan enjing |
putra ri tur sandika ||

175. Nulya ingkang putra Sèh Mongragi |
mijil sing wisma marêk ing rama |
samyamingsêr lênggahe |
Ki Bayi lon amuwus |
wawi sami Ngasar mènèh akir |
Sèh Mongragi turira |
sumangga tumutur |
sadaya umiring salat |
maring masjid alit anganyari bêkti |
ngibadah wêktu Ngasar ||

176. Ni Malarsih lan putra parèstri |
amakmum mring masjid alit anyar |
sarwa cèkli (ng)gèn parèstrèn |
wusnya samya awulu |
sami salat wêktu Ngasar-i |
sira Sèh Amongragi |
kinèn majêng ngayun |
ngimami Mongragi nulya |
ngangkat têkber pèrlu sadaya usalli |
wus têtib tumaninah ||

Jilid 7 - Kaca : 114

177. Praptèng patang rêkang kang akir |
tahyat sèlawat nulya asalam |
lajêng pupujian rirèh |
dhikir tan pati sèru |
dalah donganira kur muni |
bakda asêsalaman |
sèdayèstri mudhun |
samyamalèbèng ing wisma |
Kyai Bayi mèksih lênggah anèng masjid |
lan putra arinira ||

178. Ni Malarsih nèng wisma alinggih |
lan kang putra mantu kalihira |
Ni Daya lawan pra ipe |
Malarsih lon amuwus |
Tambangraras dèn-têtakèni |
dhuh Nikèn Tambangraras |
sun tanya satuhu |
sira walèha pasaja |
apa sira uwus bakda dukul nini |
katrêsan ing katrêsnan ||

179. Nikèn Tambangraras matur aris |
ibu paduka tanyèng kawula |
kang kadyèbu wuwusake |

putranta Sang Mong luhung |
datan mulang ingkang kadyèki |
siyang ratri winulang |
suraosing ngèlmu |
patitising kawruh tama |
kalêpasan ing tyas mawas ing kajatin |
jatmikane panunggal ||

180. Panuksmane ngèlmi ganal alit |
lukitane katha katanêman |
tinêmuwa kêdadène |
babare ing ngaluhung |
sampurnane ngèlmu donya kir |
waluyèng kuwaleyan |
pangarasing laku |
kawula suka pirêna |
langkung rahmat sinung wruh kawruh sajati |
tan tuwuh dinêrêsan ||

181. Inggih kadya tuwuk tanpa bukti |
bungah tanpa langêning asandhang |
raosing tyas kadumugèn |
lan kaping kalih ibu |
pan kawula dèrèng mangêrti |
masalah ing pratingkah |
kang paduka wuwus |
ing manah datan kabuka |
raosipun tyas mantuk lir wingi uni |
myat priya tan punapa ||

182. Langkung ngungun kang ibu ningali |
mring kang putra Nikèn Tambangraras |
tyasnya sangêt gègètune |
wusana ris amuwus |
kadipundi punika bibi |
inggih wayah andika |
dados dèrèng atut |
tatakramaning akrama |
ingkang mawa punapa punika bibi |
botên dhêngêr satuma ||

Jilid 7 - Kaca : 115

183. Sangêt kawula sumêlang bibi |
wrate rèhning tiyang anak-anak |
inggih kadospundi malih |
kêwatos dèn-kabanjur |
lamun wontên godhaning eblis |
uga karone kêmba |
pisah durung atut |
sarwi kumêmbêng kang waspa |
mêksih angling kirang-kirang kang kadyèki |
kathah kang tundha-bema ||

184. Nyai Daya wruh Malarsih kingkin |
anglêlêjar aris aturira |

- kang botên-botên rinampe |
tan prayogi dinarus |
inggih lèrès tiyang sisiwi |
ningali datan majad |
ing salimrahipun |
pêngantèn wus kawandasa |
dina langkung tan carêm sacaraning sih |
têmtu kang tuwa susah ||
185. Nanging botên putranta puniki |
yêkti tan kenging winor ing kathah |
têbih saking brèsèt bêrèt |
pan sujanma linuhung |
wus man maring nugrahan jati |
sajatining uliya |
tan kenging winuwus |
nyuda kurmat tan paedah |
kadipundi bok anak ing ngriku sami |
punapa tan kêrasa ||
186. Aturkula mring Nyai Malarsih |
anauri pra ipe sadaya |
lèrès pun bibi ature |
Malarsih malih muwus |
langkung triman ambobolèhi |
bibi sami dodonga |
mring Kang Maha Agung |
kang mugè pinarêngèna |
ing carême atut runtute sakapti |
pun Nikèn Tambangraras ||
187. Saur manuk sêdayanya sami |
inggih punika ingkang prayoga |
tiyang sêpuh pandongane |
tan wontên kèndhatipun |
mrih rahayu puji mring siwi |
muji kakèn-kakèna |
ninèn-ninèn rukun |
pra nyai sami turira |
pan mêngkana yata ing wanci Mahribi |
dangdan musêla salat ||
188. Jamal Jamil adan ngalik-alik |
tuwin ing sabên ing wayahira |
santri samya dan sarêntèn |
ing wêktu manjing pèrlu |
Sèh Mongraga ingkang ngimami |
kang makmum sadayanya |
langkung rahabipun |
anutug wêktuning salat |
praptèng bakda Ngisa purna waktunèki |
Kyai Bayi Panurta ||
189. Mudhun saking masjid lan putra ri |
maring ing dalêm anyar alênggah |

putra ri jalu èstrine |
tata samya nèng ngayun |
Ni Sumbaling lawan Cênthini |
naosakên dhaharan |
mawarna sadarum |
tumrap nèng piring lancar |
lah-olahan wowohan kang manis-manis |
wus andhèr anèng ngarsa ||

14 (Bab: sajatining ngèlmu kasbut ing kitab warna-warni)
Bakda salat Isa sami lèlènggahan ing pandhapi sami mirêngakên
andharanipun Sèh Amongraga bab: 1. sajatining ngèlmu kasbut ing kitab
warna-warni; 2. bab sampurnaning iman lan tokit kanthi nucèkakên salat,
ngantos dumugi bab panunggaling kawula Gusti dalah pilah-pilahanipun.
Kaca 116 - 118.

Jilid 7 - Kaca : 116

383 Dhandhanggula

190. Kyai Bayi angandika aris |
payo kono padha nyênyamikan |
la nganggur sapakolèhe |
samya matur anuwun |
angling malih mring Amongragi |
mênggah ingkang ngarahan |
sampurnaning kawruh |
liripun kadya punapa |
alon matur sira Ki Sèh Amongragi |
Kadis èngêt kawula ||
191. Ironing kitab Tanbihul apilin |
pangandikaning (n)Jêng Rasullolah |
kawan prakawis wus rasèh |
iman lan tokitipun |
kang makripat lan Islamèki |
sampurnaning kang iman |
lawan tokitipun |
makripat kalawan Islam |
anèng kitab Durat lawan Bayan-tasdhik |
Sêmarakandhi witnya ||
192. Iman pangèstu marang Hyang Widi |
kêdah ngèstokakên ing asalat |
tokit tan ngloro tingale |
namung sawijinipun |
Hyang Maha Gung datan kêkalih |
kêdah anunggal salat |
makripat liripun |
kang awas marang Hyang Suksma |
kêdah ngawasakên salat kang sajati |
Islam kasucining Hyang ||
193. Kêdah nucèkakên salatnèki |
malah wong kang wus uningèng Islam |
sèstu Hyang anucèkake |
marang sawiji maklum |

sarta parêng tan kenging srênti |
wor tan kênaning pisah |
parêkan dohipun |
pan sampun ingakên tunggal |
ing panunggal tan wontên kawula Gusti |
sinama sami litnya ||

194. Beda tan beda kawula Gusti |
paminipun punjul lan kaotan |
Gusti anèng kawulane |
yèn ta sagêd kadyèku |
sanès jinis kawula Gusti |
Gusti Gusti kewala |
langgêng ananipun |
kula kawula kewala |
têtêp ngaral bangsa riyah apêsnèki |
tan kêna ngaya apa ||

195. Bedanipun kawula lan Gusti |
makluk yèn rinusak pêsthi rusak |
beda lan Gusti yêktine |
Pangeran Kang Maha Gung |
tan kantênan pippingirnèki |
gênge tanpa wêkasan |
lêmbut tan kajumput |
kang aran Islam punika |
dipun rasa angaji ing Dalil Kadis |
ing kitab kalihwêlas ||

Jilid 7 - Kaca : 117

196. Kitab Sitin lan Sêmarakandhi |
Bayan-tasdhik Sail lawan Sujak |
Ilah miwah Mukarare |
Juwahir Kidayatun |
Sukbah miwah Mustahal nênggih |
Adkiya jangkêpira |
kalihwêlasipun |
punapa prentah kang kocap |
anèng kitab prayogi dipun lampahi |
sami saking ing Kur'an ||

197. Dalil madlul Kadis lan kudisi |
Ijêmak Kiyas lan lapal makna |
murad rasa sih kanthète |
pan tunggal asalipun |
saking Kur'an puniku nênggih |
marga ris kang utama |
agung kang linuhung |
Dalil pangandikaning Hyang |
madlul pangalaping Dalil maring Kadis |
Kadis kang pangandika ||

198. Inggih pangandikaning (n)Jêng Nabi |
kudsi pangalaping Kadis marang |
ing Kadis pan pênulare |

- para waliulahu |
sami matut ngèlmi agami |
ingkang aran Ijêmak |
ngèlmu kang wus kusus |
mupakat ratu sakawan |
Kangjêng Imam Sapingi Imam Hambali |
lawan Maliki Imam ||
199. Kaping sakawan Imam Kanapi |
sintên ingkang tan purun ngambaha |
ing ngèlmi sakawan lire |
yêkti kapir puniku |
datan antuk manut ing Nabi |
katrècèt undurira |
agamane kupur |
mila kang sami tawab tyas |
andadarus kang nêdya ahli muslimin |
prawira ing agama ||
200. Kyai Bayi manthuk-manthuk angling |
sarwi angathung nêkêm panganan |
cêriping gêdhang suwene |
wis pinutung ping têlu |
dèrèng dipun dhahar sakêdhik |
pijêr ngraoskên murat |
sampurnaning kawruh |
mara ta padha rasakna |
rèhning sami ahli sarake (n)Jêng Nabi |
Muhamad kang mustapa ||
201. Kudu mring kitab rolas kang apil |
surasaning kitab linampahan |
rampung ing kauripane |
sadaya matur nuwun |
inggih kados punapa malih |
lamun tan talabula |
ing ngèlmi kang luhung |
Kulawirya aturira |
ing mangke wus angsal pathokan pramati |
miradipun anakmas ||
202. Langkung sakeca raosing kapti |
apan inggih sanadyan ngèlmi hak |
saking ngriku pinangkane |
apan cêkap sadarum |
kawruh datan wontên kêlampit |
ing kitab kalihwêlas |
Ki Bayi amuwus |
iku yèn-yanane uga |
yèn wong alim tan kêna kudu nêtêpi |
ing kitab kalihwêlas ||
203. Pan tumunjêm tyase sadayaki |
hajad anêtêpi ngaji kitab |

- wintu pinrih pahame |
 Ki Bayi lon amuwus |
 nyamikane padha cinêmil |
 mara ta kono padha |
 ngoyog-oyog janggud |
 yèn wus nyênnyamik bubarane |
 kang liningan sadaya jalu lan èstri |
 samya nadhah dhêdharan ||
204. Ingkang sapta wowohan angambil |
 miwah kang sapta olah-olahan |
 aroyom tan ana wênèh |
 sabiyantu akêmbul |
 langkung suka Kiyai Bayi |
 ningali ting kucapah |
 wus samya anutug |
 sadaya awiwijikan |
 ngêsut tangan ting tarècèt wus barêsih |
 kang udud wênèh ngingang ||
205. Sira Ki Pangulu Basarodin |
 mênthêt jram kêprok papat lan angka |
 srabi rangin sarywajare |
 brêkat bae thithik wus |
 gêcok wadok jaluk lih-ulih |
 dhèhèm Ki Kulawiryane |
 Pangulu anjumbul |
 ingèsêman ing ngakathah |
 Kulawiryane latah-latah sarwi angling |
 kang Ngulu nora jamak ||
206. Adat tèmèn tan tinggal pakolih |
 makêm nyangkêrêm lir bèthèt grudha |
 anucuk angibêrake |
 sru gumuyu sadarum |
 Kyai Bayi gumuyu angling |
 bok karpèkne mênangan |
 wuwuhana iku |
 thithik-thithik wratanana |
 Ni Malarsih sigra mêwahi mratani |
 Pêngulu bungah-bungah ||
207. E ya dene mundhak akèh iki |
 (ng)gih nuwun nyai Alkamdulillah |
 Malarsih gumuyu linge |
 di mrono ywa tumungkul |
 ambêganmu anggigilani |
 kaya macan sênggoran |
 Ki Wirya amuwus |
 wong mènèk olèh tataran |
 baya ngimpi pela-pelu mau bêngi |
 lèh brêkat dhêdhèwèkan ||
208. Kyai Bayi Panurta nging malih |
 sira iku layak padha sayah |

payo wus bubarane mulèh |
matur sumanggèng kayun |
sawusira salaman sami |
santri Luci agêpah |
nyulêd êtingipun |
nèng ngarsa mrih padhang marga |
nulya kundur Ki Bayi lawan Malarsih |
ingiring kucumbinya ||

15 (Bab: 1. iman lan tokit; 2. wardining ngèlmi makripat)
Sèh Amongraga anganthi Nikèn Tambangraras kairing Cênthini manjing ing dalêm, lajêng lênggahan. Sèh Amongraga nêrangakên kanthi wijang bab: 1. iman lan tokit; 2. wardining ngèlmi makripat dumugi kêkancinganing iman. Lajêng sami salat tahajud ing mèsjid enggal kasambêt suhul. Sèh Amongraga kapranan dene Nikèn Tambangraras sampun sagêd nindakên suhul kanthi sampurna.
Kaca 119 - 120.

Jilid 7 - Kaca : 119

383 Dhandhanggula

209. Sèh Mongraga akurmat umiring |
marang natar lawan garwanira |
praptèng ing lawang korine |
kang rama ngling (ng)gih sampun |
aprayoga wangsul ing ngriki |
kewala alayapa |
ing wismanira rum |
sira Ki Sèh Amongraga |
matur nuwun Ki Bayi mangilèn mulih |
sabaya asowangan ||
210. Sèh Mongraga jumênêng anganthi |
ngling payo yayi tumamèng wisma |
sarwi kinanthi astane |
Cênthini tansèng pungkur |
praptèng dalêm kalihan linggih |
kang dhêdharan tinata |
malih anèng ngayun |
pateyan sampun jinogan |
mring Cênthini Sèh Mongraga ngandika ris |
yayi sira tanya-a ||
211. Paran dira takokakên yayi |
yèn ana kang kalêmpit driyanta |
takoknèngsun kalirake |
kang rayi nêmbah matur |
inggih lamun tuwan lilani |
kawula nuwun wulang |
ing sajatosipun |
kang wuwus wau punika |
iman tokit makripat Islam punapi |
wontên sajatinira ||
212. Mugi amba tuwan sêjatèni |
kang raka ngling iya yayi ana |

hakekate basa kuwe |
iman badanirèku |
kêranane badanirèki |
iya ingaran iman |
badan iku wujud |
wiwinih marang ngèlmi kak |
aprêsasat ya muga dating Hyang Widi |
iku jatining iman ||

213. De hakekating tokid sajati |
tokid iku apan budinira |
kêranane budi rêke |
ingaran tokit tuhu |
budi iku ngèlmu sajati |
wiwinih maring nur hak |
cahya ingkang luhur |
aprêsasat iya uga |
budinira sipating Hyang Maha Sukci |
iku tokit jatinya ||
214. De hakekating makripat yayi |
makripat iku pan elingira |
krana elingira kuwe |
ingaran makripatu |
eling iku ênur kang jati |
wiwinih maring nur hak |
ing kasidanipun |
prêsasat iku ya uga |
elingira asmaning Hyang kang linuwih |
ku jatining makripat ||
215. Hakekat ingkang Islam puniki |
Islam iku pupusmu kang wus man |
krana pupusira lire |
ingaran Islam tuhu |
pupus iku suhud kang yêkti |
wiwinih marang mutlak |
ing papêsthènipun |
yèku prasasat ya uga |
pupusira apêngalira Hyang Widi |
iku jatining Islam ||
216. Iku yayi wadining kang ngèlmi |
datan kêna kinusus ing sarak |
salang surup ing tampane |
mila yayi dèn-maklum |
maring ilmu aywa kalêmpit |
wau ta Nikèn Tambang |
-raras matur nuwun |
pan inggih barêkah tuwan |
kados botên wontên kang wulang kalêmpit |
dados kakancing iman ||

Jilid 7 - Kaca : 120

217. Iya yayi sukur ing Hyang Widi |
 payo tangat yayi ing palilah |
 kang garwa rahab ature |
 nulya sami tuturuh |
 mring tirtan mèt toyastuti |
 Cênthini tansèng wuntat |
 samya akadas wus |
 mring masjid anyar asalat |
 tahjud rolas rêkangat nêm salamnèki |
 tasbih rolas rêkangat ||
218. Nêm salam wus nulya patrap wirid |
 arambatan guyêr sata riyah |
 isbandiyah jalalah-e |
 barjah akusni junun |
 awiwinih kajatirèki |
 dènyarsa titigasan |
 panggrantêsing kayun |
 bengatira binengatan |
 antarnya suwe kalimah kapusthi |
 winotên ing sanapas ||
219. Wus panasul suhuling Hyang Widi |
 tumama mring jaman kajumbuhan |
 nalikèng kono ênênge |
 sawusira ambuntu |
 ing kalêsan mring isbat napi |
 napak muta awilah |
 tumurun ing kalbu |
 supanèng muta wasitah |
 mawantahing muta nakirah aririh |
 la mujuda ilalah ||
220. Sèh Mongraga bakda dènyya mupid |
 ingkang garwa maksih dèrèng tuntas |
 dènnira bengat suhule |
 ingkang raka angantu |
 luwarira dènyya alatip |
 kang garwa tan rêkasa |
 pangikaling nupus |
 ing kêjêp wus kajênêkan |
 tan prabeda salasilahing amupid |
 mapad panakul pana ||
221. Luwar dènnira ikram miwiti |
 sambunge napas wus tan rêkasa |
 tanggaping kalimah sarèh |
 lapal Allah lawan hu |
 mulih malih ing klimah kalih |
 Sèh Mongraga tumingal |
 mring garwa jumurung |
 wus pintêr narik kanêngan |
 tan kêlangso pamapaning isbat napi |
 kang raka wus pitaya ||

16 (Bab sajatining priya lan sajatining wanita)
 Nikèn Tambangraras nyuwun katrangan dhatêng Sèh Amongraga bab sajatining priya lan sajatining wanita. Dhawuhipun Sèh Amongraga, bab punika ibaratipun Allah Rasul Muhammad, purnaning roroning tunggal, i.p. Nikèn Tambangraras lan Sèh Amongraga.
 Sarêng kalihan babaring sih, wêkasan Nikèn Tambangraras lan Sèh Amongraga dumugi patêmbayaning sih, kadi sêkar tinêmpuh ing sadpada. Kalampahan Nikèn Tambangraras rinasuk dening Sèh Amongraga. Cênthini sumêrêp ing gati lajêng ngaturakên dhatêng Ki Bayi Panurta, bilih Nikèn Tambangraras sampun katêrasan. Ki Bayi Panurta sakalihan garwa muji sukur. Enjingipun Ni Daya damêl jampi miturut sakathahing ila-ila, dalah kêndhurinipun.
 Sèh Amongraga matur ing rama arsa angêlih namaning ari Jayèngwèsthi, tinurunan namanipun rumiyin, i.p. Jayèngrêsmi, jinurungan, lajêng dipun umumakên sadhusun.
 Kaca 121 - 130.

Jilid 7 - Kaca : 121

383 Dhandhanggula

222. Kumandêle kang rayi mring ngèlmi |
 sawusira luwar katrinira |
 kang raka aris wuwuse |
 payo yayi tumurun |
 marang wisma layaping ratri |
 kang garwa tan lênggana |
 tumutur ing kakung |
 cèthi Cênthini tan têbah |
 praptèng wisma tumamèng tilam seta di |
 tumutur Tambangraras ||
223. Amba matur kang tuwan lilani |
 nuwun pantog ing ilmi kang nyungap |
 ing samodra pribadine |
 mugè tuwan sung rampung |
 kang tan mawi warana gaib |
 sêjatining wanita |
 sêjatining kakung |
 sêjatining Hyang Ma Mulya |
 nyataning hak puniku ingkang punèndi |
 kang raka lon lingira ||
224. Marang Nikèn Tambangraras aris |
 kabênêran dènnira tatanya |
 sun arsa-arsa lawase |
 patanyanmu kadyèku |
 pan idayat dening patitis |
 yayi sira myarsakna |
 sun wêjang sirèku |
 dening sêjatining Allah |
 lan sêjatining lanang jatining èstri |
 yayi sira tampa-a ||
225. Sêjatining Allah iku siji |
 kang mêngkoni ana lawan ora |
 sadurunge sawise |

sêpala sêgala gung |
kapurba kawisesèng siji |
sijining anaoran |
durung lawan sampun |
sêpala lawan sêgala |
yèku yayi sijining isbat lan napi |
datan napi tan isbat ||

226. Apan ora durung nora uwis |
nora sêpa lan nora sêgala |
tan ana tan ora rêke |
tan suwung datan mujud |
liring roro-roning asiji |
siji-siji bêlaka |
tan kurang tan wuwuh |
roroning napi lan isbat |
ya rorong Rasul lan Muhamad yêkti |
roroning èstri priya ||

227. Nir karoning jênênging jalwèstri |
ilang aranning napi lan isbat |
miwah lan sapapadhane |
roroning tunggal iku |
apan tunggal dadi sawiji |
wiji siji amêncar |
-akên ing tumuwuh |
kang kagêpok kang katingal |
iku saking purnaning ro maring siji |
siji Allah tangala ||

228. Siji iku tan isbat tan napi |
datan kandha warna ambu rasa |
tan arah tan ênggon angèng |
pêsthi kawasanipun |
anglimputi tur Maha Sukci |
amurba amisesa |
maring ro puniku |
liring ro kun payakun-nya |
lire siji dhewe-dhèwèke pribadi |
yèku yayi jatinya ||

Jilid 7 - Kaca : 122

229. Dening jatine lanang sajati |
yèku Rasul rasa ingkang mulya |
sukmaning roh iku Nikèn |
pan nurbuwahing ênur |
nur Muhamad ingkang ginusti |
tan asum maring ora |
latip jatinipun |
yèku napi tanpa isbat |
lagi êkun durung kapindho sih suci |
Rasul jatining lanang ||

230. Ana dene sajatining èstri |
yèku Muhamad ingkang minulya |

- Muhamad insaniahe |
 nugraha kang linuhung |
 nugrahaning urip puniki |
 tanasup maring ana |
 kaannanirèku |
 yèku isbat tanpa napya |
 pan payakun wus kapindho sihing Widi |
 yèku jatining kênnya ||
231. Ya mulane lapal Allah yayi |
 aksarane pan amung titiga |
 Alip Êlam lan êhe-ne |
 iku pasêmonipun |
 Allah Rasul Muhamad yayi |
 Alip mungguh ing Allah |
 Lam mungguhing Rasul |
 Ehe mungguhing Muhamad |
 sampurnaning Lam Ehe jumênêng Alip |
 amor purnaning tunggal ||
232. Allah Alip mutakalim wakid |
 Rasul aksara êlam jaidah |
 Muhamad he hu akat-e |
 iku sampurnèng idhup |
 sanyatane ngèlmu sajati |
 jati-jatining kang Hyang |
 sajatining kakung |
 jatining wanodya iya |
 apan Rasul ingong Muhamad sirèki |
 woring sirèngsun ya Hyang ||
233. Allah sênêt nèng sajroning pati |
 Rasul Muhamad sênêt jroning gêsang |
 urip kang kaanan kiye |
 urip iki kawimbuh |
 pan kawêngku ing dalêm pati |
 pati pan amisesa |
 ing urip sawêgung |
 kabèh ginantungan rusak |
 utamining urip kang prasanak pati |
 matinya mupung gêsang ||
234. Sapa kang angeling-eling pati |
 ingkang bisa mati jroning gêsang |
 tinêtah supaya tètèh |
 titah ing Hyang Maha Gung |
 kudu eling ing dalêm pati |
 patitis ing kasidan |
 uripe linuhung |
 sabab uripe prasanak |
 lawan pati urip tan kênaning pati |
 yèku dating Hyang Suksma ||
235. Têtêlu iku roroning tunggil |
 datan kênna pinae paeka |

tan kêna ngaran rorone |
tan kêna ngaran têlu |
datan kêna ingaran siji |
Allah ngaran Muhamad |
Muhamad ran Rasul |
Rasul ingaranan Allah |
kang wus bisa uripe pra sanak pati |
Allah kang sipat rahmat ||

Jilid 7 - Kaca : 123

236. Iku yayi pêtakonirèki |
sajatining lanang lan wanodya |
sirèku lan ingong kiye |
tan prabeda kadyèku |
Allah Rasul Muhamad yayi |
Muhmaad iya sira |
Rasul iya ingsun |
purnaning roroning tunggal |
lanang wadon yèku Hyang kang Maha Suci |
sira lawan manira ||
237. Sajatining lanang apan èstri |
sajatine èstri apan lanang |
karana mêngkono lire |
èstri anèng jro kakung |
kakung anèng sajroning èstri |
Muhamad Rasullolah |
kang tumrapping sêbut |
Rasul nèng jroning Muhamad |
Muhamad nèng sajroning Rasullolahi |
tan beda roning tunggal ||
238. Tambangraras winêjang ing laki |
sanalika tyasira wus purna |
padhang tan sumêlang lire |
driya wus pupus putus |
tungtas mêngtas dèn-jajatèni |
tinêkan ing sakaptya |
kumandêl ing ngèlmu |
wus gigal dharatan dunya |
tan tinisnan mung papaèsing Hyang Widi |
widagdèng wadi tama ||
239. Cêprol tyasira kang wingi-wingi |
tan wiwina wus kandhah kandhêhan |
ing tyas sirna wêranane |
mung ngèlmu kang satuhu |
dadya gègèyonganing budi |
badanne wus tan jiwa |
jinarwan sêjatu |
jatining Hyang èstri priye |
Tambangraras sakala kalawan laki |
-nira Sèh Amongraga ||

240. Cinarêman patêmbayaning sih |
 lir cêmpaka wungkul sinadpada |
 praptèng mangsa sakalihe |
 sari mêkar ing bangun |
 kaididan pandhêming tis-tis |
 linungiding brêmara |
 mangungruming tanjung |
 Tambangraras katêtêsan |
 tyasira tis angèsthi jatining ngèlmi |
 minulyèng rasa purba ||
241. Kapurbèng laki purbaning Widi |
 rêkasèng rasa ngêsah swuh ikram |
 trap bengat satariyah-e |
 dyah sanalika kantu |
 lena nèng pakulinan mupid |
 rasèng tyas amêrtiga |
 rong duman mring ngèlmu |
 saduman rasaning priya |
 mèpu Hyang maring dating Kang Maha Suksi |
 tan ura ring panduman ||

Jilid 7 - Kaca : 124

242. Rasa kang pangrasa karasèki |
 datan wiwal anèng kawiritan |
 wus tampi wulang waune |
 dangu dènnira kantu |
 pananing sih nugrahèng Widi |
 Sèh Mongraga tan samar |
 muriganing kayun |
 layape ing garwanira |
 tan kasêlan ring hawa awaking eblis |
 pananing ngèlmu rasa ||
243. Cèthi Cènthini wruh ing wêwadi |
 mring patirtan mariksa hèn lukak |
 samya ingêbèr toyane |
 badhe pasiramipun |
 sakaliyan bëndaranèki |
 yata ingkang kulina |
 anèng jinêm arum |
 luwaran dènnya asmara |
 mijil saking pagulingan pan sarimbit |
 randhat maring patirtan ||
244. Ni Cènthini gupuh angladèni |
 nampa sinjang anèng panadhahan |
 sêsaosan pasatane |
 sinèlèh anèng ngriku |
 Ni Cènthini sigra lumaris |
 mangilèn tur uninga |
 mring kang rama ibu |
 andhodhog kori winêngan |
 nuju dèrèng guling pan lagi amikir |

kang putra kang dadya tyas ||

245. Praptèng ngarsa Cênthini matur ris |
lamun putra Nikèn Tambangraras |
sampun katêrasan mangke |
ramè-bu gyat amuwus |
ya sekur Alkamdulilahi |
gugahên bibi Daya |
Cênthini dèn-gupuh |
Ni Daya wus tinimbalan |
praptèng ngarsa Malarsih mèsêm turnya ris |
bibi wayah andika ||
246. Tambangraras wus pinagud ing sih |
tinêmbayan atut palakrama |
mangsa-borong adate |
sarat katrêsnan ing rum |
mugi bibi priyangga prapti |
mangetan sung ajampya |
mring wayah kawlasayun |
Ni Daya aris ngandika |
lamun parêng prayogi kewala enjing |
wus adatipun enjang ||
247. Inggih mangsa-borong pun bibi |
lah wis Cênthini sira wangsula |
dèn-age sira kasuwèn |
ya wis bangêt sokurku |
nulya mundur mangetan malih |
praptèng têpi patirtan |
kabênêran uwus |
sang ro dènnira asiram |
Ni Cênthini saos pasatan wastra di |
tinumpa nèng panampan ||
248. Sawusira mawastra aririh |
tumama malih nèng pasareyan |
kang raka ris ngandikane |
yayi sira ywa korup |
gêgêdhene godhane eblis |
rong ênggon kang tinênggan |
setan akukuwu |
kang dhingin nèng jroning sahwat |
kaping kalih nèng jroning sakarat yayi |
pambegalaning setan ||
249. Pamurunging prawiraning urip |
yèn kêjorong karêma mring sahwat |
sewotên setan godhane |
mrih laliyèng Hyang Agung |
pamurunging sampurnèng pati |
bariwuting sakarat |
karakêting dudu |
duka cipta salah tampa |

Jilid 7 - Kaca : 125

- lura-luru mrih kaliru ing pangikis |
tanya a ing naraka ||
250. Ulama kang wus man maring ngilmi |
panglilinge mring Hyang Maha Mulya |
ingugêr marang tokide |
siyang dalu kadulu |
daliling Hyang kang Maha Sukci |
karya titah manungsa |
lawan satrunipun |
setan satruning manungsa |
wakolihi man insi jèdis sabilis |
sayatin kasru janat ||
251. Pangandikaning Hyang iku yayi |
sing sapa mênang prang lawan setan |
yêkti gêdhe ganjarane |
rahayu nêng swarga gung |
ing dunya-kir sinung mulya di |
iku yayi kang wus man |
sabab wus sumungku |
mring Allah Rasul Muhamad |
yèku mau sucine iman sêjati |
tokit makripat Islam ||
252. Sampurnane yèku dadi daim |
namung daimira maring Suksma |
aywa sah sanalikane |
nadyan manawa turu |
salat sahwat sêkarat tuwin |
mung daim kang minulya |
ring Hyang kang Maha Gung |
sira Nikèn Tambangraras |
pan minulyakakên ing laki Mongragi |
wus mardikèng mukmin kas ||
253. Wanci wus gagat bangune enjing |
putêr anggêntèr dara bêkuran |
sauran sulindhit bèthèt |
prêkutut duduk layu |
manggung kung nglangut amanis |
èsthinira rêrasan |
rarase sang ayu |
ingkang tinêmbayèng priya |
ing ratri ki jalak menco angêcuwis |
carita carêmêdan ||
254. Iba-iba rêkasaning ati |
kaya wong ngaji jaya wus tapa |
têgun tinatah jumêbrèt |
uligan sajêgipun |
durung wêruh rasaning jurit |
dhasar kutha santosa |
rêmit tutup pintu |
prajurit prapta misesa |

karêkuhe kêpagol kebunton dening |
akunci tan wèh marga ||

Jilid 7 - Kaca : 126

255. Sulindhrit bèthèt lir (ng)gêguyoni |
putêr bênggala lir sukarêna |
sokur pacarême Nikèn |
pêksi dara ambêkur |
bungah lir pitutur kang èstri |
mara ta wruhanira |
bae bêndaramu |
kurên rarasing karsikan |
payo kurên karênaning pulang titih |
darèstri parepehan ||
256. Tuhu wantu-wantu lir ngundhangi |
kolik klikikan mabur barbêran |
lir sung wawarta wadine |
Tambangraras katras rum |
gêmak mêlung lir mamaoni |
sikolik agêtênan |
manuk ora urus |
angèbrèg gawe wawarta |
nadyan bungah bok binatin malah criwis |
mring cabak saya cawak ||
257. Kate bêkisar cakikèr muni |
cinggoling srigunting asusitan |
lir mumungu sang ro Nikèn |
ing wanci bangun Subuh |
aywa jênêk ngulinèng mamrik |
manawa kadrawasan |
ngakirakên wêktu |
owêlên wêktu ijabah |
mrak manguwuh lir bêbantu amangsiti |
nyangungong cohung ngakak ||
258. Ajag-jagan nèng payon angalih |
wau Sèh Mongraga lan kang garwa |
angling payo yayi Nikèn |
mupung awal Asubuh |
kang rayi tan lênggana tuding |
sarêng mijil akadas |
Cênthini tan kantun |
marang masjid samya salat |
praptèng bakda Subuh ing wanci byar enjing |
sang ro tumamèng tilam ||
259. Tan cinatur langêning pulang sih |
sabab puniku kandha uliya |
saru yèn kinarya wadhèh |
yata wau kang ibu |
ngrukti titigasanirèki |
sakèh kang ila-ila |
sadaya rinamut |

sarta lan kêndhurinira |
Nyai Daya sampun rêracik ajampi |
pêntil dêlima pêthak ||

260. Ingurêgan ingisènan ganthi |
mêsoyi pucuk lawan majakan |
kapulaga lawan cêngkèh |
isine cubung wulung |
mrapat lawe wênang ginodhi |
sawuse ingubêdan |
pan pinipis lêmbut |
slasih irêng jinantonan |
myang pon-êmpon panginang kêtêmu giring |
ring bathok pauyupan ||

261. Tuwin kang tapêl unthuking cacing |
lan awuning kraras pisang êmas |
wilungsungan ula cabe |
pala cêngkèh kumukus |
mrica sulah êndhoging êmprit |
cangkang (n)dhog yam têngbeyan |
gya pinipis lêmbut |
lêngkang sunthi pyun bênggala |
wus rinukti sadaya adatarèki |
wong mêngtas katêtêsan ||

Jilid 7 - Kaca : 127

262. Wus linakyan lampahing kang jampi |
siniraman ing sêkar sataman |
susunira êmbok Nikèn |
kang olah Ni Daya wus |
pagêbêsan ingkang duwèni |
miwah sajèn mawarna |
Ni Daya sêdarum |
nulya kêndhuri pinasang |
rolas ambêng lawan rolas ambêng malih |
pêpanganan mawarna ||

263. Samya tinimbangan sadayèki |
putra kalih miwah para kadang |
pangulu miwah modinne |
lurah myang Kamisêpuh |
bundhêl desa sadaya sami |
ambrubul sami prapta |
pra santri andulur |
gumridig lajêng kewala |
nêng pandhapa kilèn dènyya tata linggih |
du dhêngkul têtung kapang ||

264. Santri Luci matur ing (n)Jêng Kyai |
punika sampun prapta sadaya |
Ki Bayi lon andikane |
Bismilaha Pangulu |
donganana Sêlamêt-nèki |
nakira pinangantyan |

wus atut aruntut |
wajibing wong palakrama |
tyas-sun uwus ilang sumêlanging ati |
tan ana kang dadya tyas ||

265. Kang samya myarsa nglinge (n)Jêng Kyai |
samyang bungah sokur sukarêna |
Pangulu sandika ture |
anulya donga Rajug |
Slawêt-pinatawil-ngumuri |
turun sih maskumambang |
Kunut lan Sri-lulut |
Kabula têmu Sêndhana |
ingaminan gumuruh swaraning santri |
rame ambata-rêbah ||

266. Puput dènnya andonga Basuki |
Ki Baywa ngling mara kono padha |
amangana dhewe kabèh |
Luci kae santrimu |
santri cilik nèhana sami |
kêndhuri kang warata |
jaba masjid mangu |
aywa na kang kaliwatan |
matur sampun wawi binagèn pribadi |
tan wontên kaliwatan ||

267. Lah wis padha lêkasana bukti |
nulya samya kumroyok anadhah |
pating kucapah wong akèh |
ing jawi pan gumuruh |
santri padha rêbut kêndhuri |
rame têngdhang tinêngdhang |
ajagur-jinagur |
dènnira arêbut brêkat |
surak gar-gêr lir ngabên dèn-tohi |
santri kang kêkêrêngan ||

Jilid 7 - Kaca : 128

268. Tan wun ucapên ramening santri |
kêndhuri wus samya binarêkat |
bubaran ingkang kêndhurèn |
samana sang linuhung |
laminya nèng Wanamartèki |
pan sampun tigang wulan |
sang brangta nèng ngriku |
mindhak rahmate kang desa |
tulus kang sarwa tinanêm kang tinêmpil |
balêbah murah pangan ||

269. Murah sandhang barang kang pinicis |
wohing kitri kèh bèsèr malangsa |
beda lawan duk maune |
janma saya kèh wuwuh |
bêbrayatan kang samya prapti |

malah angêlar dhadhah |
jêjêl wismanipun |
têpung angubêngi desa |
desarya gung lir wastra gadhung tinêpi |
kubênge kang wisma nyar ||

270. Winatara limangatus luwih |
wuwuhe wong kang sami gigriya |
Sèh Mongraga mangunahe |
tyasing janma rahayu |
datan ana masiyat budi |
samyah rahab agama |
wong kang wau-wau |
kang salat pëndhak Jumungah |
mangke dadya rahab samya anêtêpi |
ing limang wêktu salat ||
271. Barang têtanduran tulus wilis |
pala gumantung pëndhêm kasimpar |
sawah pégagan palêstrèn |
tan ana amanipun |
olèng-olèng lan walang sangit |
ilang ama mêmangsa |
nir singkêling tandur |
wong sadesa sukarêna |
datan ana kang cuwa kacuwèng galih |
lumrah samya rêrasan ||
272. Mangkana pangucaping wong sami |
ya talah desa ing Wanamarta |
lan biyèn bangêt kacèke |
saha kêdudu-dudu |
saya rêja êloh jinawi |
amurah sandhang pangan |
tulus kang tinandur |
tan ana ama satuma |
lêmah lincat saiki kèh dadi gasik |
mabuk mawur binukak ||
273. Saking sangêt sawabe (n)Jêng Kyai |
ana ingkang anauri êndhak |
lagi pandugaku dhewe |
iku mangunahipun |
iya Sèh Mongraga kang mawi |
mara ta titènanana |
ya (n)Jêng Kyai Guru |
biyèn lan samêngko beda |
salawase duwe mantu Sèh Mongragi |
seje sajake desa ||
274. Pêsthi ika kang mawa muwuhi |
wahananing desa sarwa owah |
wêwah byah kêmurahane |
sabarang kaliripun |

- siti kitri sandhang lan bukti |
 bêkti maring agama |
 gumati ing wêktu |
 padha trape wong sadesa |
 isèn-isèning desa Wanamartèki |
 kèh undhaking ngulama ||
275. Pocapane wus ngumum sakèhing |
 padha pupuji mring Sèh Mongraga |
 luwih luhung mangunahe |
 mulane kang ramèbu |
 maring putra mantu langkung sih |
 anon ing putra kara |
 dènya krama runtut |
 miwah sagunging santana |
 atanapi wau ingkang rayi kalih |
 Jèngwèsthi Jayèngraga ||
276. Langkung samya sukanirèng galih |
 yata wau Ki Bayi Panurta |
 duk lènggah lawan mantune |
 garwanira tan kantun |
 Tambangraras tansah nèng wuri |
 yata nimbali sigra |
 kalih putranipun |
 Jayèngwèsthi Jayèngraga |
 atanapi Pangulu lan para ari |
 Suharja Wiradhustha ||
277. Ki Panukma lan Panamar tuwin |
 Kulawirya lawan pra santana |
 Basarodin sa-modinne |
 lurah santri sadarum |
 bundhèl desa para pètinggi |
 magèrsari sudagar |
 kamisêpuhipun |
 kabèh sami tinimbalan |
 datan ana kêliwatan santri siji |
 aglar prapta ing ngarsa ||
278. Tan kêliru lalinggihannèki |
 santri Luci mèdealkên sugata |
 gembol lawan tapsirihe |
 miwah pateyanipun |
 tèh manisan lan wedang kopi |
 rampadan panganan |
 wradin sadaya wus |
 kèndhuri sêkul panjangan |
 Kyai Bayi ngling payo padha awijik |
 agêpah kang liningan ||
279. Nulya dhahar eca nutug sami |
 langkung dènya darbe sanak kadang |
 myang mring sakulawargane |
 nadhah samya pikantuk |

langkung royom ramening bukti |
wus nutug dènnya nadhah |
ambêng nulya dinum |
kang sêkul miwah panganan |
samyâ binarêkat sadaya waradin |
warêg mangan ambrêkat ||

280. Santri Luci ngatak kang ngladèni |
panjang piring ingundurkên samya |
myang kang kakêlut barêsèh |
wusnya nginang audud |
Amongraga umatur aris |
mring kang rama yèn arsa |
ngêlih namanipun |
Jayèngwèsthi winastanan |
nama-amba kawula sungkên pun yayi |
Jayèngrèsmi prayoga ||

Jilid 7 - Kaca : 130

281. Kyai Bayi suka anjurungi |
miwah ingkang pra kadang sêntana |
jumurung amatutake |
kang sinung nama langkung |
sukanira jroning galih |
Ki Bayi lon ngandika |
marang ing sadarum |
kabèh padha ngèstrènana |
ing karsane anakmas Sèh Amongragi |
Jèngwèsthi ngalih aran ||
282. Winastanan mangke Jayèngrèsmi |
padha ngumumêna wong sadesa |
Jèngwèsthi ran Jèngrèsmine |
sadaya saur manuk |
bêbarêngan gumuruh atri |
(n)Jèng Kyai malih nabda |
hèh Luci dèn-gupuh |
jênang jênengan wêtokna |
santri Luci sigra ngatak kang ngladèni |
ambêng jênang pinasang ||
283. Angling mring Pangulu Basarodin |
donganana Kabul Slamêt mulya |
Jayèngrèsmi sêlamête |
sandika Ki Pangulu |
andongani Kabula mugi |
ingaminan gumêrah |
pandonganira wus |
kang jênang nèng takir ponthang |
gya binage pinêthak sampun waradin |
suru janur tulisan ||
284. Samya nyuru jênang caca manis |
santri cilik gumédêr rêbutan |
samyâ gèlaprut raine |

sawusira anutug |
nulya pamit linilan sami |
yata samya bubaran |
sowang-sowang mantuk |
sira Ki Sèh Amongraga |
lawan ingkang garwa sakucumbunèki |
kundur mring dalêm wetan ||

285. Kyai Bayi kundur sing pandhapi |
malêbèng wisma lan nyainira |
tan ucap wau siyange |
prapta ing wêktu surup |
Sèh Mongraga asalat Mahrib |
garwa lan kucumbinya |
ing bakda Ngisa wus |
laju tumamèng ing tilam |
Amongraga amijilkên sabda jati |
pitutur mring kang garwa ||

384 Mijil

1. Apan sarya winêjang ing ngèlmi |
sadaya wus winot |
sapangawikanira kakunge |
winêjangkên marang ingkang rayi |
dhasar sang dyah lantip |
ing sasmita putus ||

17 (Bab: 1. Utamaning gêsang; 2. Jatining gêsang lan jatining pati; 3. Pamusthining sêmbah puji; 4. Pangrusaking kajatèn sêkawan prakawis; 5. Suhuling asmaragama)
Ing wanci dalu Sèh Amongraga lagya kulinèng paprêman, Tambangraras winêjang bab: 1. Utamaning gêsang; 2. Jatining gêsang lan jatining pati; 3. Pamusthining sêmbah puji; 4. Pangrusaking kajatèn sêkawan prakawis; 5. Suhuling asmaragama gangsal prakawis.
Sèh Amongraga nandhang sêdhah, nanging èwêd ambabarakên raosing manah.
Kaca 131-137.

Jilid 7 - Kaca : 131

384 Mijil

2. Kêtadhahan sawêjanging laki |
marang sang lir sinom |
mila sang dyah kêlangkung sungkême |
rinêngkuh guru pangeran yêkti |
nadyan pati urip |
kasrah marang kakung ||
3. Lamine sinung wisma pribadi |
tan pisah anèng jro |
ingkang rama tan tega yêktine |
kapering lèr-wetan wismanèki |
nging ladosan maksih |
saking ibunipun ||

4. Langkung sinungga-sungga sru dening |
sihing ibu among |
lir suwita kang ibu ambêge |
dening mantu ambêge tyas êning |
nor anjayèng kapti |
ing ngèlmu wus putus ||
5. Pan sêdaya wong Wanamartèki |
asih mring sang anom |
uwa paman miwah para ipe |
pan sadaya ngalap kawruh jati |
mring Sèh Amongragi |
binabaran kawruh ||
6. Inggang lagya karênèng tilamrik |
akarongron raos |
Tambangraras aris ing ngature |
mring kang raka Ki Sèh Amongragi |
masalahing ngèlmi |
tur sêmbah sumungku ||
7. Ya tuwanku sang utamèng lir ning |
kang tulus sih among |
kang punêndi marga sajatine |
mêngke nguni panggawe kang luwih |
aywa tanpa gati |
amba nuwun sinung ||
8. Tuduhêna ingkang asayêkti |
ring pangulahing (n)don |
supaya tan kongsi tanpa gawe |
lampah ingkang utamèng ngaurip |
kranaipun êndi |
sampurna ing tuwuh ||
9. Dan lingira Ki Sèh Mongraga ris |
yèn sira yun mêngko |
uninga ing marga sajatine |
patèkêna sariranirèki |
yaktya manggih urip |
lamun bisa lampus ||
10. De kang aran pati iku yayi |
anor ing Hyang Manon |
anor ingkang samêkta samine |
kang nor bukti kang nor maring juti |
kang nor ing sasami |
kang nor nginum turu ||
11. Kang nor maring rajah tamah tuwin |
nor ing luba mumoh |
yèku mati jroning urip rêke |
badan budi mring hawa dèn-lali |
muhung Hyang Suksma di |

dinulu linuru ||

12. Dudu luru midêr anguliling |
aminta sihing wong |
yèn antuk dèn-rêraga polahe |
yèn tan olih mangke amuriring |
ing panggawe dèn-sih |
sanggonne kadulu ||
13. Mapan rêke ingaranan pati |
pan dudu mêngkono |
de kang aran pati sajatine |
angawruhi ing sarira tèki |
dèn-têkèng ayêkti |
wruh ing marga ruhur ||
14. Kang wus nyatèng sajatining dhiri |
panggawe kang kaot |
marga iku apa pandungkape |
wau mentar wus têkèng nagari |
durung aningali |
sang ratu katêmu ||
15. Anging iku pan pênggawe luwih |
kang têka ing kono |
anirnakên saliring panggawe |
kang aran sarira kang wus taki |
aywa tan kalingling |
punika marga yu ||
16. Iya iku kang ingaran pati |
patine wong kaot |
kang wus awas tan uwas anggane |
yèku pati patitising urip |
wus prasanak pati |
uripe linuhung ||
17. Yogya tata kinèn kang sayêkti |
aywa amirangrong |
nyata kêna sapa lélêngkane |
mapan sarira iki kêkalih |
karo dèn kalingling |
aja na kang kantun ||
18. Roh lan jasad iku tunggal dhiri |
dhirining Hyang Manon |
pan jumênêng kalawan dhèwèke |
ananira ênêng ingkang êning |
rampunge pangèksi |
pamêksaning laku ||
19. Laku lakon ana tèki-tèki |
kêlanggêngan jumboh |
wus tan ana kakange adhine |

Jilid 7 - Kaca : 132

langgêng Maha Sucinirèng Widi |
tan kêcampur dening |
karsa ingkang huru ||

20. Namung karsa kewala pribadi |
pandulu dinulon |
lir andulu paesane crêmèn |
apan tan lyan kang tumingal sami |
mung dhawakirèki |
tan sêlayèng kayun ||
21. (m)Bukak larangan kang wus rinêmpit |
pingitan ginêdhong |
kang kinunci ing ngèlmu papake |
mung datira sajatining sêksi |
apan anêksèni |
ing pribadinipun ||
22. Pribadine panunggaling puji |
puji kang sajatos |
jatining Hyang iku panunggale |
tunggal ajal tunggal abadnèki |
wusing sêsasiki |
tan ana sêsiku ||
23. Têgêse ajal puniku wiwit |
wiwitan kawaos |
tanpa krana mungguh ing anane |
lire abad tan ana ngarèni |
tan witan mêkasi |
ananira iku ||
24. Samya tan ana ingkang (n)dhingini |
tanna ngarèni pon |
anging ananira juga dhewe |
tunggal ka-ananira Hyang Widi |
mulyèng sadat jati |
-ning Hyang kang Maha Gung ||
25. Inkang sêksi kalawan pribadi |
tan ana wujud ro |
nanging ananira purba dhewe |
angarani anane pribadi |
purba arannèki |
purba wujudipun ||
26. Purba rupa purba ing pakarti |
purba ajal rêko |
purba abad purba kajatène |
purba tunggal purbaning sih jati |
jatining wus siji |
mung angga kitèku ||

Jilid 7 - Kaca : 133

27. Angganira iku sadat sati |
 jatine tan anon |
 jatining sêksi rupanta kuwe |
 anêksèni anane pribadi |
 basa jênêng yayi |
 dating Hyang Maha Gung ||
28. Kang tan kantha warnambu-raswèki |
 tan arah tan ênggon |
 datan kêna dinuga wujudè |
 kinarya pa jroning tekang ati |
 sabab iku napi |
 tan kêna winujud ||
29. Dene isbate Hyang iki yayi |
 kang dat sipat rêko |
 lan apêngal iku têlu lire |
 êdating Hyang ananira tèki |
 sipating Hyang Widi |
 ahlinirèng ilmu ||
30. Apêngaling Hyang uripirèki |
 samya isbat manggon |
 iku ingkang pêsthi ing anane |
 asmaning Hyang jênênging kang latip |
 mulane kitèki |
 ingakên Hyang Agung ||
31. Sabab kita amrat isbat napi |
 ing patêmon jumboh |
 paekane tan ana paene |
 asmaning Hyang napi ingkang pêsthi |
 hakira ing Widi |
 mungguh ing Hyang Agung ||
32. Aran kita iki napi jinis |
 parbedaning roro |
 napi jinis mungguh kita kiye |
 napi nakirah mungguling Widi |
 yèku tan sarênti |
 suhuning Hyang Agung ||
33. Ingkang guwa-garba wêwah wêning |
 tan samar sumrowong |
 ngèlminira akathah unggahè |
 saha sêmbah matur maring laki |
 nuwun kang punêndi |
 ing kakekatipun ||
34. Kakekating dunya kang utami |
 kang raka lingnya lon |
 kakekating dunya iku Nikèn |
 apan patang prakara kang dhihin |
 pamuwus kang manis |

Jilid 7 - Kaca : 134

- aywa kongsi saru ||
35. Kapindhone nêtêpi agami |
Islam lanang wadon |
kaping têlu kang bangêt wêdine |
marang Allah kang Amaha Sukci |
kaping pat kang bêcik |
ngamale kang sukur ||
36. Ngamal puwasaning badan yayi |
acêgah wiraos |
pangucap kang siya-siya kuwe |
lan puwasaning nêptu dèn-kèsthi |
cêgah sumngah kibir |
myang suka gumuyu ||
37. Cêgah warêg turu nginum bukti |
de puwasaning roh |
cêgah cipta kang ala nêlèmpèng |
lawan malih puwasaning budi |
cêgah nêpsu sirik |
bangsa kewanipun ||
38. Bangsa setan jajil lan eblis |
cêgah kang mêngkono |
dene puwasaning rahsa Nikèn |
pan acêgah tingal kang anilip |
kang tan patut kèksi |
sirik lawan suwung ||
39. Tambangraras tyasira mawêrdi |
anut ing sapakon |
tan kumêlap salilab kalbune |
matur mugè tuwan lajêngnèki |
têpangipun nguni |
wuwulang kang wau ||
40. Sèh Mongraga angandika aris |
kawruhana ing ko |
pamusthining sêmbah puji rêke |
panunggale lan Nabiullahi |
tunggal dat sipati |
asma apngalipun ||
41. Ananira rupanira iki |
ananira rêko |
panggawenira obah osike |
apan Nabi Allah kang hakiki |
muntalèking Widi |
sêmbah pujinipun ||
42. Yèku pamusthining kang sajati |
aywa doh kang manon |
paningalira ingkang sawèntèh |
sira lan kang murba misesa ki |

tan na antarèki |
panunggaling wujud ||

Jilid 7 - Kaca : 135

43. Tunggal solahbawa muna-muni |
apan wis mangkono |
kang tan wêruh adoh pangidhêpe |
saking kadohan kewala wingwrin |
kawêran ing eblis |
anduduga dudu ||
44. Tan wruh yèn Suksma ana ing dhiri |
-nira kang wong winong |
Hyang ngaluhur tan kêna wiyange |
karsaning roroning asiji |
sajatining puji |
muji dhawakipun ||
45. Basa dhawakira iku jati |
jatining Hyang Manon |
cipta kang tan kasêlan ciptane |
ripta kang tan kasêlan ing budi |
budi tan kaslan ing |
angên-angênipun ||
46. Angên-angên tan kaslan ciptèki |
pat iku wus jumboh |
suhul têtêp tinêtêpan kangsèn |
kang mangkono pawore sajati |
tan dumèh wus bangkit |
akèh ngèlmunipun ||
47. Tan dumèh wus tapa wus angaji |
sêmbahyang linakon |
tapa-a dèn-kongsi kaya gosèk |
ngaji dèn-kadi jalak gulathik |
sêmbahyang dèn-kongsi |
bênjud bathukipun ||
48. Lamun tapa pangolahing tokit |
tan têng sajatos |
lir cicitho saparan-paranne |
mubêng kêngêl muwuhi panyakit |
tan mencok ing titis |
ibêre baliwur ||
49. Ti-atinên yayi ing kajatin |
kang murung lèlakon |
pangrusaking kêjatèn ya Nikèn |
patang prakara iku dèn-eling |
ingkang dhingin kibir |
sumngah jubriyèku ||
50. Kaping kalih tan ngandêl ing dalil |
kadis pinaido |

ping tri ambukak larangan gèbrèh |
kang wus linarangan dalil kadis |
jêmak kiyas-nèki |
tan akunci kalbu ||

51. Ping pat goroh palacidra nilib |
ywa pepeka kono |
ingkang garwa anuwun ature |
amituhu pituturing laki |
linakon anggusti |
pamusthining kalbu ||
52. Bakda dènnya panggusthining ilmi |
minulyèng karongron |
satêngahe sanggamèng gatine |
pan winulang ngilmi rasa jati |
tibaning purbèng sih |
tan pêcat lan ngèlmu ||
53. Suhul ing asmaragama nênggih |
limang prakarèng (ng)gon |
ingkang dhihin asmarayoga-ne |
pangalaping panggawe raswèki |
saking tulang sulbi |
Adam ing sakayun ||
54. Ping kalih asmaranala nênggih |
pangalaping raos |
saking tyas kang suci pawiyose |
kaping tri asmaratantra nênggih |
pangalaping raswèki |
saking rupaning hyun ||
55. Ping catur asmarajuwita di |
pangalaping raos |
saking sadayanipun asline |
kaping lima asmaratura di |
pangalapirèki |
saking roh raswèku ||
56. Patêmone Hyang Kang Maha Sukci |
raswane roh kono |
dadya Rasullolah kèh juluke |
patêmone rasul maring sulbi |
patêmoning sulbi |
apan maring sungsum ||
57. Patêmoning sungsum apan maring |
balung maring otot |
patêmoning otot maring gêtèh |
patêmoning gêtèh maring daging |
patêmoning daging |
wujud ngilmu Ènur ||

Jilid 7 - Kaca : 136

58. Suhul Muhamadiyah ayani |
 sabitah têtêp jro |
 anèng ing dalêm lokilmakpule |
 wus winêdhar surasaning ngèlmi |
 rampung sakaliring |
 ngèlmune akasut ||
59. Kawarna-a kang tansah mongrêsmi |
 pinarak karongron |
 anèng tilamsari lan garwane |
 sabakdane salat Ngisa sami |
 Ki Sèh Amongragi |
 (ng)gagas cipta bangun ||
60. Sanityasa umandêg rasaning |
 Suksma sadya kepon |
 mèh lali ya ing toh jiwanggane |
 miwah ayuning garwa tan kèksi |
 mêmêng mangrênggêpi |
 sang dibya mangung kung ||
61. Kawistara dènnya amalatsih |
 de mêmêng wirangsong |
 sampun kawandasa ri lamine |
 tan milalu tadhah lawan guling |
 tan kaur papanggih |
 lawan rama ibu ||
62. Kadang warga wangwang mring Mongragi |
 kang lagyasmu wirong |
 samya maklum ing pahêman mène |
 namung garwa kang mupid ing laki |
 rêhning wus aliring |
 tumpêking pamuruk ||
63. Dadya tan pati juwêd ingkang ling |
 panjating tyas kepon |
 yèn ta kadya pangantèn jamake |
 sêdhêng mangulah langêning sari |
 mamrês ing ngarêsmi |
 anêlaskên kayun ||
64. Suprandene sang ayu tan wingwrin |
 ing tyas tan kêmêjot |
 saking dening subrangtèng ngèlmine |
 tinataskên patitising Widi |
 tan lêledhèng kapti |
 sangêt gênging sukur ||
65. Tan kêna sah mèt sakarsèng laki |
 sabên tan kêna doh |
 siyang dalu sapari-polahe |
 cèthinira Cènthini tan kari |
 sasaosan mêmksih |

Jilid 7 - Kaca : 137

kadya sabènnipun ||

66. Ing nalika yata Sèh Mongragi |
kang nandhang onêng bot |
sapta ri sapta dalu lamine |
kapti kapêtêg ngantan mawingit |
pananira lêsning |
lênglut anèng tajug ||
67. Amancad dalam catur prakawis |
tingalira jumboh |
sipat jamal jalal lan jamale |
sipat kahar ingkang anglimputi |
pambuntuning budi |
komplang suwung gêmplung ||
68. Nir tan ana pancabaya kapti |
lêngêng ing Hyang Manon |
wus tan ana majad ing jêrone |
dadya ling linglit tyasirèng kamil |
kagyat duk miyat ing |
wau ing dyah ayu ||
69. Tumingal ing raka swuh kang galih |
sumungkêm ing pangkon |
pan mangkana sang dyah panêrkane |
paran ingkang dadya luput mami |
sangêt dosèng laki |
tan wande papa gung ||
70. Rèhning dèrèng kawêdhar kang wingit |
tanggap katêlangso |
Nikèn Tambangraras graitane |
baya kaduwung akramèng mami |
dene darbe dasih |
ya maring katèngsun ||
71. Èsmu merang sang dyah langkung ajrih |
ngingsêr saking ngênggon |
saha sêmbah tangi ing pangkone |
tan atêbih tumungkul awingit |
tan arsa mulat ing |
pasuryaning kakung ||
72. Yata pitung dina dènnya wingit |
wite wêktu Suboh |
tanpa wêktu laminya tan mêngèng |
dadya tan kêcap sêgu tan osik |
lir kamanungsaning |
tanalyèng tanajul ||
73. Wêktu Subuh Luhur lan Ngasar-i |
Mahrib Ngisa towong |
pan wus koyup ing kala panane |
dadya angluwari purba jati |

18 (Pamit badhe andon lélana sarta badhe ngupadosi adhi-adhinipun ingkang pisah)
IV. Sèh Amongraga Lolos
Sampun 40 dintèn pêngantèn sêkalihan sami sih-sinihan, wanci bakda Ngisa Sèh Amongraga lênggah kalihan garwa wontèn ing paprêman, pamit badhe andon lélana sarta badhe ngupadosi adhi-adhinipun ingkang pisah nalika pêrang ing Giri. Kathah-kathah pangrêpa pamalar lan piwêlingipun, sapêngkêripun, Nikèn Tambangraras kalilan krama malih, miliha priya ingkang asipat guru-laki.
Nikèn Tambangraras sakalangkung kagèt, tuwin sêdhih ngantos sêmaput kados dipun-lolosi otot bayunipun. Kathah-kathah pituturing laki, pinaringana iman, ngandêla dhatêng kawasaning Allah. Wêkasan sang Nikèn linipur saengga sare.
Sèh Amongraga mangkat lélana kadhèrèkakên santrinipun Jamal Jamil, nilari sêrat tiga, dhatêng garwa, rama, lan dhatêng rayi ipe kalih-kalihipun.
Bangun enjing, sarêng Kèn Tambangraras ningali laki botên wontèn, njêrit dhawah kantaka. Ni Cênthini gugup lumajêng dhatêng dalêm kilèn.
Ki Bayi sêkalihan garwa miwah para putra sami prapta ing wisma wetan, sêrat têtiga winaos, sawêg sami mangêrtos yèn Sèh Amongraga lolos andon lélana. Sadaya sami sungkawa.
Kaca 138-147.

Jilid 7 - Kaca : 138

384 Mijil

74. Dhuh masmirah kang asarwa rukmi |
kumala di kaot |
dèn-kêpara ing ngarsèngong kene |
baya tuhu sarining rêtna di |
ambêk ta ing laki |
mirah jawatèngsun ||
75. Praptèng pitung wêktu de tan gingsir |
buku ing palunggoh |
sang lir puspita atur sêmbahe |
saha majêng mring ngarsaning laki |
pinapag ing liring |
pan sarwi anggayuh ||
76. Jarijinya panuduh pinidih |
saha ngandika lon |
ajwa kaduk tanpa nahing anggèr |
sarèhning sun mênêng masku ari |
mêngko sun tuturi |
mirah jiwaningrum ||
77. Sayêktine sun arsa apamit |
mring sira masingong |
marang Naya-ganda ing banjure |
arsa wikan wêkas-wêkasaning |
kulon wetan yayi |
êlor lawan kidul ||

78. Aywa dadi woding tyasirèki |
 andasihkên ingong |
 dipun tulus sihra nah-anggèr |
 pan wus mêngkono karsèngsun yayi |
 pan arsa nglanglangi |
 ing wong ahli wuyung ||
79. Poma yayi wêkas-sun sirèki |
 ing sapungkuringong |
 manawa na Hyang Suksma karsane |
 pinundhut ingsun ajal dina kir |
 sirèngsun-lilani |
 krama-a sirèku ||
80. Ngulatana kakung kang prayogi |
 ingkang bagus anom |
 kang utamèng ing sastra ta rêke |
 nora kêna babo ginagampil |
 iya wong akrami |
 tuwin wong (ng)guguru ||
81. Ya mulane angguguru yayi |
 milih janma kaot |
 datan kêna singa wonga anggèr |
 kang kalêbu ing catur prakawis |
 têtêmên gêmî muklis |
 wêkêl ingkang wungkul ||
82. Iya iku kang prayoga yayi |
 kang wênang ginuron |
 guru-laki tan ana bedane |
 tiwasing guru badan tan kari |
 sanggonne kang cangking |
 dèn-dhadhunga katut ||
83. sarêng myarsa dyah sabdaning laki |
 sumaput kang panon |
 lir katujwèng sela pranajane |
 dadya bawur paningalirèki |
 anglir dènlolosi |
 sang dyah tulangipun ||
84. Lir pinusus bayu mring wiyati |
 sungsum balung otot |
 sirna kabèh pêsat ing anggane |
 mênggah-mênggah aturirèng laki |
 dhuh panutan-mami |
 sêksènana ulun ||
85. Datan mantra-mantra yèn angimpi |
 malih ing pandulon |
 amba anut tuwan saparanne |
 ajur kumur-kumura ing margi |
 tan sumêdya gumingsir |

Jilid 7 - Kaca : 139

nadyan t k ng lampus ||

86. Tr nyuh myarsa Ki S h Amongragi |
myat kang garwa ngepon |
sang dyah luluh pras tya atine |
S h Mongraga angandika aris |
astanira sarwi |
narik jangga pungkur ||
87. Yayi d n-kapar ng ngarsa mami |
myarsakna ling-ingong |
d n-narima d n-waspada Nik n |
andhang pira tyasira kal mpit |
Isira lawan mami |
mami lan Hyang Agung ||
88. Sira datan andulu ing kami |
wus sinung pandulon |
mring Hyang Kang Maha Sukci Nik n |
dadya sira tan pae lan mami |
mulyaning dat jati |
tar wang-wang sawegung ||
89. Krana kab h iku sajabaning |
 dating Hyang Manon |
y ku mahluk yayi sadayane |
tinggal nilib panggodhaning eblis |
ambl s an ng kapti |
kapit ng tyas dudu ||
90. T guh na yayi tyasir ki |
dating Hyang an ng jro |
jin mira kasuciyane |
upamane angganira yayi |
wastra lus seta di |
cinitr ng jal ngut ||
91. Wit winasis r ngr ngan r spati |
trusane tan dhompo |
rap t datan nilib tembokane |
lilin putih w d lane langking |
mung kewala nganti |
ing babarannipun ||
92. Pamberating citra ingkang r mit |
liline linorod |
n t s kab h adining panggawe |
pant s kag m ing Sri Narapati |
liring Narapati |
Sang Hyang Kang Maha gung ||
93. Y ku wangsuling awon mring b cik |
bathikan linorod |
l wih lara kinira majade |
rasaning wedang kang molak-malik |

babaranning wali |
linorod papa gung ||

Jilid 7 - Kaca : 140

94. Panasing Hyang kang lêwih saking gêni |
yèn mungguha abot |
luwih saking watu wukir bote |
wong kang bisa tinggal kadonyèki |
sêbab iku sirik |
asih ing sisiku ||
95. Kang kumandêl sira ing Hyang Widi |
sinung sih kinaot |
datan ana tinimbang padhane |
pasajèngsun pamit ing sirèki |
mung sira kang sun sih |
babare ing besuk ||
96. Bok manawa na nugrahèng Widi |
mring sira masingong |
pupusên ing driyanira Nikèn |
kapindhone sun arêp ngulati |
ring arimu kalih |
jalwèstri kawlas-hyun ||
97. Tan wruh lamun manggih pati urip |
anandhang rarêmpon |
rêbut urip saparan-paranne |
pisah lan manira kawlas-asih |
baya datan lami |
(ng)gèn-ingsun angluruh ||
98. Nikèn Tambangraras tan bisa ngling |
mingsêg-mingsêg alon |
marawayan drawayèng pipine |
lumuntur lir turasan waspèki |
kang raka ngarihi |
sarwi ngusapi luh ||
99. Surat ingkang nugraha marnani |
lir wulan angayom |
sasontên mila ngimur garwane |
Amongraga rumakêt ing rabi |
rinubanan ing sih |
kadya mas tumimbul ||

Jilid 7 - Kaca : 141

385 Maskumambang

1. Gya sinambut binêkta mring tilamsari |
ginunturan sabda |
sang dyah tan sawalèng kapti |
makum pancadriyasmara ||
2. Lungiding turidèng rêsmi kang ginati |
makaming Aminah |

- Salamah Kotijah jati |
makam Patimah Ngasiyah ||
3. Sarira nglês bêbalung lir dènlolesi |
syuh rêmpu kalihnya |
tan karkat angganirèki |
watgata jatining uswa ||
4. Aluwaran sang ayu sinambut ririh |
binêktèng patirtan |
pan samya ashar kadasi |
Cênthini anampa wastra ||
5. Pungun-pungun sang ro lir sawung kapilis |
pulasung sungkawa |
angawêngi ing ngawingit |
sawusira apasatan ||
6. Tumama malih maring tilam-wangi |
sarwi sasareyan |
kalih kulinèng jinêmrik |
mawarga milutèng garwa ||
7. Kinêrêkêt ing ngangga sinabda manis |
Nikèn Tambangraras |
kerup ing tyas èsmu arip |
alayap kaeca nendra ||
8. Dyan sinarèkakên munggèng langênsari |
wanci wus anggagat |
dyah kêpati dènnya guling |
wus ingapit kajang sirah ||
9. Sang mong-wuyung nimbali santrinya kalih |
bêktane waunya |
sing Karang Ki Jamal Jamil |
lah ki santri payo lunga ||
10. Ki Sèh Amongraga karya surat aglis |
kang tika titiga |
tiningkêm wus dèn-cirèni |
satunggal mungêl mring sêrat ||
11. Kang satunggil ciri mungêl mring kang rayi |
Jèngrèsmi Jèngraga |
srat kang satunggil malih |
ciri mungêl mring kang rama ||
12. Sinèlèhkên wulu uloning aguling |
sang kakung angraras |
ngling ririh kariya yayi |
manirarsa anglêlana ||
13. Ki Sèh luhung Mongraga tumurun aris |
parèstri kang nendra |

- nèng jarambah myang Cênthini |
sidhêku nèng waton tilam ||
14. Sèh Mongraga alon mêngakakên kori |
kang anèng paningrat |
Jamal Jamil gya umiring |
mêdal kori bubutulan ||
15. Sakathahing manuk ingon ingkang muni |
kang putêr bênggala |
prêkutut dara Parêsi |
sêndhêt unine tan sora ||
16. Cakikèring kate bêkisar nyaririt |
isthaning wangsitan |
ajwa na asru-sru muni |
lamun kagyat kang anendra ||
17. Sèh Mongraga kang lagya nilap ing rabi |
kadhone tyas mêlang |
amuwuhi gênging kingkin |
kang arsa nis kapalangan ||
18. Mila samya unining pêksi aririh |
wênèh èsthanira |
bêndara wurungêna nis |
garwanta Ni Tambangraras ||
19. Pêsthi sangêt nandhang papa gung prihatin |
pisah lawan priya |
lagya nêdhênge among sih |
lamun ngucapa mangkana ||
20. Yata wanci wêktu Subuh dènnya mijil |
praptèng jawi dhadhah |
kèndêl satêpining kali |
asalat Subuh nèng sela ||
21. Wus paragat dènnira asalat sami |
anulya amangkat |
Jamal Jamil tansèng wuri |
minggah palêstrèn narmada ||
22. Wus mèsat ing pêpèrèng napak têtêgil |
nurut pègalêngan |
pagudhèn pagagan sabin |
lampahè awirandhungan ||
23. Pan samarga Mongraga mandhêg anolih |
katingal kang garwa |
duk tinilar maksih guling |
katon trêsnane kalintang ||

Jilid 7 - Kaca : 142

24. Yata wau kang mahawan Sèh Mongragi |
lawan santrinira |
tan ana baya kaèksi |
eca dènnira lumampah ||
25. Mèh raina sêmu bang ing pajar sidik |
ima malang maya |
lir lungsiring tilamsari |
drawela langêning wiyat ||
26. Ngalèr-ngetan sêdya nut pinggir pasisir |
Hyang Surya sumirat |
kawêngan pêdhut ngampaki |
adhêming bun kang kêsrampat ||
27. Awurahan gumêdêr swaraning pêksi |
bubut lan kêpodhang |
cingcinggoling lan srigunting |
cuciyun manyar branjangan ||
28. Jagigèring sata-wana lir malangi |
mring kang lagya linggar |
wangsula aywa ja anis |
garwanta kawêlas-arsa ||
29. Miwah panggrahing sawung dhusun kapyarsi |
saking pêlinggaran |
tutuhu kolik mêlingi |
lir anguwuh kang wangsula ||
30. Byar raina sirat soroting Hyang Rawi |
mrabani têkèng rat |
ngalèbi rêngganing salir |
Sèh Mongraga dènnya lampah ||
31. Ngancik wana têrataban anut margi |
rêstari tumama |
mêmangun manguning wingit |
wus kapungkur padedesan ||
32. Pan angambah sasêngkan ing wana wukir |
jurang jro mangunang |
nut têmbinging lêmah miring |
kapering parung ing ngarsa ||
33. Gêgêr mênggêr agra gugur galêgêring |
lata anggrêgancang |
lumung lumut ambêlêti |
lulut lumêkêt ing sela ||
34. Lyah iwah silak asiluk alêngki |
kèh pala kasimpar |
parèng ing mangsa maèsi |

- kawarasan ing labuh pat ||
35. Sri panjrahing sari marururum amrik |
abra patrah wijah |
(m)bêlasah wohing gênitri |
katragan gagar sumêbar ||
36. Bogêm bana cêmpaka dulan sulastri |
myang kang kanigara |
wilasa lan gandasuli |
aglar ingkang anggrèk wulan ||
37. Jangga mure argula kang wora-wari |
patra mênggala myang |
landêp lawan sanggalangit |
tanjung soka nagapuspa ||
38. Kang sridênta kalak kênanga kêmuning |
lan prabu-setmata |
mêlathi pudhak sisili |
puspa capa lan kucila ||
39. Sang Mong-brangta napak ing sela tumawing |
tumiling mèt awan |
lir nambrama kang lunga nis |
brêmara rèrèh manguswa ||
40. Angrêrêngih rêngu mrih ruruning sari |
lir karunanira |
kênya pinarwasèng gati |
sang mong nêngkung alênglêngan ||
41. Tan cinatur yata kang kantun aguling |
Nikèn Tambangraras |
kêbanjur dènnira guling |
kongsi byar dènnira nendra ||
42. Pêksi jalak cocak gulathik lan nori |
gumêdêr cêrikan |
lir mamungu kang aguling |
dingarèn dènnira nendra ||
43. Lah wunguwa aywa kêpati aguling |
tiwas rong prakara |
dhihin pot Subuhirèki |
pindho tinilar ing priya ||
44. Nikèn Tambangraras wungu dènnya guling |
kagyat katêrangan |
Hyang Haruna wus umijil |
myat mring kang raka tan ana ||
45. Lir sinêmpal angganira tyas monêng nis |
êpoting wêktunya |
nyana tinilar ing laki |

ngandika mring cèthinira ||

46. Kabêsturon tèmên sirèku aguling |
Ni Cènthini sigra |
gêragapan dènya tangi |
kinèn ngucali kang raka ||
47. Ingucalan ing tajug panêpèn wingking |
miwah ing patirtan |
wus gêmêt dènya ngulati |
umatur mring Tambangraras ||
48. Tan kapangguh rakanta kula-ulati |
Nikèn Tambangraras |
duk myarsa ture Cènthini |
mitênggêng tan kêna obah ||
49. Tyas bèriwut supêg tan ana sêtugi |
sumumpêl anênggak |
napas kabêbêg ing kapti |
cumêkik niba bantala ||
50. Anggadêdêr ngacêcêng lir kayu aking |
Cènthini (n)jrit sigra |
ngrungkêbi padanirèki |
anangis kalara-lara ||
51. Umyang kabèh tuwa nom parèstri nangis |
Ki Bayi Panurta |
kagyat sru swaraning tangis |
lan garwa lumajêng ngetan ||
52. Tinigalan kang putra sangêt tan eling |
Malarsih karuna |
kêna ngapa sira nini |
têmahan sira kantaka ||
53. Kyai Bayi bêkuh-bêkuh dènya nangis |
gumrah jroning wisma |
kafirêng saking ing jawi |
Jayèngrêsmi Jayèngraga ||
54. Jalu èstri lumayu marang jro prapti |
samyambung karuna |
miwah ingkang para ari |
sêntana pra santri prapta ||
55. Pêpêk jibêg jalu èstri samya nangis |
tan wruh purwanira |
gumêdêr arung anangis |
Tambangraras tinangisan ||
56. Para tuwa Pangulu lawan Sêmbagi |
Jumêna Jêmpina |

Jilid 7 - Kaca : 144

- gênti nêmbur anjampèni |
ting salêmprot agêbrèsan ||
57. Jro pasuwuk sêsawanan angêcuwik |
sêmbur dringo bawang |
myang toya tuli ing canthing |
miwah pra tuwèstri samya ||
58. Anêlusur sêsalang nyènèng thi-athi |
sarya akaruna |
kang mêtik pating jarêlih |
tanpa rungwan kang karuna ||
59. Datan kêna sinapih pating jarêlih |
Kiyai Panurta |
Ingling wis wis aja anangis |
mundhak amuwuhi susah ||
60. Nikèn Tambangraras kang dangu tan eling |
sinundhang pra tuwa |
nulya kêkêtêg katawis |
tungtum napase kêsotan ||
61. Tambangraras nulyèngêt lara anangis |
ingkang rama sigra |
ngisêp êmbunne kang siwi |
sarwi alon angandika ||
62. Pamulane sira kantaka kêpati |
dhenok paran sira |
binêndon lakinirèki |
utawa katiban sada ||
63. Lawan lakinira Ki Sèh Amongragi |
dene tan katingal |
asênêtan anèng ngêndi |
paran darunaning duka ||
64. Ni Malarsih angling lah matura nini |
dinangu ramanta |
aywa dera pijêr nangis |
sarèhêna tyasmu rara ||
65. Tambangraras pègat-pègat matur aris |
manêmbah ing rama |
kawula tan sinung runtik |
myang sada tumamèng ngangga ||
66. Datan wontên dèdukanipun sakêdhik |
(n)Jêng rama putranta |
tan antuk lamun ngulati |
de kang dadya wod tyas amba ||

Jilid 7 - Kaca : 145

67. Putra tuwan lamun kawuwus sayêkti |
linggar ing sasana |
ngêlalu anglalana nis |
tan wrin paranning kanêngan ||
68. Duknya ratri dènnya ngikis sabda wingit |
adrêng kawularsa |
tumutur tan dèn lilani |
sawusipun pranèng basa ||
69. Samya layap sakarongron lawan mami |
manawi punika |
sèstu lir linge duk ratri |
de puwara datan ana ||
70. Kyai Bayi anjêtung tan kêna angling |
miwah sadayanya |
samya gêgêtun tan sipi |
myarsa ture Tambangraras ||
71. Yata wau kucumbu cèthi Cênthini |
duk wau kalanya |
atrap wiwal ing guguling |
myat thika nèng soring bantal ||
72. Tigang thika Cênthini kagyat ningali |
anulya ingalap |
ingatürkên ing (n)Jêng Kyai |
Ki Bayi gupuh ngandika ||
73. Iku apa kang sira türkên ing mami |
wus katur tinampan |
putra ri samya ngungsêgi |
yun myarsa bukaning sêrat ||
74. Kyai Bayi ningali alamatnèki |
marang Tambangraras |
satunggil mring rayi kalih |
satunggil marang kang rama ||
75. Dyan binuka sastrane pegon angrawit |
pan winaos sora |
ungêling srat angalap sih |
yayi Nikèn Tambangraras ||
76. Manira mit kariya bêktiyèng Widi |
kang mutlak ing bengat |
kang mapu(?) ing Suksma jati |
sun lèlana andralaya ||
77. Angulati marang kadangira yayi |
kang padha anglunga |
kaboyong kalane jurit |
duk bêdhahe Sukaraja ||

78. Binoyongan marang Naya-ganda sami |
 marmèngsun nrang papa |
 anggawa arinta kalih |
 wusana pisah lan ingong ||
79. Yayi sira kang tawakup mring Hyang Widi |
 dèn-narimèng titah |
 ragèngsun srahêna Widi |
 sêdyèngsun pan nora lawas ||
80. Kyai Bayi Panurta (m)barêbês mili |
 mamacane magag |
 marêngkak sêrêt tan titis |
 kadho kadhot tyas kandhêhan ||

Jilid 7 - Kaca : 146

81. Jalu èstri sadaya samya anangis |
 netra tan ana sad |
 bêmbêng kumocor luh mijil |
 myang Jèngrêsmi Jayèngraga ||
82. Tingal abang lir Hyang Haruna umijil |
 bungkak marawayan |
 tyas koncatan lir piningit |
 suka cipta kinanthinya ||

386 Kinanthi

1. Kang sêrat satunggilipun |
 pinaringkên putra kalih |
 Jayèngrêsmi anupiksa |
 Jèngraga tumut nungkuli |
 winaos sinukmèng driya |
 samun tan katarèng lathi ||
2. Pangaksamanta kang maklum |
 yayi kang langgêng pupuji |
 pupusing angga toh jiwa |
 tanpa dharat tanpa tasik |
 tan kêlêm datan kumambang |
 misesa anèng pribadi ||
3. Kadya antiganting sawung |
 ingêrêm titising wiji |
 narna cumaning kasidan |
 dadya wuk maring kêjatin |
 nikmat rasaning galinggang |
 kang muhung brangti Hyang Widi ||
4. Têgêse kulinèng luhung |
 tan milih ênggon sawiji |
 nèng jamaning kasamunan |
 pasêmoning kang ahli wis |
 Jayèngrêsmi Jayèngraga |
 lir pinancas tyasnya kalih ||

5. Ungêling srat mring ramèbu |
pan anor ing atur bêkti |
nuwun sokuring pandonga |
kagalatan ing pangikis |
tan kobêr atur uninga |
kawula limput ing wingit ||
6. Karsaning Sang Kang Maha Gung |
amba pinulah ing kêlir |
winayang ing kawuyungan |
marang Hyang Kang Maha Luwih |
mangênês ing kaênêsan |
narah kumambèng wanadri ||
7. Inggih pintên bangginipun |
ramèbu myat anggamami |
mugi sokur ing Hyang Suksma |
tulusing amal kang salih |
sindhêkah jariyah pitrah |
kang mêlêng mumulang pakir ||

Jilid 7 - Kaca : 147

8. Ki Bayi kalangkung ngunngun |
ngêlus-êlus jènggodnèki |
kang srat tiningkêm kewala |
anjêtung tan kêna angling |
sarwi nênggak-nênggak waspa |
angling angrês-rêssi kapti ||
9. Iya ta lah kang linuhung |
astakpirulah halalim |
sun sidhêp nora mangkana |
dene tan pracayèng kami |
sadaya susah ing driya |
Nikèn Tambangraras nangis ||
10. Wus tetela sang dyah ayu |
yèn ingkang raka lunga nis |
têbah jaja sambat pêjah |
kalara-lara anangis |
sadaya ambyung karuna |
jalwèstri langkung prihatin ||
11. Ki Panurtêmêng ing kalbu |
lah uwis mênênga sami |
padha pupusên tyasira |
takdir karsaning Hyang Widi |
wedaning kawula êngam |
tanpa wêkas gung prihatin ||
12. Wus mênênga sira gêndhuk |
ywa pijêr (ng)giyêng anangis |
arahêna maring Hyang Sukma |
kandêlna tekadirèki |
aywanggung siranggêng brangta |

ala kang tinêmu nini ||

13. Wis wis kabèh ywa kapiluh |
kewala muliha sami |
aja na prihatin dahat |
maring kang alêlana nis |
kang padhenak nambutkarya |
lawas enggale pan mulih ||
14. Malah kang jumurung sokur |
sapakolèh muji dhikir |
nyêlamêtna lan sidhêkah |
kang lunga lawan kang kari |
ya kang padha duwe trêсна |
kang lagya nis ing prihatin ||
15. Ingkang liningan umatur |
sandika jalu lan èstri |
samyapa pamit wus linilan |
gya mundur bubarana mulih |
sadaya sowang-sowangan |
tan cinatur kang gung kingkin ||
16. Yata wau kang anglangut |
ngalèr-ngetan wus pasisir |
sira Ki Sèh Amongraga |
lan santrinira kêkalih |
tan arsa mampir padesan |
umahas ing wana wukir ||
17. Ngambah jurang pèrèng parung |
parang rong miring kapering |
pring ori anggrit garotan |
gumêrit katiyup angin |
mawor krisiking cêmara |
tampêking kalingan aking ||
18. Ngrapak kapidak kumrusuk |
sêmpal gumropak pang garing |
gigal papal kapalêsat |
sumyur lir jamak binênthik |
kabênthak palêthoking pang |
ngrêbatang ngalangi margi ||

19 (Lampahipun Sèh Amongraga sakanthinipun dumugi ing guwa Sirupan)
Lampahipun Sèh Amongraga sakanthinipun dumugi ing guwa Sirupan, cêlak
dhusun Cadhuk, jajahan Prabalingga, panggih jurukuncinipun nama Ki
Nitipala; mojar bilih sawênèh tiyang ingkang pêjah nènèpi ing guwa wau. Ing
sakiwa-têngênipun kathah partapan wana wêrit. Lampahipun lajêng
sumêngka dumugi rêdi Gêndhing, manêkung kawandasa dintên amrih
babaring kajatèn. Lajêng tumurun nglangkungi têtalaga sirahing lèpèn Gandhu,
bêngawan tanah Bêsuki. Ing ngriku siyam pitung dintên.
Lampahipun kalajêngakên urut sukuning rêdi Sêmèru, arga Songsong
ingkang têtbingipun jêmbar amot tiyang sèwu, dipun-aubi dening sela.
Ngubêngi njajah wilayah Sêmèru sawulan tigang dintên; lajêng ngambah

wukir Bunagin, wukir Rèntèng, wukir Selamanik lan talaga Muncar. Lampahipun kalajêngakên dumugi Panarukan, mahas wanadri amênggêl rêdi Putri, pèrèngipun rumpil aparung, lêlingiran sela pêthak, dumugi guwa Kawidadarèn, sakalangkung wingit, pucakipun bolong amadhangi. Salêbêting guwa wontên toya balumbang botrawi. Sang lèlana sêdasa dintên nêni ing ngriku.

Lampahipun anglangut mangetan lèrês ngantos pantog pasisir nyungap sawangan samodra. Laju mangetan, Sèh Amongraga sumêngka ardi Sêdana, ndêdêr, wontên ngriku pitung ratri.

Lajêng mandhap sumêdya dhatêng ardi Liridhuk, pitung dintên wontên ing Wotruyung. Lajêng mangidul nyabrang lèpèn Banyuwangi sadintên, têrus mangilèn dumugi sirahipun lèpèn ingkang wontên ing wana Sandi. Wontên ing ngriku sadalu. Lajêng mangidul nyabrang lèpèn Blambangan, nglojok tanah Jêmbêr. Dumugi ing têtèping sagantên, numpak gèthèk dhatêng pulo Nusabarong, suwung botên kaambah tiyang, namung palakirna pêpak lan wontên candhinipun sela agêng ingukir. Wontên ing ngriku Sèh Amongraga manêgês karsaning Suksma.

Kaca 148 - 166.

Jilid 7 - Kaca : 148

386 Kinanthi

19. Lir prajurit prang kapupu |
sèmpèr katibanan bindi |
bêngkong lêmbu andaka |
kadya sambating akanin |
jêjawi rambon andhapan |
kidang manjangan lan kancil ||
20. Garêdhêging mesa danu |
anglir pambêrêging jurit |
swabawaning singa nabda |
krura krah anggo ngajrihi |
buron wana kabêrasat |
bêsot lumayu anggêndring ||
21. Cênguk lutung rêbut dhucung |
kikik ajag wawran wiwrin |
uwa-uwa wêrangutan |
bangkokan kapêngkok kontit |
kapalang asalang-tunjang |
kang nêrancag mènèk mêngcit ||
22. Mesa-lawung (m)bêkos gedrug |
samyang pasang singat lungit |
myang andaga agabrêsan |
kênthus mathênthêng amathis |
lir magoli kang sasaran |
andanu kadya nglajêri ||
23. Anggabag samya (m)bêg purun |
êmonge ngalewa ering |
anggêrêng cakra kêrukan |
muringis mikrisnya ngisis |
amuwus ilu nêracas |

nilap kumlepat kuncati ||

24. Laju lampaha sang Mong kung |
lan santrine Jamal Jamil |
buron wana èsthanira |
basaning sato apênging |
aja na wani nukarta |
mring sang Adi lèlana nis ||
25. Sang monêng manêngkung wêtu |
nèng pinggiring talaga di |
munggèng sela sumayana |
rêjasa gung kang ngayomi |
bakda Lohor gya mahawan |
awanting ing jurang curi ||
26. Margi rumpil papal pupul |
pipil sèluk siluk sungil |
asingub mangêb sumahab |
dhukut srêsèwèhan warih |
tibèng parang rong grènjèngan |
mabun tampuning kang warih ||
27. Linut kandhas ing atrêjung |
rêjangan parang tumawing |
nut irahing toya rancah |
lumut tinawatan limit |
praptèng kakarasing jurang |
myat guwa nguwêng awingit ||
28. Lir rinakit rekanipun |
apipilar sela langking |
tinus ing pakis dhêdhêkan |
wisa marta lir susumping |
bilung bêlong lan wilada |
walêdan èlo luluwing ||
29. Pilang pule pulasantun |
santên sengon wungu mangir |
ngapit nganan ngering guwa |
patukan sirahing kali |
kang mili mring Pasuruhan |
bêngawan nyungab jaladri ||
30. Sèh Mongraga tyas kumênyut |
myat singubing guwa wingit |
wastaning guwa Sirupan |
palayapaning dhêdhêmit |
êjin pèri pèrayangan |
kayang nèng Sirupan wingit ||
31. Yata wau sang among kung |
nèng pangol sela alinggih |
wanci surya wus ngancala |

Jilid 7 - Kaca : 149

- sira Ki Sèh Amongragi |
tumurun marang patirtan |
santri kakalih tan kèri ||
32. Samya ngambil toya wulu |
sawusira asusuci |
sang brangta tumamèng guwa |
wontên lata gèng mêtalît |
ambêlanthit lir sêsalang |
nam-naman kadya kinardi ||
33. Taru-gêblèg namanipun |
sêlampit kadi warnèki |
pasalataning uliya |
nèng guwa Sirupan nênggih |
anulya Ki Jamil Jamal |
angadani wêktu Mahrib ||
34. Anutug dènnira wêktu |
praptèng Isa bakda wistir |
Sèh Mongraga kajênêkan |
nèng Taru-gêblèg amupit |
swarèng ratri kèh karênga |
thor thor thot rong-orong cacing ||
35. Kaciting riris poh êlur |
babak-salu lan rêrêngi |
timbêlong luwing lan jongkang |
jangkrik gangsir ngêrik ngênthir |
thilèng dhawang bêring upa |
kêkècèk lan walangsangit ||
36. Myang pêksi kang munyèng dalu |
kokolik tuhu kèdhasih |
kup-angkupan atilêpan |
bubut bintit lan barênggi |
sribombok t êkak lan cabak |
wiwirog landhak angêsir ||
37. Wau ta ingkang anêkung |
nèng Taru-gêblèg tan mijil |
jênak anèng jroning guwa |
iktikapira ngantêpi |
karsa m êdal lamun kadas |
sumungku dènnya n ênêpi ||
38. Antara wus pitung dalu |
Sèh Mongraga dènnya mupid |
anèng ing guwa Sirupan |
ngandika mring Jamal Jamal |
payo mahawan lon-lonan |
nuruti paraning budi ||
39. Nulya umijil sang mong kung |
nut t êmbinging sela tumawing |

wus linggar saking jro guwa |
bakda Subuh pajar sidik |
Hyang Haruma kang sumirat |
amrabani wana wukir ||

Jilid 7 - Kaca : 150

40. Wurahan swaraning manuk |
tiyupan sriti dhêdhali |
srèpèt mèh nêrapat angga |
èsthanira lir ngaturi |
kang lunga-nis kèn wangsula |
owêl sêpèn panêpèn tis ||
41. Ana lir tuduh dêlanggung |
dhêdhali abola-bali |
punika marga tan pringga |
wontên èmpèhe sakêdhik |
gawar walêring wêlahar |
aradin glis praptèng nginggil ||
42. Jamal nèng ngarsa nut manuk |
dhêdhali mangsiting margi |
tinut satêngah onjotan |
ngêncêng pèrèng lêmah miring |
supana bana bêbanar |
anon palêstrèn têtêgil ||
43. Sêmangka kêrai timun |
kacang kara lan kêcipir |
lombok terong jêwawutan |
jagung ontong canthèl jali |
nêdhêng andhêndhêng kang gêdhang |
gumadhing turut pêpinggir ||
44. Pagêr rajêg walikukun |
atêngah gubugnya inggil |
wit jati pat ngiras cagak |
rinambat kara kêcipir |
gubug kampung gêng irasan |
pawon pêturon sasisih ||
45. Kang tunggu gubug akukuk |
ngoraki pêksi prit pêking |
ayêm sami gêgambangan |
kêndhangan gambang mêlingi |
kamuktèning wong gunung |
sona jugug lir nyindhèni ||
46. Namaning dhukuh ing Cadhuk |
pagriyaning jurukunci |
anama Ki Nitinala |
samana lagi andhangir |
têgale pèpèrèng jurang |
Nitinala duk ningali ||

47. Wong lumaku aruruntung |
nut pèrènging jurang têngil |
nêrka yèn dudu wong ala |
Nitinala têtanya ris |
gus dalêm kèndêl sakêdhap |
kula takèn mring gus katri ||
48. Yata ingandhêgan wau |
alon lênggah Sèh Mongragi |
anèng soring sidawayah |
matur wau saking pundi |
sang monêng alon turira |
sing guwa sirahing kali ||
49. Nênêpi mung pitung dalu |
nèng oyod gêng ambêndhalit |
gêgêtun Ki Nitinala |
matur suwawi mring panti |
Sèh Mongraga datan arsi |
karsa laju lélana ris ||
50. Ki Nitinala agupuh |
matur dalêm kèndêl ngriki |
aglis mulih maring wisma |
nak bojone kan angrukti |
susuguh sa-ananira |
tan dangu dènnya cacawis ||
51. Ngatag pawong baturipun |
kinèn (m)bêkta dhulang aglis |
wangsul prapta ing (ng)gwannira |
dhêdharan sumaos ngarsi |
pala godhongan bakaran |
jagung tela wi gêmibili ||
52. Nitinala lon umatur |
sumangga katur puniki |
sawontêne sumapala |
supaya jampi tyas pêrih |
sang monêng mèsêm ngandika |
(ng)gih bangêt tarima mami ||
53. (m)Bok sampun susah sêsusuguh |
nulya dhinahar kang uwi |
sacuwil wusnya dhinahar |
linorodkên Jamal Jamil |
uwi gêmibili sapanjang |
jagung lan kêtela abis ||
54. Sêmunira durung tuwuk |
dhasar mêngtas pati-gêni |
Sèh Mongraga angandika |
(n)dika punapa pêtinggi |
matur kawula punika |

Jilid 7 - Kaca : 151

won awon pan jurukunci ||

55. Guwa ing Sirup puniku |
ing kang kawula tênggani |
yèn wontên tiyang tirakat |
sabarang kang dadya kingkin |
kêkirangan sandhang pangan |
myang arsa dadya priyayi ||
56. Asring kula kang jinujug |
têrkadhang sring angsal kardi |
luwar tyase kang sungkawa |
sakadar ngulih-ulihi |
dene kang guwa Sirupan |
punika kalangkung wingit ||
57. Liya kula kang mariku |
tan kêna sinêngka prapti |
asring kabujêng taksaka |
pun Taru gêblèg kang mawi |
katingal sawêr lêkêran |
mangap naut mring kang prapti ||
58. Puniku kêramatipun |
ing waliyulah sinêkti |
kangjêng Sang Sèh Mahalaya |
nèng riku amatiragi |
mila angkêre kaliwat |
tan ana wani kang prapti ||
59. Rumiya wontên wong mriku |
nènèman sutaning santri |
nèng Taru-gêblèg anendra |
pitêkur lajêng ngêmasi |
agawat sangêt kang guwa |
tan kenging kambah ing janmi ||
60. Paduka kuwawa mriku |
kongsi sipêng pitung ari |
inggih anglangkungi bêgja |
têmtu yèn punjul sasami |
Sèh Mongraga lon nglingira |
lah (ng)gih paman jurukunci ||
61. Asuguh sarta pitutur |
wus bangêt tarima mami |
kula laju nut saparan |
muga brêkata kang kari |
lulusa padhukunira |
angingoni anak rabi ||
62. Ki Tinala (n)dhêku-dhêku |
sumanggèng karsa lumaris |
Jamal Jamil wus pamitan |

Jilid 7 - Kaca : 152

- mahawan Sèh Amongragi |
ngaler-ngetan lampahira |
nut jurang trêbis wanadri ||
63. Angambah talatahipun |
ing Prabalingga wana writ |
kathah papaning patapan |
lêbak punthuk sêndhang bêlik |
palêrêpaning iktikap |
nèng riku bêkti Hyang Widi ||
64. Kèndêl lampah lamun wêktu |
wus bakda salat lumaris |
mahas ing wana wulusan |
tan kewran (ng)gyan nendra mantri |
têrkadhang lalu lumampah |
pupunthuk kang singit-singit ||
65. Pan siyang dalu alaju |
sumêngka ardi gêng inggil |
anênggêl arga inancab |
pupucaking ardi Gêndhing |
praptèng pucak kajênêkan |
asimpar banar nrang kapti ||
66. Nèng sela sumayana lus |
ingapit ing guwa guling |
pêpangol angêtuk toya |
arêmbês sarta awêning |
kinubêng wit manisrêja |
lan paponan asasêling ||
67. Tan ana liyaning taru |
tuwuhan puncaking ardi |
manisrêja lan paponan |
nêdhêng wohira andadi |
abungah Ki Jamil Jamal |
kang thêng-ithêng dèn-undhuhi ||
68. Katur ing bendaranipun |
sang brangta dhahar sakêdhik |
pinaringkên Jamil Jamal |
anêmên lir mangan nangsi |
wus têlas nulya ngupaya |
wohing manisrêja malih ||
69. Dènnira nèng uwitipun |
niyungkên pang amilihi |
kang ithêng-ithêng kewala |
tuwuk tan kalirên bukti |
mangan wohing manisrêja |
arêna Ki Jamil Jamal ||
70. Yata wau kang manêngkung |
nèng pucaking rêdi Gêndhing |

pan wus kawandasa dina |
sira Ki Sèh Amongragi |
minggu tan kêna ngandika |
lyan angling ing puji dhikir ||

Jilid 7 - Kaca : 153

71. Dènnira kasut ambuntu |
amrih babaring kajatin |
pinulang pêlênging driya |
datan nadhah tan aguling |
gugulunging kalênglêngan |
minta luwar ing alangip ||
72. Karsaning Sang Kang Maha Gung |
durung panggut ing pangèksi |
maksih lilabaning mangsa |
musêng dènnira anganti |
sêmining jati gêlinggang |
langgênging marang kêjatin ||
73. Ki Sèh Mongraga amuwus |
payo tumurun sing ardi |
santri ro matur sandika |
nulya tumêdhak sang pêkik |
sila sulak aluk-lukan |
lukak-lukik sêngkil-sungil ||
74. Tumurun ing jurang trêjung |
buntu kêcuthêlan margi |
marga têlasing jujurang |
jurange kêlangkung bangbing |
bangbinge angrong angungang |
nguwêng-uwêng sêmu wingit ||
75. Nulya non oyot susulur |
silar ngêlun ing walulin |
walan wêlon lir wèh dalan |
gandhu kadya angandhani |
kang arsa mudhun ing jurang |
trêbis tan kambah ing janmi ||
76. Kang andon lampah tumanduk |
mêdhun nut oyot walulin |
gendholan sobrah mêmambat |
gênteyongan ngontang-anting |
praptèng karasing jujurang |
nyêkothong ngêdhung angêndhil ||
77. Angêluwêng mangêb singub |
kracahan rêmbês anritis |
angrèwès ingadal-adal |
tumètès kadi garimis |
tibèng tirta pakêdhungan |
têlaga sirahing kali ||

78. Kali Gêntung sirahipun |
 bêngawan tanah Bêsuki |
 anyungap marang samodra |
 tukung kali ardi Gêndhing |
 guwa Cerong aranira |
 tan lèbêt kambah ing janmi ||
79. Kêlangkung sirung asêrung |
 cêbrik cêrabakan warih |
 umès tan ana kang dhahas |
 nglulumut kabèh tan aking |
 kèbêkan ampu kêkajar |
 pakis galar nut pèpinggir ||
80. Sèh Mongraga ragi ngungun |
 ngubêngi gampèng guwa writ |
 tan ana padhas kang dhadas |
 sadaya kacakan warih |
 sang monêng sokur tyasira |
 pangunandikaning galih ||

Jilid 7 - Kaca : 154

81. Kang guwa upaminipun |
 wanudya pèrawan sunthi |
 tan nate pinotha-potha |
 ing priya pinolahing sih |
 ing mangkya lagya tinêkan |
 janma di minangka krami ||
82. Lire dede pancènipun |
 kang guwa kambah ing janmi |
 krana kèh kang dadya bahya |
 ulêr lingsêng ula uling |
 latêng kêmadhuh adhakan |
 Sèh Mongraga angubêngi ||
83. Sajêmbaring guwa singub |
 dangu dènnira kuliling |
 ngambah jêrambah tan asat |
 myang pinggir tan ana aking |
 wanci Lohor arsa salat |
 rikuh ngupaya kang aking ||
84. Sakala nulya andulu |
 jêrambah kang têtês garing |
 salampit kasah kang salat |
 lulumut garing arêsik |
 kandêl êmpuk lir kasuran |
 Mongraga sokur ing Widi ||
85. Sèstu palaling Hyang Agung |
 pinaring papan ngabêkti |
 nulya samya Lohor salat |
 ajênêk Sèh Amongragi |
 antara ing pèndhak dina |

nèng Calerong Sèh Mongragi ||

86. Yata wanci bakda Luhur |
saking Calerong umijil |
Jamil Jamal tan kêna sah |
lumampah nèng ngarsa wuri |
lon-lonan tindak tan kongang |
tan bukti ing pitung ari ||
87. Anêrang jurang aparung |
pêparang pèrèng arumpil |
anêtêr praptèng bêbanar |
agiran sukuning ardi |
mungguh tumurun sêparan |
laju nênggêl ardi malih ||
88. Apan maksih têtang suku |
Sêmèru lan ardi Gêndhing |
Sêmèru kang êlèr-wetan |
gêng ngungkuli ardi Gêndhing |
kêlangkung angantak-antak |
Mongraga dènya ngunggahi ||
89. Pêpêncu pating panjutu |
kathah wawêkaning ardi |
Ki Sèh Mongraga ararjwan |
kêdalon anèng ing kèndhit |
arga Songsong pasipêngan |
ing papan langkung miranti ||
90. Balumbang watu angêtuk |
toyanya kalangkung wèning |
dhampènging sela awirya |
mot janma sèwu ngênggoni |
sela blêg datan lilapan |
nyakêdhung sela ngaubi ||
91. Ataman tinon maha rum |
sangkêp sasêkaran asri |
anggrèk wulan argulo-bang |
landêp noja wora-wari |
pêlasa patra-mênggala |
cilung sikatan bang putih ||
92. Mambak sri sarinya ruru |
brêmana kèh angrêrêpih |
ngrurah mring maduning sêkar |
winigar anyar ing siti |
sela lus lir pinayasan |
panjrah ing puspita amrik ||
93. Pudhak sisili gandanduk |
mulêg ambêlêg ing angin |
Mongraga têtakur ing Hyang |

Jilid 7 - Kaca : 155

- kêlangkung sokur ing Widi |
dènnya karya kaelokan |
ngandika mring Jamal Jamil ||
94. Makluking Hyang Kang Maha Gung |
janma kang tinitah urip |
wong ana sajroning praja |
durung sokur ing Hyang Widi |
beda wong kang anèng arga |
yèn ora anèng jaladri ||
95. Wruh salir kelokanipun |
kwasaning Kang Maha Sukci |
kaya ta kiye panggenan |
kang watu angêtuk warih |
majade tan ana toya |
lan sangkêping sari-sari ||
96. Kadya gêng rumanipun |
myat kelokan kang kaèksi |
tuduh yèn Allah Tangala |
luwih kawasa pribadi |
dadyèngsun ngarsi kapurba |
drêma pinolah ing kêlir ||
97. Jamal Jamil matur nuwun |
mangkana Sèh Amongragi |
antara ing têlung dina |
nèng sela Songsong amupid |
ing bakda Subuh anulya |
manjad nginggil pucak wukir ||
98. Kathah pêpangol sela gung |
sagajah-gajah tumawing |
sagênthong-gênthong nyêrakal |
kitrine ingkang ngêbêki |
manisrêja lan paponan |
sidawayah jêgod rêsi ||
99. Kang dhukut sulanjana rum |
gandapura rum awangi |
gandarêsmi rêsmijiwa |
juwatan lan sumantali |
muntri pakis wisamarta |
kèncor kajar pujêr jori ||
100. Manjat malih sing selagung |
watês pupucaking ardi |
palêstha wêdhi kewala |
tan kenging tinampêk sikil |
kêrikil luntur laradan |
pakewuh Ki Jamal Jamil ||
101. Tan bisa mancad mandhuwur |
dening luhuring kang wêdhi |

malinthal apucak pisan |
tan ana lyan kitri malih |
mung pandhan-rang karang-arang |
lan dhukuk gulung galindhing ||

Jilid 7 - Kaca : 156

102. Kang sukêt gulung-gumulung |
gêlundhung kêtuyup angin |
sèh Mongraga kewran ing tyas |
samyat bisa manginggil |
nulya na watu sablungkang |
kèsisan wêdhi mandhêlis ||
103. Sèh Mongraga napak watu |
sablungkang narithik nginggil |
pinacad kêkah tan obah |
kang watu lir angandhani |
lêga tyasira amacad |
anulya prapta ing nginggil ||
104. Pucaking ardi Sêmèru |
namung sadina sawêngi |
kêpotan wuluning salat |
mung toya mum lêbu suci |
ing tyas tan pati pitaya |
nulya mundhun Sèh Mongragi ||
105. Laju jiarah ing gunung |
Sêmèru dipun-ubêngi |
wêkane satunggal-tunggal |
lèring arga Songsong wukir |
aran arga Telamaya |
kang lèr wetanipun malih ||
106. Ardi Bugangin rannipun |
kidul wetanipun malih |
ardi Rèntèng pêlawangan |
ngapit wukir sela manik |
ing lambung têtela Muncar |
mandrawas gêbyoging wukir ||
107. Rèjènging jurang atrêjung |
mungkara(?) sirahing kali |
narmada nyungap samodra |
bêngawan kèh anêmpuri |
jong tanahing Pênarukan |
maro sungaping jaladri ||
108. Antaranya laminipun |
nèng Sêmèru Sèh Mongragi |
sawulan langkung tri siyang |
turun sing Sêmèru wukir |
laju maring Pênarukan |
angayam alas wanadri ||

109. Tan ana drêgama ketung |
trêkadhang kêpapag janmi |
kang mrêjurit myang wong dagang |
sumimpang nêlasak margi |
tan arsa yèn tinakènan |
lamun kêpagutan titik ||
110. Têmah mêwahi papa gung |
mangkana ingkang sêdya nis |
umahas wana wulusan |
anglangut lampahira ris |
jujurang sêngkan linakyan |
anênggêl ing ardi Putri ||
111. Parange rumpil aparung |
lilingiran watu putih |
cucuri kêrakal pêthak |
tan ana kitri ngagêngi |
pandhan rangkang lan kucila |
jêlapa parijatha sri ||
112. Wali-kadhêp lan tri-kancu |
kancuh cukilan kacumpit |
utit tale lan widara |
papas têpus lan kulampis |
sira Ki Sèh Amongraga |
praptèng kèndhit têngah ardi ||
113. Myat lawang guwa aciyut |
sapipisan wiyarnèki |
satêkên inggiling lawang |
karungkupan dhukut grinting |
lamuran mrak katêmbagan |
simbar kajar pakis wiring ||
114. Katutupan sela gênuh |
gêng sagajah watu putih |
kanan kering kori guwa |
pan wau sumbul angapit |
rong prangkul ananjung pêthak |
Jamal Jamil angrêsiki ||
115. Sukêt kang nasabi pintu |
sumilak katon arêsik |
Sèh Mongraga gya tumama |
mring guwaning ardi Putri |
guwa Kawidarèn rannya |
kalangkung dènnira wingit ||
116. Bênière pupucakipun |
bolong wiyar amadhangi |
dadya tan pati limutan |
saisining guwa kèksi |
sajroning guwa matirta |

Jilid 7 - Kaca : 157

karang kang lubang botrawi ||

117. Patuking tirta sing luhur |
tumètèsing kang ngrêmbèsi |
wontên rakite lir tilam |
sela sumayana putih |
gigilang lir watu lintang |
pêsalatan ingabrangti ||
118. Sang monêng ing kung sumungku |
kukuwu kulinèng sêpi |
antara sadasa dina |
dènnira dadalon nêpi |
èngêt lamun angêlana |
jiarah ing ardi-ardi ||
119. Ngandika mring santrinipun |
payo mêtù Jamal Jamil |
nulya mijil saking guwa |
mangetan bènêr lumaris |
glagah pêngalang-alangan |
bobondhot bandhil ri sisir ||
120. Tanjungmaja kulampis pung |
kêmarung kèngkèng ngor cangkring |
pring ori gadhung ri-wana |
rigulo pandhan pênjalin |
suruda rêjêg rèndhêtan |
Jamal Jamil dimik-dimik ||
121. Anabrang bêngawan agung |
kali Glawèng wus kawingking |
ngambah wana têrataban |
têtêgil dhusun Pêminggir |
kadhang kèn mampir tan karsa |
milalu laju mêngatsih ||

Jilid 7 - Kaca : 158

387 Mêngatruh

1. Ngetan bènêr lampahe saya anglangut |
apan turut ing pasisir |
wana tratab kêtêl sampun |
gabus dhaon lan pi-api |
rayung gêlagah gêlonggong ||
2. Sabên-sabên akêpapag wong lélaku |
sang Mong-kung namur nimpangi |
manawa asalang wuwus |
mêmanguri dènnira nis |
sinamun lamun kêbrojol ||
3. Pan lêstari rahayu ing lampahipun |
nulya nabrang kali malih |
nyungap sawanganing laut |
kali Bêlorong rannèki |

wus liwat saking Bêlorong ||

4. Langkung wana pan pêpanas anglêlangut |
kêdhik kitri saliyaning |
mung lanas lan pandhan rungkut |
sawêr liwêran gung alit |
Jamal Jamil grigah-grigoh ||
5. Kidih-kidih samarga sring kagyat (n)jumbul |
flosoring sawêr ngawêri |
warni-warni kang kadulu |
dumung gadhung wêlang wêling |
bondhotan lan ula koros ||
6. Kayu buhu dhiwêl dhudhak jangan banyu |
rare-angon kalipicis |
cabe lêpe kadut luwuk |
macan sapi sawa konyit |
samarga pating sêlosor ||
7. Nulya nabrang kali manggalang aciyut |
nanging nyungap ing jaladri |
tapêl-watês tanahipun |
Panrukan lan pasitèning |
ing Bêlambangan ing kana ||
8. Apan kali panggalang wakidanipun |
kali tan ana nêmpuri |
sirah saking ardi Ruyung |
Ruyung sirah kali kalih |
kalihe kali Bêlorong ||
9. Laju ngetan Sèh Mongraga lampahipun |
jurang sêngkan jro wanadri |
ingkang kasêdyèng ing kalbu |
ardi Sêdana kang pinrih |
tanah Blambangan pinggir lor ||
10. Ing ka-upus trêmbuku ujunging gunung |
pêpongol munggal jêladri |
Sèh Mongraga praptèng suku |
ing ardi Sêdana nênggih |
nulya manjat nênggêl lakon ||
11. Tan patya gêng andêdêr panjadanipun |
sinêngka panuntungnèki |
Jamal Jamil ngangsur-angsur |
rêkasa dènnya ngunggahi |
satindak rong tindak aso ||
12. Akesotan wong ro samya kêmpus-kêmpus |
sira Ki Sèh Amongragi |
anyêngka manjad mandhuwur |
wlas miyat mring Jamal Jamil |

Jilid 7 - Kaca : 159

arêmbên rambatan oyod ||

13. Dangu-dangu nulya praptèng pucak gunung |
lênggah tambining kusambi |
pêlatar banar amunggul |
lêrêsing laut kaèksi |
baita cêlak doh katon ||
14. Dadya pulas pêpaèse samudra gung |
wau Ki Sèh Amongragi |
sakala tyasira lipur |
myat kèhe jong ting saliri |
tan kaèngêtan yèn wirong ||
15. Sèh Mongraga anèng sapucaking gunung |
antara pan pitung ratri |
papaning pucak acukup |
pala kang kêna binukti |
kêtela gantung nêdhêng woh ||
16. Bêndha lawan sarangan jambu kaluthuk |
kang binukti Jamal Jamil |
siyang dalu urub-urub |
bêbênêm kang dadi bukti |
lan wontên toya anyarong ||
17. Nèng calowoking padhas atas angêtuk |
sangandhaping sela aling |
sandhing sela langking alus |
gigilang nistha pêsagi |
papan pêsalatan manggon ||
18. Sawusira iktikap sadasa dalu |
yata Ki Sèh Amongragi |
ngling mring santri payo mudhun |
sêndika Ki Jamal Jamil |
tumurun lampahira lon ||
19. Praptèng suku agiran aluran tejur(?) |
anut bang-binging atrêbis |
ngidul nut sukuning gunung |
anusup wana pringga writ |
anjujur ing jurang jêro ||
20. Kang sinêdya ing ardi Janrili-ridhug |
timpah samya suku ardi |
kang kilèn ardi Wot-ruyung |
inggil Liri-ridhug wukir |
gêng arga Wot-ruyung kulon ||
21. Sèh Mongraga nèng ardi Janrili-ridhug |
nahan tri ari tri ratri |
laju mring wukir Wot-ruyung |
antara ing pitung ari |

22. Wusnyèng riku nulya laju malih ngidul |
nabrang lèpèn Toyawangi |
bêngawan nyungap ing laut |
tinurut sirahing kali |
sadintèn dènya mangulon ||
23. Pan kêpangguh sirahe kali Toyarum |
rêrawi wiyar nglangkungi |
ing wana Sandi rannipun |
kêkayon tan liya cangkring |
toyanya kêlangkung nyarong ||
24. Sapandêlêng wiyaring rawa anyamut |
-nyamut lirap-lirap wèning |
Toyawangi sirahipun |
rawa gung ing wana Sandi |
namung sadalu nèng kono ||
25. Bakda Subuh laju lumampah mangidul |
lêpas lampaha sang brangti |
tan ana ardi kadulu |
tan etang durgamèng margi |
kèh sato-wana kapêrgok ||
26. Singandaka jêjawi maesandanu |
mênjangan kidang lan kancil |
andhapan sona-jak lutung |
landhak luwak lan trênggiling |
kêthèk wauwa mêlangkrong ||
27. Angathingkring madal wang wrangutan lutung |
lir gêtun anjêtung kingkin |
marang ingkang andon wuyung |
wênèh kadya nêmbamani |
wangsitan samining sato ||
28. Aywa na kang wani-wani nukarta dur |
ngandhêg kang sêdya lêstari |
kaya dudu wong kur-ukur |
wani ngambah wana Sandi |
sèstu yèn wong wus winongwong ||
29. Anrêng adrêng andarung tan anut lurung |
sining wana kèsi-kèsi |
saonjodan kaywa taun |
sadêdêl wuluh rampal pring |
kadhang sadhèng edhèng bonjot ||
30. Sadungkapan têrataban glagah ruyung |
sapandhêngêt pala kitri |
angka kuwèni kêpundhung |
rambutan pijêtan manggis |

klayu bëndha gowok kêtos ||

31. Kêpêl pakèl duryan lan kêtela gantung |
kêmlaka carême wuni |
kamal kêmlandhingan sêntul |
pace kêluwak kêmiri |
pêtêt pête lawan jengkol ||
32. Karoya prèh waringin bulu lan nyamplung |
gumrah swaraning kang pêksi |
joan bèthèt lan pèlatuk |
slindhit kèdhawa kèdhasih |
cêkaklak lan gogik rangkok ||
33. Kulilinga luhung têngkèk sunggi lêsung |
sêpahan busit prit gantil |
kêpodhang barênggi bubut |
êmprit pêking lan gulathik |
cocak colak-calik mencok ||
34. Jalak bêngkak bango buthak nèng kaywa gung |
atat jaka-tuwa nori |
kuthilang putêr drêkuku |
pênthèt kèkèt lan srigunting |
darès bêluk bidho manol ||
35. Duksa kakap kokok-bêluk jaka-wuru |
sandhanglawe cangak bintit |
cucak munyèng pang ambarung |
cicithu tutuwu kolik |
sata-wana mrak nyêngungong ||
36. Tanpa rungwan swaraning pêksi gumrumung |
kadya ngaturkên pêmbagi |
marang kang rarywan awêktu |
samyama marma angaturi |
rêrêba ingkang kalêson ||
37. Sèh Mongraga sèndhèn tambining gurda gung |
myarsa swaraning kang pêksi |
prêkutut manggung angungkung |
cumêngklung ngumandhang bêning |
tanduke ajêg nêropong ||
38. Sasauran manggung lan tanduk kang ngungkung |
kumênnyut tyase Mongragi |
kêgagas duk waunipun |
muktyèn nèng Sukaraja di |
tuwin nèng Wanamartènggon ||
39. Sakêdhap pan èngêt ing garwa ramèbu |
myang mring Jèngrêsmi Jèngragi |
tuwa nom samya sumungku |
sadesa mring Amongragi |

Jilid 7 - Kaca : 161

kang garwa nandhang lara bot ||

40. Angrês ing tyas kêrasèng garwa kawlas hyun |
tinawêkêlan ing kapti |
sabil ing nala têwakub |
tinunjêmakên ing ngèlmi |
sakala nir tyasnya kepon ||
41. Bakda Luhur wusnya rêrêm dènnya rawuh |
nulya umangkat tan sari |
samargi tan na potipun |
daimira mring Hyang Widi |
saparan angonjot-onjot ||
42. Sapandêlêng pêjatèn kewala ngayun |
sagrêngan wana tuwa writ |
sagethak bubulak nglangut |
saêgrêgan bana êri |
lêstari lampahira lon ||
43. Nabrang lèpèn kali Lêntang bènawi gung |
kèh narmada kang nêmpuri |
anyungap ing samudra gung |
kêdhung jro tan pati mili |
kathah bajule manthongol ||
44. Aliwêran kang dhedhe ngambang mancungul |
kang lagya abyangan warih |
jumêgur ambyur ing puthuk |
kadya wrêdu anèng warih |
anggigilani yèn tinon ||
45. Tukung kali Bêngawan Lêntang puniku |
ing têlar sisirahnèki |
alas bana kumbat nêngguh |
tapêl-watês tanahnèki |
ing dhukuh Blambangan kono ||
46. Ngidul bènêr lampahe kalangkung darung |
kêdalon tansèng wana-dri |
bakda Subuh byar lumaku |
sadintên tan na liyaning |
namung kêmiri kang ngradon ||
47. Ngambah wana-wasa ing kabanagan agung |
wana lampahan saari |
tan ana liyaning wuluh |
lawan pring mawarni-warni |
pêtung wulung gêndhan ijo ||
48. Rampal ampèl apus tutul ori ganjur |
bonjor dêling gadhinglêgi |
lêpas lampahe mangidul |
nulya nabrang kali malih |

Jilid 7 - Kaca : 162

sih tanah Blambangan kono ||

49. Sirahipun Kula-papang ing wana gung |
nglojok tanah Jêmbêr nagri |
apan tapêl-watêsipun |
wêlahar wiyar saari |
ing Gambiran ranne rêko ||
50. Sèh Mongraga tansah nusup ing wana gung |
ing wana saran awingit |
wêrit ruwêt bondhotipun |
taru malata mulêti |
kêkayon carub-carub wor ||
51. Tapêl-watêsing wana kisma Nojajung |
nulya mangetan sang brangti |
wana Grojogan rannipun |
Ingkilkan sirahing kali |
kali Prawa kang kinaot ||
52. Saking sêndhang Ingkilkan bot-rawi watu |
toyanya kêlangkung wêning |
wana sri kèh palanipun |
kirna kang kêna binukti |
kayu buratan angrêdon ||
53. Kêpuh gunung tinja cêndhana lan garu |
sidawayah myang mêsoyi |
kêningar sintog sêprantu |
pulasari kayu-manis |
majakan kacêngkèh ayom ||
54. Pala jênggi ganthi têngari lan pucuk |
purwa rêrawis tumangir |
adas kêtumbar tapèn rum |
aruman lan jaha kêling |
widasari winong waron ||
55. Kapulaga cabe mêrica kêmukus |
jongrahab mungsi sêsawi |
kulabêt puli sigunggu |
randhu jênar lan kêmuning |
myang jangkêping êmpon-êmpon ||
56. Wusnya nabrang ing kali Prawa mangidul |
pan ing tanah Jalamanik |
wana tan na liyanipun |
tiris kêlapa mawarni |
limrah gêng-agêng kang tabon ||
57. Tanah Bêlambangan kang pasisir kidul |
pathuk gêbyogan jaladri |
sang brangta osiking kalbu |
tan antuk papan panêpin |

Jilid 7 - Kaca : 163

- nulya lampahira menggok ||
58. Wangsul ngalèr nut pasisir lampahipun |
nabrang kali Prawa malih |
ing Jalamanik kapungkur |
mangilèn angambah curi |
nèng ngriku lamun kédalon ||
59. Sèkêt waktu salat sadintên sadalu |
tangat sunat dèn-antêpi |
sarta tan pot dhikiripun |
daimira mring Hyang Widi |
pamawasing tyas wus manoh ||
60. Karungrungan anut parang-curi sêrung |
kacaryan dènya ningali |
gêbyaging alun jumêgur |
muncrat sumirat nyoroti |
mabun malêdug tatampon ||
61. Ngulon bènêr nut têtining samodra gung |
anulya nabrang bènawi |
kali Sabrang wastanipun |
nyungab sawangan jaladri |
tanah ing Jajungkis manong ||
62. Pan winongwong ing Sukma lampah lêstantun |
tan ana durgamèng margi |
gya nabrang lèpèn Bêdhadhung |
tapêl-watês tanahnèki |
Lumajang lampahnya menggok ||
63. Ngidul ngilèn nut karang kajang parlidhu |
pêpathuk pongol jaladri |
Sèh Mongraga lèrèn ngriku |
ngandika mring Jamal Jamil |
priye karêpira mêngko ||
64. Manirarsa mring pulo ingkang kadulu |
paran kaisèn ing janmi |
lan sêpine sun arsa wruh |
pikirira kadipundi |
tan ana baita katon ||
65. Jamal Jamil wau alon aturipun |
yèn paduka anuwèni |
anggêbyur gèthèk nut alun |
manawi punika kenging |
Sèh Mongraga lingira lon ||
66. Iya bènêr lah mara ngambila kayu |
gèthèk balok tinambir pring |
Ki Jamal Jamil agupuh |
dhasar gêng-agêng kang êpring |

Jilid 7 - Kaca : 164

tan susah mawi gèlondhong ||

67. Êpring limang lonjor kewala pan rampung |
wus anêgori pring ori |
arit bapang adan rampung |
kinili tinalènan wis |
ingêrut ginodhi kukoh ||
68. Wusnya katur gèthèk ginêbyurkên laut |
nitih gèthèk sang Mongragi |
wus samêkta wong têtêlu |
samyâ mêlahi pribadi |
manjur kang gèthèk pitados ||
69. Maju mundur kang gèthèk kabêkta alun |
mèh prapta gya wangsul malih |
gèthèk kabuncang ing alun |
alun agêng anglangkungi |
tatanggor ing karang pongol ||
70. Sru jumêgur magora gèthèknya sumyur |
ambyur malêsat gèthèk pring |
wong tri kagêbyur ing alun |
kumocak ing jalanidhi |
wawalikan samodra rob ||
71. Sèh Mongraga kêpapa kêbayèng laut |
winasuh syuh ing jaladri |
ingulêng alun angêlun |
alin-alin tan kalilin |
lalu laraning kalêson ||
72. Lila lena anggana Sèh Mong-wuyung |
wiyong kawayanging Widi |
wadining wadaka sinung |
saniskaraning pangèksi |
pucuk babaring cêcalon ||
73. Acancalan cêla cilaka kacêluk |
calak kacêluk ing ngèlmi |
ngulama lami ngalimut |
ngalamat maot ing lair |
luhur akerate manggon ||
74. Langkung papa sèh Mongraga kawlasayun |
dadya sarah ing jaladri |
tumimbul kumbul ing laut |
ting karêmpul Jamal Jamil |
nèng lautan Nusabarong ||
75. Barêng pancabaya lan bêndaranipun |
Jamal Jamil tansah dhikir |
dulagêpan misih junun |
sira Ki Sèh Amongragi |

76. Wus mangkana mulya tinênggêl ing alun |
binuncang tumibèng tasik |
ing lêsta têbih sing laut |
ngalumpruk tan bisa osik |
anèng pawêdhèn andheprok ||
77. Wus antara sêsangat dènnira kantu |
Sèh Mongraga tyasnya tis-tis |
kadya gêlagah tinunu |
brêsihing driya mawêrdi |
wus aso dènnya andhoko ||
78. Sèh Mongraga alon dènnira amuwus |
hèh Jamal Jamil sirèki |
dangdana manèh dèn-gupuh |
gèthèk pring yumana malih |
nabrang maring Nusabarong ||
79. Jamal Jamil sigra karya gèthèk bambu |
sinunduk kêlawan tali |
cinancang anèng pêpathuk |
sarèh karsane sang brangti |
sarèhning wêktu kédalon ||
80. Pan iktikap sêdalun nèng karang plêdhu |
pêpangol munggul jaladri |
nêlaskên tangating dalu |
nimpah mring kang among wingit |
sasmitèng tyas wus cumêplong ||
81. Bakda Subuh Sèh Mongraga nulya mudhun |
nitih gèthèk mring jaladri |
bènèh lune lan kang wau |
gèthèk lampaha lêstari |
praptèng pulo Nusabarong ||
82. Sukuring tyas narimèng sihing Hyang Agung |
rakiting pulo rêspati |
kèh pêpangol sela munggul |
nut pinggir saengga ardi |
kitri mawarna nêdhêng woh ||
83. Angayangan tirisian kêlapa puyuh |
lêgi wilis rêkta gadhing |
kumlingking mepung mapuguh |
miwah payoming gayamprit |
cok barat bobot kumalot ||
84. Dhêmpul lèlèt dhuwhêt gamêt pêpêt umbut |
bondhot kêmaron pring ori |
timaha wanitan garu |
egang wrêgu gora agring |

cêndhana tinja mên̄taos ||

85. Dhadhap kakap cacap kêcapi kuciput |
myang pala kêna binukti |
cipta kêna anèng ngriku |
kitri asri samya sêmi |
kamal prêdapaniranom ||

Jilid 7 - Kaca : 166

388 Sinom

1. Sira Ki Sèh Amongraga |
nèng Nusabarong pulo lit |
suwung tan kambah ing janma |
mung kirna kang amêpêki |
anêdhêng woh andadi |
anggêlasah samya runtuh |
tan ana kang amangsa |
liya sato lawan pêksi |
puspita-rum ruru sarinya mêngambak ||
2. wontên ingkang katingalan |
candhi gêng sela ingukir |
wontên kucur tirtantara |
saking wukir sela alit |
jog bêtumbang botrawi |
trap kosok pinatar gêm̄pur |
talundhag lus pinasah |
togog sela sumbul ngapit |
êkong sela itêm alus bêtlimbingan ||
3. Undhakan saking paهران |
mêrgèng natar sela ringgit |
maring langgar pamidikan |
pêsagi batur sungsun tri |
watu bang trap jinobin |
pracabakaning manguntur |
pagênthan pakêlèngan |
ing riku pamrikanèki |
sanggar tajug pêsagi candhèn nêsthasta ||
4. Dhanyang sanga janggud praba |
ingukir patra angrawit |
kadya rêmêg ginarayang |
binintulu tinulya sri |
wus kalumutên wilis |
simbar mênjangan angrêmbuyung |
simbar song-song sumangsang |
ing saka kadya cêlumpring |
Sèh Mongraga mulat lulut kawilêtan ||
5. Lumalat marang langgatan |
tabêt labêt̄ing budasri |
amêmaha ing pauman |
amèpèt dènnira mupit |
nèng pamêlèngan candhi |

candhi Cêndhana rannipun |
sira Sèh Amongraga |
mirungga rêngganing candhi |
acêcadhang nêgês karsaning Hyang Suksma ||

6. Miwah santri Jamal Jamil |
karênan kèh kang binukti |
tan watir lalurat pangan |
pala gumantung mêtêki |
sang adi Sèh Mongragi |
kajênêkan anèng ngriku |
tanah Nusa-kambangan |
tan kocap gantya winarni |
yata ingkang kantun anèng Wanamarta ||
7. Sira Ki Bayi Panurta |
nuju ing dina sawiji |
tinarap nak putunira |
kajad sidhêkah kêndhuri |
mumule para nabi |
lan slamêta anak putu |
sadesa Wanamarta |
sawusnya nadhah kêndhuri |
barêkate kang ngulihkên baturira ||

20 (Kulawarga Ki Bayi Panurta tansah kontrang-kantringan)
V. Kulawarga Ki Bayi Panurta tansah kontrang-kantringan.
Kacariyos, ingkang wontên Wanamarta sadaya sami nandhang sungkawa.
Sarana mawarni-warni katindakakên Ki Bayi Panurta, damêl kêndhuri
kinêpung tiyang sadhusun, pangaosan pintên-pintên dalu. Sèh Amongraga
sampun kesah gangsal wulan, nanging dèrèng wontên pawartos purugipun lan
dunungipun. Sawênèhing santri ingkang ngaos ing Wanamarta nate kêpapak
Sèh Amongraga mlampah mangetan wontên ing Panarukan, nanging
nyimpang botên purun pèthukan tiyang. Ki Bayi sakalangkung eraming
manah.
Kèn Tambangraras botên purun santun busana; gantung-kêpuh kemawon
ngantos kulu-kulu, botên pisah rukuhipun. Sabên Jumuwah lan Anggarakasih
botên kêndhat sidhêkah, mêmule ingkang mara bumi tanah Jawi.
Kaca 167 - 176.

Jilid 7 - Kaca : 167

388 Sinom

8. Pêpakan putra pra kadang |
Jayèngrêsmi Jayèngragi |
Suharja lan Wiradhustha |
Panukma Panamar tuwin |
Kulawirya wuragil |
myang pra tuwa Ki Pangulu |
Sêmbagi lan Jumêna |
Jampêna Lawatan tuwin |
pra bundhêl santri magêrsari sudagar ||
9. Ki Bayi lon angandika |
marang ingkang putra kalih |
sirèku paran miyarsa |

wartane paranirèki |
Ki Sèh ngalim Mongragi |
dènnira anis anglangut |
baya wus karsa Allah |
dene tan ana tinolih |
hèh ya talah kakangira Sèh Mongragi ||

10. Bisa tèmên mēdhot trēsna |
lan sakèhe kang samya sih |
sumawana mring rabinya |
myang ibumu lawan mami |
kabèh samya nēdhēng sih |
puwara tinilar nglangut |
kadya sēsapu wudhar |
lir mina kasatan warih |
aprēsasat juragan kēpatèn bandha ||
11. Sadaya ngungun miyarsa |
pangandikane Ki Bayi |
samya kumēmbēng kang waspa |
karaos katrēsnan sami |
tan ana bisa angling |
kang nginang mingkēm tan idu |
kang udud tan ngakēpan |
dènnya sangēt samya kingkin |
Kyai Bayi Panurta malih ngandika ||
12. Apa bayèku sida-a |
lungane Sèh Amongragi |
iya marang Nayaganda |
ngulati kadange kalih |
parang ngulon mring Kawis |
apa marang Gunungkidul |
lawan wus pirang candra |
saprene duk lunga anis |
Jayèngrêsmi sumêrêp matur ing rama ||
13. Paduka andangu dènnya |
kesahipun Amongragi |
tatkala ing wulan Rajab |
sampun gangsal wulan mangkin |
Dulkangidah puniki |
nēnggih gangsal wulanipun |
mēnggah kabar tan angsal |
sèstune kang dèn-purugi |
kaping kalih tan kaur pitakèn warta ||
14. Kawula lamun kēngêtan |
mring putranta Sèh Mongragi |
akathah ingkang karantan |
kawula lawan pun adhi |
asangēt nahên brangti |
mèh-mèh sring kapotan wêktu |
kang rama ngling tigapar |
astagpirolah hal ngalim |

15. Yènta mungguha wowohan |
kakangira Amongragi |
wêruh rasane lir kilang |
amangan lagi sairis |
gugal ing jurang trêbis |
cuwa dèrèng kongsi tuwuk |
andhingkluk sadayanya |
rumaos kados (n)Jêng Kyai |
alon muwus malih marang para kadang ||
16. Mara ta padha usula |
manawa antuk pawarti |
tela lambung kering mitra |
sanak pêsanakan têbih |
yèn olèh kabar yakin |
manawa kêna sinusul |
manira nora bêtah |
mulat rabine kang kèri |
iya Nikèn Tambangraras kawlas-arsa ||
17. Umatur kang para kadang |
tan wontên angsal pawarti |
nging wontên ingkang carita |
sumêrêp tiyang lumaris |
nèng wana tuwin ardi |
tiyang titiga kang tutur |
kabar piyambak-piyambak |
putranta Sèh Amongragi |
inggi nunggil yèn kabaripun mangetan ||
18. Kanca santri padhêkahan |
wus ngaos kula ing ngriki |
punika juga tumingal |
mring putranta Amongragi |
wana ing ardi Kawi |
nênggêl Leyama kang gunung |
lan malih kang pawarta |
sadhèrèk ètèr gêgrami |
pan kapêthuk wontên tanah Panarukan ||
19. Nimpang tan arsa papagan |
kang satunggilipun warti |
dinugi lajêng kewala |
mring Bêlambangan pasisir |
sawêg pandugi mami |
mantuk wontên laminipun |
manawi karaharjan |
ing lampah dènnya nênpî |
Kyai Bayi anjomblong miyarsa warta ||
20. Wusana aris ngandika |
sirèku glis olèh warti |

budimu lêga anjangkah |
wruh lide wong wus lunga nis |
matur tan lêpas budi |
sawêg parêng wontên tutur |
sira Bayi Panurta |
pangandikanira aris |
payo padha bubaran sayah wus awan ||

21. Sadaya matur sandika |
nulya mundur saking ngarsi |
putra kalih lan pra kadang |
sudagar lan magêrsari |
miwah pra lurah santri |
sadaya wus samya mêtù |
mantuk asowang-sowang |
Ki Bayi malbèng wismèki |
têkên êcis sarwi anyangking selepa ||

22. Yata Nikèn Tambangraras |
kang lagya anggung prihatin |
sakesahe Amongraga |
anajin nadhah myang guling |
sarira kuru aking |
tulanging salang saluku |
lêkane angka latha |
tan luntur labêting warih |
lir sudama karêmêngan ing jaladha ||

Jilid 7 - Kaca : 169

23. Asinjang seta lungsêtan |
sarwa putih tan ginanti |
gantung kêpuh nêng sarira |
rurukuhan siyang ratri |
miwah cèthi Cênthini |
sarwi pêthak kulu-kulu |
tan pêcat rukuhira |
tan kêdoana nêng ngarsi |
Tambangraras tansah andêdarus Kur'an ||

24. Tan darbe têkiyar liyan |
mung salat kêlawan ngaji |
yèn wus ngaji nulya salat |
sukuran kewala bukti |
tan pati angarêpi |
tadhah gulinge sinêrtu |
panêdhanirèng Suksma |
ing siyang kêlawan ratri |
rahayune lakinira Sèh Mongraga ||

25. Tinêkanna kang sinêdya |
sarta apuraning Widi |
dinohna rêncana donya |
godha panggawening eblis |
pitêdah ing sasami |
liya ganjaran Hyang Agung |

- mungguh takdir panduman |
 manawa manggih yomani |
 ing akerat suka nênggalang ing priya ||
26. Sabên ing dina Jumungah |
 Sênèn Kêmis (ng)Garakasih |
 tan êpot dènnya sidhêkah |
 mêmule pra nabi wali |
 pra ratu kang wis swargi |
 mêmule myang pra luluhur |
 sêlamête agêsang |
 sapêpadhaning ngaurip |
 mumule kang para bumi tanah Jawa ||
27. Yèn mumule pra ambiya |
 sinuci pangolahnèki |
 kang olah mèt toya kadas |
 tan kêna sukêr jalwèstri |
 junub anggarap sari |
 èstri kang wus luwas marus |
 kang sarta lawan kadas |
 lawan tan kêna ngicipi |
 sêkul anggi binumbon kèju mêrtega ||
28. Ulame ayam kang menyak |
 lalab cabe uyah pasir |
 kèndhi wêwadhah sarwa nyar |
 sêkar konyoh lisah wangi |
 slawat patpuluh picis |
 kutug tumpêr kayu garu |
 sadaya kang kondangan |
 amaca sêlawat sami |
 kang saèstu ingatase kulawarga ||
29. Yèn mumule waliolah |
 tan pae pangolahnèki |
 wuduk ulame lêmbaran |
 ayam mulus ingkang putih |
 lombok uyah kang rêsik |
 widasari lawan kutug |
 sêlawat patang yatra |
 kèndhi kang anyar dènbêggi |
 yèn mumule para ratu kang wus swarga ||
30. Bras putih ingkang las-lasan |
 wosing pari sokaandi |
 pan sêkul golong antêban |
 pècêl pitik jangan-mênir |
 lam-ulaman mêmêki |
 asarwa lalabanipun |
 konnyoh sêkar roncènan |
 kutug gantal sadak rawis |
 kèndhi anyar lambaran slawat pat uwang ||

31. Lan malih yèn kirim donga |
mumule luhur jalwèstri |
sêkul angi ing ambêngan |
jangan pindhang abang putih |
ulam sarwa mêpêki |
sêkar konyoh lawan kutug |
sêlawate rong yatra |
yèn mule ing bumi-langit |
sêkul tumpêng golong liwêt lan mêngana ||

Jilid 7 - Kaca : 170

32. Ulam pêksi lawan kewan |
ulam loh kali jaladri |
jangan lawan jêjanganan |
sakèh mawarna mêpêki |
salawuhing abukti |
sarwa na sadayanipun |
myang warnane woh-wohan |
juwadahan datan kari |
lah-olahan di-adining warnan pasar ||

33. Ki Pangulu sabên dina |
Basarodin mituturi |
marang Nikèn Tambangraras |
kinèn sidhêkah kang asri |
milane kèn kêndhuri |
Ki Pangulu pakènipun |
pan inguja kewala |
sakêcape dènturuti |
Ki Pangulu kêsêl wira-wiri prapta ||

34. Saking krêp pindho sadina |
kadhang ping tiga saari |
nyêlamêtakên sadina |
gêng-agêng ambênganèki |
dhasar wus dènkajati |
tan ngeman bandha sang ayu |
mung mupangat kang ketang |
Ki Pangulu Basarodin |
dadya datan mantuk-mantuk maring wisma ||

35. Nèng wismane Tambangraras |
tugur anèng masjid alit |
miranti kalasa bantal |
Ki Pangulu Basarodin |
mulih-mulih yèn dhong-dhing |
sakêdhap wangsul kukuwu |
nênggih Ni Tambangraras |
kang lagya mangsud angaji |
yata wau ingkang rama ibu prapta ||

36. Ingiring pawonganira |
Sumbaling lan santri Luci |
sira Nikèn Tambangraras |
nangkêpkên Kur'anirèki |

mingsêr dènnya alingih |
wus pinarak kalihipun |
Kyai Bayi Panurta |
myat putra langkung prihatin |
kadho-kadho alon dènnira ngandika ||

37. Mring kang putra Tambangraras |
wus luwara sira nini |
(ng)gènnira (m)banting sarira |
angarang marang ing laki |
sêdhêng boboting èstri |
subrangta satêngah têkun |
(n)dodonga mring Hyang Suksma |
mamrih rahayuning laki |
lakonana nini nuli tuturingwang ||
38. Tan mêmalangi dènnira |
bêkti ing Hyang lan mring laki |
sumungkunira ngibadah |
sun sukur datan maoni |
namung (ng)gyannira kingkin |
awakmu kongsi alumut |
abêcik rêrêsika |
nganggea wastra kang suci |
wirongira nini datan kawistara ||
39. Tambangraras ris aturnya |
mring rama saha tur bêkti |
inggih langkung kasinggihan |
wulang paduka (n)Jêng Kyai |
sih marma wlas ningali |
mring jasat-kawula anggung |
papa durakèng priya |
ganjaran Hyang Kang Ma Sukci |
inggih nuwun kapundhi wulangpaduka ||
40. Nanging ing mangke kawula |
dèrèng sagêd amangsuli |
pan dèrèng bombong tyasamba |
ambengkas raosing galih |
sapunika kang mugè |
maklum tuwan kang kasuhun |
kewala nuwun gungan |
sakadar darmi nglampahi |
kapurbèng Hyang lagya kinarya lampahan ||
41. Sira Ki Bayi Panurta |
myarsa ature kang siwi |
sidhakêp ngungun sasmita |
mring garwa Nikèn Malarsih |
kang ragi (m)brêbês-mili |
sarya ngling mring putranipun |
dhuh Nikèn Tambangraras |
ywa sira manggung prihatin |

Jilid 7 - Kaca : 171

pituhunên pitutur ramanira ||

42. Anganggea sawatara |
raganira ko(k)pêpati |
tan pêcat rukuh mêmêna |
musêla ing siyang ratri |
bangêt angêtarani |
ing rina wêngi rurukuh |
iya bêmêr ngibadah |
panggawe luwih utami |
nanging kudu nganggo bécik kira-kira ||
43. Karana sira supaya |
aywa kêdurus ing kingkin |
wêlasa sariranira |
kari bêmêlung lan kulit |
wau Nikèn Malarsih |
pitutur sarwi rawat luh |
tyasira Tambangraras |
kadya kumala kinikir |
datan rêmpit malah sangsaya santosa ||
44. Wusana alon turira |
ibu paduka mêmawati |
wêlas myat marang kawula |
kewala ugungan ugi |
pintên banggi ing mangkin |
sagêd luwar ing papa gung |
kang rama ris ngandika |
wis aja sira waoni |
dongakêna sakajate sutanira ||
45. Sapuluh wus karsaning Hyang |
adil ganjaran wus takdir |
pêk mêmengkono pira-pira |
winahyu bisa nglaklani |
ywa ambodhokkên kapti |
kêncênging niat aplalu |
lan manira lèh warta |
paranne Sèh Amongragi |
kang lèh kabar adhimu si Kulawirya ||
46. Kang tutur marang si Wirya |
santri lan sajuga gramè |
kapapag nêng Panarukan |
sawetaning gunung Gêndhing |
dinuga laju maring |
Bêlambangan kang jinujug |
tan gèsèh kang wêwarta |
wong têtulu tutur sami |
dene biyèn tutur mring Nayaganda ||
47. Malarsih myarsa dènnira |
pawartane (n)Jêng Kiyai |
umatur marang kang raka |

kang punika kadipundi |
karsa paduka mangkin |
punapa pênêd sinusul |
punapa ta (m)botênna |
Ki Bayi ngandika aris |
iya mêngko rinêmbugna putu kathah ||

Jilid 7 - Kaca : 172

48. Ngling malih marang kang putra |
sirèku olèh punapi |
apa arêp sidhêkahan |
kang putra umatur aris |
inggi makatên ugi |
kajat mêmule pra ratu |
mangke malêm Jumungah |
Ki Bayi nauri aris |
iya sukur Alkamdulilah utama ||
49. Tutugna (ng)gyanmu lah-olah |
sun mulih karia nini |
Sumbaling bae mëlua |
ngrewangi karya kêndhuri |
gupuh kang sinungan ling |
gya mantuk lan nyainipun |
kang olah sidhêkahan |
ngratêngi sarwi sêsuci |
anèng panjang giri gêng rolas ambêngan ||
50. Sinamir sarwa prayoga |
wus rumat tanggungan Mahrib |
ingangkah bakdaning Ngisa |
wêdale ingkang kêndhuri |
wus tinata miranti |
kang lampit kêlasa alus |
agêlar nêng jêrambah |
dhasar sinêrbêtan putih |
sinêbaran sêkar campur bawur ngambar ||
51. Ing wanci wus bakda ngisa |
ki Luci kinèn ngaturi |
mring kang raka myang pra paman |
para tuwa kèn ngaturi |
miwah kang rayi kalih |
lurah-lurah ingkang mungguh |
santri Luci gya mentar |
angaturi sadayèki |
tan adangu ingaturan sami prapta ||
52. Wus tata têpung sakapang |
kang samya ngêpung kêndhuri |
Ki Bayi alon ngandika |
bêcik kataman utami |
Bismilah Basarodin |
tabakal lalahu minkêm |
sinauran sadaya |

minna wa minkum ya karim |
Kyai kang miwiti amaca Manga ||

53. Satamate surat Ngama |
wusnya t kabal anuli |
nulya Jay ngr smi sigra |
amaca surat Wanaja |
tamat gya Jay ngragi |
surat Ngabasa puniku |
tamat nulya takabal |
gya P ngulu Basarodin |
kang maca surat Hada samsu kurat ||

Jilid 7 - Kaca : 173

54. Wus tamat nulya t kabal |
gantya Suharja sratn ki |
Ida samaun pararat |
tamat gya Wiradhusth ki |
Waelul munta pipin |
tamat nulya Panukma wus |
Ida samaun sakat |
tamat gya Panamar aglis |
Surat Wa samai datil burut nulya ||
55. Tamat gya Ki Kulawirya |
Wasamai watthariki |
tamat laj ng turutira |
S mbagi surat Sabikis |
tamat Jum na nuli |
Halataka suratipun |
tamat gupuh J mpina |
amaca surat Walpajri |
tamat atakabal nulya Ki Lawatan ||
56. Surat La uksimu tamat |
gya modin Ki Tabalodin |
srat Wa samsi wa lukaha |
tamat nulya Nursukidin |
kang srat Waluka gumanti |
[...] |
[...] |
[...] |
Bagus Kanjir maca surat Alamnasrah ||
57. Sadaya maca t kbiran |
gumuruh arahab sami |
pan la ilaha ilalah |
hu Allahu akbar walil |
laikamdu anuli |
Bagus Ngajujir sumambung |
surat Watini nulya |
surat Iksak mustabyanni |
sab n surat tinakbiran ing ngakathah ||

58. Gus Menot Ina anjalu |
Gus Suleman Lamyakunil |
gus Dawut Idajul sigra |
Gus Liyas Wal-ngadiati |
anulya Gus Jamjani |
kang surat Alkaringatu |
Alhakumut Gus Nurya |
Amat Dasra Walngasêri |
Amat Dullah surat Wailul winaca ||

Jilid 7 - Kaca : 174

59. Amad insal Alam-tara |
liila Amat Jahnawi |
Amat Diman Ara aetal |
inna aktaena Mad Ngali |
Kulya ayu Mad Supi |
Idaja-a Amad Yunus |
Mas Tahir Surat Tabad |
katam mukadam anuli |
surat Kulhu winaca ping tri wong kathah ||

60. Nulya surat Palak-Binas |
surat Patekah mungkasi |
nulya Ki Pangulu Basar |
ingkang dadya bawa ratib |
langkung rahabirèki |
santri kèh barung gumuruh |
nutug satamatira |
sawuse ramya adhikir |
nulya (n)donga santri nasib gantya-gantya ||

61. Pêragat dènnya ratiban |
slawatan salaman sami |
Ki Bayi alon ngandika |
Luci pandumên dèn-aglis |
sigra Ki Santri Luci |
amêthak ambênganipun |
pra santri sigra kapang |
mapatan nêmi moloni |
adan lêkas pikantuk dènnira nadhah ||

62. Wus antara dangunira |
dinum barêkat waradin |
santri pamburi bubaran |
kang kantun pra kyai-kyai |
brêkat maksih sinandhing |
kang nginang nocoh audud |
Ki Bayi lon ngandika |
payo rêrêmbugan sami |
bab kabare dhèk wingi si Kulawirya ||

63. Iya Ki Sèh Amongraga |
dènnira nglêlana anis |
priye padha rêmbugira |
mungguh bêcike pinikir |

[...] |
apa ta bêcik sinusul |
kang putra aturira |
miwah ingkang para ari |
pan sumangga punapa karsa-paduka ||

64. Umatur Ki Kulawirya |
punika lamun suwawi |
prayogi dipun susula |
manawi sagêd pinanggih |
yèn parêng (n)Jêng Kiyai |
kula prayogi kang nusul |
Jèngraga nambung sabda |
paman lan kula pribadi |
angluluruh ingkang mêksih among raga ||

Jilid 7 - Kaca : 175

65. Pra ari samya wacana |
tan pae lan sira sami |
nanging ta manawi ana |
ing karsane (n)Jêng Kiyai |
kinèn nusul ngulari |
mangsa abota ing kalbu |
Jayèngrêsmi amojar |
puniku kula anêmpil |
ing rêmbuge paman Swarja Wiradhustha ||
66. Ki Bayi alon ngandika |
sakarêpira amikir |
dospundi mênggah pun uwa |
Sêmbagi nauri aris |
kang sami rêbat pikir |
inggih sami lèrêsipun |
kang kapanggih ing kula |
prayogi datan linari |
sanès lawan kipayah lampah kal dunya ||
67. Tiyang ujlat ing Pangeran |
tan kenging dipun-iloni |
manawi wontên wadinya |
mê manguri ing pangèksi |
kêdhik pikantuknèki |
luhung kinèndêlkên sampun |
enggal lamining prapta |
dumugi ingkang kinapti |
wa makatên mangsa-borong ing ngakathah ||
68. Pundi rêmbag kang kinarsan |
sumangga karsa (Jêng) Kyai |
pan inggih pundi kang eca |
micara Ki Basarodin |
(ng)gih lèrês Ki Sêmbagi |
jèh wong montên nika wau |
wontên kula piyambak |
wah têpa sami nglampahi |

yèn ta dawêg lagi punapa-punapa ||

69. Anolih Ki Kulawirya |
mring Pangulu Basarodin |
gumuyu sarwi angucap |
yèn muwus Ki Basarodin |
tangèh sun tan angêrti |
sapa sintên kang sumurup |
wiwitan lan wêkasan |
ngalênthar nora pakolih |
anglêmpara ilang talêring wicara ||
70. Yèn kang Pangulu kajaba |
amikir babing kêndhuri |
iku pikire kang gênah |
tan nganggo bliwur samênir |
gumuyu sadayèki |
Ki Pangulu mèsêm muwus |
run wudhu yèn klêrêsan |
rèhning (ng)gih sami mêningsi |
yèn tan wudhu dènranji sêtunggil nika ||
71. Gêr ginuyu ing ngakathah |
Ki Kulawirya nudingi |
mawi ngriki sintên ingkang |
sêrêp basane Ki Rodin |
kèh wêwangsalanèki |
sêtunggil nika prèhipun |
têgêse lir punapa |
ngling mangsa borong mastani |
yèn kawula winastan bugêl kewala ||
72. Sangsaya dadi paguywan |
Ki Bayi ngandika aris |
bênêr Ki Rodin mêningsan |
sabisane urun angling |
pira-pira ngudhoni |
amêtu samono iku |
aranne wong rêmbugan |
sadhengahne ya kang dadi |
ana bênêr luput brêkate wong kathah ||
73. Kulawirya garênêngan |
andêlna yèn ngingiloni |
durung sapisan kewala |
manira yèn dêniloni |
ngling malih (n)Jêng Kiyai |
sun rasa-rasa kang rêmbug |
kang katêmu tyasingwang |
mèlu kaya Sêmbagi |
iya padha kewala andodonga ||
74. Salamête kang alunga |
tumuli bisoa bali |

Jilid 7 - Kaca : 176

sami ambungkuk sadaya |
tan ana kang amaoni |
mêngkana dènya pikir |
putra ri lan para sêpuh |
kèh kang rêmbug nusula |
ana ingkang angrêmbugi |
ing wêkasan wus samya kinèn dèleleh ||

75. Nganti praptane priyanga |
lawas enggale pinuji |
santana lan kulawarga |
tansah sidhêkah (m)bên ari |
sadesa gênti-gênti |
nglulujêngkên kang anglangut |
yata samya bubaran |
saking ngarsane Ki Bayi |
tan cinatur kingkine ing Wanamarta ||
76. Warnanên ingkang lélana |
sira Ki Sèh Amongragi |
nèng pulo Nusa Barong |
sampun kawandasa ari |
dènnira tèki-tèki |
nèng Nusa Barong amojud |
sumungku ing pahoman |
tan katimpah ing panilib |
lêbêt tan kalaban loba labêtira ||
77. Suprandene raganira |
tan rêkasa dènya najin |
mukaram kaping sadasa |
jangkêpe patpuluh ari |
nèng pahoman budarsi |
malêm Jumungah ing dalu |
amangsudakên tangat |
palilah ing pila eling |
linglung luyut angêningakên kaênêngan ||
78. Tahajud rolas rêkangat |
lan rolas rêkangat tasbih |
wuse pêragat tangatnya |
amupit dènnira wirid |
sêla silaning dhikir |
nganasir sira Hyang Agung |
tariyah rêskandhiyah |
barjah jalalah wus ramping |
ripangiyah panguyahing pancadriya ||
79. Alus panglêpasing napas |
anpas tanapas nupusi |
pêmapaning pamupusan |
pamungkasing kas kaswasih |
sadêrah ing ngin-angin |
pangoning angên-angênku |
buntu tanpa karana |

mancat layaping pangèksi |
ngèksi ganda cipta pininta wêkasan ||

80. Wus amurba purbaning Hyang |
tan purba pinurba asih |
sah jaman wus tan kayapa |
tan sipi datan kawiji |
miwah datan kêkalih |
kaluluhanira jumbuh |
jiwa tanpa jamuga |
galethak kadya kaywa-king |
kang kawêngkua wêngkoning kawalèyan ||

21 (Anjajah wana wêrit, guwa sirung, papan-papan wingit saindênging Jawi Wetan)
VI. Sèh Amongraga anjajah wana wêrit, guwa sirung, papan-papan wingit saindênging Jawi Wetan.
Nglajêngakên cariyosipun Sèh Amongraga wontên ing pulo Nusabarong; pitung Jumungah, kawandasa kalih dintên; botên ngupados rahmating lair, namung kasampurnaning akir ingkang ginayuh.
Ing wanci bakda pajar sidik, Sèh Amongraga dalah santrinipun nuntên siyaga gèthèk, lampahipun anut alun mangalèr andharat ing tlatah Jêmbêr.
Lajêng lumampah anênggêl rêdi, manjing guwa, tumurun ing jurang, nusup wana dumugi ing tlatah Lumajang. Lumêbêt ing guwa Dalêm, wingit lan pêtêng nglimputi, kathah kêkayon anggi-anggi, kathah suwantêning dhêdhêmit gumuruh apêpasaran. Sang brangti lajêng istigfar, suwantên sirêp sanalika. Wontên ing ardi Gilang, kathah tiyang anênêpi. Sèh Amongraga anênggêl dumugi nginggil, kathah balung cumplunging tiyang, nuntên wontên gara-gara sindhung lesus, lindhu kêtug gumaludhug, nanging sang lélana botên kengguh. Godha-godha lajêng sami sirêp.
Kaca 177 - 182.

Jilid 7 - Kaca : 177

388 Sinom

81. Kêjêp liyêping kanêngan |
sêsangat guling gulinting |
apan tigang èwu napas |
dènnya suhul ing Hyang Widi |
tan weda wadinèki |
nalikanira akantu |
tan sirna tan warana |
panane maring kajatin |
wus antara tarêki tanajulira ||
82. Pajalu liyaning napas |
aring pangikalirèki |
sambunging datan kêsotan |
sawataranira aris |
bakda dhikir anuli |
andongga sukur Hyang Agung |
sawusira (n)dodonga |
asujud sumungkêm siti |
takrub asru têpakurira nalangsa ||

83. Rumasa kinarya titah |
 bedaning kawula Gusti |
 lir lêbu kalawan mega |
 bantala lawan wiyati |
 tiniti apatitis |
 dhêndhaning papa kapupus |
 pasrah rêh kadariyah |
 siningsalakên saliring |
 cipta ingkang bidêngah kibir jubriya ||
84. Wus jêrnih nêng pasujudan |
 anjunjung mustaka tangi |
 sarwi maca rong kalimah |
 Iya-kanakbudu tuwin |
 wa Iya-kanastangin |
 bakda dènnira tapakur |
 pupungun kawimbuhan |
 ing kasuciyan Hyang Widi |
 lir sasangka katrangan ing ima mawan ||
85. Pitêkur dènnira lênggah |
 jatmika tan obah osik |
 alun gêng anêmpuh parang |
 jumêgur gumuruh atri |
 tanpa rungwan mawêrdi |
 mawukir alun gumulung |
 nulya cipta sabawa |
 mêne munaning jaladri |
 wanci bangun angungun sang Monêng ing tyas ||
86. Swaraning pêksi kapyarsa |
 mrak manguwuh nyangungongi |
 cakikèring satawana |
 tuhu akolik mêlingi |
 thong-thongsot anglêlungi |
 lcubak bêluk blêkêtupuk |
 t êkak ênggak bêrduwak |
 dhècu cinggoling srigunting |
 têngkèk buta lir bobolih asmanira ||
87. Dhuh sang monêng Amongraga |
 sêdhênge linggar sing ngriki |
 pan wus têrang pinitayan |
 kang mara-bumi jaladri |
 ing t êmbe mulyèng tasik |
 wahyaning mangsa ing ngayun |
 binabar nêng Tunjung-bang |
 lunturing papa prihatin |
 têngkèk buta lir mupakatkên carita ||
88. Blêkêtupuk lir nambung basa |
 luntur pisan iku benjing |
 mangsa wus akir katiga |
 mèh labuh kapat nukuli |
 wêka mataning kunci |

niscaya ambabar luhung |
thithik mêksih sêsangat |
tutuwu lir angiyani |
jan-jannane têmtu ing tembe kasidan ||

Jilid 7 - Kaca : 178

89. Kêdhasih mèlu rêrasan |
iya bènêr iku benjing |
minulya ing kaênisan |
nanging yèn pangkating cilik |
cilaka lahirnèki |
batinne sapa kang wêruh |
sabab jalaran dosa |
kulawangsane prihatin |
tan sumurup yèn dadi marganing mulya ||
90. Mulyaning ahli uliya |
sênêt karatoning gaib |
dudu jamaning wong jamak |
mukmin kas ingkang (n)jamani |
gêmak mêlung mêlingi |
sêrawungan nawung wuwus |
pêpangcèning ganjaran |
kawulanira Hyang Widi |
apês kuwat wus tinakdir tulisira ||
91. Karêm rahmad ing dêlahan |
karêm rahmad ing (n)donyèki |
iku Ki Sèh Amongraga |
tan karêm rahmad ing lair |
donyane dènsinggahi |
mung muhung marang Hyang Agung |
yèku tekad utama |
tumanêm tinêmu luwih |
sampurnane kapurba Prabu Mataram ||
92. Mangkana pêksi èsthanya |
kang samya mungêl ing ratri |
ana kang ngetung laminya |
nèng Nusa Barong Mongragi |
wus kawandasa ari |
apan langkung kalih dalu |
jangkêp pitung Jumungah |
bèthèt maido madoni |
gumarêjêg kang ngetang ngajak totohan ||
93. Tan wun ujare pêksi ka |
sêsangat dènnya kapyarsi |
nulya umrês ing samodra |
jumêgur nêmpuh prang curi |
ing wanci pajar gidib |
nulya ngangkat wêktu Subuh |
sawusira akadas |
Jamal Jamil angadani |

wusnya salat wêktu Subuh pupujian ||

94. Bakda ing pajar sidig byar |
Hyang Aruna mêrbawani |
karya ujwalèng samodra |
myang isining wana wukir |
sira Sèh Amongragi |
asalat Loka sumungku |
rolas rêkangat salam |
sabakdanira anuli |
midêr-midêr nèng têpi tirahing karang ||
95. Non kitri pinggir samodra |
tiris kucila kêcapi |
wohe kang tiba samodra |
pan dadi ulam jaladri |
sang monêng ngling jro kapti |
apa baya wahyanipun |
wohing puyuh kang tiba |
myang woh kucila kêcapi |
ingkang runtuh dadi ulam ing samodra ||
96. Sèh Mongraga lon ngandika |
hèh ki santri Jamal Jamil |
dulunên wohing kalapa |
kucila lawan kêcapi |
dadi ulam loh sami |
mara ta dulunên iku |
Jamal Jamil tumingal |
woh kang dadi ulam warih |
matur inggih woh dadi ulam samodra ||
97. Wong roro gumun rêrasan |
apa wis adate iki |
woh kang tiba ing sagara |
padha dadya lam jaladri |
sang monêng mèsêm mèksi |
ing sasmita wus kadulu |
dêdalaning kasidan |
kang kasêdya siyang ratri |
pêmbabare woh dadya ulam sagara ||
98. Mangkana aris ngandika |
dangdana gèthèk dèn aglis |
nutugên paraning driya |
ngêlangut ngupaya budi |
sigra ki Jamal Jamil |
dangdan gèthèke kang wau |
ingêrut kinukuhan |
tan antara wus miranti |
Sèh Mongraga saking Nusabarong linggar ||
99. Tumurun saking samodra |
nitih gèthèk pring lêstari |

Jilid 7 - Kaca : 179

nut alun ngrambang ngarubah |
kabuncang prapta ing pinggir |
pan wus tumamèng tasik |
laju kewala anglangut |
mangaler mahas wana |
anabrang ing kali Kithing |
lêpas kang sinêdya marang ardi Pigang ||

100. Apan tanah ing Lumajang |
lan ing Jêmbêr tunggil wangkit |
mangkana ing lampahira |
Sèh Mongraga nênggêl ardi |
prapta kèndêl ing kèndhit |
nèng guwa mirong sadalu |
kalangkung jro awiyar |
jroning guwa wontên ardi |
alit sawatara nulya ingunggahan ||

101. Pucak rata lir pinapar |
gigilang gêng sela langking |
sadalu dènnira tangat |
enjing nulya sami mijil |
umangkat manjat malih |
nênggêl wukir pucakipun |
praptèng lukiting arga |
arêrêm ing tigang ari |
wus mangkana tumurun Sèh Amongraga ||

102. Jurang-jurang kinandhasan |
anètèr ing parang rumpil |
aluk-lukan ing lèlêka |
lêmpar laju lampahnèki |
ngalèr nusul wanadri |
kêdalon tansèng wanagung |
marang ing ardi Kilang |
maksih tapêl-watês nagri |
ing Jêmbêr kang wetan kang kulon Lumajang ||

Jilid 7 - Kaca : 180

103. Prapta dhepoking parbata |
guwane kalangkung wingit |
guwa dalêm namanira |
pêtênge anglilimputi |
sigra Ki Jamal Jamil |
ngagar kaywaking karya pyu |
kang guwa ingoboran |
kathah parane kaèksi |
alurungan ngidul ngulon ngalèr ngetan ||

104. Kalih dalu anèng guwa |
enjingira samya mijil |
laju manjad ing aldaka |
kêkayon kèh anggi-anggi |
sêkar sangkêp mawarni |
panjrah ing sari rum-arum |

gandapura ngayangan |
sukêt sulanjana mamrik |
mêmêrakên êmêr sêre kamijara ||

105. Pakis galar kasimbaran |
wisamarta jenggod rêsi |
kucila lan katilampa |
talompe tampèlan tangkil |
prijatha kajar kêji |
lung-wana lan kêncor-wulung |
malelu kumlandhingan |
bilungan lan adhêm-ati |
kaywan inggil manisrêja lan paponan ||

106. Wau Ki Sèh Amongraga |
ngancik sapucaking wukir |
myarsa swaraning pêpasar |
umyung tumawon kapyarsi |
diyèng gyanne dhêdhêmit |
apêpasaran gumuruh |
sang monêng gya istipar |
sirna swaraning pawèstri |
lir mirangrong kawanguran janma tama ||

389 Wirangrong

1. Yata Ki Sèh Amongragi |
nèng ardi Kilang amanggon |
pupucaking arga ting pêcucu |
bubucuning wukir |
pan sela kumalasa |
kayone mung manis-rêja ||
2. Lan paponan sapanginggil |
kèh dhampèng pange pêpangol |
Ki Sèh Amongraga andudulu |
kabèh dèn ubêngi |
pasang patuting arga |
lir makuthaning Rahwana ||
3. Anjajah wêngkoning wukir |
calowokaning lèlêmpong |
kèh tilasing dupa labêt kutug |
pamujaning janmi |
sang monêng linging driya |
karane si gunung Kilang ||
4. Akèh wong kang anênêpi |
gunung awingit minanon |
pantês yèn angkêra yêktinipun |
sêmune kang ardi |
kèh papane pamuja |
dinalajahan sadaya ||

5. Sang Monêng ningali malih |
pêpêncu sawiji monjok |
apan jilma mara jilma lampus |
sato mara mati |
pan iku pakarêman |
tan kêna kambah ing janma ||
6. Sèh Mongraga angoncati |
mring pakarêman mêrono |
santri Jamil Jamal tangsèng pungkur |
mèh prapta ing nginggil |
sira Ki Jamil Jamal |
arip ngantuk arenggotan ||
7. Matane lir dènpuluti |
lèrèn (ng)gêloso angorok |
wong ro sênggoran padha turu |
sang monêng ningali |
santri padha anendra |
karo samya ginugahan ||
8. Kagyat garegah atangi |
Jamil Jamil matur alon |
yèn parêng ing karsa luhung wangsul |
raose tyas mami |
ambaliyur kewala |
punika mring pakarêman ||
9. Lamun sinêngka tan kenging |
mêsthi datan wande (ng)gloso |
sapele ing lampah apan têtmtu |
padhêm wong dhêdhêmit |
sang monêng lon ngandika |
kang ora-ora rinasa ||
10. Payo padha manjad nginggil |
ywa kuwatir sira karo |
pikirmu kang tatag aja korup |
mring rês-rêsing budi |
Jamil Jamil ngandikan |
tandya sami lumaksana ||
11. Anênggêl prapta ing nginggil |
anggarêmbêl kang kêkayon |
baga bibis kroya kêpuh bulu |
sengon lawan têkik |
sêlingan têtung-gêlang |
têngah mêlatar awiyar ||
12. Arêsik lir dènsaponi |
tan na kaliyanging godhong |
alêkok ing têngah lèbêtipun |
sapanggayuh kudhi |
buwêng bêngkah marapat |

ambêlumbang sapambalang ||

13. Sèh Mongraga aningali |
isining balumbang kono |
wulu pèksi kathah lan bêbalung |
sato kewan pèksi |
minangka wuh rarahan |
lan tulang cumplunging janma ||
14. Sèh Mongraga datan wingwrin |
myat pêngalapaning sato |
pèksi miwah janma alum tungtum |
mangkana sang brangti |
nèng lungit pakarêman |
ngayêngi pucaking arga ||
15. Sèh Mongraga nulya linggih |
sigra gogodha tumêmpoh |
mêndhung agiyungan tédhuh lesus |
bayu bajra ngidid |
ngasudsud pancawara |
udan angin alimêngan ||

Jilid 7 - Kaca : 182

16. Adrês mamrês brêsing riris |
pracalita lindhu gênjot |
agonjat-ganjitan manggut-manggut |
magêntur gora tri |
wrêksa sol singsal sêmpal |
kaprapat pracandha gadha ||
17. Tan pègat angoncat-ancit |
papacit wukir lir cêpol |
arga lwir rug gugal ringgang-ringgung |
mawar erawati |
gêtêr patêr putêran |
pêtêng dhêdhêt alimêngan ||
18. Lindhu kêtuk unggrak anggrik |
gumaludhug dhêg-dhèr gêdhor |
kumupak poking kang kapêlupuh |
prahara wor riris |
ampuhan kras marwasa |
amusus isining arga ||
19. Sang monêng Sèh Amongragi |
tan keguh tyase tinêmpoh |
ing gora gadha gra tyas rahayu |
tan watir samênir |
tyasnya wantah walaka |
mêmucung pamucangira ||

390 Pocung

1. Yata dangu mangrêsing panca nèng gunung |
antara sêsangat |

- sindhung riris sampun aris |
godha pancabaya sadaya wus sirna ||
2. Kayu watu pulih tan ewah lir wau |
pan malah sangsaya |
mindhak ron prêdapa sami |
myang rêsike arga kadya sinaponan ||
3. Wulu balung pêksi kewan janma tungtum |
sirna tan warana |
nulya na sasmita kèksi |
narmada gung numpak umpaking samodra ||
4. Tan myat gunung laut gung ingkang kadulu |
têngahing samodra |
sêkar tarate bang kèksi |
Sèh Mongraga istigpar astagpirolah ||
5. Sirna luyut ingkang nyêlani pandulu |
nulya myat wanarga |
tan ewah lir wingi uni |
Sèh Mongraga gangsal ratri anèng arga ||
6. Ngandika rum lah payo padha tumurun |
wus lêga tyasingwang |
antuk sasmitaning Widi |
Jamal Jamil samya umatur sandika ||

22 (Ngambah ardi Cawang, kèndhiting rêdi dados pakèndêlanipun tiyang nênêpi)
Ngambah ardi Cawang, kèndhiting rêdi dados pakèndêlanipun tiyang nênêpi.
Mlampah mangilèn nusup wanadri dumugi ing ardi Cêmpaka wilayah
Lamongan, jèjèr ardi Arjuna. Ing pucakipun kathah woh-wohan, kathah toya
wêning. Manjat pucak, sumêrêp wanodya ayu, i.p. pêri-pêrayangan,
dhulangipun gantos-gantos. Ngatingalipun namung sakêdhap-sakêdhap.
Sadaya panggodha botên tumama, lajêng sami musna. Wontên ngriku ngantos
satêngah wulan.
Kaca 183 - 185.

Jilid 7 - Kaca : 183

390 Pocung

7. Samya mudhun Sèh Mongraga saking gunung |
lawan santrinira |
praptèng guwa dalêm nênggih |
sipêng sadalu byar enjing nulya mangkat ||
8. Lampahipun mêngalèr nusup wana gung |
sadintên lumampah |
mung raryan salat ing margi |
kang sinêdya minggah marang ardi Cawang ||
9. Praptèng suku ing arga Cawang sadalu |
kakèndhiting arga |
parèrènan wong anêpi |
sela janggud piranti adupa-dupa ||

10. Lire lawanging arga ing sela janggud |
tan kêna lajuwa |
yèn laju ambêbayani |
mila kêdah sela janggud andudupa ||
11. Enjingipun amanjat minggah mandhuwur |
ragi ngantak-antak |
tan praptèng nginggil tumuli |
pan kêpara andêdêr têngahing arga ||
12. Datan luhur tan agêng ardi puniku |
myang kayon tan ana |
mung kayu kang alit-alit |
glagah rayung lang-alang wrata sasakan ||
13. Praptèng luhur wan ta ingkang kadulu |
satêngahing pucak |
guwa dèdalaning angin |
angaluwêng kadya sumur langkung wiyar ||
14. Pinggiripun kinubêng sela salumbang |
myang sa-gajah-gajah |
sigra yasa prau konthing |
samyang gawing tumawing luwêng liwêngan ||
15. Pan kadulu sapangisor selanipun |
tinon lir tan kêkah |
tanjêbing siti sakêdhik |
mangol ngungkang kadya amblêng ingêncikan ||
16. Sumarubut ngidid putêran anglesus |
pan ing gunung Cawang |
angêtuki angin-angin |
Jamal Jamil ngrawut glagah alang-alang ||
17. Uwuh ngrayung inguncalakên agupuh |
kabur maring tawang |
sakêdhap datan kaèksi |
Sèh Mongraga mèsêm myat mring Jamal Jamal ||
18. Pan cinatur tigang dalu anèng ngriku |
ya ing guwa Wawar |
mancal sapucaking wukir |
alon-lonan jêjambak sukêt mêtakan ||
19. Dènnya mêdhun gya prapta ing sela janggud |
sadalu araryan |
nêlaskên tangating ratri |
Jamal Jamil koncatan mangan wowohan ||
20. Bakda Subuh byar enjing mangkat lumaku |
ngidul ngilèn dènnya |
lumampah nusup wana dri |

Jilid 7 - Kaca : 184

kang sinêdya ardi Cêmpaka Lamongan ||

21. Jajaripun ardi Arjuna lit patut |
praptèng suku arga |
lalu umanjat manginggil |
tan rêkasa kakaywan wana sarwana ||
22. Sangkêp sagung wowohan pala gumantung |
myang pala kasimpar |
kapêndhêm lan sari-sari |
miwah kajêng anggi kang amawa ganda ||
23. Mamrik arum andhuk pudhak cêpaka ndul |
pucang babar mayang |
ngayangan mayêng mawangi |
lir winangun langên taping palakirna ||
24. Sang Mongraga prapta saluhuring gunung |
kacaryan ing pucak |
myat pala sarwa mêtêki |
pan sadasa dalu nêng ardi Cêpaka ||
25. Kêh tuk ranu tan susah dènnira wêktu |
myang Ki Jamil Jamal |
tan susah dènnya (m)bil bukti |
nulya mudhun nut lingiraning prabata ||
26. Ngandhas trêjung jurang pêpèrèng prang parung |
lan lengkong timpahan |
aluran sukuning ardi |
ardi Cêpaka lawan ardi Arjuna ||
27. Lampahipun manjat sumêngka mandhuwur |
praptèng pucak arga |
wana siluman ing pêncit |
apan diyèng pakarêmaning asrama ||
28. Yata wau Sèh Mongraga wontên ngriku |
sakêdhap kêdhapan |
tumingal èstri yu luwih |
awêwayang yèku pêri pêrayangan ||
29. Kang kadulu gantya-gantya praptanipun |
panguncanging driya |
wus adate ing ngasrami |
lamun ana janma kapaung kagiwang ||
30. Pra godhayu tan akuwat dangu-dangu |
dènnya angatingal |
mung sakêdhap netra kèksi |
mring Mongraga tan tumama merang musna ||
31. Tan kadulu pêri pêrayangan takut |
Ki Sèh Amongraga |

- satêngah wulan nèng pêngcit |
nêlasakên anjêjiyarahi ngarga ||
32. Kèh kadulu botrawi balumbang luhung |
balumbang sasanga |
winindu ing sela langking |
warna-warna toyaning balumbang sanga ||
33. Putih dadu jênar rêkta lawan wungu |
cêmêng kapuranta |
biru lawan toya wilis |
kathah kêni-kênane ardi Arjuna ||
34. Sawusipun têlas dènnira (n)dudulu |
angling mring santrinya |
payo mudhun Jamal Jamil |
tur sandika nulya tumurun lon-lonan ||
35. Wus umêdhun Mongraga lan santrinipun |
laju lampahira |
ngalèr ngilèn marang ngardi |
pan sadintên dènnya lumampah ||
36. Kang jinujuk ardi Lawang kang kadulu |
prapta ing panjatan |
lajêng sumêngka manginggil |
kêkaywannya kayu jambon angayangan ||
37. Sapandhuwur tan ana liyaning kayu |
mung jambon kewala |
ing pucak longkang pasagi |
sela kumalasa wiyar amêlatar ||
38. Ting pandhukul warata sami ngêlumut |
katrapan katepan |
sumilak miyêg awilis |
Sèh Mongraga sadasa dalu nèng ngarga ||
39. Sawusipun dènnya tirakat nèng ngriku |
tumurun sing ngarga |
kêlawan si Jamal Jamil |
praptèng sela kêping sukuning prabata ||
40. Lajêngipun nut Kêndhêng anjujur gunung |
kang sinêdyèng driya |
ardi Maya Darawati |
tapêl-watês Lumajang kêlawan Antang ||

23 (Lajêng mandhap ngalèr-ngilèn dhatêng ardi Lawang)
Lajêng mandhap ngalèr-ngilèn dhatêng ardi Lawang, nêrusakên lampah dumugi Sela-kêping, sumêdya dhumatêng ardi Maya Darawati, tapêl-watês Lumajang kalihan Ngantang. Salajêngipun ngambah ardi Drêkila, tlağa Rêtna, ardi Sampora, wukir Andong, wukir Pêrunggu, wukir Pêgat, laju ngidul-ngilèn ngambah tanah rawa nusup wana bondhotan dhatêng ardi Kêlut tanah Kêdhiri ingkang sakêlangkung wingit. Botên antawis dangu wontên

suwantên gumalêgêr, sanalika grêmis lêbu jawah awu. Sèh Amongraga ndêdonga; kasêmbadan, lajêng têrang jawabipun. Nglajêngakên lampah dumugi ing rêdi Mendhong.
Kaca 186 - 192.

Jilid 7 - Kaca : 186

390 Pocung

41. Ardi Tunjung Sumbita lan gunung Prunggu |
apan jajar lima |
mangalèr sami gêngnèki |
sining wana sangkêp sawarnine ana ||
42. Anèng ngriku Sèh Mongraga laminipun |
kalih-têngah candra |
kèh langêning wana wukir |
mudhun laju ngalèr-ngilèn lampahira ||
43. Kang ka-ayun ardi Drêkila kadulu |
dalan nut padarga |
sabên guwa dènampiri |
tuwin watu pêlatar ingkang asimpar ||
44. Sipêng ngriku nênpêpi sipêng kang patut |
apan sinipêngan |
sadalu kang kalih ratri |
nulya praptèng panjatan ardi Drêkila ||
45. Kèndêlipun kadalon rêrêp sadalu |
nèng sela rorodan |
byar enjing manjat manginggil |
turut kucur grajagan tirtèng talaga ||
46. Wastanipun talaga Rêtna puniku |
kalangkung kawuryan |
anyarong toyane wêning |
aparangan pêtung tumiyung ing toya ||
47. Amalêngkung pucuke nêrampat ranu |
têpining têtalaga |
winindu sela ingukir |
cêlangaping windu binintulu patra ||
48. Têngah ranu sela langking gilang alus |
sira Sèh Mongraga |
kacaryan miyat têtalagi |
kayu teja kang ngayomi ing têtalaga ||
49. Myang sêkar rum maruru swara ing ranu |
kadya imamawan |
sangkêp sakathahing sari |
Sèh Mongraga ngungun rakiting têtalaga ||
50. Tigang dalu dènnya nèng têpining ranu |
tansah kang katingal |
wanodya yu angayomi |

namung saklebatan tan awèt katingal ||

51. Tan têtamtu ing panggodha Sèh Mong luhung |
kaluhuran tama |
wus nir agama Budasri |
datan wimbuh anggambuh Sèh Amongraga ||

Jilid 7 - Kaca : 187

391 Gambuh

1. Yata wau winuwus |
Sèh Mongraga laju lampahipun |
mring pucaking ardi Drêkila kang wingit |
mring guwa kamuksan samun |
dènyarsa manggon ing kono ||
2. Prapta tumamèng pintu |
pacrabakan watu canthèng nêngguh |
sela itêm patêmbayaning aundhi |
wowolu sagênuh-gênuh |
kasêlangan dening oyod ||
3. Saundhak malihipun |
pintu sela rèntèng bale-kêncur |
undhak ngayun ing bale-rante kang kori |
undhakan wêkasan pintu |
mangunèng rèrèn samya so ||
4. Sèh Mongraga andulu |
pasang rakit kori tundha pintu |
kantun lawanging guwa ran Sangupati |
kanan keringe ing pintu |
kayu wali kadhêp ngayom ||
5. Sèh Mongraga angungun |
ngunandika jro wêrdayanipun |
iki labêting janma mêksih Budasri |
sang Dananjaya linuhung |
mangun wibawa duk wirong ||
6. Aminta raganipun |
sêmadine nèng Drêkila gunung |
jênêk sênêt-murwèng guwa Sangupati |
pangikising tyas têtês hyun |
madhêp antêpe andhepok ||
7. Mangkono saking kalbu |
Sèh Mongraga nèng mangunèng pintu |
tan antara wontèn pratandhaning wingit |
tanpa udan anginipun |
adhêm anjêjêd karaos ||
8. Jamal Jamil angukud |
kêlangkung asrêp kongsi anjêkut |
raosipun madhani pitung bêdhidhing |
wong roro samya kêkêmul |

ngêkêp dhêngkul andhêrodhog ||

9. Pating karêsês muwus |
bilah nora jamak adhêmipun |
dene nora ana udan lawan angin |
awakku kongsi (n)jangkêrung |
dudu sabaèning raos ||
10. Sèh Mongraga andulu |
mring santrinira samya ngêruntuh |
atêpakur dodonga marang Hyang Widi |
luputing pancabayèku |
godha dhêm kang karya repot ||
11. Mangkana dangu-dangu |
luwar prabawaning adhêm ngukut |
wong roro wus bisa ngêgarkên jariji |
cêtha dènnira cêlathu |
mari plok-plokan (n)dhêrodhog ||
12. Sèh Mongraga amuwus |
lah payo Jamal Jamil umangsuk |
tur sandika santrine roro tutwuri |
malêbèng jro guwa sampun |
nèng Sangupati amanggon ||
13. Madalêm wingitipun |
ing têngah sela gilang awulung |
sumayana alus patute pêsagi |
lêkok tilasing alungguh |
maksih tabêt pupon-pupon ||
14. Mongraga ngling ing kalbu |
iya talah tapaking ngaluhung |
istijrate duk jaman kuna Budasri |
sang Parta Dananjaya nung |
awirong nèng guwa sigrong ||
15. Inggang amurwèng kayun |
kayuwanan maring dewanipun |
wus angèsthi ing pati pati patitis |
tusthaning kalbu kabubu |
bubuhane mangsah mungsoh ||
16. Dinulur ing Hyang Agung |
saking antêping tapa papa gung |
pinitayan yuwananing jayèng jurit |
rêtnaning rananggana nung |
sih Hyang Agung wus wong-winong ||
17. Mangkono ciptanipun |
Sèh Mongraga têpakur Hyang Agung |
dènnira sung kamurahan sarta asih |
ing dunya dèlahanipun |

Jilid 7 - Kaca : 188

tan pilih ing sawiji wong ||

18. Wus tètela saèstu |
purbaning Hyang Gusti Kang Murbèng Gung |
anglimputi sêgala kang titah urip |
kang kinarsan kinarya nung |
tandha wau kongsi lêkok ||
19. Sawusira kadyèku |
Sèh Mongraga ngubêngi andulu |
pasang rakiting guwa akêni-kêni |
ana rakit lir tilam-rum |
sadayane wau wutoh ||
20. wontên watu bang gênuh |
pinggir padurêsa ingkang kidul |
amumundri mèpèt lir kumala langking |
kumucur angêtuk ranu |
kumroncong toyanya nyarong ||
21. Mapan duk waunipun |
paèranya sang dwijarsa ranu |
anèng ngriku pêngambilan toyastuti |
Mongraga tyas sangêt sukur |
mring kang karya labêt elok ||
22. Wau ta sang Mong luhung |
dènnya midêr-midêr andudulu |
têpung-gêlang jroning guwa Sangupati |
nulya myat gigilang alus |
mèpèt kapering amojok ||
23. Lèr-kilèn prênahipun |
Sèh Mongraga alênggah nèng ngriku |
pan pikantuk asasanèng sela langking |
têntreming tyasira mepu |
pasênêtanira manggon ||
24. Iktikape tawakup |
sumungku ing kaênênganipun |
kajênêkan anèng guwa Sangupati |
nêlas suhul ing Hyang Agung |
nêgês karsaning Hyang Manon ||
25. Laminira cinatur |
Sèh Mongraga dènnira amasud |
nèng Drêkila guwa sapucaking ardi |
satus dina dènnya suhul |
mring Hyang Agung kang waspaos ||
26. Têlase karsanipun |
Sèh Mongraga angandika arum |
wus luwaran payo mijil Jamal Jamil |
santri sandika turipun |

Jilid 7 - Kaca : 189

nulya mêdal sang wiranom ||

27. Praptèng mangunêng pintu |
Sèh Mongraga pan lajêng tumurun |
saking ardi Drêkila sampun kawingking |
yata laju lampahipun |
nut suku Kêndhêng lélengkong ||
28. Kang sinêdya ing kayun |
ardi Sêmpora ingkang jinujug |
inganjatan sumêngka pucaking wukir |
tan ana kaywan lyanipun |
mung palasa lan timaos ||
29. Sèh Mongraga nèng ngriku |
tan pati rêna mung kalih dalu |
nulya mudhun lan santrine Jamal Jamil |
ngilèn maksih tunggil suku |
gunung Rajêgwêsi kulon ||
30. Tan ana kayunipun |
watu kewala pating pêndhukul |
sela agêng munggul ing pucucak wukir |
alunyu labêt alumut |
katêpan lawan kêrokot ||
31. Umês kewala ranu |
Sèh Mongraga namung kalih dalu |
dènnya nêpi anèng gunung Rajêgwêsi |
anulya samya tumurun |
praptèng suku nut lélêmpong ||
32. Alaju malih ngidul |
nulya manjat gunung Andong nêngguh |
pan sadalu anèng sapucaking wukir |
Sèh Mongraga gya tumurun |
pan laju andudukwuloh ||

Jilid 7 - Kaca : 190

392 Mègatruh

1. Pan anênggêl sumêngkèng ardi Pêrunggu |
kêkaywan ing wana wukir |
kumuning lawan trikancu |
sengon pilang lawan pêkik |
jambon telok lan timaos ||
2. (ng)Grênging wana kathah warnaning kang kayu |
bondhot kêmarung pring ori |
rampal atanapi wuluh |
kumuning lan purwa kuning |
myang kaywa gêng ayom-ayom ||
3. Praptèng pucak Sèh Mongraga lampahipun |
nênêpi amung saratri |
têlasan nulya tumurun |

- tan kari Ki Jamal Jamil |
laju lampahira gupoh ||
4. Manjat malih ardi Pêgat pucakipun |
nênêpi mung kalih ratri |
mudhun laju lampahipun |
ngidul-ngilèn tanah rawi |
nusup wana-wasa bondhot ||
5. Sèh Mongraga yata lêpas lampahipun |
ingkang sinêdya ing galih |
ardi Kêlud kang kêdulu |
apan tanah ing Kêdhiri |
samarga lamun kêdalon ||
6. Tansèng wana ngupaya kang simpar samun |
wus napak tanah Kadhiri |
napak suku ardi Kêlut |
kinubêng ardi lit-alit |
kathah namaning pupuncon ||
7. Gunung Buthak gunung Gombak gunung Kuncung |
gunung Kutuk gunung Kêndhil |
gunung Bèsèr gunung Pêrung |
gunung Bêngkak gunung Kucir |
gunung Payung gunung Mendhong ||
8. Praptèng Kêndhit ararywan ing sela pingul |
pêpangol mèh pucak wukir |
ing pênggike aran gunung |
Muncuk munggul sela putih |
minangka punika regol ||
9. Datan pati agêng luhur ardi Kêlut |
nanging amêncil pribadi |
tan kêslamur kyèhning gunung |
dadya wêwêkaning gunung |
pawukiran ting pandhosok ||
10. Ardi Kêlut dadya paênganing gunung |
liring aèng sangêt wingit |
angkêr pribadi ing Kêlut |
tan antara mratandhani |
mobah kang prabata gênjot ||
11. Gumalêgêr gêtêr patêr gumaludhug |
lir gêlap ambubungkaki |
swara jumêgur gumuntur |
pêtêng dhêdhêt awiyati |
agiyungan lan swarangrok ||
12. Sanalika riris lêbu udan awu |
dêrêsira sawatawis |
sêsangat dènya mëlêtuk |

Jilid 7 - Kaca : 191

- ngambak ngalilipi pêksi |
pêksi runtuh ting talêdhok ||
13. Miwah buron wana kèh kêbrasat gunung |
bilulungan tan umèksi |
gobag-gabig numbuk-numbuk |
sira Ki Sèh Amongragi |
nèng sandhaping sela mongol ||
14. Kidang kancil sangsam samya ngungsi purug |
lêlengkong dampèng pinurih |
ngambak marang sela pingul |
andhêsêg mring Amongragi |
Jamal Jamil mengkot-mengkot ||
15. Kadhang krasa kidang kagêpok ing sikut |
anjumbul mèpèt ngêkêti |
tan ketung mung rêbut aub |
kang sato dènira ngungsi |
dadya dhêsêgan kemawon ||
16. Sèh Mongraga myat buron wana kadyèku |
dhêsêkan lan Jamal Jamil |
mèsêm èsmu wlas andulu |
mring sato kewan wanadri |
andodonga mring Hyang Manon ||
17. Muga ana-a pitulunging Hyang Agung |
luwar ing pancabaya gring |
pêksi kewan ing wana gung |
ingkang mawa mêlarati |
mring sakèhing kang tumuwoh ||
18. Wus antara gya têrang kang udan awu |
gèmpang katiyup ing angin |
wus tan ana labêtipun |
buron kang samya angungsi |
lumayu pating parêkos ||
19. Sèh Mongraga nèng sela pingul sadalu |
enjing gya manjat manginggil |
yun wikan sananing lêbu |
kang mawa jawah awu sring |
sabên sing gunung Klut kono ||
20. Lamun datan janma kang sampun linuhung |
kèh pancabayanirèki |
kawangsul ing udan lesus |
têrkadhang kang banjur mati |
kêparag ing lèlès jorong ||
21. Yata wau Sèh Mongraga duk andulu |
pasang rakite guwa writ |
lir amblong sapucak gunung |
sumêrot amawa angin |

22. Kang sagajah saomah salambung bandhung |
lêlêmpènging luwêng limit |
kêdamon ing angin lesus |
tan kenging ngancikan janmi |
êmbêl lêbu sapangisor ||
23. Ingubêngan pipinggiring guwa lêbu |
wus tamat dènnya ningali |
luwêng pucak gunung Kêlut |
nèng ngriku pan tigang ratri |
mêlinthas panas tan kayon ||
24. Lamun salat walurat ngambil toya mum |
tan ana warih saprintis |
awulu kewala lêbu |
wusnya tri ratri anuli |
sigra tumurun mangisor ||
25. Angubêngi (n)jajah sawarnining gunung |
pêpêncu pating pandhilis |
wêradin sadayanipun |
ngupaya (ng)gon kang prayogi |
myat pêpêncu ardi Mendhong ||
26. Mênggik kidul-kilèn Mendhong prênahipun |
sarwa sri patut pribadi |
pêpangol guwa asingub |
sela tiyungan amawing |
angêtuk ranu kumocor ||
27. Wus amanggon Sèh Mongraga anèng ngriku |
rêrêp rêrêm dènnya nêpi |
anjungkung sêmadinipun |
bêktinira mring Hyang Widi |
jênêk nèng pupucuk Mendhong ||
28. Santrinira samya suka rênèng kalbu |
kèh pala kêna binukti |
pêndhêm kasimpar gumantung |
nyamikan wana mênuhi |
tan kuwatir ing kalêson ||
29. sêdya lami Sèh Amongraga anèng ngriku |
wau ta datan winarni |
yata malih kang winuwus |
dhusun ing Wanamartèki |
Ki Bayi kang winiraos ||
30. Sabakdaning Jumungah tan ana mantuk |
lajêng akêpung kêndhuri |
sawusing luwar majêruk |
putra kalih lan pra ari |

pangulu modin mêtêbot ||

31. Miwah para kami sêpuh anèng ngayun |
angandika Kyai Bayi |
marang putra kalhipun |
myang mring rayi sadayèki |
paran lèh wartos kang yêktos ||
32. Kang liniring sadaya sami umatur |
kathah ature tan sami |
wontên angsal warti ngidul |
amangetan wartinèki |
kabar ngalor wênèh ngulon ||

24 (Nikèn Tambangraras sakalangkung mêmêlas)
VII. Nikèn Tambangraras sakalangkung mêmêlas.
Ki Bayi Panurta nyarêngi barjamaah damêl kèndhuri, majêlukan, pêpak para kadang, putra, kami sêpuh, takèn wartosipun Sèh Amongraga. Sadaya ingkang kadangu bab purugipun Sèh Amongraga aturipun botên sami. Sadaya anggung ngudaraos kanthi sungkawa. Sasampunipun ndêdonga, lajêng bibaran. Wontên kabar bilih Sèh Amongraga katingal ing rêdi Mendhong. Ki Bayi Panurta raosan kalihan garwanipun anggènipun kamiwêlasên dhatêng putra Kèn Tambangraras. Rama ibu anggung anglêlipur putra ingkang tansah karuna. Botên tega nilar putra, rama-ibu nênggani, lajêng kakuwu ing gandhok pungkur.
Kaca 193 - 195.

Jilid 7 - Kaca : 193

392 Mêgatruh

33. Kyai Bayi Panurta alon amuwus |
nora têtanjêr kang warti |
lah êndi kang bènêr iku |
mundhak sêmpêlah kang ngati |
priye Wirya sirèng kono ||
34. Adatira kang sumbon lèh warta tuhu |
Kulawirya matur aris |
duka dalêm lêtêsipun |
angsal kawula pawarti |
putra tuwan kang lungandon ||
35. Sèh Mongraga wartinya nèng Gunungkidul |
tiyang tan satunggil kalih |
ingkang warti anèng ngriku |
nging punika dugi-dugi |
sêbab kinintên kemawon ||
36. Tiyang Pênggik ing Putat wastaning dhusun |
wontên tiyang amatrapi |
sapucaking ardi Kêlut |
mangke kang dipun-dhepoki |
pongol pucak ardi Mendhong ||
37. Rencangipun kalih ngangge sarwa wulung |
kang martapi sarwa putih |

- mila dinugi saèstu |
yèn putranta Sèh Mongragi |
kang kukuwu andhêdhepok ||
38. Kyai Bayi myarsa atur manthuk-manthuk |
wusana wacana aris |
yata lah Wirya sirèku |
layak ya iku sayêkti |
pantês kabarmu amencok ||
39. Amungayan têmên pawartamu iku |
kaya yèn iya sayêkti |
cêsse tyas manira milu |
nora maido ing warti |
lah padha rêmbugên kono ||
40. Rêhning padha pinadhangakên ing ngèlmu |
prêsat uga amurid |
marang Sèh Amongragèku |
kapindho wêlasa maring |
ingkang tinar wirangrong ||
41. Tambangraras kalangkung kawêlasayun |
priye enake kang bêcik |
susulên bae dèn-gupuh |
sira kulup Jayèngrêsmi |
mangsa bodhoa ing kono ||
42. Ingkang putra kalih sandika turipun |
Kulawirya matur aris |
pan inggih sayêktosipun |
kula wus mawan pribadi |
mring ardi Kêlut upados ||
43. Takèn mring wong dhusun kang cêlak ing ngriku |
ing Putat Kêpuh Wanasri |
agêmêt pitakèn-ulun |
inggih kang wau sayêkti |
anèng Kêlut ardi Mendhong ||
44. Nanging sapuniki tan wontên kadulu |
kilap taksih botênèki |
dinugi wus kesah nglangut |
yèn tan makatên wus mati |
sirna nèng Kêlut kemawon ||
45. Pan mêkotên caturipun tiyang dhusun |
pawukiran Kêndhit Pênggik |
judhêg patakèn-kula wus |
tita datan angsal kardi |
mantuk samêrgi angrempong ||
46. Kyai Bayi Panurta langkung gêgêtun |
anjêngèk ngungun lingnya ris |

Jilid 7 - Kaca : 194

- yèn mêngkono sira iku |
uwis lumaku pribadi |
kadèkne tan katon-katon ||
47. E jawane lunga tirakat angruruh |
ya ta lah Wirya sirèki |
tètela lêpas jangkahmu |
prawira nglêgakkên ati |
Ki Kulawirya ambungkok ||
48. Matur inggih bêrkah-paduka kasuwun |
mêngkana kang sami linggih |
sadaya kêlangkung ngungun |
mring ture Kulawiryèki |
tan nyana lamun mangkono ||
49. Kyai Bayi Panurta malih amuwus |
ya wus sun-trima sirèki |
gus Wirya ing salakumu |
ing mêngko manèh pinikir |
mênawa olèh pawartos ||
50. Andonga-a bae sêlamête laku |
wis payo bubaran mulih |
matur sandika sadarum |
Ki Bayi kunndur sing masjid |
putra ri santri gya bodhol ||
51. Sowang-sowang mantuk marang wismanipun |
Ki Bayi praptèng wismèki |
ngandika mring garwanipun |
tanapi marang putrèstri |
Tambangraras kang gung wirong ||
52. Kinabarkên lir ture kang rayi wau |
wit têkan wêkasanèki |
garwa putra arawat luh |
kadya winêjêg kang galih |
saking dahat tyas syuh kepon ||
53. Tambangraras karuna sarwi umatur |
manawi parêng (n)Jêng Kyai |
kawula mit arsa nusul |
ing putranta Sèh Mongragi |
wus sêdya milalu luloh ||
54. Kyai Bayi prêmbèh-prêmbèh nangis ngrangkul |
sarwi ngandika dhuh nini |
sarèhèna tyasirèki |
kêprimèn manira kari |
ibumu pêsthi anglamong ||
55. Ni Malarsih karuna mêngkul ing sunu |
sarya ngling aywa lunga nis |

manira tan bisa kantun |
kaya mati tanpa budi |
sira wêlasa maring ngong ||

56. Tambangraras rinapu ing rama ibu |
wontên lilihe sakêdhik |
ning tyas mêksih sangêt linglung |
kalangan dening sudarmi |
pêtêk tyas mangkêk kêpêngkok ||
57. Myang Cênthini anangis nungkêmi suku |
antara dangu wus lilih |
lêga tyase rama ibu |
kukuwu anèng pawingking |
wisma sapungkure gandhok ||

393 Pangkur

1. Wau Ki Bayi Panurta |
datan arsa kundur mring wismanèki |
tansah kang putra tinunggu |
kalamun sampun lêjar |
maksih asring dhinayohan siyang dalu |
mangkana datan winarna |
mangsuli kang kocap malih ||
2. Sira Ki Sèh Amongraga |
ingkang lagya sênêt nèng pucak wukir |
Kêlut kidul-kilènnipun |
ardi Mendhong dènnira |
numpa pangabêktining Hyang Kang Maha Gung |
akarêm nèng jroning guwa |
laminira sèkêt ari ||
3. Yata wau Sèh Mongraga |
karsanira linggar saking ing wukir |
ngandika mring santrinipun |
payo madal panjatan |
matur inggih sumangga nulya tumurun |
nuruti linggir gêntingan |
jurang pèrèng lêmah miring ||
4. Manapis wana gêrotan |
pan kêpranggul wong dhêdhampalan sami |
mèt cokol godhonge umbut |
ngrampêt rambanan wana |
samyang cingak ningali mring kang lèlaku |
anêrka yèn janma tama |
mêntas mahas wana wukir ||
5. Mawan wana têrataban |
wontên puncak wukir alit arêsik |
tan ana pèncu mênjutu |
amundri pucak papak |
atêtambi lilingiran suku gunung |

25 (Sèh Amongraga kêmput andhatêngi rêdi-rêdi, guwa lsp)
VIII. Sèh Amongraga kêmput andhatêngi rêdi-rêdi, guwa lsp.
Sèh Amongraga ingkang lagya sênêt nèng puncak wukir Kêlut, kidul-
kilènipun ardi Mendhong, sêmèdi wontên ing guwa wau ngantos sèkêt dintên.
Nglajêngakên lampahipun engga dumugi Lodhaya, siang dalu kathah
suwatêning sima, lampahipun kalajêngakên ngambah ardi Sakêthi. Wiwit
saking tanah Lumajang ngantos dumugi ing tlatah Imagiri botên wontên tanah
dhatar, kajawi pating pêcucu rêdi-rêdinipun. Kathah rêdi-rêdi lan guwa-guwa
alit-alit urut pêsisir sagantên kidul ingkang dipun ampiri.
Lêpas lampahipun ngambah Wajak Watu-urip, ardi Gêthak, ardi Selandaka,
gunung Wajak, sêndhang Wajak, guwa Menak, ardi Buthak, guwa Kunitir.
Ing lèbêt wiyar wontên ingkang kadosdene margi.
Andarung lampahipun mangilèn dumugi rêdi Wilis tanah Panaraga. Jamal
Jamil ngombe toya Watu-urip, tèmahan sami buthak sirahipun lan tênggèng
gulunipun. Punika pratandha gaib, sami têtuh tanpa aji.
Kaca 196 – 200.

Jilid 7 - Kaca : 196

393 Pangkur

6. Praptèng pucaking prawata |
rata lêmpar lir pinapar rêspati |
wontên sanggarira patut |
kantun rêgang kewala |
rinambatan bilungan lawatan ngrêmbyung |
bolu têtik lan papasan |
êmêr saga sanggalangit ||
7. Katêlêng lan katimunan |
sisindhêtan galing lawan wêdani |
kasimbukan kati-gubug |
dêdêl myang adal-adal |
buntêt slimpêt lung-wana gadhung kêmarung |
rawe cao ciuciyah |
sêkêthi galing pong-pongging ||
8. Lir pinayu ing wilisan |
têpung pucuk lung kadya mêtakani |
lung gadhung ngayun kêtuyup |
lir ngawe ingkang prapta |
Sèh Mongraga karênan tyas anèng ngriku |
têlaga patukan toya |
nyarong kirihan umili ||
9. Tan ana wowohan endah |
dhuwêt jambu kêluthuk lan kêcapi |
undhe-undhe lan kêlayu |
gowok kêmlaka kamal |
langkung ramhat binuka têtanging kalbu |
kalaban labêtêng tapa |
nèng ngriki sadasa ari ||

10. Nulya mangare Mongraga |
lan santrine Jamal Jamil tan kari |
laju lampahira ngidul |
mahas wana wulusan |
têlêngipun ing Lodhaya dènnya (n)darung |
sima lir kewan ingonan |
ngarsa wuri ting saliri ||
11. Sima tan ana nukarta |
pan lêstari lampahirèng wanadri |
kêdalon tansèng wanagung |
mèt papan kang asimpar |
siyang dalu swaraning sima agêlur |
kadhang sring sima anendra |
Jamal Jamil kuwal-kuwil ||
12. Lêpas lampahira mahas |
sêdyanira amantog ing pasisir |
linampahan tigang dalu |
lon-lonan lampahira |
tan rêkasa mung satitah ingkang laku |
wana writ grêng agêrotan |
liwat ing ardi Sakêthi ||
13. Tan ana bêbanarira |
aluk-lukan kalêmpong wana wukir |
tan petungan ting pêcucu |
lit-alit pêpunthukan |
kawit saking tanah Lumajang kang punthuk |
sapangilèn pawukiran |
praptèng tanah ing Magiri ||
14. Ajêjêl saingga griya |
alit-alit punthuk ardi Sakêthi |
kathah guwa ting cêlungup |
pan samya ingampiran |
kang sadalu kalih dalu |
kèh araning guwa-guwa |
guwa Rante guwa Wringin ||
15. Guwa Sit guwa Larangan |
guwa Genggong guwa Prit guwa Têrik |
guwa Carat guwa Karug |
guwa Bang guwa Lawak |
guwa Lawèh guwa Sopal guwa Sruput |
guwa Munthêl guwa Samas |
guwa Warèng guwa Putri ||
16. Guwa Rajam guwa Sakap |
guwa Dhepok guwa Kêrèk guwa Mis |
guwa Juwata puniku |
sakèh ingkang kamargan |
ingampiran kang sakêdhap ingkang dangu |
mêngkana Sèh Amongraga |

Jilid 7 - Kaca : 197

prapta pinggiring pasisir ||

17. Ing Karang-burêng gêbyugan |
pan tri latri masiking galih katri |
tyas tan ana liyanipun |
namung sawiji nikmat |
ing coloking saking agal maring lêmbut |
kang uwus tan kawistara |
têrang têrateyan pati ||
18. Patitising mring kasidan |
sadangunya umèksi ing jaladri |
datan aningali laut |
pan katingal dharatan |
pan mangkono paningal pasêmonipun |
mèh-mèh bisa amisesa |
ing agal dhatêng ing rêmit ||
19. Myang rêmpit dhatêng ing ngagal |
agal rêmpit datan kalêmpit |
kalimputan ing Hyang Agung |
amuhung kasidikan |
Sèh Mongraga bakda kasud ing tri dalu |
linggar sing sasanèng parang |
laju wangsul ngalèr malih ||
20. Sampun lêpas lampahira |
punthuk ardi Sakêthi wus kawingking |
tapis grênging wana sêpuh |
langkung wana trataban |
ara-ara bulak wiyar angêlangut |
sêlan wana têrataban |
tanah ing sêgara wêdhi ||
21. Linampahan kalih dina |
ngêncêng ngalèr mring Wajak Watu-urip |
Bantal Padhomasan gunung |
praptèng sukuning ngarga |
apan lajêng kewala manjat mêngdhuwur |
winastanan ardi Kêthak |
nèng pucak namung salatri ||
22. Tumurun nurut ingiran |
jurang sêngkan timpahan suku ardi |
anjujur sukuning gunung |
anulya malih minggah |
wukir Selandaka tan nênggêl prapta wus |
nèng sapucaking aldaka |
ing Selandakan tri ratri ||
23. Kathah macan kewan-kewan |
banthèng cèlèng mênjangan kêbo sapi |
rêco pêksi sawung puyuh |
rêco Bathara Naga |

Jilid 7 - Kaca : 198

- candhi alit candhi Mêrak wastanipun |
 arêngkêt wana bondhotan |
 pêtung ganjur lan pring ori ||
24. Gya tumurun saking arga |
 nut aluran lèlêngkong lukak-lukik |
 luk-lukan mungguh tumurun |
 têkadhang kêpranggulan |
 janma dhêdhampalan wêwanan (m)buburu |
 samya kukuk akikikan |
 sona jugug ambêdhagi ||
25. Banène olèh bayangan |
 suka surak-surak gumuruh atri |
 sênjata munya lèr kidul |
 miwah kang kitêr sima |
 pan wus adat kang dadi kamuktènipun |
 wong ing Bantal Padhomasan |
 lan wong Wajak Watu-urip ||
26. Sira Ki Sèh Amongraga |
 ningêt lampah manawa na manguri |
 murang ing margo anusup |
 katon sakalebatan |
 wus dinuga mring wong kathah yèn wong luhung |
 tirakat nèng gunung Wajak |
 mring cêmpurung pucak wukir ||
27. Apan Diyèng Pakarêman |
 kêbuyutan ing cêmpurung awingit |
 mangkana panduginipun |
 yata Sèh Amongraga |
 pan sumêngka anênggêl manjat mandhuwur |
 wana grêng bondhot gêrotan |
 kayu taun sapanginggil ||
28. Praptèng pucaking prabata |
 amêlatar sela kumlasa arêsik |
 kinubêng ing kayu taun |
 santên baga jêmpina |
 katimaha wanitan goraya garu |
 jati jambon wungu laban |
 kumuning lan randhu kuning ||
29. Kilèn sela gêng amungal |
 winastanan sela dalêm awingit |
 pinggir kidul wetanipun |
 sela itêm mathethah |
 kadi wadhuk malêmbung kumucur ranu |
 sumrèwèh mili mangandhap |
 ingaranan Watu-urip ||
30. Toya (n)jog ing sêndhang Wajak |
 ranning dhusun ing Wajak Watu-urip |
 toya wajak sawabipun |

pan dadya patimbulan |
lamun nuju Grakasih Jumungahipun |
muruh mili kadi lênga |
wong ngalap sami nginum ||

Jilid 7 - Kaca : 199

31. Wau Ki Sèh Amongraga |
anèng nginggil pan namung kalih ratri |
prabawa mawi têturuh |
udan angin tirêban |
datan bisa pênthèr Hyang Surya ngêndhanu |
timbang pêdhut ngampak-ampak |
pat ari angêmu riris ||
32. Ngêndhuruk Ki Jamil Jamal |
tinêruhan timbrêng ing kawan ratri |
Sèh Mongraga gya tumurun |
saking ing Pakarêman |
lawan santrinira kalih tansèng pungkur |
nut lingir aluran jurang |
dènya mirangrong adhamping ||

394 Wirangrong

1. Yata Ki Sèh Amongragi |
nèng sêndhang Wajak ing kono |
dènnira atangat kalih dalu |
sawuse anuli |
minggah sakêdhap marang |
malêbèng ing guwa Menak ||
2. Nèng guwa sadasa ari |
dènnira rêrêm mirantos |
maksudakên tangat mring Hyang Agung |
ingkang Maha Sukci |
sinêrang tranging sangat |
têlênging driya priyangga ||
3. Guwa punika anunggil |
dadya kabuyutaning wong |
pedah kabudayan têtguh timbul |
jalma kang lèh gaib |
Wajak Waturip guwa |
têlung (ng)gon puniku sami ||
4. Ana panêngêrannèki |
wong olèh widayat kono |
yèn ing sêndhang Wajak ngombe ranu |
kang katrima pêsthi |
buthak bun-bunanira |
mêlinthas praptèng nguyêngan ||
5. Yèku têtguh tanpa aji |
pratandhane guwa rêko |
kang wus pinitayan cacadipun |
tènggèng gulunèki |

de kang olèh widayat |
saking Watu-urip arga ||

6. Abucêg cacade malih |
wus ila-ilane kono |
lamun nora cacad têtuguhe mung |
sadina sawêngi |
bêgja yèn kongsi cacad |
tèngèng miwah budhêg buthak ||
7. Têtguh salamine urip |
tan ana braja tumemplok |
sira Sèh Mongraga santrinipun |
wong ro Jamal Jamil |
dumadakan idayat |
Ki Jamal tèngèng gulunya ||
8. Jamil buthak (m)bunannèki |
watês kuncir mêlong-mêlong |
yata sawusira laminipun |
pan sadasa ari |
nulya mijil Mongraga |
tumurun angalèr-ngetan ||
9. Nut lèkêring suku ardi |
nèng Gunung Buthak mêngalor |
anyêngka panjatan praptèng luhur |
mung sare saratri |
apan laju kewala |
nut gênèng sukuning ngarga ||
10. Ayam-alas ing wana-dri |
anjulur jurang parang rong |
anatêr tataran wontên gumuk |
sasukuning ardi |
ran gênèng ing baratan |
anon guwa ingampiran ||
11. Winastan guwa Kunitir |
tri ratri dènnya amanggon |
jro guwa awiyar alulurung |
pan apanti-panti |
wontên tirta karihan |
mili lir kali tikungan ||
12. Wus antara nulya mijil |
Jamal Jamil tan kêna doh |
nusup wana-wasa lêbak undhung |
andarung lumaris |
araryan lamun salat |
wêktu tan jamak tan kala ||
13. Lêpas lampahirèng margi |
dènnya mahawan mêngulon |

Jilid 7 - Kaca : 200

rarywan sor kêkaywan isis iyup |
uwiting kusambi |
nèng sela sumayana |
Sèh Mongraga ris sabdanya ||

14. Paran purwane hèn Jamil |
êmbunmu buthak mêntholos |
Jamil aturira waunipun |
duk tuwan anêpi |
anèng ing sêndhang Wajak |
kawula nuju kasatan ||
15. Kasêsa anginum warih |
tan kantên ngokop kemawon |
raose lir pendah lisah latung |
tuwak dalah mangkin |
duka dalêm punika |
buthake sirah kawula ||
16. Ki Jamal liningan aris |
apa mulane sirèko |
tèngèng gulunira alon matur |
duka paduka wingi |
malbèng ing guwa Wajak |
dèrèng sadalu nèng guwa ||
17. Apan kawula ningali |
satunggil wungkusan ampo |
lajèng kula tédha ngantos tuwuk |
nuntên dalunèki |
supêna binorèhan |
mring tiyang èstri wus tuwa ||

26 (Tumurun ngalèr-ngilèn dhatêng tlaga Ngêbêl)
Tumurun ngalèr-ngilèn dhatêng tlaga Ngêbêl, kèndêl sakêdhap wontên ing
Ngêbêl, Balebatur, lajèng sumêngka dhatêng ing ardi Gêbyok Balebatu,
manjat malih dumugi wukir Calam. Punika minangka korining wukir Tlaga
Ngêbêl, dumugi ing pucak katingal kados samodra wêning tanpa sarah.
Midêr-midêr ing pinggir tlaga kacaryan mulat. Ing sisih kidul katingal mili
dhatêng padhusunan, kinarya gadhu sawah.
Kaca 201 - 202.

Jilid 7 - Kaca : 201

394 Wirangrong

18. Wanci têngah tuwuh angling |
sira dimèn mari ngêthok |
makatên wuwusnya dhatêng ulun |
gya kawula tangi |
lajèng tèngèng kewala |
mèsêm Ki Sèh Amongraga ||
19. Wus payo padha lêstari |
ngêncêng kewala mangulon |
nulya sami lampah sêdyanipun |
marang gunung Wilis |

- tanah ing Pranaraga |
karsane anjajah desa ||
20. Ing Trênggalèk wus kawingking |
ngancik suku ardi Tropon |
sêjarah pwakiran punthuk-punthuk |
ting pêthuthuk inggil |
kèh wêka-wêkanèki |
samy ran piyambak-piyambak ||
21. Kabèh samya dèn-unggahi |
ardi Cawêt ardi Waron |
ardi Jatingarang ardi Puru |
ardi Bayangkaki |
ardi ing Watutunggal |
ardi Kidang ardi Tawang ||
22. Ardi Mayang ardi Pencil |
ardi Gawar ardi Bagor |
ardi Pêlawungan ardi Biru |
ardi Nagasari |
ardi ing Panjalin-bang |
ardi Tumpak ardi Kêndhat ||
23. Ardi Soka ardi Curi |
ardi Mayat ardi Puyoh |
ardi Kêtaguhan ardi Mungul |
ardi ing Drêpati |
miwah ing ardi Liman |
winêratan sahadaya ||
24. Kang tri ratri pitung ari |
dènnira mayêng dhêdhepok |
tan na kêliwatan sadaya wus |
anèng ardi Wilis |
kongsi salikur dina |
anèng pucaking aldaka ||
25. Anulya tumurun aris |
ngalèr-ngilèn nut lèlêmpong |
tirahing agiran luran trêjung |
ampahaning wukir |
anêtêr ing lêmparan |
bana bêbanar mêlatar ||
26. Karsanira Sèh Mongragi |
mring têtalaga Bêl kinaot |
samining têtalaga tan kadyèku |
pan agêng pribadi |
nèng pucaking prabata |
praptèng sukuning panjatan ||
27. Suku lèr-kilèn kang mêngi |
sumêngka lampahira lon |
ngèndêl anèng Ngêbêl bale batur |

patute lir panti |
caritanipun tiban |
nèng Ngèbêl tibèng panjatan ||

28. Rèrèh sakêdhap nulya glis |
margyanggênting ngatos-atos |
wiyare rong pêcak sapandhuwur |
lwah jro kanan keru |
ing lampahira randhat |
samar mamar mênga gawat ||
29. Dangu gya prapta ing wukir |
sira Ki Sèh Mongraga lon |
rarywan gèbyok arga Bale-latu |
nulya manjat malih |
nut lèmpènging ancala |
wukir Calam-agung rannya ||
30. Minangka korining wukir |
ing têtala Ngèbêl kono |
yata sèh Mongraga praptèng ngriku |
sapucaking ardi |
tumingal kang têtala |
kadya wêkaning samodra ||
31. Alirap toyanya wèning |
kalangkung langên yèn tinon |
kinubèng kêkaywan kayu taun |
pinggire apasir |
rêsik tan na kaliyang |
myang têtala tanpa sarah ||
32. Ingidêran wukir-wukir |
wukir magêr lir anggèbyog |
apan têtung-gêlang ting parêncu |
tan pègat apipit |
wau Sèh Amongraga |
mayèng pinggiring têtala ||
33. Kacaryan dènya ningali |
ing têtala kang kinaot |
kongsi têtung jamang ingkang kidul |
cêlangap umili |
mangisor mring padesan |
kinarya anggadhuh sawah ||
34. Yata wontèn wong nènèpi |
nèng cêlangap mêngok-mêngok |
Sèh Mongraga tanya lah sirèku |
wong apa nèng ngriku |
umatur kang tinanyan |
saking girise tyas kula ||

Jilid 7 - Kaca : 202

1. Sèh Mongraga angandika |
lah apa kang sira sêdya |
dene wus kapara tuwa |
lawan sapa arannira |
umatur inggih kawula |
tiyang ngriki kewala |
winastan dhusun ing Saba |
Angganala rankawula ||
2. Kang dadya susah tyas-amba |
awit kêpailan tédha |
sêsami kula sêsawah |
kiwa têngên kawêdalan |
apan sampun kawan mangsa |
kawula tiwas priyangga |
têgal jangan jarak kapas |
kapêsan kêparak ama ||
3. Tan kuwasa nêdha upa |
datan sagêd asung kaya |
ingonipun anak-rayat |
sadhèrèk kula têlas |
kêdhampêl waragat sawah |
tuwin têlas kang tinêdha |
saking tiwasing kawula |
têmah mêlarat kêliwat ||

27 (Wontên tiyang tapa tinakenan, ngakên tiyang dhusun Saba)
Wontên tiyang tapa tinakenan, ngakên tiyang dhusun Saba anami pun
Angganala, kapêsan anggènipun sêsabin têlas, sinung pitêdah sarat
panulaking ama.
Ki Angganala lajêng ndhèrèkakên lampahipun Sèh Amongraga angitêri arga
angubêngi tлага, wiwit kidul pisan: ardi Karang, Selakawak, Selapanggêl,
Selatambak, Tunggangan, Watukodhok, Manuhara, Balelatu, Calam Agung,
Sampêlawatan, ardi Patukan, Bathokan, Kêndhêng, Pragak, Kumambang,
Mêdhacin, Bunglêgi, punthuk mubêng tлага, sadaya pitulas rêdi; marginipun
namung sêkawan, cêlangap satunggal.
Nuntên lumampah aningali sêndhang warni-warni. Ngukur lèbêting tлага
kanthi yasa gèthèk. Ngukur kanthi oyot sinambung-sambung binandhulan
sela, pinanggih lèbêtipun kalih atus sèkêt kalih dhêpa (ingkang lèbêt
piyambak) lan kalihatus kalih dhêpa (ingkang cêthèk piyambak).
Sèh Amongraga kalihêngah wulan botên mandhap saking gèthèk, namung
Jamal lan Jamil ingkang asring ndharat ngupados wowohan katêdha.
Kaca 203 - 213.

Jilid 7 - Kaca : 203

395 Girisa

4. Milane kawula nekad |
tirakat anèng têlaga |
yèn angsala ngalap bêrkah |
kang mara-bumi têlaga |
yèn kawula asêsawah |
mung sagêda kawêlandha |
sampun kongsi kenging ama |

punika susah-kawula ||

5. Sèh Mongraga wlas tumingal |
angandika mring Jamil Jamal |
tulangên ing kawruhira |
sarat salamêting sawah |
manawa lamun katrima |
Ki Jamil matur sandika |
majêng sarya ris anabda |
inggih wakne Angganala ||
6. Agampil yèn mêkatêna |
mangke kula amitêdah |
sarat sêlamêting sawah |
pan buntuting walang kapa |
apan linandheyan carang |
inggih caranging pring krêsna |
sabên suruping Hyang Surya |
pinandhi anèng sêsawah ||
7. Ingidêri nèng galêngan |
watêse sawah andika |
dèn-kongsi atêpung-gêlang |
sabên pojoking galêngan |
landheyan tumbal lan kapa |
pinanthêng keblat sakawan |
niki japane apalna |
ama sulak balak-balak ||
8. Yèn si ama nora balak |
tan balak mati sun-tumbak |
ilang nora na pa-apa |
kêtulak tumbak lan kapa |
marêp ngidul matêk japa |
marêp ngulon matêk japa |
marêp ngetan matêk japa |
marêp ngalor matêk japa ||
9. Insa Allah kawêdalan |
kiwa têngên kênèng ama |
(n)dika sêlamêt priyangga |
lah yêktênana ing benjing |
panêdha-kula mring (n)dika |
amung awèha pidêdah |
sacacah lêkêring arga |
prayogi matur kang gênah ||
10. Namane satunggal-tunggal |
ing ngarga Êbel punika |
kang liningan langkung suka |
myarsa tuture Ki Jamal |
Sèh Mongraga ris ngandika |
ya sira Ki Angganala |
lah payo mara tuduhna |

kang sinung ngling tur sandika ||

11. Gya lumampah anèng ngarsa |
umatur inggih sandika |
ardi ngubêngi têtalaga |
kawit ingkang kidul pisan |
namanipun ardi Karang |
nuntên lèripun punika |
nama ardi Sela-awak |
nuntên ardi Sela-panggêl ||
12. Nuntên ardi Sela-tambak |
anulya ardi Tungngangan |
nulya ardi Watukowok |
nuntên ardi Manoara |
nulya ardi Balêlatu |
nulya ardi Calam-agung |
nulya ardi Sampèlwatan |
anuntên ardi Patukan ||
13. Anuntên ardi Pathokan |
anuntên ardi Kêkêndhêng |
anuntên ardi Pêragak |
anuntên ardi Kumambang |
anuntên ardi Sêdhacin |
anuntên ardi Bunglêgi |
punthuk kang mubêng têtalaga |
anênggih atur kawula ||
14. Kathahipun sadayanya |
punika apan pitulas |
dening mêrgi mring têtalaga |
pan inggih namung sakawan |
kilèn cêlangap sêtunggal |
ing Calam-agung satunggal |
ing Êbunglegi satunggal |
satunggalipun ing Tambak ||
15. Lêrês wetan ing cêlangap |
mêrgi marang Kabuyutan |
tumurun kêdhik mangandhap |
dhatêng sumbêr Selapati |
nênêm kathahe kang sêndhang |
anuntên malih mangandhap |
dhatêng ing sumbêr Padusan |
tumurun malih mangandhap ||
16. dhatêng ing sumbêr pun Upas |
(ng)gih nënêm kathahing sêndhang |
sakêlangkung angkêrira |
wus datan kêna sinaba |
pun tlaga Ngêmbêl punika |
manut sumbêr Selapati |
lamun kocak tumut kocak |

Jilid 7 - Kaca : 204

tuwin warnane ing toya ||

17. Buthêk wêning pita rêta |
tlaga Bêl purut kewala |
sumbêr Selapati we-nya |
Sèh Mongraga ris ngandika |
payo padha pinaranan |
manira ayun amirsa |
sira lumakuwèng ngarsa |
prênahe sumbêr tuduhna ||
18. Kabèhe kang sira pajar |
umatur Ki Angganala |
inggih sandika sumangga |
nulya lumampah mangandhap |
lingir anggênting kang marga |
jurang jro ing kanan keru |
Jamal Jamil kadumêlan |
ambakna marga tan kaprah ||
19. (m)Bok amba thithik geneya |
nyata lah nyana manira |
mung kae bae kewala |
alon mawon kang Ganala |
ati-kula tan pitaya |
êmbènne manira ngambah |
marga sailating kadhal |
kang ingujar cêlumikan ||
20. Hèh ampun kèh dèn-wicara |
ing ngriki pan botên kêna |
ngaruh-aruhi sabarang |
Jamal Jamil saurira |
botên angangkah punapa |
sêdya salamêt kewala |
mangkana dènnya lèlampah |
sampun prapta prênahira ||
21. Ing sumbêr Selapati ka |
Sèh Amongraga kacaryan |
mulat trêping pasumbêran |
ngunandika jroning nala |
iki jawane kang aran |
sumbêr Selapati endah |
pantês dadya kabuyutan |
watu blêg angêtuk toya ||
22. Majade datan kadyèku |
dêstun bêtêlik salumpang |
iki ana sabêlumbang |
kuwasane Hyang Wisesa |
karya eloking tumitah |
iba-iba ing akerat |
baya pirang kaelokan |

Jilid 7 - Kaca : 205

- pandalih kang endah-endah ||
23. Ya wus karsaning Pangeran |
Mongraga t wakup ing tyas |
k langkung sukur ing Sukma |
mangkana S h Amongraga |
tri ratri n ng Selapati |
maksudk n w ktu myang tangat |
sawusnya nulya akarsa |
marang sumb r Pasiraman ||
24. Wangsul mub ng marginira |
ingkang l r-kil n pr nahnya |
pojoking m rgi tikungan |
n ng karang g ng sela p thak |
tuking toya amb lumbang |
tan bund r datan p sagi |
pan lonjong enggok-enggokan |
miring pasangng b lumbang ||
25. Toya nut miring tan wutah |
w ning nyarong kilah-kilah |
S h Mongraga prapt ng s ndhang |
m s m kacaryan mulat we |
elok saking majadira |
Jamil Jamal ar rasan |
niki pr hpun kang Ganalah |
b lumbang miring tan wutah ||
26. Toyanya turut kikisnya |
b lumbang saba gumiwang |
inggih l r s sawatara |
bot n amajade datan |
tumulut iringing b lumbang |
kang limrah ng nc ng piyambak |
lir toya kang kathah-kathah |
kang liningan saurira ||
27. Wikana niku kang mawa |
wong pun salami-laminya |
critane kang tuwa-tuwa |
punika padusanira |
widadari Suralaya |
mila ragi miring ngetan |
k h siram n ng pinggir wetan |
mila toya nut b lumbang ||
28. Karsanya kang sami siram |
ngiras angilo ing toya |
kat lah d lasan mangkya |
kalih y n anuju jawah |
tan amor toyaning s ndhang |
jawah m l s t kewala |
k tawis larining jawah |

lir dhawah ing lumbu patra ||

29. Wikana mangke yèn cawar |
jênate kakang gyamêja |
mêksih mêningi uninga |
sumbêr padusan punika |
tan wontên purun cêlaka |
botên kawawa ing godha |
sring nuntên kêpaung sirna |
saras-sarase angomyang ||
30. Dalah mangke datan ana |
sêdya mring sumbêr Padusan |
samyajrih lamun kêsarat |
kawula puniki yèn ta |
sampuna kapêksèng lampah |
asangêt ajrih kawula |
sabab tigang (ng)gèn puniki |
dhihin sumbêr Selapati ||
31. Ping kalih sumbêr Padusan |
ping tiga ing sumbêr Upas |
sami wasta pakarêman |
mila yèn parêng ing karsa |
ywa jênêk nèng pakarêman |
gêng kuwatos tyas-kawula |
manawi apês ing lampah |
têmah susah tanpa pedah ||
32. Nêlalah nèng tanah tulah |
tan kambah ing janma kathah |
Jamal Jamil latah-latah |
lah botêna kang Ganala |
lèh (n)dika sorah wêwarah |
dêlênge kongsi anggrêsah |
kula ngriki botên susah |
mila kesah inggih ngangkah ||
33. Anjajah margining pêjah |
(n)dika kojah kathah-kathah |
nadyan pêjah tan suminggah |
manut ing manah kêcongah |
mangsa kenginga dèn-ampah |
pasrah mring kang karya titah |
angandêl lawan ngibadah |
gêmah rusak Insa Allah ||
34. Ginênah lawan mujajah |
dêrah dalil ing ngakirah |
sadêrah tan kêna owah |
Mongraga mèsêm ngandika |
aywa na dadya tyasira |
padha bènêre kewala |
sakèhe wus sun-tarima |

Ki Angganala sung marma ||

35. Ki Jamal angandêl ing Hyang |
tyasira aywa sumêlang |
sêdya ya iya yuwana |
wus samya matur nambrama |
ngrêrêpa sumanggèng karsa |
yata Ki Sèh Amongraga |
anèng ing sumbêr Padusan |
tri ratri nêlaskên sangat ||

Jilid 7 - Kaca : 207

36. Asru suhulirèng Suksma |
wus prapta ing tigang dina |
Sèh Mongraga lon ngandika |
lah payo Ki Angganala |
tumurun mring sumbêr Upas |
sira lumakuwèng ngarsa |
kang sinung ling tur sandika |
gya lumaku ngiri mlampah ||
37. Nut gègèntinganing jurang |
wus prapta ing prênahira |
ing sumbêr Upas mirantya |
kathahipun nêm sumbêran |
kang jajar kidul titiga |
kang anèng lèr jajar tiga |
toyanya abeda-beda |
ana seta pita rêta ||
38. Ijo biru lawan wêning |
panggènnaning sumbêr Upas |
winastan ing siti abrit |
toya ngêtuk ing lèmpung bang |
sira Ki Sèh Amongraga |
sêdalunèng sumbêr Upas |
ing papan tan pati simpar |
kathah dhukute rokoban ||
39. Mêmêrakan kalamênta |
têmbagan sulur oyodan |
bondhot gèlagah lang-alang |
wus têlas pamriksanira |
ngandika lah payo mungguh |
kang liningan tur sandika |
sira Ki Sèh Amongraga |
umanjat angraras driya ||

396 Mijil

1. Sang Mong-wingit lampahira ririh |
anon ing jurang jro |
anrês jrênihira kataman rêh |
anèng tirahing gènting tumawing |
saking Selapati |

nuntung sapêndhuwur ||

2. Dangu dènnira manjat manginggil |
sadêdêlan aso |
Jamal Jamil rêkasa unggaha |
kawa dak nêh tindak ngandhêgi |
mawan ngirih-irih |
wang-awangên (n)dulu ||
3. Nulya prapta ing têtaga Wukir |
ing Bunglêgi manggon |
ngalèr-ngilèn lukikan mêrgine |
praptèng wetan ing cêlangap warih |
raryan ngaring-arang |
nèng têtèping ranu ||
4. Tan antara prabawaning ardi |
têtaga Bêl umob |
sru kumucak sumirat toyane |
pêdhut ngampak-ampak anasêki |
wukir mogak-magik |
ranu lir kinêbur ||
5. Pancawara mèsês awor riris |
wawar gora bajro |
kayu gêtêr maputêran trage |
bumi gênjot gulêt oncat-ancit |
jat jit sru swaranjrit |
lir pangriking diyu ||
6. Mawrês umrês têtêruh swuh tarik |
katrak ing rat angrok |
pêtêng dhêdhêt erawati dhèdhèt |
kêlap aliwêran kilat thathit |
kathah lir kapêthit |
that thêt thèt jumêthut ||
7. Tanpa rungwan saking swuh tan sisih |
gora godha gêdhor |
dhêg dhèr gumaludhug ambalêdhig |
hoyag ngagrêg kadya rug kang wukir |
manggring onggrag-anggrig |
gumruh gêtur kêtuk ||
8. Kontrag runtag mumak plêg nampêki |
koplak glap kumêprok |
pok pang sêmpal kêpapral siwal rèh |
ron-ron ruru manjrah tibèng siti |
cawêt carawating |
pracalita lacut ||
9. Gara-gara gora rèh kagiri |
wukir kados cêpot |
kasrêg ing pracandha gung tan mêngdhe |

Jilid 7 - Kaca : 208

Jamal Jamil muji andrêmimil |
Ki Angganala (n)jrit |
pukulun-pukulun ||

10. Nuwun luwar (ng)gih pun kirik gudhig |
sangêt susah repot |
amba janma pada hong ilahèng |
hong hong jati wênang Hyang Astuti |
thiri-thiri guthi |
hong ilahèng luhung ||
11. Jamil mèsêm sarwi muji myat mring |
kang Angga anggêmbor |
dene cula culu cêlathune |
Sèh Mongraga minggu datan osik |
wus datan sak sêrik |
têguh ing godha gung ||
12. Wingkis driya amusthi pangèsthi |
sênêt ing pandulon |
nitih jaman akênêngan mung ge |
nênggêl pratisthaning tyas matitis |
watês tan watawis |
tawajuh anjêngglu ||
13. Wus atimpah timpuhing godhardi |
hardaning pakewoh |
datan ana sawiji-wijine |
swara kayu watu bumi langit |
wus tan angregoni |
(ng)gyannira aminggu ||
14. Gora godha riris sampun aris |
sirna kang gora grong |
mak blas kabèh tan ana labête |
pawukiran tan owah lir nguni |
kang sol gêmpal gêmpil |
myang kang bajra jawuh ||
15. Nir sadaya sabawaning wukir |
wus nora na katon |
Hyang Dipèngrat umijil wus pênthèr |
yata wau Ki Sèh Amongragi |
luwar tyasnya lêngit |
tidhêm ing pandulu ||
16. Samya lêga manahira katri |
myat maring sang wirong |
Angganala kêthuwêlan ngomèl |
brèh tujune botên anèng gêngting |
yèn wontên ing gêngting |
mati kagêlundhung ||

Jilid 7 - Kaca : 209

17. Waune mila kula tuturi |
 ande sok maido |
 (n)dawêg prèhipun wau rasane |
 yèn ta kula sampuna (n)dhêridhit |
 dalah mangke tan wis |
 pêsthi kang saya sru ||
18. Suprandene dèn-guguyu mami |
 kongsi kèkêl wong ro |
 Jamal nauri sarta guyune |
 lah (ng)gih ta lah (ng)gèn-(n)dika anjêlih |
 mawi kirik gudhig |
 sarana paniku ||
19. Mawi thathi mawi hong dos pundi |
 suwene ting kêr hong |
 anauri pan wus pirantine |
 tiyang kenging bêncana ing ardi |
 kêdah angênjali |
 sumuruding paham ||
20. Pahum niku lah kadi punêndi |
 saurira alon |
 paham montên minta sih artine |
 kêdah mêkatên caraning ardi |
 tan kenging liyaning |
 bangsa kang kadyèku ||
21. Sèh Mongraga mèsêm ngandika ris |
 ya wus adat mono |
 nora kêna manèhi carane |
 kêjabane wong kang wus amiji |
 maring Hyang pribadi |
 kang wus man linuhung ||
22. Samya andhêku tumungkul ajrih |
 Mongraga nabda lon |
 saenggane agaweya gèthèk |
 manira yun uning têngahnèki |
 toyaning têtagi |
 jêro cèthèkipun ||
23. Agaweya kewala gèthèk pring |
 kang liningan gupoh |
 Jamal Jamil sigra karya gèthèk |
 mêtok bambu pring ori kinardi |
 ginambang ginapit |
 rinukti têtangsul ||
24. Angganala bikut analèni |
 dînuga wus kukoh |
 alang ujur tumpange ginêndèr |
 nulya sinorogên ing têtagi |
 samya matur aris |

sumangga ing kayun ||

25. Suka tyasira Ki Sèh Mongragi |
kang gèthèk mirantos |
nèng têtèping têtalaga nulya ge |
Sèh Mongragi alon anitih |
wong têtalu tan kari |
linampahkèn gupuh ||
26. Satang carang wêtah sigaran pring |
kayuhan wong roro |
gèthèk nêngah tan ngokop banyune |
angayêngi wiyaring têtalagi |
langkung sukèng galih |
dènnya lumban ranu ||
27. Têtèping-gêlang dènnya ngubêngi |
dangu dènnya langon |
Sèh Mongragi alon andikane |
pira jêrone têtènging warih |
Ki Angga turnya ris |
punika sang bagus ||
28. Têtèngipun têtalaga Bêt nênggih |
kang sapalih kulon |
wontèn patukanipun toyane |
pan titiga ran Sumbêt Ngamuning |
ngumum kang wawarti |
tiyang sêpuh-sêpuh ||
29. Sisih wetan sêkawan kang bêtik |
êtuk toyanya rong |
apan sumbêt Bêtthara namane |
gunggung pitu kathahing kang bêtik |
salêbêtèng warih |
kandhasan ing ranu ||
30. Lêtètipun wikana puniki |
tan wontèn kang wêtroh |
naming criyos kewala kabare |
kala alam jênate pun kaki |
wontèn kang nyilêmi |
kalih padang dangu ||
31. Kang sêtulup wasta Ki Jakêrti |
ingkang sampun kang wong |
liya Ki Jakêrti tan purun rêh |
sabab ingkang dadya juru kunci |
nami Ki Jakêrti |
priksa lêtètipun ||
32. Sèh Mongragi angandika aris |
iya yèn mêngkono |
mara cobanèn ngambila age |

Jilid 7 - Kaca : 210

oyod-oyod lan pênjalin cacing |
sambungên dèn-bêcik |
kang dawa luripun ||

33. Jamal Jamil matur sandika glis |
mêntas ngambil oyod |
lan pênjalin kathah pamundhute |
samyâ sinambung saingga tali |
sigra dèn-kayuti |
katur anèng ngayun ||
34. Winotakên ing gèthèk miranti |
angumbuk wus kawot |
winêlahan manêngah nulya ge |
praptèng têngah lèrêsing têtagi |
kang tali pênjalin |
binandhulan watu ||
35. Cinêmplungkên têngahing têtagi |
tali anêlotok |
inguluran adangu kandhase |
têlas têtali dènnya nguluri |
nulya minggir malih |
mêcok ngirat bambu ||
36. Jamal Jamil wus dènnya ngayuti |
têlas têtung lonjor |
nulya katur winot ing gègèthèk |
wus sinambung inguluran aglis |
prandene mèn abis |
kèndêl uluripun ||
37. Sigra tinarik dipun-dhêpani |
kèndêl gèthèk manggon |
Sèh Mongraga salat nèng gèthèke |
wêktu Luhur pan salat pribadi |
nutug dènnya mupit |
bakda salatipun ||

Jilid 7 - Kaca : 211

38. Mapan têksih tali dèn-dhêpani |
rêkasa wong roro |
kinèn lèrèn salat agêgêntèn |
Angganala ingkang anikêli |
dangu dènnya narik |
bandhul tan tumimbul ||

397 Maskumambang

1. Kawit wisan-gawe dènnya anjajagi |
lêbêting têtaga |
kongsi lingsir Luhur akir |
malah manjing wêktu Ngasar ||
2. Wus antara bandhul tumimbul tinarik |
Sèh Mongraga nabda |

- jroning pirang dhêpa iki |
samy matur kang liningan ||
3. Kalih atus dhêpa langkung sèkêt kalih |
dhêpa lan sabêlah |
lêbêting têtêng têtagi |
babagan sumbêr Bêthara ||
4. Dene ingkang babagan sumbêr Ngarnini |
pan sami kewala |
kaot tiga-bêlah thil |
pan lêbêt sumbêr Bêthara ||
5. Kalihat sèkêt kang sumbêr Ngarnini |
kang ragi myang wetan |
pan akathah kaotnèki |
satus kawandasa dhêpa ||
6. Langkung pitung dhêpa sa-asta puniki |
kang kidul lêbêtnya |
satus tigangdasa katri |
de kang kilèn lêbêtira ||
7. Satus dhêpa langkung sèkêt lêbêtneki |
Sèh Mongraga nabda |
yèn mêngkono wukir iki |
dhuwuring kadêling toya ||
8. Umpamane lir dangdang binêkan warih |
jêroning têtaga |
ing Ngêbêl luwih pribadi |
tan ana kang mêngkonoa ||
9. Ya wus êntasêna sêkathahing tali |
sigra Jamil Jamal |
lan Angganala tan kari |
samy ngêntasakên tambang ||
10. Mèyèk-mèyèk wong têtêlu ngêntas tali |
binuwang ing jurang |
gya wangsul anggèthèk malih |
anutug dènya lulumban ||
11. Cinarita Sèh Mongraga nèng têtagi |
kalih-têngah wulan |
nèng gèthèk têngah têtagi |
minggu datan angandika ||
12. Jamal Jamil asring mêngtas dhatêng wukir |
ngupaya nyamikan |
Angganala kang nudingi |
prênah panggonan wowohan ||
13. Palakirna gumantung samya ngêmohi |
kapêndhêm kasimpar |

gadhung suwêg wi gêmбили |
kimpul jugul kara yana ||

Jilid 7 - Kaca : 212

14. Kêpêl pêlêm kêmlaka pakèl kuwèni |
myang sawo sarangan |
kokosan duryan lan manggis |
gowok kêtos bêntis nanas ||
15. Mundhu andhi-andhi kêleca kêcapi |
pucung pace pucang |
kucacil dhuku myang wuni |
wênèh bêndha dhuwêt nangka ||
16. Kang jambu wèr kêlampok kluthuk ngêmohi |
maja jêram gayam |
sêmpu sêntul puki-anjing |
widara wrêsah rambutan ||
17. Pête jengkol kumlandhingan ale usit |
suka Jamil Jamal |
tan sagêd mangke sisirih |
sarwa na ingkang pinangan ||
18. Samya bêkta wowohan saangsalnèki |
ginembol ing sinjang |
wangsul ing gêgèthèk malih |
tinatèng ron rundhamala ||
19. Sinaoskên nèng wurine Sèh Mongragi |
wowohan mawarna |
sêgêran kang manis-manis |
nanging Ki Sèh Amongraga ||
20. Siyang dalu tan arsa wuwus kawijil |
wiwal ing kaanan |
dènnya salat miwah dhikir |
datan kawêdhar ing lesan ||
21. Namung isi mulah angluhurkên daim |
kusta ismu ngalam |
ngalamat mardika jisim |
tan mangèn ra pinangeran ||
22. Angganira anggêlethak nèng gèthèk pring |
sira Sèh Mongraga |
raganira lir kaywaking |
dadya wêktu jamak kasran ||
23. Pêndhak Subuh panahul suhul ing Widi |
bangatirèng Suksma |
layap liyêping pangèksi |
bakda saking kaluyutan ||

24. Nanging mêksih minggu kewala tan angling |
 nalika trêkadhang |
 dhahar wowohan sakêdhik |
 tan langkung tigang kêlêdan ||
25. Sawusira sinungkên Ki Jamal Jamil |
 pan samya tinadhah |
 wong têtêlu tuwuk bukti |
 anggambuh Sèh Amongraga ||

398 Gambuh

1. Mêngkana dènnya minggu |
 Sèh Mongraga anèng têtaga gung |
 kêjênêkan kakênthang anèng gèthèk pring |
 yèn siyang tan manggih seyup |
 dalu tan kauban wangon ||
2. Jamal Jamil yèn dalu |
 kathah warnane ingkang kadulu |
 sru swaraning têtaga myang wana wukir |
 kang kumrusuk kang jumêgur |
 ulam gêng-agêng akoyok ||
3. Kang alit ting kêcubuk |
 samya molah amilar nyaliwur |
 tibèng gèthèk gumalebag lir dèn-sunggi |
 marang ingkang mara ranu |
 kang miyat pating dêngongok ||
4. Sabên kalane surup |
 têksaka gêng alit samya mêtù |
 saking rongè anglangi samya kaèksi |
 ingkang ngalèr ngilèn ngidul |
 ngetan gêng alite katon ||
5. Wong têtlu sukèng kalbu |
 sring ambakar ulam lêt sadalu |
 ulam palung kêpaung pamilarnèki |
 tibèng gèthèk pring tinubruk |
 rêbutan ulam mêncolot ||
6. Mêngkana èsthinipun |
 ulam kang nasar pamilaripun |
 yèn janma-a nyaoskên angganirèki |
 kadhahara Sèh Mong Luhung |
 kula punika ing raos ||
7. Agurih tanpa bumbu |
 anyir tan minasak daging ulun |
 dhuh suwawi inggal daharên wak-mami |
 mina mêngkana liriipun |
 lumaku dhinahar mêngko ||

Jilid 7 - Kaca : 213

8. Jamal Jamil gêgêtun |
palung kang pinangan raosipun |
samyu muwus ya talah wak palung iki |
rasane asor binumbu |
agurih anyir acumlong ||
9. Angganala sumaur |
dhasar wus adate raosipun |
ulam ngriki sanès ulam kali rawi |
tur puniku tan binumbu |
matênge mung kinaropok ||
10. Jamal Jamil sumaur |
inggih lèrês (ng)gèn-dika atatur |
dhasar enak iwake ing Ngêbêl niki |
Jamal Jamil tuwuk-tuwuk |
mangan iwak themal-themol ||
11. Sabên dina nora wus |
ulam kang milar mring gèthèkipun |
pan wus dadya rijêkine Jamal Jamil |
yata Sèh Mongraga wau |
sêdya wus luwaran ing don ||
12. Wusana ngandika rum |
mring Ganala dèn kaparèng ngayun |
lah wis payo mêngtas saking ing têtagi |
sira mulih nèng wismamu |
manirarsa lunga andon ||

28 (Dumugi ing pasisir kidul, ngambah ardi Pusêr, Topèng, Munjit)
Sèh Amongraga sarta santri Jamal Jamil pamitan dhatêng Ki Angganala pèrlu
anglajêngakên lampah ndédêr margi mangidul, yèn kadalon sipêng ing wana-
gung, awis kapanggih tiyang. Sabên punthuk guwa dipun ampiri tandhês
dumugi ing pasisir kidul, ngambah ardi Pusêr, Topèng, Munjit, Gowang,
Wungu, Cula, Pongan, Brok, Têlu, Dhanyang, Marabangun, Sitirêbah,
Banakaki, Pura, Prêgut, dumugi ardi Sakêthi.
Mèh sabên guwa ing rêdi-rêdi dipun-ampiri, kados ta: Bêkêl, Pacal, Rêngu,
Jangglèng, Rêmit, Sêdhêng, Cumbu, Krêtêng, Gupit, Lètèr, Cerong,
Sungsang, Karag, Tarup, So, Sêmpati, Burêng, Racun, Tuwak, Lapis, Bêntur,
Brondong, Sêjana, Kêmukus.
Lampahipun dumugi tlatah Pacitan, nglangkungi kathah rêdi-rêdi sarta guwa-
guwa.
Kaca 214 - 218.

Jilid 7 - Kaca : 214

398 Gambuh

13. Padha andum rahayu |
kacatira sêlamêt mêmacut |
iya muga-muga yèn sira sêsabin |
tulusa kang sira tandur |
iya bisa-a kawêton ||
14. Dene sira atugur |
ring manira sumungku tutunggu |

- ya wus bangêt tarimèngsun mring sirèki |
Angganala matur nuwun |
inggih mugè kang sayêktos ||
15. Kawula sal pangèstu |
sabda-paduka kawula suwun |
Sèh Mongraga pangandikanira aris |
ya padha-padha bae wus |
pinggirna gèthèkmu gupoh ||
16. Gya winêlahan gupuh |
gèthèk banjur mring pinggir kang kidul |
nulya prapta mantog ing gisik têtagi |
samyâ mêngtas saking ranu |
gèthèke nulya binodhol ||
17. Wus tatas talinipun |
rut gèlami ing gèthèk wus rampung |
tan antara kocak toyaning têtagi |
mawa lun ing samodra gung |
ombak maputêran umob ||
18. Sigrâ kang gèthèk larut |
sirna kabèh tan ana kadulu |
sawusira gèmpang gèthèk pring tan kari |
arèrèh ombaking ranu |
wus pulih dhêm-dhêm anyarong ||
19. Sèh Mongraga nabda rum |
èndi mêngane kang bêcik mudhun |
arsa laju kawula mangidul mami |
Ki Angganala umatur |
ing Selapati kemawon ||
20. Wontêna rumpilipun |
kêdhik nanging wontên enggalipun |
lamun parêng paduka amba aturi |
mêngalèr margi kang wau |
mring wisma-kawula manggon ||
21. Asarèh anèng dhusun |
ing Watu-saba rêrêb karuwun |
sawontênne kawula badhe nyaosi |
yèn sagêd sêkul sênanjung |
Sèh Mongraga ngandika lon ||
22. Wus bangêt trimaningsun |
marang sira ingga prasêtyamu |
namung untapêna tuduhêna margi |
kewala kang laju ngidul |
umatur sandika gupoh ||
23. Lumampah anèng ngayun |
ing ardi Bunglêgi mênginipun |
anjog mênga ing Gênging tawang tumawing |

rêmbên dènnira tumurun |
praptèng Selapati menggok ||

Jilid 7 - Kaca : 215

24. Ngidul-ngetan tumurun |
mêrgi siluk rumpil likak-likuk |
wus kaliwat ing Gènting lingir tumawing |
mêlipir tèmbing jrang cêrung |
rèjèng pêpèrèng parang rong ||
25. Anjujur suku gunung |
nulya praptèng padhukuhan dhusun |
ing Carma lan ing Wot-arèn pinggir mêrgi |
wus èmpèh anjog mêrgagung |
Sèh Mongraga ngandika lon ||
26. Ing kene bae uwus |
sun-tarima lèhmu ngatêr laku |
bokmênawa katrima (ng)gonmu sêsabin |
yèn ana sanakirèku |
susah sawah tan kawêton ||
27. Wèhana wiji pantun |
têlung wuli kewala iya wus |
wong ing Watusaba kang bisa sêsabin |
tinut ing anak putumu |
kang adoh-adoh mêrono ||
28. Angganala andhêku |
(n)dhêku sarwi matur nuwun-nuwun |
inggih nuwun kêlangkung kapundhi-pundhi |
kawula mêtaka-ulun |
tumanêm anèng pêpanon ||
29. Ya wus padha rahayu |
payo sêsalaman lumastantun |
Angganala gupuh nêmbah-nêmbah mundhi |
asta pinundhi ing bathuk |
angalap bêrkah tuwajoh ||
30. Sawusnya salamipun |
gya Jamal Jamil salaman gupuh |
inggih sami kewala andum basuki |
bêgja tèmên (n)dika niku |
pinaring sabda kawêton ||
31. Tamu puniku besok |
(n)dika dadi pangungsèn nak putu |
sakathahing wong tani kang cêlak têbih |
mring dhusun Ngêbêl puniku |
ing Watusaba angênor ||
32. Pan dadi panjang kidung |
wong tani kang arsa sawah tulus |
mring Watusaba minta wiji mêjani |

gêdhang ayu suruh ayu |
krêp lèh slawat jambe suroh ||

33. (n)Gih wakne sukur-sukur |
(n)dika sageda barêkat cumpu |
Angganala andhêku ngling inggih-inggih |
mugi yêktosa ing besuk |
wusnya sêsalaman karo ||

Jilid 7 - Kaca : 216

34. Sèh Amongraga laju |
wus tinuding anjog ing mêrga gung |
taliwangan mahawan ing wana wukir |
angênclug sukuning gunung |
gênêngan jujur jurang jro ||
35. Andêdêr dalan ngidul |
kang dumugi mêrgi lorog pangul |
kadhang asring kapapag tiyang agrami |
angunthul miwah pipikul |
Sèh Mongraga nimpang menggok ||
36. Andarung lampahipun |
lamun kêdalon tansèng wana gung |
sabên punthuk guwa-guwa dèn-ampiri |
praptèng tanah Lorog-pangul |
ardi Sakêthi kumroyok ||
37. Tan ana longkangipun |
tandhês mring Pasisir pisan kidul |
ardi Pusêr ardi Topèng ardi Munjit |
ardi Gowang ardi Wungu |
ardi Cula ardi Wangon ||
38. Ardi Brok ardi Têlu |
ardi Dhanyang ardi Marabangun |
ardi Sitirêbah ardi Banakaki |
ardi Pura ardi Pugut |
samêrga anduduk-wuloh ||

399 Mêgatruh

1. Sèh Mongraga nèng tanah ing Lorog pangul |
anjajah ardi Sakêthi |
myang kang wontên guwanipun |
mèh kang sabên wukir-wukir |
ana guwane mêlongo ||
2. Guwa Bêbêl guwa Pacêl guwa Rêngu |
guwa Jangglêng guwa Rêsik |
guwa Sêdhêng guwa Sumbu |
guwa Krowèng guwa Supit |
guwa Lètèr guwa Cêrong ||
3. Guwa Sangsang guwa Karag guwa Tarub |
guwa So guwa Sêmpati |

guwa Burêng guwa Racun |
guwa Tuwak guwa Lapis |
guwa Bêntur guwa Brondong ||

4. Miwah guwa Sêjana guwa Kê mukus |
kang saratri kang tri ratri |
katrima lampahirèku |
tan ana pancabayèku |
sasasi nèng tanah Lorog ||
5. Kadhang wontên wong ngampirkên maring dhusun |
Sèh Mongraga datan apti |
sring kèh janma amumunjung |
sakadare wong ing wukir |
Jamal Jamil warêg sugoh ||

Jilid 7 - Kaca : 217

6. Yata wau ngalèr-ngilèn lampahipun |
umanjat sumêngkèng wukir |
pucakipun ardi Dumung |
kalangkung rumpil ing mêrgi |
arang kang bisa marono ||
7. Sinêngka-a saking èlèr saking kidul |
kilèn wetan apan sungil |
sela gêng-agêng amanthuk |
magol amêpêti margi |
kabunton sela kang mangol ||
8. Angrêrèkèl mêrgi rumpil nut pênthukul |
nètèr pinggir jurang bangbing |
lêmpong tumiyungnya kêdhung |
ngadhuwêng ngaluwêng dhêmping |
lampahe angayut oyot ||
9. Wus unimpah saking lengkong bangbing têrjung |
lajêng amanjat manginggil |
sela bênthèt sapandhuwur |
tapis lapis ingkang siti |
samyâ (m)balêdhag nêla jro ||
10. Rêrongkoban lang-alang gêlagah rayung |
dhukut mrakan lan gêrinting |
myang kaywa gêng-agêng taun |
bonthot rêndhêt bêndha bandhil |
gadhêl butrawali wowo ||
11. Wêwalêdan olat-alit wawal wuwud |
walulin panjalin cacing |
rêngkêding ardi grêng rungkud |
Jamal Jamil dimik-dimik |
prandene asring kêblowok ||
12. Jamal lamun kêjêblos Jamal kang (n)dudud |
Jamal tiba Jamal narik |

wong roro pating barêkuh |
têla sasab tan katawis |
blêng kagyat lamun kêjêblos ||

13. Watês cêcangklakan tangane angayut |
gujêngan sacandhaknèki |
sarta tinulungan wau |
Jamal Jamil kawlasasih |
sikil tan kandhas maksih jro ||
14. Sèh Mongraga mring Jamal Jamil wlas (n)dulu |
sring kalêbèng têla wukir |
nabda ywa sira kasusu |
kèh têlane jro acuri |
ati-atinên kang alon ||
15. Samya matur punika inggih kêlangkung |
kêdah kauntal ing siti |
sêbab têla tan kadulu |
dene dèdalaning janmi |
pantês dalaning rong-orong ||
16. Lah wus payo lon manjat mandhuwur |
kurang thithik nuli prapti |
umatur sumanggèng kayun |
sumêngka lampahira ris |
prapta pucuk wukir manggon ||
17. Pan ambathok mêngkurêp pucuking gunung |
wit kusambi gêng sawiji |
lingiring tamba sêprangkul |
oyod mawalik katindhah |
witing kusambi gêrowong ||
18. Kadya guwa nguwêng-uwêng sumaruwung |
jroning growonging kusambi |
wontên rêca taksaka gung |
anglir taksakarsa mijil |
si têla minangka êrong ||
19. Sèh Mongraga dènnya sênêt anèng ngriku |
wiyarira winêtawis |
kamot tiyang wolulukur |
Jamal Jamil ciptèng kapti |
tumingal rêca anèng rong ||
20. Layak kiye manut jênêng ardi Dumung |
patut lan sajaking ardi |
cinatur pan pitung dalu |
anèng guwa wit kusambi |
tangat toya mum ngêlowong ||
21. Sawusira nutug dènnira sumungku |
kitrah ing tyas pitung ari |

Jilid 7 - Kaca : 218

- luwaran dènnya anunu |
Sèh Mongraga ngandika ris |
lah payo mudhun mangisor ||
22. Samya matur sandika samya tumurun |
ngulati mêrgi liyaning |
mênawa na kang tinurut |
kang èmpèh ampahanèki |
nalika wontên pêpangol ||
23. Sela-gêdhêg minangka sakèthèngipun |
tumpuk pasang sumbulan tri |
sad-sêd lir obah kumluthuk |
agumun Ki Jamal Jamil |
dèn-waspaoskên miraos ||
24. Kêna ngapa watu banène kêmluthuk |
de tan ana kêlah-kêlih |
dene tumpukane kukuh |
rag-rêg lir dènagak-agik |
apa wis date mêngkono ||
25. Nulya nuju lêstari dènnya tumurun |
andalir mêrgi agampil |
Sèh Mongraga kêrsanipun |
ngidul-ngilèn amêsisir |
amêrgi-mêrgi rèrèn don ||
26. Wus kasêdya guwa Pawukiran agung |
guwa Wukir dèn-ampiri |
kang sadalu kalih dalu |
babagan wukir Sêkati |
kathah pêncu ting panyonyo ||
27. Ardi Kidêr ardi Bungkêr ardi Angkus |
ardi Tumpêr ardi Suri |
ardi Tawas ardi Wuku |
ardi Lumpang ardi Sêmber |
ardi Barat ardi Groyok ||

29 (Lampahipunurut pasisir tanah Kaborehan dumugi sagantên Anakan)
Sèh Amongraga nglajêngakên lampahipunurut pasisir tanah Kaborehan
dumugi sagantên Anakan, ngandhêlong ngalajok ngalèr angêndhil katangkêp
ing rêdi, anjog ing wukir Lima, kaprênah sawetan sagantên Anakan, mampir
guwa Selagênthong tigang dintên. Salajêngipun mampir ugi ing Watu
Kêmbul, Luwêng Sirah-Blêrêng, Luwêng Upas, Pringgadhing, Sumbêr Pusêr,
Karêman Jatiwulung, Sidalaya. Kêmaya ing pucuking wukir Lima sami
kabuyutan, dhanyang mêrkayangan, kawingitan mara-bumi. Salajêngipun
manjat rêdi-rêdi, ngidêri guwa-guwa ing rêdi Lanang, Suralaya, Samapura,
Gèmbèl, Kukusan, Bathok, Manik, ngantos dumugi ardi Karanggajah pantog
ing samodra. Cacahipun rêdi-rêdi ingkang ngubêngi sagantên Anakan wontên
sangangdasa-sanga.
Sèh Amongraga mlêbêt ing guwa Sraboja, inggih punika guwa ingkang
katingal kadung-kadung ing ngandhap rêdi papingol kidul-kilèn, botên
wontên marginipun ingkang botên mbêbayani.

Katingal kathah patilasaning para linangkung. Rakiting guwa botên wontên ingkang mirip. Wontên kontên ingkang minangka regolipun, kontên mlêbêt tundha tiga, kiwa têngên katingal kados pisang tundhun, têbu, cêngkir. Mlêbêt wiwara ingkang kaping tiga saya pêtêng katangkêp pêksi lawèt mbrubul. Sêdasa dintên nêpi ing ngriku.
Kaca 219 - 223.

Jilid 7 - Kaca : 219

399 Mêgatruh

28. Ardi Dhadha ardi Jara ardi Bakung |
guwa Cabe guwa Mantri |
guwa Jaya guwa Jungut |
guwa Mèdèng guwa Kêling |
guwa Candhang guwa Bangos ||
29. Guwa Tapak miwah guwa Bale-lumut |
tanah ing Pacitan sami |
guwa ing Wukiran agung |
angayêng dènnya nêpêpi |
trêkadhang pranggulan uwong ||
30. Nèng pucaking ardi jroning guwa samun |
kang sami lampah nêpêpi |
doh-adoh pinangkanipun |
santri pranakan priyayi |
samyã mumucung lunga (n)don ||

400 Pocung

1. Yata wau Sèh Mongraga lampahipun |
nut jurang Sêsêngkan |
sêdyanira amêsisir |
wus angancik tanah wana Kabarêhan ||
2. Watêsipun wana Kabarêhan wau |
kinubêng ing arga |
ngêndhêngi tuwêng nêpungi |
kulon wetan wêkasan pantog samudra ||
3. Têpinipun jêladri ngêndhêlong nyamut |
ran sêgara Anak |
ngêlojok ngalèr angêndhil |
babagan kang êlèr kêtangkêban arga ||
4. Mêksih laju angrong jro gêbyaging alun |
sadhasaring arga |
jroning êsong winatawis |
apan wontên tigang pambandhil dohira ||
5. Lampahipun Sèh Mongraga nulya rawuh |
anèng ardi Lima |
wetane sêgara Siwi |
apan ngongkang pangol suku ing samudra ||
6. Anèng ngriku Sèh Mongraga kêrsanipun |
anjajah guwarga |

nèng sela Gênthong tri ari |
ardi Lima kathah kabuyutanira ||

7. Anèng Watu-kêmbul apan kalih dalu |
nèng Diyèng Kanêngan |
nêm ratri angalih malih |
anèng luwêng Sirah-blêrêng kawan dina ||
8. Malih laju mring luwêng Upas sadalu |
anèng patungtuman |
sadalu anèng Pring-gadhing |
saratri gya nèng sumbêr Pusêr sadina ||
9. Kalih dalu nèng karêman Jatiwuyung |
anèng Sidalaya |
gangsal dina linggar malih |
nèng Kêmaya pucake ing ardi Lima ||
10. Pan puniku samya kabuyutanipun |
dhayang mêrkaryangan |
kawingitan marabumi |
ing Salêbak wukire wana Barêhan ||
11. Sawusipun nulya ngalèr manjat gunung |
urute ingambah |
guwa Wukir kang ngidêri |
wana Kabarêhan jinajah sadaya ||
12. Kawitipun saking ardi Lima laju |
nulya ardi Canang |
ardi Sêpa ardi Dêling |
ardi Suralaya ardi Samapura ||
13. Ing Cêmpurung ardi Gêmbêl ardi Buyung |
lan ardi Kukusan |
miwah ardi Linggamanik |
ardi Bahang ardi Bathok ardi Braja ||
14. Ardi Kucur ardi Mêrang ardi Kukus |
myang ardi Kukusan |
lawan ardi Tamansari |
ardi Mêlong ardi Pilang ardi Malang ||
15. Ardi Kêmpul miwah ardi Watudhukun |
myang ardi Songbanyak |
ardi Bongkot ardi Klumpit |
ardi Krakoh lan ardi Parangmiwang ||
16. Ardi Mungkur ardi Bale ardi Punjung |
ardi Sanggarama |
ardi Wogan ardi Guling |
ardi Bèsèk ardi Bras ardi Pongkalan ||

Jilid 7 - Kaca : 220

17. Ardi Bawur lawan ardi Luwêng-sèwu |
myang ardi Balega |
ardi Lorèng ardi Puntir |
ardi Bawang ardi Cèkèh ardi Kala ||
18. Ardi Jurung ardi Layang ardi Runtung |
myang ardi Wawaran |
ardi Crêma ardi Wati |
ardi Kisi ardi Rumbi ardi Saba ||
19. Ardi Tulus ardi Pusêr ardi Tukung |
lan ardi Rancakan |
ardi Dangu ardi Rantring |
ardi Kadiloka ardi Sarasêja ||
20. Ardi Gêmpung ardi Caluk ardi Pasung |
myang ardi Têbêkan |
ardi Wok ardi Cêmêthi |
ardi Busur ardi Kênur ardi Pêgat ||
21. Ardi Kayut ardi Kêmput ardi Munggut |
myang ardi Carura |
ardi Dhepok ardi Manik |
ardi Sapu ardi Tênga ardi Barak ||
22. Ardi Jêmbul ardi Bang ardi Kumêndhung |
ardi Kalantaka |
ardi Gana ardi Dèwi |
ardi Tuwa ardi dalêm ardi Lola ||
23. Ardi Undhuk ardi Taluh ardi Têpus |
myang ardi Jaruman |
ardi Kêbut ardi Candhi |
ardi Tirêp ardi Condhong ardi Lêmbat ||
24. Ardi Rêgu ardi Karanggajah nêngguh |
pantog ing samodra |
pagêbyuran ing jêladri |
kèhing ardi gunggung sangangdasa sanga ||
25. Gunung-gunung watês kang ngidêri têpung |
wit ing ardi Lima |
wetan pinggiring jêladri |
wêkasane têpung ardi Karanggajah ||
26. Samya munggul (n)jog kacob ing samodra gung |
langaping sêgara |
pandhêlonge winatawis |
yèn ta dharat lèlampahan saonjotan ||
27. Anrêmbuku pungkasing ardi puniku |
Lima Karanggajah |
sêmune angkêr awingit |

Jilid 7 - Kaca : 221

401 Wirangrong

1. Anèng sangandhaping wukir |
papengal ing kidul-kulon |
aningali guwa Kadhung-kadhung |
mêrgine asungil |
karang sela lêmptan |
pangol mungal ing samudra ||
2. Sèh Mongraga widik-widik |
tanpantuk mêrga kabunton |
tan kêna winawan langkung ewuh |
wagugèn ing galih |
lir satarsa matêrang |
tirah tirah ingayêngan ||
3. Miwah sira Jamal Jamil |
pating kulithik wong roro |
angupaya mêrga tan kapangguh |
Sèh Mongraga ngungkih |
solahe lir brêmara |
angingsêp sari kincipan ||
4. Guwa kang minangka sari |
pagolan mêrga pakewoh |
pisah kumpul pêncar wong têtêlu |
angupaya mêrga |
aso sami ararywan |
nèng sor wit nila-kucila ||
5. Rêringa angaring-arang |
sarya myat guwa kêtonton |
cat kêtungal kadhang tan kadulu |
kacobing jêladri |
kalamun alun êrat |
lawanging guwa kêtungal ||
6. Yèn rob aluning jêladri |
lawange guwa tan katon |
sira Sèh Mongraga ngandika rum |
marang Jamal Jamil |
lah paran karêpira |
kang êndi marga mring guwa ||
7. Umatur Ki Jamal Jamil |
sumanggèng kêrsa kemawon |
amba tan lênggana pan tumutur |
nadyan têtèng pati |
datan sêdya suminggah |
kêmêngan Sèh Amongraga ||
8. Anulya wau ningali |
oyod pupunton maring sor |

- mubêd lir anaman sulur pêngkuh |
 kukuh tan kuwatir |
 kacob ing tirta sobrah |
 oyode nila-kucila ||
9. Mèsêm lêjar Sèh Mongragi |
 jalaring mêrga kêpanggoh |
 nulya Sèh Mongraga gya tumurun |
 nute oyod aririh |
 sigra Ki Jamil Jamal |
 samya tumurun tan samar ||
10. Nuju alun angêrati |
 prapta ing kandhasan alon |
 lêmpiting dhampingan anglulumut |
 liniwatan limit |
 minggah sela panjatan |
 mênginggil undhak-undhakan ||
11. Rikat lampahe wus prapti |
 tumama marang guwa jro |
 sigra alun gora gumaludhug |
 kumucak nangkêbi |
 mêngkana Sèh Mongraga |
 nèng jroning guwa Sraboja ||
12. Kathah tilasing ngaluwih |
 lawang kang minangka regol |
 sawetaning lawang wontên ranu |
 tuk tawa ambêlik |
 kabèh tan mili lukak |
 awêning nyarong lir kaca ||
13. Karênan Sèh Amongragi |
 nèng guwa Sraboja kaot |
 langên tiningalan rakitipun |
 tan wontên kang mirib |
 lawang jro tundha tiga |
 kanan kering lir tuwuhan ||
14. Pisang tundhun têbu cêngkir |
 rekane kadya sayêktos |
 lamun cinêlakan ukur-ukur |
 tan pati kaèksi |
 mangsuk malih Mongragi |
 ing wiwara kaping tiga ||
15. Sangsaya pêtêng kaèksi |
 kêtangkêp pêksi saking jro |
 pêksi lawèt karab ambêrubul |
 swaranya gora tri |
 gumrêbêg tanpa rungwan |
 lir salaba abubulan ||

16. Samya anglawat umijil |
 sabên surupe surya yom |
 lawèt anglawat sabên dalu |
 dènnya kambu mijil |
 enjing masuk ing guwa |
 yata Ki Sèh Amongraga ||
17. Nimpang sarwi salat Mahrib |
 praptèng bakda Ngisa mansoh |
 sawusnya atangat tatroh suhul |
 tuwakup ing Widi |
 anèng pipining lawang |
 tar wangwang wêngwênging guwa ||

Jilid 7 - Kaca : 223

18. Cinatur sadasa ari |
 nèng kamare guwa manggon |
 arêmêng kewala datan limut |
 sabarang kaèksi |
 akathah kanthanira |
 sikêp sining pakamaran ||
19. Lukitaning kèni-kèni |
 sêkalir sayêkti kinon |
 sagotra-sagotra karang ulu |
 sarwa na sêkalir |
 sakathahing rêrênggan |
 agiris Ki Jamil Jamal ||

402 Girisa

1. Myat rekaning karang-karang |
 kamaring guwa Sraboja |
 lir patilêman narendra |
 saupacaraping pura |
 mêngkana Sèh Amongraga |
 sumungku nèng jinêm karang |
 maksud bêngat kaênêngan |
 alayap panahul pana ||
2. Pêndhak Subuh dènnya kasran |
 wêktu Subuh Luhur Ngasar |
 Mahrib kongsi praptèng Ngisa |
 aplal bangidan jamingan |
 kasran min layu gayiran |
 acipta utamèng titah |
 sukuping wêktu sapisan |
 ing dalêm saratri siyang ||
3. Sigêg muntu datan obah |
 mêrdika pancadriyanya |
 cuthêl thok thêl tanpa ulap |
 lêpasing tyas wus watêsan |
 sucining Hyang Maha Mulya |
 campuh sampurnaning tingal |
 katingalan tiningalan |

awujud tan kawujudan ||

4. Amrêkatan munasika |
manggon tanpa ênggon (ng)gyannya |
mênêng datan kaênêngan |
êninging Sèh Mongraga |
arêgu datan mirugu |
asênêd dènnira sunat |
sanitya tyasing kasêtyan |
purbaning Hyang sanalika ||
5. Kang sasmita kasatmata |
kusuma kang sumaringah |
têrate tuwuh ing tawang |
asri mayêng mayang-mayang |
pan anggitan surèngpatya |
angroronce rêrancangan |
lir orèhan sutra jingga |
sakêdhap tan katingalan ||
6. Rambahing kang kawistara |
wontên thathit nèng samodra |
ubêding thathit sastra Rab |
Surat Eklas pan têtela |
sastra kilat kilah-kilah |
maya-maya amarkata |
Sèh Mongraga nuksmèng tyas |
tuwakup sukuring Suksma ||

30 (Mêdal saking guwa kapanggih tiyang wasta Ki Arisbaya)
Mêdal saking guwa kapanggih tiyang wasta Ki Arisbaya. Nama guwa Sraboja miturut Ki Arisbaja adhêdhasar dèdongengan, duking nguni wontên raja Sabrang angajawi wasta Prabu Sasrabau, dhatêngipun kadhèrèkakên para garwa ayu-ayu, anjujug ing ardi Kidul, inggih ardi Katongan mêngidul anjog ing Sampar Paliyan. Wontên ing ngriku milih lan mênêdhêt wanita ingkang ayu-ayu.
Lampahipun laju mangetan, dumugi ing Pêngging kèndêl ing pucakipun ingkang winastan Jati Gancangan. Lajêng mangetan kèndêl ing Kêlayar abên-abên sawung ing têtèping laut, winastan Karangdalêm lan Karang Pangabên-sawung. Dumugi ing ngriki lajêng nêbar bala, para tumênggung lss. sami gègriya angubêngi praja. Nagarinipun nama Kaborehan dados praja harja, ngantos tumurun, wêkasan mikrat atilar tilas awujud wukir Karanggajah wujudipun kadidene gajah njêrum, sukunipun kacob samodra lan katingal gulunipun. Tiyang sagêd sumêrêp ingkang kasinungan awasing pandulu sawantahipun, kadhaton Sraboja ingkang sakêlangkung angkêr punika. Sèh Amongraga kapranan aningali guwa Sraboja lan sakiwa-têngênipun. Kaca 224 - 226.

Jilid 7 - Kaca : 224

402 Girisa

7. Nulya nis sasmitaning Hyang |
luwar ing paningal wantah |
bakda Subuh wayahira |
Sèh Mongraga ris ngandika |
payo sêdhêng aluwaran |

- lan pirang dina nèng guwa |
 umatur Ki Jamil Jamal |
 pan sampun sadasa dina ||
8. Gya umangkat Sèh Mongraga |
 linggar saking jroning guwa |
 praptèng kori jawi pisan |
 nganti roding lun samodra |
 sigra mijil nampak parang |
 nulya nyandhak taru lata |
 rumambat anut tuntungan |
 tan antara lampahira ||
9. Nêrancang gya alun prapta |
 nêmpuh parang gumêbyuran |
 mabun ambêlêdug gora |
 jumêgur muncrat sumirat |
 gumulung lun mawalikan |
 èsthining alun upama |
 kadya janma têtamuwan |
 Mongraga kala nèng guwa ||
10. Pangêsuking alun kadya |
 nututi kinèn wangsula |
 cuwa lir kalanggatan |
 yata Ki Sèh Amongraga |
 wus praptèng pasir dharatan |
 nèng kêndhiting Karanggajah |
 sator wit nila-kucila |
 samya kararywan sêsangat ||
11. Yata wontên wong kang prapta |
 kulambi ereyan jala |
 abêbêt pelah rajungan |
 asabuk polèng baledhak |
 ikête sogan wus luwas |
 anyêngkêlang arit bapang |
 wau Ki Sèh Amongraga |
 yata sarwi atêtanya ||
12. Lah (n)dika katuran sabda |
 ing wingking pundi pinangka |
 ngajêng pundi kang sinêdya |
 dene nèng ngriki alangka |
 tan wontên ingkang puruna |
 anèng kêndhit Karanggajah |
 pancèn tan kambah ing janma |
 Sèh Mongraga lon ngandika ||
13. Yèn (n)dika takèn maring wang |
 manira santri bêbara |
 ulungan angulandara |
 sêdya tirakat kewala |
 anusup wana wulusan |
 pan aran santri kewala |

ro punika kancingwang |
runtungan saparan-paran ||

14. Aranèki Jamil Jamal |
nulya bage-binageyan |
Ki Jamal nambung tatanya |
ri raka sintên sinambat |
saking tambête manira |
lan pundi wisma andika |
nauri kang sinung ujar |
bagus tanya wisma-kula ||

15. Punika ing gunung Lima |
Arisbaya ran manira |
milane kawula prapta |
jêge bagus sapunika |
siyèn anèng ardi Lima |
andêlajah pakarêman |
nut kêrsa saparan-paran |
antara lêt tigang dina ||

Jilid 7 - Kaca : 225

16. Kula tututi tan ana |
anyana lamun palastra |
adat kang wus kalampahan |
awit kang bisa mantuka |
lajêng kapulung kewala |
salèh anèng pakarêman |
mêrkanyang nèng Kabarehan |
mangke tan nyana kêpanggya ||

17. Anèng ing Nila-kucila |
ngriki (ng)gih tan kêna kambah |
gus saking pundi wau ta |
Sèh Mongraga ris ngandika |
manira saking jro guwa |
nêtêpi sadasa dina |
tan ana janma kang prapta |
anjurudêmung nèng marga ||

403 Jurudêmung

1. Arisbaya duk miyarsa |
sangêt dènnira gègêtun |
ngunandika jroning kalbu |
wong iku dudu wong ala |
sayêkti janma linuhung |
sun tanya nora pasaja |
amêndhêm kula wong iku ||

2. Baya trahing wong utama |
pasang pasêmon sumunu |
antêng jatmika aruruh |
solah-bawane kêtara |
mangkana graitanipun |
Ki Arisbaya noraga |

tumungkul aris umatur ||

3. botên anyana ing lampah |
kalamun manggih rahayu |
datan wontên wong kang purun |
lumêbêt guwa Sraboja |
saking angkêre kêlangkung |
mangka paduka punika |
nèng guwa sadasa dalu ||
4. Wilujêng tan kabêncana |
angsal idayat ing ngriku |
kawula langkung jumurung |
Sèh Mongraga angandika |
paman sun-tanya satuhu |
winastan guwa punapa |
Arisbaya aturipun ||
5. Mila ran guwa Sraboja |
warti duk kala rumuhun |
wontên panjênêngan ratu |
ratu sabrang angajawa |
wasta Prabu Sasrabau |
praptane nitih dipangga |
lan pra garwa dyah yu ayu ||
6. Winot anèng pëlana |
(n)jujuge ing ardi Kidul |
ardi Katongan mêngidul |
anjog ing Sampar Paliyan |
ngambil pawèstri warna yu |
mila ran Sampar Paliyan |
nyampar milih dyah ayu ||
7. Kathah parèstri binêkta |
laju ngetan lampahipun |
kèndêl pupunthuking Pênggung |
rêrêp sapucaking arga |
sagarwa wadya nèng Pênggung |
winastan Jati Cancangan |
nèng nginggiling ardi Pênggung ||
8. Nulya ngetan mring Kèlayar |
rarywan ngabên-abên sawung |
karang gêng têtèping laut |
Karangdalêm watanira |
lan Karang pêngabên sawung |
duk kinarya pêngabênan |
kasukan lan balanipun ||
9. Gya praptèng ngriki punika |
apan nêbar balanipun |
sakèhe para tumênggung |
wisma ngubêngi ing praja |

Jilid 7 - Kaca : 226

ajèjèr kubêng atêpung |
pêpatih kang wêkas wetan |
nulya bupati sumambung ||

10. Anulya dadya prajarja |
kêlangkung panjang apunjung |
winastan prajanipun |
nêgari ing Kêbarèhan |
lami harjaning praja gung |
lami-lami kang nagari |
sinartan kongsi tumurun ||
11. Mekrat wus akarya tilas |
ingriki sadayanipun |
pan Salêbak wukiripun |
ing Kêbarèhan punika |
wukir Karanggajah anjrum |
ing suku kacob samudra |
ing samodra sukunipun ||
12. Mila ran guwa Sraboja |
pajungutaning sang Prabu |
Sasrabau kinanipun |
ngêdhaton nêng Kêborehan |
mila angkêre kêlangkung |
katêlah dalasan mangkya |
guwa Sraboja punika ||
13. Sangkêp kaprabon narendra |
saupacaraning ratu |
wong kang wus sinung pandulu |
katingal sawèntèhira |
barang sakèh kang kadulu |
sira Ki Sèh Amongraga |
amirangrong dènya (n)dulu ||

